1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

1

Kurota kwakare Kunotaura Nhasi

2

Umwe Mudzidzi akakwira chitima nerimwe zuva achiverenga hake. Mushandi wechitima akapfuura nepaari akamubvunza tikiti rake. Mudzidzi uyu akatsvaga muhomwe asi akashaya tikiti rake. Akatsvaga zvakare asi akashaya. Mushandi akataura naye nemutsa akati, "Usazvinetse, kana wariwana ugoritumira. Ndinechokwadi chekuti unaro." Mudzidzi akashamiswa nazvo akati, "Ndinofanira kuriwana tikiti iroro kuitira kuti ndizive kwandinoenda."
Zviuru nezviuru zvavanhu vari kubvunza kuti: "Tiri kuenda kupi?" Kwavarikuenda havakuzivi. Havasi kunzwisisa. Vanoshaya kuti nyika iri kuenda kupi. Hatifaniri kuramba tichifunganya. Kwemakore 2600 apfuura, kurota kwamambo kwakaburitsa pachena nhoroondo yenyika.

3

(Video: 10 sec) Vanamazvikokota vanoti tose tinorota usiku hwega hwega.
Asi kazhinji tinokanganwa zvatarota.

4

Pane kurota kwakaitika makore 2600 apfuura muhumambo hweBhabhironi.
Nyaya yekurota uku yakanyorwa uye ikarondedzerwa nemurume akapinda mairi.

5

Bhuku rechitsauko chechipiri chaDanieri rine nyaya yacho.
Murume aiva arota kurota uku, ivo mambo Nebhukadhinezari, vaiva vakanganwa zvavarota!
Mambo vaiziva kuti zvavarota zvaive zvisina kujairika.
Vaiziva kuti zvavarota zvaireva zvinhu zvakakosha zvikuru.
Nazvino zvaive zvakakosha!

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

6

Mwari aive amupa kurota uku kwaitsanangura nhoroondo yenyika--kunyanya kunyika yeEurope neku Middle East--kubva kunguva yaNebhukadhinezari kusvika kumagumo enyika!

7

Tinotenda Mwari kuti akatigovera zvichazoitika. Bhabhironi, humambo hwekutanga wenyika, yaiva yakakura zvikuru, ineupfumi zvakare inesimba munyika yese panguva iyoyo.
Yaiva nemutongi unemasimba makuru chaizvo. Mutungamiri uyu akakwanisa kuuraya vavengi vake vese kusvika nyika yese yake yabudirira.

8

Mugore repiri muutongi hwake, mambo Nebhukadhinezari vakaenda kunorara vachishaya kuti utongi hwake hwaizosvika kupi.
Iye sevamwe vatungamiri aida kuziva neramangwana rake.
Manheru iwayo, Mwari akatarisa ari kudenga akasarudza kuti aratidze mambo Nebhukadhinezari nezvichaitika mberi.

9

Mambo pavakamuka, vakanetseka zvikuru.
Vaive varota uye vayiziva kuti kwaive kurikurota kwakakosha zvikuru, asi vaive vakanganwa kuti kwaiva chii! Vanhu vekuBhabhironi vayikoshesa zvavanorota, uye mambo vaida kuziva zvavarota nedudziro yazvo.

10

Mambo vaiva nevawoni, vaiti vezvishamiso nevavuki. Vese vaifanira kukwanisa kumutaurira zvaarota. Vakadaidziwa kudare munguva dzerungwanani. Pavakamira mberi pamambo, mambo vakati kwavari,

11

(Chiverengo: Danieri 2:3)
"...Ndarota hope, zvino mweya wangu unotambudzika ndichiti ndinzwisise kurota kwangu."
Danieri 2:3

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

12

Varume ava vaita seavo vanoti vanogona kuziva nekutaura zvichaitika.
Vaigona havo kufembera zvaireva zviroto asi vasinganyatso zivi zvinorehwa nezvarotwa izvozvo.
Vakapedza nguva vachiedza. Pakupedzisira vakati,

13

(Chiverengo: Danieri 2:4)
"...Mambo ngaararame nokusingaperi! udzai varanda venyu kurota kwenyu, isu tigokuzivisai kududzirwa kwazvo."
Asi kuzvikudza kwavo kwakapera apo mambo vaneta nenhema dzavo pavakati,

14

(Chiverengo: Danieri 2:5,6)
"Mambo akapindura, akati kunavaKardea: Shoko ratemwa neni;



15

kana mukasandizivisa kurota kwangu nokududzirwa kwazvo, muchagurwa-gurwa,



16

uye dzimba dzenyu dzichaitwa durunhuru."

17

"Asi kanamukandizivisa kurota kwangu nokududzirwa kwazvo, muchapiwa neni zvipo,

18

nemibairo nokukudzwa kukuru; naizvozvo chindizivisai kurota nokududzirwa kwazvo."
Vhesi 4-6.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

19

Zvakare vakaedza kuti mambo avataurire zvavarota. Mambo akazviviva panguva iyi kuti vaireva nhema. Akavavhundutsira zvakare, pakupedzisira vakazobvuma.

20

(Chiverengo: Danieri 2:10,11)
"VaKardea vakapindura pamberi pamambo, vakati: Hakunamunhu pasi pose ungagona kuzivisa shoko iri ramambo,

21

nokuti hakunamambo kana ishe, kana mubati, wakatongotsvaka chinhu chakadai kunowakachenjera kana n'anga, kana muKardea upi noupi.



22

...hakuna-ungachizivisa kunamambo, asi vamwari vasingagari navanhu."
Danieri 2:10,11.

23

Bhaibheri rinoti mambo akatsamwa zvikuru akaraira kuti mawuto ake avauraye vese.

24

Danieri nemajaya evaHeberu matatu akasanganisirwa nevachenjeri ava veBhabhironi, kunyangwe vaive vasipo pamwechete apo mambo pavakatsvaka kutsanangurirwa nezvavarota.
Apo mawuto paakauya kuzotora Danieri kuti aurawe, akashamisika, asi akakumbira nguva yekuti ataure naMwari asingagari nevanhu kuti apiwe ruzivo nezvarotwa namambo Nebhukadhinezari. (vhesi 12-15)

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

25

Mambo, nekunyara jaya iri, akapa Danieri nguva yekutaura naMwari wake--Mwari Musiki.
Uyu waiva mutoro mukuru kunaDanieri.
Kwete hupenyu hwake chete nehupenyu hwemajaya matatu evaHeberu hwaive huchaurawa, asi hupenyu wevachenjeri vese veku Bhabhironi!
Danieri akadzokera kumba akanotsanangura zvatora nzvimbo.

26

Vese mumba vakakumbira nyasha dzaMwari kuti avatsanangurire zvakavanzika zvamambo Nebhukadhinezari kuitira kuti vasazourayiwa pamwe nevachenjeri vekuBhabhironi.
Vakanamata zvikuru panguva iyoyo!
Majaya mana evaHeberu achinamata kuti Mwari avabudisire pachena izvo zvakarotwa namambo zuva rekuurawa kwavo risati rasvika! (Mavhesi 16-18.)

27

Bhaibheri rinoti Mwari waDanieri pausiku uyu akabudisa pachena kurota kwakavanzika kwamambo Nebhukadhinezari.
Mwari wekudenga haana kukoniwa kuteerera nekukudza minamato yakaitiwa!
Nokudaro, Danieri akatenda Mwari wedenga akati,

28

(Chiverengo: Danieri 2:23)
"Ndinokutendai nokukurumbidzai, imiMwari wamadzibaba angu, makandipa huchenjeri nesimba,

29

mukandizivisa zvino zvatakakumbira kwamuri; nokuti makatizivisa shoko ramambo." Vhesi 23.
Ndinofunga kuti vakafara zvikuru Danieri nemajaya matatu evaHeberu!
Danieri akamhanya kunemukuru wemawuto aizovauraya anonzi Arioch, sezvinotaura Bhaibhiri kuti:

30

(Chiverengo: Danieri 2:24)
"Naizvozvo Danieri akapinda kunaArioki, wakanga arairwa namambo kuparadza vachenjeri veBhabhironi; akandoti kwaari:

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

31

Rega hako kuparadza vachenjeri veBhabhironi; ndiise pamberi pamambo, ndichazivisa mambo kududzirwa kwazvo."
Danieri 2:24.

32

Apo Danieri paakauya mberi kwamambo, Nebhukadhinezari akamubvunza kana angakwanisa kuzivisa mambo zvavarota--zvichisanganisira nedudziro yacho.
Ngatitarisei kuti Danieri akapindura achiti kudini:

33

(Chiverengo: Danieri 2:27,28)
"...Chinhu chakavanzika, chakarebwa namambo, hakunavanenjere, kana nanga, kana vachenjeri, kana vafemberi vangazivisa mambo izvozvo;



34

asi kudenga kunaMwari unozivisa zvakavanzika; ndiye wakazivisa mambo Nebhukadhinezari zvichazovapo pamazuva okupedzisira..."
Mavhesi 27,28.

35

Tarisa kuti Danieri haana kuzvirova chifuva neruzivo rwaakapiwa naMwari.
Aiziva kuti Mwari chete ndiye anotsanangura zvichaitika.



36

(Chiverengo: Isaya 46:9,10)
Zvinoratidza kuti aive averenga Isaya 46:9,10:
"...Nokuti ndini Mwari, hakuna mumwe, ndini Mwari, hakuna-wakafanana neni;



37

iye unoparidza kubva pakutanga izvo zvichaitika..."

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

38

Ruzivo rwakabva kunaMwari, akatora nguva iyi kuti ayisepachena nhoroondo yenyika kwemakore 2600 kuna mambo Nebhukadhinezari nekwatiri.
Chekutanga, Danieri anotaura kunamambo nekurota kwake:



39

(Chiverengo: Danieri 2:29)
"Kana murimi, mambo, pfungwa dzenyu dzakauya kwamuri muri panhovo dzenyu, mukarangarira zvichazoitwa pashure;



40

zvino unozivisa zvakavanzika, ndiye wakakuzivisai zvichazoitwa." [mumazuva ekupedzisira]
Danieri 2:29

41

(Chiverengo: Danieri 2:31)
Danieri anoenderera mberi achitaura izvo zvakarotwa namambo:
"Imi mambo makatarira, mukawona chifananidzo chikuru.



42

Chifananidzo ichi, chaiva chikuru kwazvo, chaiva nokubwinya kwakaisvo-naka, chakanga chimire pamberi penyu; chakanga chichityisa pakuvonekwa kwacho."
Vhesi 31.

43

(Video: 9 seconds)
Haunganzwe here mambo Nebhukadhinezari vachifara vachiti, Hongo, ndizvo chaizvo! Chifananidzo chakakura, chakareba chaizvo!"
Danieri anozotsanangura zvakarotwa namambo nenzira inonzwisisika zvokuti Nebhukadhinezari vakagutsikana kuti chaiva chokwadi.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi



44

(Chiverengo: Danieri 2:32,33)
Danieri anoenderera mberi achiti:
"...musoro wacho wakanga uri wendarama yakaisvo-naka, chifuva chacho namawoko acho zvakanga zviri zvesirveri, dumbu racho nechivuno chacho zvakanga zviri zvendarira,

45

makumbo acho akanga ari edare, uye tsoka dzacho dzaiti pamwe dare pamwe ivhu."

46

(Video: 14 sec) Ashamisika, Nebhukadhinezari anoteerera apo Danieri paanotsanangura zvidimbu zvese zvaive zviripamufananidzo wakarotwa namambo.

Musoro waiva wendarama inobwinya.
Chifuva nemawoko zvaiva zvesirveri.
Dumbu racho nechivuno chacho zvakanga zviri zvendarira.
Makumbo akanga ari edare.
Tsoka dzaiti pamwe dare pamwe ivhu.



47

(Chiverengo: Danieri 2:34,35)
"Makaramba muchitarira kusvikira muchiwona ibwe richivezwa, asi zvisingaitwi namawoko omunhu,

48

rikarova chifananidzo patsoka dzacho dzaiva dzedare nevhu, rikadziputsa-putsa."

49

"Ipapo dare nevhu nendarira nesirveri nendarama zvakaputsanyiwa pamwe chete

50

zvikafanana nehundi iri pamapuriro nenguva yezhezha; zvikatorwa nemhepo, zvikasawanirwa nzvimbo;

51

(Video: 9 sec)
Zvakatevera, mambo vanenge vakashamisika kana kuvhunduka kuwona dombo rakabva kusina kuwonekwa richikuya mufananidzo uyu patsoka dzacho, ukafanana nehundi iri pamapuriro nenguva yezhezha; zvikatorwa nemhepo, zvikasawanirwa nzvimbo.



52

(Chiverengo: Danieri 2:35)
asi ibwe, rakanga rarova chifananidzo, rakazoita gomo guru, rikazadza pasi pose."
Danieri 2:29-35

53

(Video: 8 Sec) "Hongo, Danieri", Mambo vangange vakataurwa, "Dombo rakavezwa asi zvisingaitwi nemawoko emunhu rikakuya mufananidzo uyu rikava gomo guru rakazadza nyika yese."
Kurota kwakatsanangurwa naDanieri kwaive iko chaiko kwakarotwa namambo Nebhukadhinezari. Funga kufara kungange kwaitwa naNebhukadhinezari apo paakaudzwa zvese zvaakarota nejaya iri Danieri.

54

Chinhu chimwe chinofanira kunge chakanzwisiswa namambo ndechekuti, hapana munhu akazivisa izvi kuna Danieri, hapana munhu angaratidze munhu kuti umwe arota chii! Zvaibva chete kunaMwari.

55

Mambo vangave vakashamisika kuti kurota uku kwaive kuchireva chii kwaari. Tingava nepfungwa dzakafanana. Kurota kwaNebhukadhinezari, kunoporofita kutonga nekudonha kwehumambo kana nyika huru pasi pano.
Nyika dzakamirirwa pakurota uku dzakakonzera zvakawanda panedzimwe nyika kunyanya nguva dzamazuvano.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi



56

Nemashoko mashoma Mwari akapa nhoroondo kubva munguva yeBhabhironi "makore 600 Kristu asati aberekwa" kusvika kumagumo enhoroondo yenyika. Pakupedzisira, Danieri anosvika pamoyo chaiwo wekurota kwaNebhukadhinezari.

57

(Chiverengo: Danieri 2:38)
Achitarisa mambo, Danieri akati:
"...imi ndimi musoro wendarama."
Vhesi 38.
Bhabhironi yaiva musoro – nyika yendarama chaiyo! Uso hwamambo hunenge hwakasekerera apo paakanzwa kuti ndiye musoro wendarama.

58

Kukunda pahondo dzakawanda nekuvakiwa kwakanaka kweBhabhironi kwaishamisa zvikuru. Vawongorori venhoroondo vanoti ndarama yaive yakakodzera kwazvo kuti imirire nyika yeBhabhironi.

59

Ndarama yaishandiswa kunakisa zvivakwa zveku Bhabhironi. Tarisa umwe muwongorori wenhoroondo kuti anotsanangura sei neguta iri:



60

Yaiva irimubindu yekumabvazuva, yakanyatso vakiwa...yakakomberedzwa negoronga rakanaka...



61

mazambara acho aiva endarira, bindu dzacho dzinorembera dzichikwirira pamusoro pechinjiri...imba dzohumambo mbiri…



62

ipapo, nenyika yose yakapfugama pamberi petsoka dzamambokadzi anoshamisa zvikuru...

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

63

Naizvozvo rakamira guta iri rakafanira chaizvo kumirirwa nomusoro wendarama.
-Uriah Smith, The Prophecies of Daniel and the Revelation, pp. 33, 34.

64

Bindu dzairembera dzeku Bhabhironi chaive chiri chimwe chezvishamiso nomwe zvepanyika kare!

65

Dai Danieri aida kunatsa zita rake (Clever politician), aida kuvaka zita rake muBhabhironi ingadai akamira ipapo akasadudzira nezvaireva kurota uku kwamambo. Asi Danieri aiva nenyaya Mwari Yaayida kuti izivisiwe nyika yese-- kwete yenguva yaDanieri chete, asi nyaya yayizobetsera zvikuru panguva yekugumisira.



66

(Chiverengo: Danieri 2:39)
Nekuzvidzikisa asi asingatyi, Danieri akataura kuna mambo kuti:
"Shure kwenyu humwe hushe huchamuka, huduku kwamuri..."
Danieri 2:39

67

Kusekerera kwamambo kunenge kwakapera apo paakanzwa mashoko aya achibva kuna Danieri. Mutongi anozvikudza weku Bhabhironi angange asina kufunga kuti pangave nerumwe rudzi kana hwumwe humambo hungatonge nyika.

68

Vawongorori venhoroondo vakachera mahwandefa akanyorwa mashoko aya naNebhukadhinezari:



69

Zvidziviriro zvenzvimbo yeku Esagira neBhabhironi ndakazvisimbisa zvakare ndikavaka kutonga kwezita rangu nokusingaperi.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

70

(Chiverengo: Danieri 4:30)
Bhaibheri rinotaura kuti Nebhukadhinezari nekuzvikudza akati, "...Ko iri harizi Bhabhironi, guta guru,

71

randakavaka ini nesimba rangu guru, ndikurise humambo hwangu, huve hugaro hwamadzimambo, here?" Danieri 4:30
Zvisinei, Mwari akataura kuti rimwe simba richavapo richakunda kana kuputsa humambo hwekuBhabhironi. Danieri akararama kuwona izvi zvichizadzikisa.

72

(Video: 13 sec) Panguva yekutonga kwaBelshazzar, muzukuru aizvikudza waNebhukadhinezari, Koreshi werudzi rwe Media akakunda Bhabhironi.

73

Mugore ra October 13, 539 B.C., humambo wendarama hweBhabhironi hwakasvika kumagumo!

74

Tarisa apa kuti Mwari akaporofita zvirokwazvo nemunhu aizokunda Bhabhironi uye kuti yayizokundiwa nenzira ipi. Izvi zvakaporofitiwa makore 200 Bhabhironi isati yakundwa,

75

(Chiverengo: Isaya 45:1)
Mwari achiburikidza nomuporofita Isaya, akati: "Zvanzi naJehova kumuzodzwa wake, kunaKoreshi, wandakabata ruwoko rwake rworudyi, kuti ndikunde marudzi avanhu pamberi pake,



76

ndichisunungura zvivuno zvamadzimambo, ndimuzarurire mikova pamberi pake, namasuwo arege kuzarirwa."
Isaya 45:1.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

77

Mwari akataura zvakare kuti zvaive zvichaitwa nani: Koreshi muMede, makore 150 asati aberekwa.

78

(Video: 8 sec)
Koreshi aisakwanisa kudhiriza midhuri nekuti yaiva yakareba zvakare yakasimba chaizvo. Nekudaro akavamba imwe nzira yekupinda muBhabhironi: Akatsausa rwizi rwayierera pakati peguta reBhabhironi, kozoti mawuto ake akakambaira napasi paiva norwizi rwatsauswa kusvikira vakapinda muguta reBhabhironi. Umwe murindi nekusachengetedza akasiya mazambara eBhabhironi emukati asina kunyatso sungwa.

79

Mawuto aKoreshi akapinda mukati meguta iri akauraya mambo Belshazzar nevamwe vake apo pavainwa vachishandisa midziyo yendarama yaive yatorwa naNebhukadhinezari paakakomberedza guta reJerusarema.
Aive atora midziyo iyi mutemberi raSolomon , makore akapfuura.

80

Danieri aive aporofita kuti humwe humambo husingashamisi hwaive huchatevera humambo hwendarama hwekuBhabhironi, hwakamirirwa nechifuva nemawoko esirveri. Humambo uhwu hwakazotonga.



81

Hurumende yakabatana yemaMedes nemaPeresi yaiva isingashamisi pane humambo hwekuBhabhironi, asi ndiyo yakatonga kuMiddle East kwemakore 200. Danieri akaporofita kuti hurumemde yesirveri yaizosvika pamagumo zvakare:

82

(Chiverengo: Danieri 2:39)
"...tevere hushe hwechitatu hwendarira, huchabata panyika yose."
Danieri 2:39.
Zvakazadzikisa here izvi? Hongo, zvakazadzikisa!

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

83

Kuporofita uku kwedumbu nezvivuno zvendarira kwakazadzikisa apo uto rakachenjera rainzi Alexander the Great, paakakurira Darius 3 wekuPeresi pahondo yeku Arbela mugore ra 331B.C. uye humambo wechitatau hwakatevera hwaiva Girisi!

84

Anemakore 25, Alexander akava mutongi pamusoro penyika yaiva yakakura chaizvo.

85

Ndinotarira kuti kwaiva kusina rudzi, kana guta, kana vanhu...kusina kusvika zita rake...



86

Zvinotaridzika kwandiri kunge paiva neruoko rwaMwari rwayiwa pamusoro pokuberekwa kwake zvakare nezvese zvaaita.
-Historical Library, book 16, chapter 12.

87

Izvi zvinoyenderana zvikuru nezvakarotwa namambo, nokuti mbatya dzokuzvidzivirira dzaipfekwa nemawuto eGiriki aive akagadzirwa ne ndarira, iyo yechitatu pamufananidzo wakarotwa naNebhukadhinezari.

88

Alexander akashaika asati ava nemakore makumi nematatu nekurwara.
Mushure mekufa kwake, humambo hwake hwakapera simba hukutsaukana muzvidimbu zvakawanda kusvikira pakupedzisira,

89

Mugore ra 22 June, 168 B.C., pahondo yokunzimbo inonzi Pydna, wakaparara hushe homutungamiri ayinzi Alexander Mukuru. Izvi zvakaitika kwapfuura makore anokwana 144 ashaika.

-History of Rome, book 3, Chapter 10.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

90

Tinoona humambo hwaiva nehasha hwaityisa kupfuura hwumwe humambo hwakambovepo.
Ucharangarira kuti Mwari akaporofita kuti kuchava nehumambo huna chete huchiteverana.



91

Makumbo edare akatsanangura zvakanaka simba rekuparadza rehumambo hwechina.
Danieri akazvitsanangura neiyi nzira kunamambo:

92

(Chiverengo: Danieri 2:40)
"Hushe hwechina huchava nesimba sedare..."
Danieri 2:40

93

Vatungamiri vacho vainzi vana Caesar vaizviti ndivana mwari uye vaitsvaka kunamatwa nemunhu wese.
Kwaiva nguva iyi yekutonga kweRome pakaitika zvinhu zviviri zvakakosha zvikuru munyika iyoyo.

94

1. Jesu akaberekwa kunzvimbo yeku Bethlehem.
Mutungamiri wenyika yeRome akavamba kuti vana vechikomana vaiva nemakore maviri zvichidzika vaurawe muBethlehem.
Aitarisira kuuraya Jesu. Uye

95

2. Jesu akaroverwa pamuchinjiko muJudea, zvichitungamirwa nevakuru vekuRome.
Mukuru wekuRome akabvumira Jesu kuti ashoriwe.
Jesu akaroverwa pamuchinjiko nemawuto enyika yeRome, nemunembo wenyika yeRome wakayisiwa pamusoro peguva raJesu vachiedza kuti Jesu agare arimukati asamuke.
Kufamba kweruvara rwechiporofita kwakashanduka.
Hapana HUMAMBO HWAKAMIRA HOGA hwaive huchatonga nyika shure kwehumambo hweRome.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

96

(Chiverengo: Danieri 2:41, 43)
Danieri akanyora kuti: "Zvamakawona tsoka nezvigunwe, zvakaitwa pamwe nevhu romuvumbi wehari, pamwe nedare,

97

huchava hushe hwakaganhurwa..."

98

"...vachasangana namarudzi avanhu, asi havanganamatirani,

99

sezvinoita dare risinganamatirani nevhu."
Danieri 2:41,43

100

Nemamwe manzwi, muporofita akaporofita , kwete kuti kuchava nehumambo hwechishanu, asi kuti kuchava nekutsaukana kwehumambo hweRome.

101

(Video: 3 sec) Rome yaive ichaganhurwa muhurumende dzakasiyana siyana.


102

Masimba eRome aiva atungamira kwemakore 600 akazopera.

103

Nokuda mugariro wakanaka, kushaya hunhu nekunyonganika kwehurumende, Rome yakarasikirwa nesimba rayo, ikakundwa nemarudzi akawanda pakati pemakore a A.D. 351 kusvikira A.D. 476.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

104

Mutungamiri Augustus akabviswa pachigaro, uye Rome yakazoganhurwa kuita zvidimbu zvakawanda zvakamirirwa netsoka nezvigunwe zvakaitiwa nedare ne ivhu pamufananidzo wakarotwa naNebhukadhinezari.

105

(Chiverengo: Danieri 2:43)
"Uye zvamakawona dare rakavhenganiswa nevhu rokuvumba naro, saizvozvo vachasangana namarudzi avanhu,



106

asi havanganamatirani, sezvinoita dare risinganamatirani nevhu."
Danieri 2:43.
Kukundwa kweRome nemarudzi akasiyana zvakakonzera kuti iganhurwe.
Kuganhurwa uku kwakamirirwa nedare ne ivhu, kwakavamba chitsigiro chenyika dzeku Europe nhasi.

107

(Video: 6 sec) Marudzi makumi aya, akanyorwa apa, nevawongorori venhoroondo:
MaAlamanni - ndiwo maGermans, MaBurgundians - ndiwo maSwiss,
MaFranks -ndiwo maFrench,
MaLombards - ndiwo maItalians,
MaSaxons - ndivo veEnglish

108

(Video: 6 sec)
MaSuevi - ndiwo maPorteguese, MaVisigoths - ndiwo maSpanish;
MaHeruli, MaOstrogoths,
MaVandals -havachipo panyika kana kuti vakasangana nemamwe marudzi aive akavakomberedza.

109

Kutaura kwaMwari kuti nyika idzi hadzizombofa dzakabatana zvakare kunoshayisa simba panezvese zvinovambwa kuitwa nenyika idzi.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

110

Europe ichagara yakaganhurwa kana kutsaukana. Havazombofa vakagara vese!
Iyezvino vanechinonzi European market uye nemari yakafanana ye Euro currency, asi vakangopesana.

111

Mwari akati kunyangwe vakazvisanganisa nembewu yevanhu. Nemamwe mashoko zvichireva kuti, vachaedza kuchata nevana vemadzimambo avo vachiedza kuti vabatane.

112

Muimba yehumambo kunyika yeku Denmark, pakaratidzwa pamudhuri, mhuri dzese dzehumambo dzeku Europe.
Mhuri idzi dzaive dzinehukama! Dzaiyedza kuti pasambova nehondo pakati pavo.
Asi hazvinakushanda.

113

Vakakoniwa kufambidzana. Hondo dzakawanda dzakarwiwa ku Europe dzaiva hondo dzemuri emadzimambo!
Mwari aiva aporofita kuti vayisabatana zvakare.
Vakaedza kudzosera hurumende yeRome payayive iri, asi izvi hazvina kubudirira, sezvo dare ne ivhu zvisingasangani!

114

Funga mazano akawanda akayedzwa kuti nyika dzeku Europe dzibatane zvakare.
Chii chakaitika kunevatungamiri avo vaiedza kubatanidza Europe yakaganhurwa?

115

Charlemagne - AKAKUNDWA, Charles V - AKAKUNDWA, Louis XIV - AKAKUNDWA, Napoleon - AKAKUNDWA, Kaiser Wilhelm - AKAKUNDWA, Hitler - AKAKUNDWA.
Adzingirwa kuchiwi cheku Elba, Napoleon--wuto guru reku France munguva dzana 1800--akabvuma kuti Mwari Mukuru kwaari.
Mwari akaratidzika ariMukuru kunaivo vese!

116

Mwari akati, "HAVANGABATANI!"
Vanhu varikungoedza kuti nyika dzeku Europe dzibatane. Asi tinoona kuti izvi hazvisikuitika, sezvakataura Mwari!

117

(Video: 12 sec)
Nebhukadhinezari anofanira kuva akashamisika nechiporofita ichi.
Mwari akaporofita kuparara kwehumambo hwese huna. Akaporofita kuti Rome ichatsiviwa nemarudzi akasiyana, manomwe anowanikwa ku Western Europe nhasi -- mamwe akasimba mamwe asina kusimba asi ese akapesana.

118

Chii chichazoitika?
Chakanaka ndechekuti, Danieri akazotsanangura zvekupedzisira zvemufananidzo mukuru uyu. Akanyora kuti:

119

(Chiverengo: Danieri 2:44,45)
"Zvino namazuva amadzimambo iwayo Mwari wokudenga uchamutsa hushe, husingatongozoparadzwi,



120

uye simba rahwo haringapfuuri kunorumwe rudzi rwavanhu; asi ihwo huchaputsanya nokuparadza hushe uhwo hwose, ihwo huchamira nokusingaperi."

121

"Zvamakawona ibwe richivezwa mugomo, zvisingaitwi namawoko avanhu,



122

rikaputsa-putsa dare nendarira nevhu nesirveri nendarama,

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi



123

Mwari mukuru wakazivisa mambo zvichazoitwa pashure; kurota uku ndokwazvokwadi, nokududzirwa kwazvo ndokwazvokwadi."
Danieri 2:44, 45.

124

Chinoshamisa chikuru chichazoitika panhoroondo yenyika kuuya kwaJesu kwechipiri nekuvambwa kwehumambo Hwake, izvo zvakamirirwa nedombo "rakavezwa pasina mawoko emunhu."
Humambo Hwake huchavambwa, kwete nemawoko emunhu, asi neruwoko runoshamisa rwaMwari -- humambo huchazara nyika yese.

125

(Chiverengo: Zvakazarurwa 11:15)
Chipororfita chichazozadzikiswa,
"...Hushe hwenyika hwava hwaIshe wedu...uchahutonga nokusingaperi-peri."
Zvakazarurwa 11:15

126

Tarisa zvichaitika zvekuguma zvinotsanagurwa nechiporofita chirimubhuku raDanieri:

127

Kuuya kwechipiri kwaJesu.



128

Nyika dzese dzichasvika kumagumo.



129

Mwari Achavamba humambo Hwake.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

130

Humambo uhwu huchagara nekusingaperi.



131

Jesu achazodzwa sa Ishe wamaDzishe uye saMwari wana Mwari.



132

Uchauya munyika kuzotonga humambo husingaperi.

133

Danieri paakapedza kutaurira mambo Nebhukadhinezari zvaarota nedudziro yayibva kunaMwari, Mambo Nebhukadhinezari vakasimuka pachigaro chavo nekuzvidzikisa vakakudza Danieri vachitenda Mwari wake anoshamisa zvikuru, anehuchenjeri nesimba Rake rabudisiwa pachena.



134

(Chiverengo: Danieri 2:47)
Mambo vakati kuna Danieri, "...Zvirokwazvo, Mwari wako ndiye Mwari wavamwari, naShe wamadzimambo, nomuzivisi wezvakavanzika..."
Danieri 2:47.
Chokwadi, Mwari waDanieri ndiMwari wandinoda kuti aveMwari wangu -- Mwari akabata remangwana mumawoko ake!



135

Nemufananidzo uyu wakarotwa naNebhukadhinezari makore 600 Jesu asati aberekwa, Mwari akabudisa pachena izvo zvaive zvichaitika mberi!

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

136

Hongo, shamwari, "Kurota uku ndikochaiko, uye dudziro yacho ndeyechokwadi!"
Rwendo rwava kunopera!
Chichaitika chikuru chichatevera kuuya kwaJesu nemakore edenga, kuzovamba humambo Hwake husingaperi.

137

(Video: 5 sec) Humambo hwakamirirwa nendarama, sirveri, ndarira, nedare hwakatopfuura munhoroondo. Zvasara zvichauya, kuuya kwaJesu Kristu kwavapedyo!

138

Akagadzira remangwana rakanaka rakaitiwa kuti rivepo neropa rake pamuchinjiko pagomo reKarivhari. Kwangosara nguva shoma chete kuti zvese izvi zvizadzikiswe.
Iyezvino Mwari arikugadzira humambo Hwake neavo vachazogara muhumambo uhwu.

139

(Video: 7 sec) Tingava nechokwadi chekuti tichagara muhumambo uhwu kana nokutenda tikaita sezvakaita mbabva yaiva yakarembera naJesu. Yakakoniwa kunyatsosvedera pedyo naJesu, asi yaiziva kuti yaivamutadzi mukuru uye yaitsvaka kuponeswa pazvivi zvayo zvayaive yaita.

140

(Chiverengo: Ruka 23:42)
"Ipapo akati: Jesu mundirangarire, kana mosvika muhushe hwenyu!"
Ruka 23:42.
Jesu akamupa vimbiso yekuti achavanaye muhumambo Hwake.

141

Newe, zvakare unganamate ugogamuchira vimbiso yekuti uchava naJesu muhumambo Hwake huchazovambwa panyika.

1 - Kuziva Zvichaitika Mberi

142

(Chiverengo: Mateo 25:34)
Uchazonzwa mumuromo waKristu rukoko urwu kana Ouya:
"…Uyai imi, makaropafadzwa nababa, mugare nhaka yohushe hwakagadzirirwemi..."
Mateo 25:34

143

Nyika iyi haisi mumawoko evanhu.
Asi irimumawoko aMwari. Tingatarisane neremangwana tinesimba rinobva kunaMwari.
Nekukasika Jesu achauya.
Dombo rakavezwa pasina mawoko emunhu richaparadza mufananidzo.
Humambo hwenyika yese huchaparadzwa.
Mwari achazovamba humambo Hwake husingaperi.

144

Ungava nevimbiso munaMwari.
Ungatenda kuna Mwari.
Ungazorore wakachengetwa mumawoko Ake.
Arikukudana iyenhasi.
Arikukukoka kuti uwuye nhasi.
Arikutaura nemoyo wako iyezvino.
Ungada here kuti, "Hongo, Mwari, ndichatenda kwamuri. Ndinokupai hupenyu hwangu iyezvino tichinamata."

2 - Zviratidzo Zviripachena!

1

Kutarisana Neremangwana Usina Kutya

2

Mamwe makuseni akanaka, vamwe baba nomwanasikana wavo aive anemakore mapfumbamwe vaitamba havo munyanza.
Vaitamba-tamba mumvura kwechinguva apo nyanza payakatanga kutyisa ikatora mwanasikana uyu.
Baba vake vakakoniwa kumusvikira kuti vamutore.
Aitsvaka rubatsiro kuti anunurwe.
Baba vake nokusatya vakaguma vashedzera kwaari vakati,"Tangakudhidha uuye, ndichazodzoka kwauuri."
Baba vake vakamanya vakanotsvaka ngarava idiki.
Pavakasvika zvakare panyanza vakaona mwanasikana wavo asisipo mvura yatomukwevera kure, vanoshanda nezvekubetsera vanhu vachiedza nepavanogona napo kuti vamununure. Pamagumo vakazomuwana asi chakashamisa ndechokuti aisachema uye airamba achiedza kudhidha sezvaakataurirwa nababa vake.

3

Pakapfuura nguva, akabvunzwa kuti nemhaka yei asina kuchema munyanza yayityisa kudaro. Akapindura akati, "Ndakatevera zvandakataurirwa nababa vangu. Ndaiziva kuti vaive vachauya pavakaenda kunotsvaka ngarava, naizvozvo handina kutya."
Tariro iyoyo yomwanasikana uyu yakamuchengeta arimupenyu; yakamuita kuti asimbe zvakare akazowana kununurwa.

Tariro hombe inochengeta kutenda kwedu sema Kristu, itariro yekuziva Mwari wedu avakuzouya kuzonunura nyika ino pakuparadzwa.

4

(Video: 10 Sec.) Umwe mazvikokota anozikanwa akataura kutya kwaanako kuti nyika iyi haimbogari kwemamwe makore ari zviuru zvinegumi.
Anoti kusvibisa nyika kurikuitiwa nevanhu mudenga nepasi kushakonzera kuti kupisa kukure munyika yese,

2 - Zviratidzo Zviripachena!

5

kuchikonzera mweya inopisa inouraya munzvimbo dzakasiyana dzenyika.
Asi vamwe vanofungira kuti nyika ichapera nenzira yakasiyana.

6

(Video: 5 sec) Vamwe vanoti tichazviparadza muhondo ye"Nuclear."

7

Vamwe vanoti tichapererwa nekudya nezvimwe zvinokodzera muhupenyu apo huhwandu hwevanhu huchiramba huchienderera mberi.

8

Vamwe zvakare vanoti tichaparadzwa nezvinu zvinonzi ma"Comets" kana "Asteroids" zvinenge zvichibva kumusoro kunogara nyeredzi.

9

Kozova nevamwe vanofunga kuti nerimwe zuva kuchauya tuvanhu tusinganzwisisiki tunonzi ma"Alien" nechirungu, tunonzi tunenge tuchibva kunedzimwe nyika kudenga kunyeredzi tuchatiparadza tose.
Vakawanda vedu, tinezvakawanda zvinotinetsa.

10

Tinoedza kutsvaga kugara zvakanaka kana kufambidzana nevamwe kana neurwere nekutambura nerufu.

11

Kuvazhinji vedu kana kuti tose, hupenyu hwakatiomera. Zvinooma zvekuti tinobva tademba kuti dai nyika yaguma!
Chokwadi ndechekuti nyika haina kuitirwa kuti ive nemarwadzo nenzara nekumwe kutambura.
Tinoda nyika yakanaka!

2 - Zviratidzo Zviripachena!

12

Shamwari yangu, ayamashoko anofadza kvazvo! Nyika ino ichaguma. Kune nyika yakanaka iri kuuya!

13

Tese Tinoda kuziva kuti nyika ichaguma rinhi.
Ichaguma muhupenyu hwedu here-kana mumakore arichiuru kana zviuru gumi zvichauya?

14

Zvakare ndiani anoziva chokwadi kuti nyika ino ichaguma sei?
Vafemberi vakawanda vanoedza kuporofita.

15

Chinonetsa kuwana vaporofita vanoporofita zvechokwadi!

16

(Video: 15 sec.) Munoziva here kuti ariko muporofita akataura izvo zvinoitika?
Uyo unogona kutitaurira kuti nyika ichaguma sei - uye kuti ichaguma iyezvino here kana kuti kuchine zviuru zvemakore isati yaguma?
Hazvifaniri kushamisa kuti Akasika nyika ino - uye Aivepo payakatanga - kuti Ndiye zvakare Anoziva payichaguma.
Vadikanwi, Jesu Kristu, Musiki, kuburukidza namashoko Ake anokwanisa kutitora muhupenyu huchauya. Mutungamiriri akarurama.
Ndiani angaziva MAGUMO enyika kunze kweuyo akai VAMBA?

17

Bhaibheri rinotitaurira maererano nezvakaitika zvinofadza muhupenyu Hwa Jesu Kristu.
Nerimwe zuva vadzidzi vakamutora vakamuratidza chivakwa chetemberi, iyo yaive yavakwa nehurumende yevaRoma.

2 - Zviratidzo Zviripachena!

18

Chainge chiri chivakwa chakanaka kwazvo muutongi hwemaRoma.
Apedza kutarisa chivakwa ichi, Jesu akataura zvakashamisa vadzidzi Vake. Akati,

19

(Chiverengo: Mateo 24:2)
...Munowona zvinhu izvi zvose here? Zvirokwazvo ndinoti kwamuri:

20

Hakungaregwi ibwe pamusoro pebwe, risingazowisirwi pasi."
Mateo 24:2

21

Ichi chaive chirichivakwa chakakura chaizvo munyika yemaJuda, uye Jesu akavataurira kuti chaizoparadzwa.

22

Vadzidzi vakashamisika zvikuru!
Apo vayienda kugomo reku Olives, vakamubvunza mubvunzo uyo tose taaive tichabvunza:

23

(Chiverengo: Mateo 24:3)
...vadzidzi vake vakauya kwaari, varivoga, vakati: Tiudzei, kuti izvozvi zvichagova riniko?



24

Nechiratidzo chokuuya kwenyu nechokuguma kwenyika chichava chipiko?"
Mateo 24:3


25

Tarisa, vadzidzi vakafunga kuti kana chivakwa ichi chaizoparadzwa, zvaizoenderana nekuuya kwaKristu nekuguma kwenyika.

2 - ZVIRATIDZO ZVIRIPACHENA!

26

Mubhuku raMateo 24, tinowana Jesu achitaura nezviitiko zviviri.

27

Chimwe chezviitiko ndechokuuya kwaJesu -kudzoka kwake pano pasi nekupenya uye kuzogara nekuvaka umambo hwake husingaperi pano pasi.

28

(Video: 6 Sec.) Chimwe chiitiko chaizoonekwa nevanhu vese vapenyu panguva iyoyo.
Kwaiva kuparadzwa kweguta reJerusarema netemberi. Jesu akaramba achienderera mberi achivataurira nezvaizoitika kutemberi.

29

(Chiverengo: Mateo 24:15 -16)
Akati muna Mateo 24:15,16, "Naizvozvo kana muchiwona nyangadzi yokuparadza, yakarebwa nomuporofita Danieri,

30

imire panzvimbo tsvene (unorava ngaacherekedze)."

31

Zvino vari muJudea ngavatizire kumakomo."

32

Danieri aiva aporofita kuti Jerusarema raizoparadzwa. Jesu akabva ayeuchidza vadzidzi vake kuti chiporofita chaDanieri chaizozadziswa.

2 - ZVIRATIDZO ZVIRIPACHENA!

33

(Chiverengo: Mateo 24:17-18)
Akati muna Mateo 24:17,18: "Uri pamusoro pedenga reimba, ngaarege kuburuka kuzotora zviri mumba make."

34

"Nouri mumunda, ngaarege kudzokera shure kuzotora nguvo yake."

35

Nemamwe mashoko, Akavataurira kuti vatize nehupenyu hwavo, nokuti pavaive vachaona mauto atenderedza guta reJerusarema, kuparadzwa kwaizova ipapo ipapo.



36

(Chiverengo: Ruka 21:20)
Muna Ruka 21:20, Jesu akati: "Zvino kana muchiwona Jerusarema rakombwa nehondo, zivai kuti rodoparadzwa."
Akazoendera mberi achivataurira kuti pavaive vachaona mauto iwayo, vaifanira kuti vatize.

37

(Chiverengo: Ruka 21:22,24)
"Nokuti iwayo ndiwo mazuva okutsiva, kuti zvose zvakanyorwa zviitike."



38

"Vachaparadzwa nomuromo womunondo, nokutapwa kumarudzi ose;



39

Jerusarema richatsikwa navahedeni, kusvikira nguva dzavahedeni dzazadzika."
Ruka 21:22,24

2 - Zviratidzo Zviripachena!

40

Mugore ra A.D. 66, kwapfuura makore makumi nematatu Jesu apa chiporofita ichi, mawuto eguta reRome achitungamirwa nomuchinda ayinzi Cestius, akawuya kuzoputsa

41

hupanduki hwaiva hwavamu Jerusarema. Pavakasvika pedyo neguta reJerusarema, vanhu veJerusarema vakadzivirira mawuto eRome,

42

Mawuto eRome akaguma adzokera shure, awona kuti haachagoni kukunda guta reJerusarema.
(Tarira Eusebius, Church History, book 3, chap. 5)

43

(Video: 6 sec) Avo vakateerera kutaura kwaJesu vakapunyuka pakaparadzwa guta reJerusarema. Vakatadza kuuraiwa apo guta parakatorwa nemawuto emaRoma.

44

Vanhu vari zviuru zvezviuru (1 100 000) vakauraiwa. Vakatadza kuteerera zvavaive vaudzwa kuti vatize kubva muguta apo mauto emaRoma paakasvika muna A.D. 66.
Ichi ndicho chidzidzo chinokosha pamusoro pekudzidza zviporofita nekuteerera zviratidzo zvatinenge tarairwa.
Avo vakateerera Kristu vakatarisa zviratidzo zvaive zvataurwa naKristu vakaponeswa. Avo vasina kuteerera vakaparadzwa.
Ndizvo zvazvichaita pakuguma kwenyika - vanenge vakarindira vachaponeswa, asi vanenge vasina hanya neruponeso vachaparadzwa.

45

(Video: 5 sec) Ko temberi yakaisvonaka? Tito, mutungamiriri weRoma aitungamira guta reJerusarema, akanga apa rairo yekuti temberi isaparadzwa, asi umwe wemawuto akapotsera mwenje waipfuta nepamusiwo,

2 - ZVIRATIDZO ZVIRIPACHENA!

46

temberi ichibva yatsva!
Hapana kana chitina chakasara pamusoro pechimwe.

47

Kuporofita kwaiva kwaita Jesu kuvadzidzi vake makore makumi mana aiva apfuura kwakabva kwazadziswa. Ticharamba zviratidzo zvatakapiwa naJesu pamusoro pekuguma kwenyika here, kana kuti tichateerera zvakataurwa tozogadzirira zviri mberi?
Tichaziva sei kuti kuguma kwenyika kwavapedyo?
JESU VANOTIPA ZVIRATIDZO ZVIRI PACHENA.

48

Ngatitarisei zvimwe zvezviratidzo zvenguva yekupedzisira! Muna Mateo 24:7, Kristu akati,

49

(Chiverengo: Mateo 24:7)
"Nokuti rudzi ruchamukira rudzi, nohushe huchamukira hushe;

50

nenzara dzichavapo, nehosha, nokudengenyika kwenyika kunzvimbo zhinji."
Mateo 24:7
Nenguva ye twentieth Century ndiwo akava makore anotyisa akavanokudeuka kweropa kwakawanda munhoroondo yenyika.

51

(Video: 20 sec) Hondo yenyika yose yechimurenga yekutanga yakaita kuti vanhu vari zviuru zvezviuru (20 million) zvevanhu zviuraiwe. Hondo yenyika yechimurenga yechipiri yakauraya vanhu vari zviuru nezviuruwo (50 million) zvakapfuura yekutanga. Kunyangwe vanhu vaifunga kuti kurwisana kuchapera, hondo ichingoripo.
Nyika inenge yapanduka. Ichi ndichochimwe chiratidzo chekuguma kwenyika.

52

Nyika dzakawanda dziri kutaura nezverunyararo asi dzichigadzirira hondo.
Chimwe chiporofita cheBhaibheri chinotaura nezve runyararo nekugadzirira chinoti:



53

(Chiverengo: 1 VaTesaronika 5:3)
"Kana vachiti, rugare, nokugarika -ipapo kuparadzwa kuchakurumidza kuvawira..."
1 VaTesaronika 5:3
Tinotaura nezverunyararo, asi hapana runyararo! Munhu wese anoda runyararo! Asi kunongova kutaura chete!

54

Bhaibheri rinoti, nenguva dzokupedzisira dzenyika, vanhu vachakwanisa kuparadza nyika yese.

55

(Chiverengo: Zvakazarurwa 11:18)
"Marudzi akatsamwa, nokutsamwa kwenyu kwakasvika...uye kuti muparadze avo vanoparadza nyika." Zvakazarurwa 11:18.
Zvaisavapo nyangwe kare kuti munhu ave nesimba kana kukwanisa kuparadza nyika.

56

Nekugadzirwa kwezvombo zvinonzi manuclear bomb, vanhu vavakukwanisa kuparadza nyika pachayo.


57

Vapanduki vanouraya vava kukwanisa kuba zvimwe zvezvombo izvi. Zvimwe zvezvombo zvakaipa izvi zvakashayikwa pazvinochengeterwa uye pane anazvo kuti agozvitengesa kana kuzvishandisa.

58

Rimwe magazine rinoremekedzwa rakataura kuti ruzivo rwekugadzira zvombo zvinonzi manuclear bombo rwavekuwanikwa munzvimbo dzekuverengera (Libraries). Zvavanyore zvikuru.

2 - ZVIRATIDZO ZVIRIPACHENA!

2 - ZVIRATIDZO ZVIRIPACHENA!

59

(Video: 5 sec) Ndiani anezvombo izvi uye vanoda kuitei nazvo nerimwe zuva? Zvombo izvi zvidiki uye zvinokwanisa kudzwarwa pane imwe nzvimbo zvikaparadza maguta enyika.

60

Mwari vanoti kuchava nekuwirwa nenjodzi dzakasiyana-siyana nemazuva ekupedzisira.

61

(Chiverengo: Mateo 24:7)
"...nzara dzichavepo..."
(Mateo 24:7)



62

KUNE nzara munzvimbo dzakasiyana munyika.

63

Vanhu varizviuru nezviuru(57 million)vanonzi vachafa nenzara gore rino. Zvinoreva kuti zviuru zana nemakumi mashanhu nevatanhatu (156 000) vachafa pazuva.

64

Pahuwandu hwevanhu vari panyika, chidimbu chamakumi matanhatu muzana (60%) havana kudya, uye chidimbu chinoita makumi maviri muzana (20%) vachaguma vafa nenzara.
Jesu vakataura kuti kuchava nenzara mumazuva ekupedzisira sechiratidzo chokupera kwenyika.

65

(Video: 5 sec) Kunonzi huwandu hwevanhu hwapfuura kuwanda kwechikafu, zvinoreva kuti kunenge kwava nenzara, kutambura nekushaikwa kwechikafu.
Ko vamwe vazhinji vachazodyei kana ruzhinji (two thirds) rvevanhu varipo iyezvino vachitotambura nechakare?

2 - Zviratidzo Zviripachena!

66

(Chiverengo: Ruka 21:25)
Jesu akatsanangura kunyonganika kokuguma kwenyika achiti
"...Napanyika kukanganisika kwemarudzi nekunyonganika...
Ruka 21:25

67

Jesu vakati kuchava nezvirwere zvakaipa kwazvo:



68

(Chiverengo: Mateo 24:7)
"...Nenzara dzichavapo, nehosha, nokudengenyika kwenyika kunzvimbo zhinji."
Vara rekuti Chirwere chakaipa rinoreva kuti chirwere chinouraya kana chisinganzwisisiki.

69

Kune zvirwere zvizhinji zvirikuuraya vanhu kunyangwe kuine mishonga yemazuvano.



70

AIDS, malaria, pneumonia, tuberculosis, ebola disease, syphilis, gonorrhea and cholera.



71

Bato rinoona nezveutano munyika yese rava kuti kune vanhu vari zviuru zvezviuru zvemakumi mana (40 million)vane hutachiwana hwe H.I.V.
Nyika yese ichaparara kana pasina chaitiwa nazvo.

72

Chimwe chiratidzo chenguva chinoonekwa pakusvibiswa kwenzvimbo.
Bhaibheri rakataura kuti nyika ichachembera. Muna Isaya 15:6, Mwari vanoti,

2 - Zviratidzo Zviripachena!

73

(Chiverengo: Isaya 51:6)
"Tarirai kudenga nameso enyu, mucherekedze nyika pasi;



74

nokuti denga rose richanyangarika sowutsi, nyika ichasakara senguvo..."
Ndekupi kumwe kutsanangura sekuku maererano nenyika nemudenga apo pazvirikuenda kumagumo!

75

Muchadenga emaguta akawanda muzere netsvina yatinofema.



76

Zvikwangani zvinowanikwa mumaguta akawanda zvichipa yambiro yemweya yakasviba.



77

(Video: 5 sec) Munzvimbo zhinji mvura haisisina kuchena kuti tiinwe, nekuda kwetsvina iri mairi.

78

Zvavakurema zvikuru kurasa zvakasviba izvi zvinonzi atomic wastes.
Vashandi vanoshandira muma atomic factory vanobhadharwa kukuvadzwa kwavanoitwa nema atomic wastes aya.

79

Tichawanepi simba, mvura nemweya wakachena? Zvekudya tichazviwana kupi?

80

(Video: 6 sec) Nekuwanda kuri kuita vanhu, kuchava nedambudziko guru pakurarama panyika!

2 - Zviratidzo Zviripachena!

81

(Chiverengo: Ruka 21:25)
"...Napanyika kukanganisika kwemarudzi nekunyonganika…
Ruka 21:25



82

Bhaibheri rinotaura kuti kucharamba kuine kudengenyeka kwenyika.

83

(Chiverengo: Mateo 24:7)
"Nokuti...kuchavapo kudengenyeka kwenyika kunzvimbo zhinji."
Mateo 24:7
Tatoona kudengenyeka kwenyika kwakawanda kuchitora nzvimbo munyika.

84

Pagore rega rega, munyika munova nekudengenyeka kwenyika kunosvika zviuru zvitanhatu.



85

(Video: 10 sec) Mumakore makumi mapfumbamwe apfuura takava nezviuru nezviuru zvine zviuru mazana mashanu ekudengenyeka kwenyika.

86

Muchinguva chapfuura, kudengenyeka kwenyika kwakaita kuti vanhu zviuru makumi maviri kusvika zviuru makumi matatu vafe nenguva diki.
Vazhinji vacharangarira kudengenyeka uku kunyika dzakasiyana.



87

(Chiverengo: Ruka 21:11, 25)
Bhaibheri rinoti, " Kudengenyeka kukuru kwenyika kuchavapo, nokunedzimwe nzvimbo nzara nehosha,

2 - Zviratidzo Zviripachena!



88

nezvinotyisa, uye zviratidzo zvikuru, zvichabva kudenga, zvichavapo."



89

"Zviratidzo zvichavapo pazuva napamwedzi, napanyeredzi; napanyika kushungurudzika kwemarudzi,

90

vachikanganiswa, nokutinhira kwegungwa namafungu."
Ruka 21:11, 25

91

(Video: 17 sec) Tarisa kuti kunonzi mhepo nemasaisai zvichaita ruzha rukuru.
Munyika dzese dzese tinoona kushanduka kwekunze kusinganzwisisiki.
Mhepo huru nemweya unopisa uri kuparadza vanhu nemidziyo yavo.

92

Bhaibheri rinotipa chimwe chiratidzo chenguva yokupedzisira.
Jesu Vakafananidza chimiro chenyika ino mumazuva ekupedzisira nenyika ye Sodhoma neGomora, maguta aya maviri akatadza zvikuru.
Mwari Vakazovaparadza nomoto waibva kudenga.

93

(Chiverengo: Ruka 17:28,30)
"Sezvakanga zvakaita wo namazuva aRoti..."

94

"Ndizvo zvazvichaita wo nezuva iro, Mwanakomana womunhu raachawonekwa naro."
Ruka 17:28-30

95

(Chiverengo: Judasi 7)
Judasi akanyora kuti, "...seSodhoma neGomora, namaguta akapoteredza, akazvipa kwazvo saivo kuhupombwe nokutevera imwe nyama…"
Judasi 7.

96

Pauro achitaura pamusoro pechimiro chemaguta aya akati:



97

(Chiverengo: VaRoma 1:26, 27)
"...Nokuti vanhukadzi vavo vakashandura basa ravakasikirwa, rivebasa ravasina-kusikirwa."



98

"Saizvozvo vanhurume wo vakasiya basa ravakasikirwa munhukadzi, vakakundwa nokuchivana pakati pavo,

99

vanhurume vachiita zvinonyadza navanhurume..."
VaRoma 1:26, 27



100

(Chiverengo: 2 Timotio 3:2-5)
"Nokuti vanhu vachava vanozvida, vanoda mari, vanozvirumbidza, vanozvikudza, vanotuka, vasingatereri vabereki, vasingatendi, vasati vari vatsvene,



101

vasinarudo chairwo, vasingadi kuyanana, vanochera vamwe, vasingazvidzori, vanehasha, vasingadi zvinhu zvakanaka,

2 - ZVIRATIDZO ZVIRIPACHENA!

2 - Zviratidzo Zviripachena!



102

vanonyengera, vasingarangariri, vanoita manyawi, vanoda zvinofadza zvenyika kupfuura Mwari.

103

vanomufananidzo bedzi wokunamata Mwari, asi vakarasha simba rake...”
2 Timotio 3:2-5



104

(Chiverengo: 2 Timotio 3:13)
Vachanyanyisa kuipa here? Hongo, chaizvo,
“Asi vanhu vakaipa navanyengeri vachanyanyisa pakuipa, vachitsausa vamwe nokutsauswa ivo.”

105

Chimwe chiratidzo chokuuya kwake chakapiwa naJesu chakava chekuuya kana kuonekwa kwevaporofita nana kristu venhema.
Kristu vakayambira zvakare pamusoro paanakristu venhema nevaporofita venhema vachauya kuzonyengedza nyika.

106

(Chiverengo: Mateo 24:23-24)
“Zvino kana munhu akati kwamuri: Tarirai, Kristu uri pano, kana apo; regai kutenda.”

107

“Nokuti vachamuka vanaKristu venhema, navaporofita venhema, vacharatidza zviratidzo zvikuru nezvinoshamisa,

108

kuti kana zvichibvira, vatsause navakasanangurwavo.”
Mateo 24:23-24

2 - Zviratidzo Zviripachena!

109

(Chiverengo: Mateo 24:26)
"Zvino, kana vakati kwamuri: Tarirai, uri kurenje, regai kubuda...".
Mateo 24:26
Hazvimbotsvaki kuti uyende kumwe, nokuti Jesu akati,

110

(Chiverengo: Mateo 24:27)
"Nokuti semheni inobva kumabvazuva, ichipenyera kumavirira,

111

ndizvo zvichaita kuuya kwoMwanakomana woMunhu."
Vesi 27.

112

(Chiverengo: Zvakazarurwa 1:7)
Zvakare tinotaurirwa kuti, "Tarirai, unouya namakore, meso ose achamuwona, naivo vakamubaya..."
Zvakazarurwa 1:7

113

Tichamuona kana owuya! Hapana achazotiratidza kana kutitaurira kana auya nengirosi dzake Tsvene!

114

Chiratidzo chekugumisira chikuru chakataurwa naJesu ndeche vhangeri kunyika yese.
Pazviratidzo zvese ichi ndicho chete chisati chazadzikiswa!

115

(Chiverengo: Mateo 24:14)
Muna Mateo 24:14, Jesu akati, "Evhangeri iyi yohushe ichaparidzirwa munyika dzose, chive chapupu kumarudzi ose; ipapo KUGUMA KUCHASVIKA."

116

Mubhuku raZvakazarurwa, tinoona Mwari achitsanangura maererano nekuparidza uku kukuru.

2 - Zviratidzo Zviripachena!

117

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:6)
"Zvino ndakawona mumwe mutumwa achibhururuka pakati pedenga,

118

aneEvhangeri isingaperi, kuti aiparidzire vanogara panyika,

119

namarudzi ose, nendudzi dzose, nendimi dzose, navanhu vose."
Zvakazarurwa 14:6.
Unocherechedza here kuti urikuwona kuzadzikiswa kwechiratidzo ichi manheru aya pamusangano watiinawo?
Ichi ndicho chimwe chidimbu chekuparidzwa kwevhangeri risingaperi kumunhu wese.

120

Shoko raMwari riri kuparidzwa muma TV, muma radio, pamisangano, pa internet, muzvidzidzo zvinoitwa muzvikwata uye nema Bible Correspondence courses munyika yese.

121

Danieri akati, "Ruzivo ruchawanda." Mumazuva ano ekupedzisira bhuku raDanieri richabhedhenurwa kana kunzwisisika,
izvo zvichaunza kuwanda kweruzivo pamusoro pehurongwa HwaMwari panyika zvakare nekukura kweruzivo rwana mazvikokota.



122

Nguva irikupera!
Zvitema zvakaita kuti nyika iparadzwe munguva yaNoah zvichirukuwanikwa iye nhasi.

123

Vanhu vanenge varikuzviparadzira hupenyu hwavo vega sezvirikuratidzwa nezvinhu zvirikuitika. Jesu vakafanananidza mazuva edu nemazuva aNoah.

2 - Zviratidzo Zviripachena!

124

Vanhu vairarama munguva yaNoah vaizvishandira vachiita mabasa emazuva ese vasina nguva naMwari.



125

(Chiverengo: Mateo 24:37-39)
Jesu akati muna Matei 24:37-39: "Sapamazuva aNoa, ndizvo zvichaitika pakuuya kwoMwanakomana womunhu."



126

"Nokuti sapamazuva iwayo, mvura zhinji isati yasvika, vaidya nokunwa,



127

nokuwana, nokuwaniswa, kusvikira zuva Noa raakapinda naro muareka,



128

vasingazivi kusvikira mvura zhinji yauya, ikabvisa vose;



129

ndizvo zvichaita kuuya kwoMwanakomana womunhu."

130

Jesu vakati kuuya kwavo kwechipiri kuchange kwakaita sepamazuva aNoah. Vanhu vachange vachifara vasina nguva naMwari! Vachava vanhu vanofarira zvemufaro vasingadi Mwari.

2 - ZVIRATIDZO ZVIRIPACHENA!

131

Nguva iri kufamba, zuva rarekeka, rondonyura. Nekukasika Mwari Vachaonekwa muchadenga nengirosi dzavo dzakawanda zvekusaverengeka. Mwari Vakatarisa zuva iroro, kwete nokuti vachaparadza vanhu asi kuti vauye kuzotora vanhu vavo voenda navo kumusha. Musha iwoyo wakatimirira. Wakatotirindira!

132

Patinoona zviratidzo munyika nhasi, tinokwanisa kuona kuti kuuya kwaJesu kwava pedyo. Zvinhu zvichakaita sepamazuva ekutanga Jesu pavakauya pano pasi.
Mwari vakatipa zviratidzo zvakawanda zvekuzivisa vanhu nguva iyo ichauya Jesu pano panyika.

133

(Video: 7 sec) Nguva yakataridza mumakore ari zviuru zvina, Mwari vakatuma vatumwa nevachenjeri kuti vanhu vazive nezve kuuya kwavo.



134

(Chiverengo: Johane 1:11)
Asi zvinosiririsa kuti, "Wakauya kunezvake, asi vanhu vake havana-kumugamuchira."

135

Vadikwani, Akatipa zviratidzo zvese izvi zvinotiratidza kuti Arikuuya nekukasika. Jesu akati,



136

(Chiverengo: Mateo 24:33-34)
"Saizvozvo, nemiwo, kana mowona izvozvo zvose, zivai kuti wava pedyo pamukova."



137

"Zviro kwazvo ndinoti kwamuri: Rudzi urwu harungatongopfuuri kusvikira izvozvi zvose zvaitika." Mateo 24:33,34.

138

Tichamugamuchira here nguva iyi - kana kuti tichamugumbura zvakare? Nguva yapera, basa richakakura. Hapachina nguva yekutamba nayo.

139

Ngarava yeku Central America yakanga yabuda muguta reNew York uye yave kunanga ku Atlantic yakatarisa kuPanama apo payakabovoka. Imwe ngarava yaiva padivi yakazviwona izvi ikawuya pedyo kuzopa rubatsiro. Mutungamiri wengarava yaiwuya kuzonunura akataura shoko achiti, "Chii chaipa?" Mhinduro yakauya ichiti, "Tirikunyura nekuti ngarava yedu yabovoka zvakaipa. Mirai kuti nunura kusvika mangwanani."
Vanunuri pavaiwona ngarava iyi yakabovoka vakapindura vakati, " Rega titore vanhu vari mungarava yako izvozvi pachinenguva."
Sezvokwaive kwasviba, mutungamiri wengarava yakabovoka akaramba kuti vanhu vatange kubuda vachinunurwa kwasviba. Akazopindura achiti, " Chimbomirai kusvika mangwanani." Umwe wevanunuri akatuma rimwe shoko achigombedzera kuti vaifanira kutotora danho panguva iyoyi. Asi akarambidzwa. Akazobva pedyo nengarava iyoyi akanomira ave kure mukati meusiku.
Vamwe vaaishanda navo vairamba vakapfutidza mwenje mukati memasandairira. Pakapfuura awa nechidimbu, vakatarisa mwenje iya ichinyangarika uye ngarava ichinyura. Ngarava yakazonyura nevanhu vese varimo vakaparara.

2 - ZVIRATIDZO ZVIRIPACHENA!

2 - Zviratidzo Zviripachena!

140

Kumirira kungaite kuti urasike nekusingaperi..
Dzimwe dzenguva unofanira kuita sarudzo ipapo.
Mutungamiri wengarava yeCentral America akafunga kuti paiva pasina chakaipa nekumirira mangwanani.
Akazvikanganisa zvikuru.
Bhaibheri rinoti, "Nhasi izuva reruponeso." Usamira. Usazengurira. Usanonoke.
Wadini kuita sarudzo yako iyezvino?
Haungapi moyo wako kunaMwari iyezvino ukamukumbira kuti akubatsire kugadzirira kuuya kwaKristu here?
Pane chiri muhupenyu hwako here chingaita kuti ukanganisike pakugadzirira kuuya kwake here?
Wadini kusiyana nechinhu ichocho izvozvi apo patinonamata?
Kana wazvipira kuna Kristu simudza ruwoko rwako rwerudyi apo patinonamata uti, "Ishe ndinoda kuva ndakagadzirira ndigosangana nemi kana mowuya zvakare."

3 - Kupunyutswa Kukuru

1

Zuva rauchapinda muhupenyu husinakufa


2

Maria ainge aneta. Yainge iri vhiki yakazara nemabasa akasiyana siyana. Hupenyu hwake hwainge chamupupuri. Ari kutyaira hambautare kubva kuchitoro kuenda kumba, akapinda kanzira keguruva kainanga kuimba yake.

3

Nekukasika akaona nyenyedzi ichi donha ichitungidza denga rose.


4

Nekutya akamanyisa mota yake. Ndokubva afunga kuti, "Uku ndiko kupera kwenyika! Kristu arikuuya! Chidiso changu ndechokuti ndisvike kumba ndive nemwanakomana wangu."
Ava kutaura pamusoro pazvo izvi, Maria akati, "Pandakaona denga rakatungidzwa nenyeredzi, Ndakafunga kuti Jesu aive akuuya."

5

Wakambozvifunga here kuti nyika ichaguma umwe musi? Kana wakambozvifunga, kuda wakambofunga kuti ichaguma neipi nzira? Pachava nenyeredzi here icharatidza kuguma?

6

(Video: 8 sec) Vamwe vanhu vanofunga kuti nyika ichapera nehondo yezvombo zvenuclear, kuti vanhu vachazviparadza uye nehupenyu hwese panyika.


7

Vamwe vanofunga kuti huhwandu hwevanhu huchakura kusvikira nyika paichakoniwa kubetsera vanhu vakawanda, uye kozova nenzara ichauraya nyika yese.

3 - Kupunyutswa Kukuru

8

Vamwe vanonetseka kuti rimwe zuva kungava nenyeredzi hombe icharova nyika yoyiparadza.

9

(Video: 8 sec) Asi unoziva here kuti nemakore akapfuura, Bhaibheri rakaporofita kuti nyika ichapera sei?
Shamwari, nhau dzinonakidza ndedzekuti vanhu vese havasikozofa nemhaka yehondo kana nzara kana kuparadzwa nenyeredzi.

10

Asi, Bhaibheri rinoti nyika ichasvika kumagumo nekuuya kwechipiri kwaJesu Kristu panyika ino! Achadzokazve panyika iyi yaakasiya kwemakore 2000 apfuura, uye uchadzoka kuzomisa nguva sezvatinoyiziva ogopinza nguva isingaperi-peri.

11

Zvinofadza kuziva kuti vanhu vanofunga chii nezvichaitika kana vavhunziwa kuti kuuya kwaJesu kunenge kwakadini.

12

Hongo, shamwari, Mambo Jesu varikuuya nekukasika, uye hapana kunyunyuta kuti kutambura kwenyika ino kuripamusoro pesimba revanhu, kuti Kristu chete naBaba vake ndivo vanogona kupedza kutambura kwawanda munyika yedu!
Kuchava chikomborero chaizvo kana Mambo vadzoka!

13

Apo mupostori Pauro paaive ari mujere rinerima, akamirira kugurwa musoro wake, akanyora kuti

3 - Kupunyutswa Kukuru

14

(Chiverengo: Tito 2:13)
"Takatarira tariro inofadza, nokuwonekwa kwokubwinya kwaMwari mukuru, noMuponesi wedu, Kristu Jesu."
Tito 2:13.
Pauro akanyora tsamba iyi inosimbisa kuna Tito, "mwanakomana wake wechokwadi pakutenda," kuyeuchidza Tito "nekuuya kunobwinya" kwaMwari vedu.

15

kana uchiwana hupenyu hwako huchiva nenguva dzekutambudzika mazuva ese, tarisa mudenga urangarire "tariro yakakomborerwa", kuuya kwechipiri kwaKristu panyika ino, kuchagadzirisa zvinhu zvese!

16

Chinonyanyo taurwa nacho mu Testamende Itsva kuuya kwechipiri kwaKristu.
Vhesi imwe panemavhesi 25 inotaura pamusoro pekuuya kwaJesu.
Kristu akapedza nguva yakawanda achitaura pamusoro pekuuya kwake kwechipiri muTestamende Itsva.
Panemavhesi maviri muTestamende Itsva anofanira kuziviwa nemunhu wese anotenda kunaMwari.

17

(Chiverengo: Johane 3:16)
Kuda inonyanyo zikanwa ndi Johane 3:16:
"Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga,

18

"kuti aninani unotenda kwaari, arege kufa, asi ave nohupenyu husingaperi."
Yechipiri ivimbiso yakanaka yakapiwa naJesu nguva shoma asati aroverwa pamuchinjiko uye asati ayenda kudenga:

19

(Chiverengo: Johane 14:1-3)
"Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kunaMwari, mutende ho kwandiri."

3 - Kupunyutswa Kukuru



20

"Mumba maBaba vangu munenzvimbo zhinji dzokugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuudzai; nokuti ndinoenda kundokugadziririrai pokugara."



21

"Kana ndaenda kundokugadziririrai pokugara, ndinozowuya zve,



22

ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, nemi mugovapo wo."
Johane 14:1-3.

23

Kwemakore akawanda apfuura, apo kutambudzika, kunetseka, kana kufa kwatarisana nevateveri vaKristu,

24

mwenje wetariro, kuvimbisa kokudzoka Kwake, yakaunza kusimbisa nekubatirira kuna Mwari. Vateveri vaJesu vakagara vakatarisira kuzadzikisa kwevimbiso iyi yekuuya kwaJesu.

25

(Chiverengo: 2 Timotio 4:7, 8)
Kumagumo eupenyu hwake, apo Pauro paaive akuurawa, nekufara akati:
"Ndarwa kurwa kwakanaka, ndapedza rwendo rwangu, ndakachengeta kutenda;

26

kubva zvino ndakachengeterwa korona yokururama, yandichapiwa naShe, Mutongi wakarurama,

27

nezuva iroro; ndisini ndoga, asi navose vakada kuwonekwa kwake."
2 Timotio 4:7, 8.

3 - Kupunyutswa Kukuru

28

Pauro akavanesimba rekutarisana nekuurawa pazuva iroro nemhaka yekuti aive anekutenda pavimbiso yaKristu yekudzoka!

29

Hongo, Jesu ACHADZOKA zvakare!
Shamwari, vimbiso yaJesu kuvadzidzisi vake ivimbiso yedu zvakare.
Jesu achauya!

30

Apo vadzidzi pavakamubvunza nezviratidzo zvekuuya kwake nekuguma kwenyika kuti kuchava rini, Jesu akapa kutsanangura kunonzwisisika kwezvichaitika munguva shoma asati Adzoka.

31

(Chiverengo: Mateo 24:4,5)
Ngativerengei nazvo:
Jesu akati, "...Chenjerai kuti murege kutsauswa nomunhu.

32

Nokuti vazhinji vachawuya nezita rangu, vachiti: Ndini Kristu; vachitsausa vazhinji."
Mateo 24:4, 5.
Muna vhesi 24, Jesu anojekesa nyaya iyi.

33

(Chiverengo: Mateo 24:24)
"Nokuti vachamuka vanaKristu venhema, navaporofita venhema, vacharatidza zviratidzo zvikuru nezvinoshamisa,



34

kuti kana zvichibvira, vatsause navakasanangurwa wo."

3 - Kupunyutswa Kukuru

35

Kana tisingazivi kupatsanura, "kuwona wenhema" tingazvibatanidze nemurevi wenhema pachedu, tichifunga kuti ndiKristu!
Jesu akayambira kuti zvichaitika! Aive asingatauri nekunyengera kushoma kusinamaturo.

36

Aitaura nekunyengera kunotyisa kwakawanda, kwakanyatsovambwa uye kukanyatsogadzirwa kuti nyika potsa yese inyengerwe itsauswe pachokwadi! Tarisa, vanyengeri ava vachaita zvishamiso, vachirapa varwere uye vachiita zvishamiso zvisati zvamboonekwa kuti vatsigire nhema dzavanenge vachidzidzisa!

37

Hatimbokanganisi kuona kuuya kwaKristu!
Hapana ungakanganisike nekuti Kristu achauya zviri pachena. Asi tinganyengerwa nanakristu venhema uye titsauswe Kristu asati aonekwa!
Chimbofunga nazvo.

38

Satani achashandisa vana kristu neva porofita venhema kuyedza kunyonganisa vanhu nekuuya kwaJesu.

39

(Chiverengo: 2 VaKorinte 11:13, 14)
"Nokuti vakadaro vaapostora venhema, vanobata nokunyengera, vanozvishandura vachizviita vaapostora vaKristu."

40

"Naizvozvi hazvishamisi; nokuti kunyange naSatani wo unozvishandura, achizviita somutumwa wechiedza."
2 VaKorinte 11:13, 14.
Satani achazvishandura uye agotevedzera kuuya kwaJesu ayinechinangwa chekunyengera nyika kuti isanzwisise nekuuya kwechokwadi chaiko kwaJesu.

3 - Kupunyutswa Kukuru

41

(Video: 13 sec) Mazuva anhasi tinoona vakawanda vachiuya vachizviti vari Kristu.
Vangakwanise kupfeka mbatya vanhu dzavanofungira kuti Kristu aipfeka.
Vanotaura nenzwi rakanaka rinonyaradza.
Vanotaura mavhesi eBhaibheri.
Vanoratidzika kunge vakachenjera chaizvo.
Vamwe vacho vanoteverwa nevanhu vakawanda chaizvo vachifungidzira kuti Kristu atouya munyika.
Asi hapana wevanhu ava ariKristu, kana umwe zvake.
Izvi ndinokutaurira ndinechokwadi ndisinganyunyuti kana padiki.
Nemhaka yeyi?
Vamwe vacho vanotaridzika senzira yawanga wakatarisira kuti Jesu angataridzike nayo.
Vamwe vacho vanotaura senzira yawanga wakatarisira kuti Jesu angataure nayo.

42

Vamwe ava vangarape vachiita zviratidzo nezvishamiso zvikuru, uye nemhaka yezvinhu zvese izvi, chiedzo chekunyunyuta zvinotaurwa neBhaibheri chingava chikuru.
Asi hativimbi nepfungwa dzedu, nezvatinoona, uye nezvatinonzwa!

43

Pane chinhu chimwe chinotitungamira kuti tione kuti munhu ndewe chokwadi kana ndewe nhema, Bhaibheri ndiro rinotiratidza.



44

Ngatimbotarisai zviratidzo zvishoma zvichaitika apo Jesu wechokwadi paachadzoka kuitira kuti tisatsauswa nevenhema!

45

Kuuya kwaJesu kwechipiri kuchaonekwa

3 - Kupunyutswa Kukuru

46

(Chiverengo: Mateo 24:27)
"Nokuti semheni inobva kumabvazuva, ichipenya kumavirira, ndizvo zvichaita kuuya kwoMwanakomana womunhu."
Mateo 24:27.
Muna Zvakazarurwa 1:7, tinoverenga kuti,

47

(Chiverengo: Zvakazarurwa 1:7)
"Tarirai, unouya namakore, meso ose achamuwona..."


48

Kuuya kwenhema kungaonekwe apo neapo, asi hapana murevi wenhema angauye nemakore kuti ziso rese munyika rimuone

49

Jesu Apedza basa rake panyika, aive agadzirira kuenda kudenga.

50

Akatora vateveri vake vaiva pedyo naye akayenda navo pagomo re Olives, mushure mekuraira vadzidzi vake uye atooneka. Nekukasika akatorwa pakati pevadzidzi vake vakamuwona achiyenda kudenga.


51

Ngatitarirei kuti Bhaibheri rinoti kudini nezvichaitika izvi.



52

(Chiverengo: Mabasa 1:9-11)
"Zvino wakati areva izvozvi, akakwidzwa, vachitaririra; gore rikamubvisa, vakasazomuwona."

3 - Kupunyutswa Kukuru



53

"Zvino vachitarisisa kudenga, iye achikwira, tarira, varume vaviri vamira navo vakafuka nguvo chena;

54

ivo vakati: Imi varume veGarirea, makamirireiko makatarira kudenga?

55

Uyu Jesu, wakabva kwamuri, akakwidzwa kudenga, uchawuya saizvozvo, sezvamamuwona achienda kudenga."
Mabasa 1:9-11.

56

Ngirosi mbiri dzaibva kuna Mwari dzaiva dzauya kuzosimbisa vadzidzi kuti vimbiso yakapiwa naJesu yaiva ichazadzikisa.
Jesu aiva atsanangura zviripachena izvo zvavaive VACHAONA:

57

(Chiverengo: Ruka 21:27)
"Ipapo vachaona Mwanakomana womunhu achiuya negore, nesimba rokubwinya kukuru."
Ruka 21:27.

58

Hapana achakutaurira kana Jesu ouya. Uchamuona achiuya nemakore ekudenga. Asi panezvimwe zviratidzo Satani zvaasingagone kutevedzera. Kristu wechokwadi Haamboonekwi kune imwe nzvimbo kana kuburuka mundege achibva kunenyeredzi.

59

Jesu ambouyi ari ega, kunenge kuchibwinya kuchishamisa zvikuru!

3 - Kupunyutswa Kukuru

60

(Chiverengo: Mateo 25:31)
Jesu akati, "Zvino kana Mwanakomana womunhu achiuya nokubwinya kwake, navatumwa vose vanaye, uchagara pachigaro chake chohushe chinobwinya."
Mateo 25:31.

61

(Chiverengo: Mateo 24:31)
Jesu anowuyireyi nengirozi dzake?
Anopa mhinduro:
"Uchatuma vatumwa vake nehwamanda huru,



62

vachawunganidza vasanangurwa vake kunobva mhepo ina, kubva kurutivi rumwe rwedenga kusvikira kunorumwe rutivi."
Mateo 24:31.


63

Hongo, Jesu achaperekedzwa nengirozi dzake dzese, dzakazadza denga rese nekubwinya kwake kunoshamisa.
Iyezvino ungave wakuziva kuti sei vanhu vanozviti ndi Kristu vasiri!
Nekuti vachakoniwa chaizvo kutevedzera kuuya kwaJesu!
Hapana ungakwanise kutevedzera!
Asi panezvimwe zvichaitika zvinoenderana nekuuya kwaJesu.

64

Kuuya kwaJesu kuchanzwikwa uye vakafa vakarurama vachamutswa kuhupenyu

65

(Chiverengo: 1 VaTesaronika 4:16)
"Nokuti Ishe amene uchaburuka kudenga nokudanidzira, nenzwi romutumwa mukuru,

66

nehwamanda yaMwari; vakafa munaKristu vachatanga kumuka."
1 VaTesaronika 4:16.

3 - Kupunyutswa Kukuru

67

Tarisa, kuuya kwaJesu hakumboonekwi chete, asi kuchanzwikwa zvakare, kuchanzwikwa nemunhu wese. Kudaidzira kwaMwari kunenge kwakakura uye nehwamanda zvekuti vakafira muna Kristu vachamutswa vabude mumakuva avo.

68

Chimbofunga kufara kuchavapo apo makuva paachavhurika uye mhuri dzigobatana zvakare?

69

Unoona here kuti zvicharema sei kuti Satani atevedzere kuuya chaiko kwekuuya kwaKristu?

70

Pane nyaya dzimwe dzakanaka!
Tarisa zvinoitika kunevapenyu vakarurama pakuuya kwaKristu kwechipiri:

71

(Chiverengo: 1 VaTesaronika 4:17)
"Zvino isu vapenyu, vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe mudenga;

72

naizvozvo tichava naShe nguva dzose."
1 VaTesaronika 4:17.

73

(Video: 4 sec) Vateveri vakavimbika vaJesu vachasangana muchadenga nevakafa vakarurama vamutswa apo vachichingamidza Mwari mudenga. Kuchava kusangana kunofadza zvakare kwemhuri dzakawanda pazuva iroro.

3 - Kupunyutswa Kukuru

74

Pauro anotitaurira zvimwe zvichaitika apo Jesu paachadzoka:

75

(Chiverengo: 1 VaKorinte 15:51-53)
"Tarirai, ndinokuwudzai zvakavanzika...tichashandurwa tose;



76

pakarepo, nokubwaira kweziso, nehwamanda yokupedzisira; nokuti hwamanda icharira,



77

ipapo vakafa vachamutswa nokusawora; nesu tichashandurwa."



78

"Nokuti ichi chinowora chinofanira kufuka kusawora, nechichi chinofa chinofanira kufuka kusafa."
1 VaKorinte 15:51 - 53.

79

Mwari achapa muteveri umwe neumwe waJesu chipo chake cherudo, hupenyu husingaperi.
Zvimwe zvipo hazvinabasa kana usina chipo chehupenyu husingaperi.



80

(Chiverengo: VaFiripi 3:20, 21)
Pane chimwe chinhu zvakare Mwari chaachapa kuvanhu vake:
"Nokuti nyika yedu iri kudenga, uko kwatakatarira kuuya koMuponesi Ishe Jesu Kristu;

81

uyo uchashandura muviri wokuninipiswa kwedu, kuti ufanane nomuviri wokubwinya kwake..."
VaFiripi 3:20, 21.
Muviri wakaita sewaKristu.
Panenge pasisina kurwadziwa , kana kurwara.
Ndedzipi nhau dzingafadze kukunda idzi?

82

Pane chimwe chidimbu chevanhu. Kuuya kwaJesu kunenge kusiri nhau dzakanaka kwavari. Tereera kuti Bhaibheri rinotsanangura sei zviratidzo zvekuguma kwenhondo yenyika.

83

(Chiverengo: Zvakazarurwa 6:14-17)
"Denga rikabva sebhuku, kana richipetwa;

84

namakomo ose nezviwi zvose zvakabviswa panzvimbo dzazvo."

85

"Namadzimambo enyika, navakuru, navatungamiri vehondo, navapfumi, navanesimba...

86

vakanovanda mumapako nomumabwe amakomo;

87

vakati kumakomo nokumabwe: Tiwirei, mutivige pameso aiye akagara pachigaro chohushe…

3 - KUPUNYUTSWA KUKURU

3 - Kupunyutswa Kukuru

88

nokuti zuva guru rokutsamwa kwake rasvika; ndianiko unogona kumira?"
Zvakazarurwa 6:14 - 17.

89

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:18)
"Ipapo mheni yakavapo, namanzwi nokutinhira; nokudengenyeka kwenyika kukuru kwakavapo;



90

kudengenyeka kwenyika kwakakura-kura kukadai hakuna-kumbovapo kubva pakusikwa kwavanhu panyika."
Zvakazarurwa 16:18.

91

Kudengenyeka kwenyika uku kuchaparadza maguta akawanda enyika.
Hapana ucharega kuwona kudengenyeka kwenyika uku apo pachauya Kristu!

92

Jesu akayambira kuti kuuya kwake kuchava panguva isingafungidzirwi.
Akati zvakare vanhu vanenge vakabatikana vachitambisa hupenyu hwavo mumafaro enyika.

93

(Chiverengo: Mateo 24:30)
Muna Mateo 24:30, tinotaurirwa kuti kana Jesu ouya, "...zvino marudzi ose enyika achachema..."

94

Izvi ndizvo zvakanzi naJesu zvichaitika kuneavo vasina kugadzirira zuva iroro!
Vanenge varasiwa, zvakare vanenge vachizviziva!
Zvinosiririsa uye zvinorwadza chaizvo.
Shamwari, zuva iroro rinenge ririrechokwadi!
Hapana kumuka uchiwana kuti wanga uchingorota chete! Unenge usingaroti, asi zvinenge zvichiitika wakatarisa.

3 - Kupunyutswa Kukuru

95

Hapana chakakosha munyika panokugadzirira kuuya kwaJesu.
Zvinhu zvenyika zvatinoremekedza hazvinakusimba!
Kudengenyeka kwenyika kuchaitika kamwe chete, kuchazviparadza!

96

(Chiverengo: Ruka 21:36)
"Asi rindai nenguva dzose, mukumbire, kuti mugone kupunyuka pazvinhu izvi zvose zvinozoitwa,

97

mugomira pamberi poMwanakomana womunhu."
Ruka 21:36

98

Ngatidzokororei nekukasika zvatadzidza apo patanga tichiverenga Bhaibheri tese:



99

Vaporofita nana Kristu venhema vachaedza kunyengera vanhu vese.



100

Satani uchazviratidza semutumwa wechiedza.

101

Kuuya kwaJesu kunenge kusina kuvanzika.

102

Meso ese achaona Jesu achiuya.

3 - Kupunyutswa Kukuru



103

Vatumwa vatsvene vese vachauya naJesu.



104

Achauya nekuchema kwehwamanda



105

Achauya nekudanidzira komutumwa mukuru



106

Vakarurama vakafa vachamutswa.



107

Vakarurama vapenyu vachashandurwa vasinakumbofa.



108

Vese vakarurama vachapuwa kusafa.



109

Vese vakaramba ruponeso vachachema pavachaona Jesu.



110

Kudengenyeka kwenyika kukuru kuchaparadza nyika.

3 - Kupunyutswa Kukuru

111

Vese vasina kuponeswa vachafa.

112

Hazvingatsananguriki, kana kunyoreka kana kufungwa kana kunzwisisika kana kuziva kubwinya kukuru kunoshamisa kwaJesu kuchaitika pakuuya kwake kwechipiri!
Asi ndinoda kukugoverai zvidiki chete zvakanyorwa nevanyori neavo vanonzi ma artists vachiedza kuratidza pamabepa kuti kuuya kwaJesu kunenge kuchitaridzika sei uye nenzira yavanofunga kuti zvinenge zvakataridzika sei sezvakatsanangurwa muBhaibheri.

113

"Panguva vanhu vasisatarisiri, Jesu achauyazve! Inzwi raMwari, sekurira kwemheni, richiyerera panyika apo richidaidzira zuva nenguva yekuuya koMwanakomana wake.


114

"Denga richapetwa sebhuku, nyika ichatya mberi pake, uye makomo ne zviwi zvese zvobva pazviri.

115

"Nekukasika kozoonekwa kumabvazuva, gore diki rakasviba, ringaenzane nechidimbu chimwe chewuroko rwomunhu.

116

Gore iri parinosvedera panyika rinenge richingobwinya zvishoma nezvishoma kusvikira rava gore rakakura rinemuraraungu kana mutsiwemvura (Rainbow) pamusoro paro. Nekunyarara vanhu vaMwari vachatarira izvi. Zvichashamisa zvikuru!

117

Mudenga muchazara kubwinya nekutungidza kunoshamisa, zviuru nezviuru zvengirozi dzaMwari dzinenge dzakakomberedza Jesu pachigaro chake!

3 - Kupunyutswa Kukuru

118

"Kubwinya kwakanaka uku kuchazadza denga rese uye apo vachingosvedera panyika,'maziso ese' ozoona Mambo vachiuya!
Vanenge vasina kupfeka korona yeminzwa pamusoro wavo mutsvene, asi vanenge vanekorona yekubwinya kwavo pamusoro wavo.
Panguvo yavo panenge pakanyorwa kuti, 'Mambo veMadzimambo naMwari wanaMwari vese.'

119

"Madzimambo enyika, nevanhu vese vakuru, navapfumi, nevatungamiriri, nevanhu vese vakasimba, nevasungwa vese, nevakasununguka, vakachema kumatombo nekumakomo kuti avadonhere avavanze pauso hweGwayana.

120

"Avo vakatambudza uye vakauraya vanhu vaMwari neavo vakaseka uye vakaramba Jesu seMwanakomana waMwari, neavo vakashambadzira vachiti, "Ngaroverwe pamuchinjiko! Ngaroverwe pamuchinjiko!" vachamutswa kuti vamire mberi paJesu. Moyo yavo ichatya, mabvi avo arovane, nekurwadziwa uye nekuchema kukuru vachati,

121

'NDIYE MWANAKOMANA WAMWARI. NDIYE MESIA WECHOKWADI.'


122

"Apa vachamuona nekubwinya kwake kukuru, uye vanenge vachamuona akagara parutivi rworudyi rwesimba.

123

Avo vayiseka Jesu apo paaizviti Mwanakomana waMwari, vachashaya kuti vaitaure chii.
Pana Herodi uyo aiva nehasha uye akaseka hwuMwari hwaJesu akazoraira mawuto ayiseka Jesu kuti vamuyite mambo.

3 - Kupunyutswa Kukuru

124

Panevarume vakafukidza Jesu nguvo yepepuru, vakaisa korona yeminzwa pamusoro wake, vakamupa mumaoko ake tsvimbo inosekedza vachiti ndeyeutongi uye vakapedzisira nekupfugama mberi pake vachimuseka.

125

"Varume vakarova uye vakapfirira Mwanakomana wehupenyu vanozoedza kutiza vasingadi kutarisana nekubwinya kwake kukuru panguva iyi.

126

Avo vakabaya mawoko ake nezvipikiri nemutsoka dzake, Iro soja rakabaya dumbu rake, vanozoona mavanga aya nekutya kukuru.
"Nekusakanganisa mapristi nevatongi vacharangarira zvakaitika paKarivhari. Nekutya vozorangarira nzira yavakadada nayo vachiti: 'Akanunura vamwe; asi Iye Hakwanise kuzvinunura.

127

Kana ari Mambo weIsraeri, ngaburuke pamuchinjiko tigomutenda. Aivimba kunaMwari; Ngaachimununura iyezvino kana achida kuvanaye.'

128

"Avo vaive vachauraya Kristu nevanhu vake vakavimbika vachawona iyezvino kubwinya kwakagara pamusoro pavo. Pakati pekutya kwavo vachanzwa mashoko evakasarudzwa vachifara vachiti,

129

(Chiverengo: Isaya 25:9)
"...Tarirai, uyu ndiye Mwari wedu; takanga takamumirira, iye uchatiponisa..."

130

(Video: 11 sec) "Apo nyika ichiparara, kurira nekuwonekwa kwemheni, inzwi reMwanakomana waMwari richadaidza vakarurama vakafa.
Jesu achitarisa pamakuva evakarurama, achasimudza ruoko rwake, odanidzira:
'Mukai, mukai, mukai, imi makarara muguruva, mumuke!'

3 - Kupunyutswa Kukuru

131

Munyika yese vakafa vakarurama chete vachanzwa inzwi Rake, vacharinzwa vagorarama.
Nyika yese icharira nekutsika tsika kwevanhu vemarudzi ese enyika.

132

"Vachibva mujere yekufa vachabuda, vakapfeka kusafa, vachichema nekufara vachiti: 'Rufu, kubaya kwako kurikupiko? Iwe guva, kukunda kwako kurikupiko?'
Vanorarama vapenyu nevamutswa vakarurama vozosanganisa manzwi avo ekufara kuti vakunda neropa raJesu. Kuremara nekurwara kwese kunenge kwasara muguva.
Hongo, hongo, Kuponeswa kunoshamisa! Kwakataurwa zvakawanda, kwakatarisirwa kwenguva, kukafungisiswa asi kusinganyatsonzwisisiki.

133

"Vapenyu vakarurama vachashandurwa pachinguva chidiki, pakubwaira kweziso.' Apo pakataura Mwari vakabwinyisiwa; iyezvino vanenge vatopfeka kusafa uye pamwechete nevatsvene vakamutsva mumakuva vozosangana naMwari muchadenga.

134

Ngirozi dzichakumba vakasarudzwa vaMwari kumativi ese enyika. Vana vadiki vachatakurwa nengirozi vachiendeswa mumawoko anamai vavo.

135

Shamwari dzakapesaniswa nerufu dzichabatana zvakare, vasisingatsaukani, nenziyo dzekufara vachaenda pamwechete kudenga ratakagadzirirwa naMwari.

136

"Apo vachienda kumusoro kudenga, ngirozi dzaMwari dzakawanda dzinenge dzichidaidzira dzichiti, 'Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Mambo Mwari Unemasimba.' Vakaponeswa voti, 'Alleluia' apo pavanenge vachienda kuguta dzvene kudenga.

3 - Kupunyutswa Kukuru

137

"Vasati vapinda muguta dzvene, Muponesi achapfekedza vateveri Vake zviratidzo zvekukunda uye azovapfekedza nguvo dzinoratidza kuti vava vana vehumambo.
Maziso ese evanhu vakaponeswa achange akatarisa kunaJesu, ziso rese richaona muviri wake unobwinya wakambonetswa ukambotambudzwa kuti tiponeswe.

138

Pamisoro yeavo vachakunda, Jesu neruwoko rwake rwerudyi achaipfekedza korona inekubwinya kwake. Kunevese vakaponeswa kunenge kune korona yomunhu umwe neumwe inezita idzva uye yakanyorwa kuti "Kuva Mutsvene kuna Mwari."
Kufara kukuru kuchazara mumoyo yavo, uye inzwi rimwe nerimwe ronzwikwa richitenda richirumbidza Mwari.

139

"Mberi pevakaponeswa, panenge pane Guta Dzvene. Jesu achavhura mazambara akanaka, kozoti marudzi ese achengeta mirairo nekutenda kuna Jesu opinda hawo. Vava ikoko, vachaona Paradiso yaMwari, musha wa Adamu asati atadza.
"Kozoti inzwi rakanaka, rinokunda nziyo, iro inzwi rakanaka rakambodonhera panzeve dzomunhu, ronzwika, richiti: 'Kutambura kwenyu kwapera.'

140

(Chiverengo: Mateo 25:34)
"...Huyai imi, makaropafadzwa naBaba, mugare nhaka yohushe hwakagadzirirwemi kubva pakuvamba kwenyika."
Mateo 25:34.

3 - KUPUNYUTSWA KUKURU

141

Iyi ndiyo tariro yedu. Ndikokwatinofanira kuperera.
Ndiro remangwana redu.
Tingagare naKristu kudenga nekusingaperi.
Tikashaya hupenyu husingaperi, tinenge tatoshaya zvese.
Kana tisina kugadzirira kuuya kwaJesu, ticharasikirwa zvachose nezvikuru zvichaitika zvinoshamisa zvisati zvaonwa kubva nyika yakasikwa.
Jesu anoti wuya…wuya kuzoregererwa.
Wuya kunesimba.
Wuya kunesimba rekukunda zvivi zvako.
Wuya kuhupenyu husingaperi.
Wuya upinde muhumambo hwangu.
Ungati, hongo here kurukoko rwake iyezvino?
Kana uchishuwa kugara muhumambo hwake nekusingaperi, dai wasimuka tinamate.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

1

Kunzvera Zvakavanzika Zvehupenyu

2

Ngatingoti wakambogara pamhenderekedzo dzegungwa.
Mamwe mangwanani womuka nekukurumidza wofunga kufamba nemujecha rakapoteredza gungwa. Iyi inzvimbo yakanaka kutarisa. Mimvuri yezuva inowonekwa ichitamba-tamba mumvura. Masandai-rira achirovera kumatama egungwa.

3

Paunenge uchifamba mumhenderekedzo dzegungwa muchinyararire woona tsoka dzakatsika mujecha mberi kwako.
Wozoona zvakare dzimwe tsoka dzichiteverwa nedzimwe.
Wotarisa nepaunogona napo pamhenderekedzo asi hauna munhu waunoona.
Tsoka idzi dzinokutaurira chii?
Dzinokutaurira izvi- kuti kunyangwe usina munhu waunoona asi zvinoratidza zvega kuti pane munhu ange aripo.
Pane munhu afamba pamhenderekedzo apa iwe usati wavepo.
Regai ndibvunze umwe mubvunzo.

4

Ukamira panze ukatarisa mativi ese, chii chaunoona? Unoona sora, miti, zvikomo kana makomo, maruva, hova kana makungwa emvura kanawo nemhuka.

5

Paumire ipapo, wakamira pai?
Hongo, wakamira pasi panyika.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

6

Tarisa mudenga, chii chauri kuona?

7

Mumasikati, unokwanisa kuona zuva, denga, kana makore.

8

Munguva dzeusiku unokwanisa kuona zviuru nezviuru zvenyeredzi kana mwedzi.

9

Ko zvasvika pano sei?
Ko IWE wakasvika pano sei?
Ndiani akakugadzira?


10

Vamwe vanoti upenyu hwakatanga nezvinhu zvisinganyatso onekwi nemaziso zviri mugungwa. Tunhu utwu tunonzi twakwazokura tukava tunhu tupenyu twakagadzirwa netunhu tuzhinji. Tunhu utwu tudiki twakazokura tukava tunhu tunorarama makore arizviuru zvezviuri tukakwanisa kufamba kubva mugungwa tuchienda kwakaoma uko kwatakazomera makumbo.

11

Zviuru zvezviuru zvevanhu zvanga zviino ruzivo rwakasiyana pamusoro pemasikirwo enyika nezvisikwa zvese.
Vese vanobvuma kuti Mwari musiki ndiye akazvisika.
Asi Mwari upiko?

12

Vanhu vanonamata vanamwari vakawanda mazuvano, vanoti: Buddha, Mahommed, Shinto, Hindu nevamwe vakasiyana.
Vese vateveri vakasiyana ava vanoti mwari wavo ndiye mukuru.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

13

Asi unoziva here kuti pavamwari vese vanotendwa munyika pane mumwe chete akati Musiki wezvinhu zvese.
Uyu ndiye Mwari wezvokwadzi wemubhuku dzvene rinova Bhaibheri. Saka tichaona kuti tichawanei kubva muBhaibheri pamusoro paMwari wakasika zvese.

14

Ukaona imba unofunga here kuti yakazvivaka yega? Kwete. Unoona kuti pane munhu akaivaka

15

Ukaona mugwagwa, unofunga kuti wakazvigadzira wega here - kana kuti pane munhu akaugadzira? Migwagwa nedzimba zvinhu nyore pane nyika nevanhu.
Kana ukatarisa vanhu nemhuka nenyeredzi hazviiti here kuti uone kuti pane munhu akazvigadzira? Pane munhu akazviumba nekuzvigadzira.



16

Tichatanga kudzidza pamusoro paMwari uyo anoti Mugadziri neMusiki wazvose.
Ngatitangei taona kuti Bhaibheri rinotii nemabasa Ake pakusika nyika nezvese zviri mairi.
Pakutanga ngatione zvakaitika pazuva rokutanga.

17

(Chiverengo: Genesi 1:1)
"Pakutanga Mwari wakasika denga nenyika."
Genesi 1:1

18

(Chiverengo: Genesi 1:3)
"Mwari akati: Chiedza ngachivepo, chiedza chikavapo."
Genesi 1:3

19

(Chiverengo: Genesi 1:4,5)
"Mwari akawona chiedza, kuti chakanaka; Mwari akaparadzanisa chiedza nerima…

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

20

Madeko akavapo namangwanani akavapo, zuva rokutanga."
Genesi 1:4,5.
Nezuva rokutanga Mwari Akasika nyika ino. Akasika chiedza nekutangidza kuti usiku nemasikati zviteedzane.



21

(Chiverengo: Genesi 1:6)
"Mwari akati: Nzvimbo ngaivepo pakati pemvura, kuti iparadzanise mvura nemvura."
Genesi 1:6



22

(Chiverengo: Genesi 1:7)
"...Zvikaita saizvozvo."
Genesi 1:7

23

(Chiverengo: Genesi 1:8)
"Mwari akatumidza nzvimbo, akati denga. Madeko akavapo, namangwanani akavapo, zuva rechipiri."
Genesi 1:8
Nezuva rechipiri, Mwari Vakasika denga riripamusoro pedu, vakapesanisa mvura iripanyika nemvura irimudenga mumakore.

24

(Chiverengo: Genesi 1:9)
"Mwari akati: Mvura iripasi pedenga ngaiwungane pamwe chete, kuti pasi pakawoma pawonekwe;

25

zwikaita saizvozvo."
Genesi 1:9

26

(Chiverengo: Genesi 1: 11)
"Mwari akati: Nyika ngaimerese uswa nemiriwo inobereka mbeu,

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

27

nemiti inobereka michero inamarudzi ayo, mbeu dzayo dziri mukati mayo, panyika; zvikaita saizvozvo."
Genesi 1:11



28

(Chiverengo: Genesi 1:13)
"Madeko akavapo, namangwanani akavapo, zuva rechitatu."
Genesi 1:13.
Nezuva rechitatu Mwari Akasika nzvimbo yakawoma, nemakungwa, nyika yese ikava nemiti.



29

(Chiverengo: Genesi 1:14, 15) Zuva rechina
"Mwari akati: Zwiedza ngazvivepo panzvimbo yedenga, kuti zviparadzanise masikati nowusiku;



30

kuti zvive zviratidzo, nenguva, namazuva, namakore;



31

ngazvive zviyedza panzvimbo yedenga, kuti zvivenekere panyika; zvikaita saizvozvo."
Genesi 1:14,15



32

(Chiverengo: Genesi 1:18,19)
"...Mwari akawona kuti zvakanaka."

33

"Madeko akavapo, namangwanani akavapo, zuva rechina."
Genesi 1:19.
Nezuva rechina, Mwari Vakakonzera kuti zuva nemwedzi zvivepo mudenga. Vakasika zvakare nenyeredzi.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

34

(Chiverengo: Genesi 1:20) Zuva Reshichanu
Mwari Vakasika chii nezuva rechishanu?
"Mwari akati: Mvura ngaizare nezvipenyu zvizhinji,

35

neshiri dzibhururuke pamusoro penyika munzvimbo yedenga."
Genesi 1:20

36

(Chiverengo: Genesi 1:23)
"Madeko akavapo, namangwanani akavapo, zuva rechishanu."
Genesi 1:23. Nezuva rechishanu, Bhaibheri rinoti, Mwari Vakasika shiri nehove nemhuka dzose dzomugungwa.

37

(Chiverengo: Genesi 1:24) Zuva rechitanhatu.
Pane mazuva ainge apfuura zuva rechitanhatu ndiro raive richakakosha:
Mwari akati: Nyika ngaibereke zvipenyu zvinamarudzi azvo,

38

nezvipfuwo, nezvinokambaira, nemhuka dzenyika, zvinamarudzi azvo; zvikaita saizvozvo."
Genesi 1:24



39

(Chiverengo: Genesi 1:26,27)
"Mwari akati: Ngatiite munhu nemufananidzo wedu, akafanana nesu;

40

ngaave nesimba pamusoro pehove dzegungwa, napamusoro peshiri dzedenga, napamusoro pezvipfuwo,

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?



41

napamusoro penyika yose, napamusoro pezvipenyu zvose zvinokambaira panyika."
Genesi 1:26

42

"Mwari akasika munhu nemufananidzo wake, akamusika nemufananidzo waMwari;



43

akavasika murume nomukadzi."



44

(Chiverengo: Genesi 1:31)
"Mwari akawona zvose zvaakaita, zvachose zvaive zvakanaka kwazvo.

45

Madeko akavapo, namangwanani akavapo, zuva retanhatu."
Genesi 1:31.
Nezuva rechitanhatu Mwari akasika mhuka, akazopedzisira nekusika munhu.

46

Adam na Eva havana kungovapo. Bhaibheri rinoti Mwari Akavaita nemufananidzo Wake.

47

Ndiye Mugadziri Mukuru - Mukwenezveri akaita kuti tivepo!
Zuva rechinomwe
Nezuva rechinomwe basa raMwari raive rapera rekusika achibva azorora. Akabva aisa zuva iri kuti rive Sabata rekuzorora.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

48

(Chiverengo: Genesi 2:1,2)
"Denga nenyika zvikapera saizvozvo, nowuzhinji wazvo."

49

"Mwari akapedza basa rake raakaita nomusi wechinomwe;

50

akazorora nomusi wechinomwe pabasa rake rose raakaita."
Genesi 2:1,2

51

"Mwari akaropafadza musi wechinomwe, akauita mutsvene; nokuti wakazorora nawo pabasa rake rose, raakanga asika nokuita iye Mwari."
Tichataura zvakawanda nezve zuva rechinomwe re Sabata rekuzorora rakasikwa naMwari pane umwe musangano urikuuya.

52

Saka apa tinemuono wekuti Mwari akasika sei nyika nezvese zviri munyika pamwe chete nesu vanhu.

53

Ngatitarisei tione mashamisiro anoita muiti neMusiki uyu.

54

Muviri wemunhu unotipa uchapupu hunoshamisa pamusoro pemugadziri nemuiti.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?


55

Ngatitarisei panhengo imwe yemuviri inova maziso:

56

(video: 10 Sec)
Vana-mazvikokota vanotitaurira kuti kunyorovera kwakaita mboni yeziso kunoita kuti zvitora mifananidzo zvepano panyika (cameras) zvive senge zvinhu nyore zvinotambiswa nevana.

57

Ziso rinoshandura chiedza kuva zvirevo zvinonzwisisikwa nepfungwa nenzira dzakakosha zvokuti vanamazvikokota havakwanisi kuzviita.
Zviri mumusoro zvinoshandura zvirevo izvi kuti zvive chishamiso chekuona izvo zvisingakwaniswi kuitwa nani zvake.

58

Ziso remunhu rinopa uchapupu rwerudo rweMusiki nekuti akada kuti tione unako hwenyika Yaaive asika. Hazvishamisi kuti Mapisarema anonyora achiti:

59

(Chiverengo: Mapisarema 139:14)
"Ndichakurumbidzai; nokuti ndakaitwa nomutovo unotyisa unoshamisa;

60

Mabasa enyu anoshamisa; Mweya wangu unozviziva kwazvo."
Mapisarema 139:14
Muviri womunhu nepfungwa dzake hazvinzwisisiki chaizvo, naizvozvo wakausika anofanira kuva anenjere dzinokosha chaizvo.

61

Ko nyika yose yakadini? Ndeupi uchapupu hwatingaone hunoratidza kuti Mwari muiti anga ari pabasa paakasika nyika?

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

62

Isaya, muporofita wevhangeri, anotitaurira kuti titarise zvinhu zvakatipoteredza tigova nemuono wezvakaitwa naMwari zviri mudenga.

63

(Chiverengo: Isaya 40:26)
"Tarirai kumusoro nameso enyu, muwone kuti ndiani wakasika izvozvi, unobudisa hondo yazvo yakawanda;

64

Iye unozvidana zvose namazita azvo; nokuda kwowukuru hwesimba rake, uye zvaari mukuru pakusimba kwake,

65

hakuna chimwe chinoshaikwa."
Isaya 40:26

66

Wakambotarisa mudenga munenyeredzi dzisingaverengeki here? Hauna kuva nekukatyamadzwa here kuti dzese dzakabvepi uye kuti dzingava ngani?



67

Mwari Vakasevenzesa muono unotibatsira kunzwisisa zvazviri.
Akambotora Abrahama, baba vema Arabu nema Juda akavati vaverenge nyeredzi muchadenga.



68

(Chiverengo: Genesi 15:5)
"...Zvino tarira kudenga, uverenge nyeredzi, kana uchigona kudziverenga...Ndizvo zvichaita vana vako."
Genesi 15:5

69

Vanoona nezvemuchadenga vanoti kana ukakwanisa kuverenga jecha riri mujinga nemakungwa ese emunyika, rinobva raringana nohuhwandu hwenyeredzi dziri muchadenga.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

70

Ukawana nguva yauchaenda kumhenderekedzo yegungwa edza kuverenga mugono wejecha. Uzvipe nguva yakawanda hako!
Zvinoshamisa kuti Mambo David vakati,

71

(Chiverengo: Mapisarema 8:3,4)
"Kana ndichicherekedza denga renyu rose, iro basa reminwe yenyu, Mwedzi nenyeredzi zvamakarongedza;



72

"Munhu chinyiko, zvamunomufunga? Nomwanakomana womunhu zvamunomushanyira?" Mapisarema 8:3,4.

73

(Video: 20sec) Wakambofunga here kuti Mwari anesimba uye anotonga nekuraramisa nyika yese anehanya here nematambudziko epano panyika? Jesu Vanoti kana njiva haingawiri pasi Mwari Vasingaioni.

74

(Chiverengo: Mateo 10:31)
"Naizvozvo musatya; munopfuura shiri zhinji."
Kunyatsojekesa rudo rwaMwari kwatiri, Jesu Vakati,

75

(Chiverengo: Mateo 10:30)
"Kana murimi, nevhudzi romusoro wenyu rakaverengwa rose."
Mateo 10:30
Mwari anoshamisa zvikuru!

76

Isimba ripi rinaMwari rekuti Ndiye badzi anofanirwa kunamatwa?
Mwari weBhaibheri nema Kristu vanoti Mwari chete Ndivo vanefaniro yekunamatwa nekukudzwa nekuti Ndivo Musiki - Mwari.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

77

Kana Vari izvo zvavanoti Vari uye Vari Musiki, zvinoreva kuti tinofanira kuvanamata. Tinobvumirana nazvo here?

78

Apo Johane, umwe wevateveri vaKristu nemunyori webhuku rekupedzisira, Zvakazarurwa, paaiva mumuono ari pachiwi chePatimos, akataridzwa zvinofadza zviri panzvimbo yechigaro chaMwari kudenga.
Tarisa uone zvaakaona:

79

(Chiverengo: Zvakazarurwa 4:10,11)
"Vakuru vanamakumi maviri navana vowira pasi pamberi paiye ugere pachigaro chowushe, vachimunamata Iye,



80

urimupenyu nokusingaperi-peri, vachikandira korona dzavo pamberi pechigaro chowushe, vachiti:



81

Imi Ishe, Mwari wedu, makafanira kuti muvigirwe kubwinya, nokukudzwa, nesimba,



82

nokuti, ndimi makasika zvinhu zvose, zvakavapo, zvikasikwa nokuda kwenyu."
Zvakazarurwa 4:10,11.

83

Vakuru vakuru vaiva pamberi paMwari vaimurumbidza nekumunamata nekuti Ndiye Musiki.
Naichochi chikonzero tinofanirawo kunamata Mwari wokudenga.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

84

Ndiye akasika nyika nesu tese.
Asi ungava nemubvunzo wokuti, ndeupi humwe uchapupu hwekuti Mwari ndiye Musiki? Mwari pachavo vanotitaurira kuti uchapupu huripo hwakatitenderedza hwekuti Ndivo Muiti wedu.

85

(Chiverengo: VaRoma 1:20)
"Nokuti pakubvira pakusikwa kwenyika izvo zvake zvisingawonekwi, iro simba rake risingaperi nowuMwari Hwake,

86

zvinowonekwa kwazvo, zvichizikanwa pazvinhu zvakaitwa; kuti varege kuva nepembedzo."
VaRoma 1:20
Kubva pakusikwa kwenyika paneuchapupu huripo pazvinhu zvese zvakasikwa kuti Mwari Ndivo Muiti wezvinhu izvozvi.

87

Sekuona kwataita patsoka dziri pajecha. Tinobva taziva kuti pange paine munhu kunyange iye munhu wacho asina kuonekwa.

88

Semaonero aunoita zvinhu zvakakutenderedza unoziva kuti pane akazvisika, zvinhu izvi zvakaita setsoka dzinokutaurira kuti panemunhu akaita kuti zvivepo.

89

Mwari Baba, sekutaura kweBhaibheri Vanga Vasiri Voga pabasa Ravo rekusika.

90

(Chiverengo: Genesi 1:26)
"Mwari akati: Ngatiite munhu nomufananidzo wedu, akafanana nesu..."
Bhuku raJohane rinozvitambanudza zvikuru chaizvo.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?



91

(Chiverengo: Johane 1:1-3)
"Pakutanga Shoko rakanga riri'po, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga ririMwari."

92

Pakutanga rakanga riri kunaMwari.

93

Zvinhu zvose zvakaitwa naye; kunze kwake hakuna-kuitwa kunyange chinhu chimwe chakaitwa.



94

(Chiverengo: Johane 1:14)
"Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu, tikawona kubwinya kwake,

95

kubwinya sokwowakaberekwa mumwe chete waBaba), azere nenyasha nezvokwadi."
Johane 1:14.

96

Bhaibheri rinotaura nezvatinoziva sekuti Mwari mumwe chete pahutatu hwake:
Mwari Baba, Mwari Mwanakomana, naMwari Mweya Mutsvene. Mwari vanosanganisira vanhu vatatu, vese vachifunga zvakafanana, asi vakapatsana.

97

Jesu vakabatsirana naMwari pakusika zvinhu zvese.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

98

(Chiverengo: VaEfeso 3:9)
...Zvakavanzika, zvakanga zvakafukidzwa munaMwari, wakasika zvose, kubva panguva yokutanga kubudikidza na Jesu Kristu.
Chipo chese chakanaka nechakaperera chakambowanikwa kuvanhu, kana chichawanikwa kuvanhu, chakavapo nokuti Musiki anopa kuvanhu makomborero ese aripo.

99

Mwari Havana kusika munhu nemufananidzo Wavo uye Vakamupa pekugara panyika pakanaka chete, asi kuti vanofunganyawo nezvinodiwa nevanhu Vavo:



100

(Chiverengo: Mapisarema 45:15,16)
"Meso avose anotarira kwamuri; Munovapa zvokudya zvavo panguva yakafanira."



101

Munotadzanura ruwoko rwenyu, Nokugutisa zvipenyu zvose."
Mapisarema 145:15,16.


102

Ngatitarisei zvimwe zvishoma zvinoratidza kuti Mwari anehanya nezvisikwa zvake. Funga nezvemvura yaunonwa. Inoukuru hwakapfuura zvivakwa zvakare kana nezvikomo.


103

Mvura inokwanisa kukanganiswa kana kusvibiswa nezvimwe zvigadzigwa kana tsvina, asi zuva rinopisa kana kusasaudza mvura iyi ichiendeswa mumhepo,


104

inozova yakachena igoshandiswa zvakare, uye igounzwa kwatiri yave mvura inonaya, dova kana chando. Izvi zvakakosha uye zvinoshamisa zvakaitwa naMwari!

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

105

Zvakare panesimba guru raMwari mudenga - simba rezuva!
Tora nguva umbofunga nazvo:

106

Dai zuva raive rakawedzera kukura kudarika zvariri kana kuti raiva pedyo pedyo nenyika kudarika zvariri, makungwa ose ainge achafashaira opera.

107

Dai zuva raive diki zvishoma pane zvariri kana kuti riri kure nesu chaizvo, kungadai kwaigara kune mazayi echando. Nenzira dzese kungadai kusina upenyu panyika. Asi Mwari Havana kusika zvinhu zvese chete, asi Ndivo vanozvichengeta zvese. Mweya watinofema chipo chinobva kunaMwari: Bhaibheri rinodaro,

108

(Chiverengo: Jobo 12:10)
"Mweya wezvipenyu zvose uri muruwoko rwake, Nokufema kwavanhu vose."
Jobo 12:10


109

Mwari Vakasika nyika, uye Vaiziva huwandu hwemweya watinofema kuti tirarame nekuva neutano hwakanaka panyika.



110

Vaiziva zvakare nemweya yose yemumhepo kuti tinoda yakawanda sei.
Izvi zvese zvaisangovapo zvega!

111

Hapana mugumo panezvatakaitirwa naMwari munyika yedu - hapana mugumo pakuchengeta zvisikwa zvake. Chimbofunga nezveshiri dzinobva kune imwe nyika dzichienda kuneimwe, kuti zvinoshamisa sei.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

112

Shiri dzineuremu ushoma hwakadaro dzinokwanisa sei kubhururuka mitunhu nemitunhu yakareba, kudaro dzichienda kwadzisati dzakamboona?

113

Ko hove dzinokwanisa kuwana madziva adzakaberekerwa, ari kure kure mufambo wechiuru nemazana maviri mumakungwa sei? Dzakaziva sei nguva yekuenda nekwekuenda kwacho?


114

Ko iye wakadzidzisa nyuchi kugadzira uchi hunova chinhu chinoshamisa chichiitwa nechinhu chinepfungwa diki diki ndiyani? Ndiani mutungamiriri wazvose?
Jobo anotitaurira:

115

(Chiverengo: Jobo 12:7-9)
"Asi bvunzai henyu zvino mhuka, dzichakudzidzisai; Neshiri dzokudenga, dzichakuwudzai;

116

Kana taurai henyu nenyika, ichakudzidzisai; Nehove dzegungwa dzichakuparidzirai."

117

Ndianiko usingazivi pazvinhu izvi zvose, kuti ndirwo ruwoko rwaJehova rwakaita izvi zvose?"
Jobo 12:7-9.
Hongo, Mwari ndiye akazviita!
Basa redu rokunamata Mwari rakavakwa pamusoro pekuti Mwari ndiye Musiki wedu zvakare zvinhu zvese ndiye akazvisika.

118

(Chiverengo: Mapisarema 100:3)
"Zivai kuti Jehova Ndiye Mwari; Ndiye wakatiita, tiri vanhu Vake;

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

119

Tiri vanhu Vake, namakwai anofudzwa Naye."
Mapisarema 100:3.
Mwari anoziva zvatinoda, zvakare anesimba rokutigamuchidza zvatinoda!



120

(Chiverengo: Jeremia 32:17)
Jeremia anoti, "Haiwa, Ishe Jehova! Tarirai, imi makaita denga nenyika rose napasi nesimba renyu guru noruwoko rwenyu rwakatambanudzwa,

121

hakunachinhu chingakukonai imi."

122

Hazvikupii munyararo mupfungwa here kuziva kuti Mwari anokwanisa kubata zvinhu zvese zviri munyika uye neupenyu hwako?
Hapana dambudziko diki kuunza panaMwari wemasimba. Mwari Vanoziva zvese - Vanoziva kunyangwe nezvisati zvaitika.

123

(Chiverengo: Isaya 46:9)
Anoti, "...ndini Mwari, hakuna-wakafanana neni;



124

Iye unoparidza kubva pakutanga izvo zvichaitika pakupedzisira, nokubva panguva yekare-kare zvinhu zvichigere kuitwa..."
Isaya 46:10

125

Tinerunyararo nevimbo mukuziva kuti hapana chingaitika kwatiri chakaoma chekuti Mwari angatadza kuchigadzirisa.. Asi zvakanakira zvese,

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

126

(Chiverengo: 1 Johane 4:8)
"Mwari Rudo."
Jesu Vakati:



127

(Chiverengo: Johane 16:27)
Nokuti Baba vamene Vanokudai…

128

(Video: 10 sec) Zvinokushamisa here kuti Mwari wemasimba akasika nekuchengetedza nyika yakakura zvakadai angava nehanya newe?
Zvakaoma kufunga nezvesimba raMwari risingaperi, huchenjeri hwake nekukwanisa kwake kuva panzvimbo dzese.
Rudo chinhu chatinokwanisa kunzwisisa. Hakuna chingatiparadzanisa murudo rwaMwari munyika!

129

(Chiverengo: VaRoma 8:38,39)
"Nokuti ndino ziva kwazvo kuti kunyange rufu, kana hupenyu, kana vatumwa, kana vakuru,

130

kana zvazvino, kana zvinouya,



131

kana masimba, kana kwakakwirira, kana kwakadzika, kana chinhu chimwe chakasikwa, hazvingagoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari,

132

ruri munaKristu Jesu, Ishe wedu."
VaRoma 8:38,39.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

133

Mwari vanotida tichifadza kunyangwe tisingafadzi vadikanwi. Tinozviziva here izvozvo? Anotida kunyangee tiri vatema kana vachena, varume kana vakadzi, vakanaka pauso kana vakaipa. Hakuna umwe munhu akaita saiye.
Asi chakakosha ndechekuti Anotida nekusingaperi!

134

(Chiverengo: Jeremia 31:3)
"...Zvirokwazvo, ndakakuda norudo rusingaperi..."

135

(Chiverengo: Mapisarema 100:5)
Davida akanyora kuti: "Nokuti Jehova wakanaka; ngoni dzake dziripo nokusingaperi..."
Mapisarema 100:5.
Mwari Havatambudzwi nesu nyangwe zvodini! Havangatirasi, Vanesu nguva dzese, Havangatisii! Kana tichinyunyuta mupfungwa dzedu maererano nerudo rwake kwatiri, Mwari Anotsanangura rudo rwake nenzira yatichanzwisisa nayo:

136

(Chiverengo: Isaya 49:15,16)
Komukadzi ungakanganwa mwana wake waanomwisa, akasava netsitsi nomwanakomana wechizvarwa chake here?

137

Zvirokwazvo ava vangakanganwa, asi Ini handingakukanganwi.

138

Tarira, ndakakunyora pazvanza zvangu..."
Isaya 49:16.

139

Mwari Vakaedza kuratidza rudo rwavo kumunhu, asi mashoko akaunzwa nevaporofita nengirosi haana kunge akakwana. Hatina kuwana mashoko acho.

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

140

Saka Mwari vakazotuma Mwanakomana wavo. Jesu aive arichiratidzo chakaperera chehunhu nechimiro cha Baba Vake Vari Mwari.

141

(Chiverengo: Johane 14:9)
Akati, "Wandiwona Ini, wawona Baba..."

142

Kana tichida kuziva kuti Mwari Vakaita sei uye kuti Vanonzwa sei pamusoro pedu, tinofanira kuverenga upenyu hwa Jesu Kristu. Akatora chimiro chedu akaita sezvatiri, kuitira kuti agosvikira pazvidiso zvedu. Akaparidzira mashoko akanaka oruponeso kuvarombo. Akaporesa avo vaive nemoyo yakakuhunika Akasvinudza mapofu.

143

Akapa kudya kune vaive nenzara akadya nevanhu mudzimba dzavo. Akavakanganwira zvitema zvavo akavapa tariro remangwana rakanaka.

144

Uso Hwake hwakaonekwa nevazhinji.
Inzwi rake rakanzwikwa nevazhinji.
Akaparadzira upenyu nemufaro mumamisha nemumadhorobha maaifamba.
Upenyu Hwake hwaive hwekuzviramba uye Ainyanya kufunga pamusoro pevamwe.

145

Apo patinoona kunyadziswa, kutukwa , uye kudzikisirwa kwaakaitwa, rufu Rwake pamuchinjikwa nekudzimbikana kwemoyo Wake, ndipo patinobva tatanga kunzwisisa zvishoma nerudo rwaMwari kuvana Vake.

146

(Chiverengo: Johane 3:16)
Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga,

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

147

kuti aninani unotenda kwaari, arege kufa, asi ave nohupenyu husingaperi."
Johane 3:16.

148

Ndiani uyu Mwari wenyika yese?
Ndiye Musiki Mukuru.
Ndiye Unopa nekushamisa.
Ndiye Muiti anoshamisa.
Ndivo Baba Vanorudo.

149

Makore akawanda apfuura chimwe chikomana chakawirwa netsaona. Akatakurirwa kuchipatara akuvara zvikuru.
Chikomana ichi chaida kuwedzerwa ropa pakarepo. Hapana akawanikwa kuti ape ropa racho. Baba vemwana uyu vaive neropa rakafanana neromwana wavo vakazobvuma kupa ropa ravo.
Vanachiremba vakabva vatanga kuburitsa ropa kubva mumuviri wababa richienda kumwanakomana. Paierera ropa richibva neparuwoko rwababa richipfuura nepachubhu richienda kumwanawavo, baba ava vakatarisa chiremba nemisodzi muizwi ravo vakati; "Chiremba, kana zvakafanira, torai rese. Chiremba ndinozvipira kupa ropa rangu rese kumwanakomana wangu."

150

Baba vedu vari kudenga Vakatarisa panyika yavakasika vakaona yakarasika muchitema. Vakapa zvese denga raikwanisa kupa muMwanakomana wake.
Jesu Vanoti, "Baba kana muchida, torai zvese. Torai donwe rese reropa rangu muponese mwanakomana, mwanasikana, neshamwari yangu."

4 - Masanga Here Kana Kuti Zvakarongwa?

151

Ko ungatiza sei kubva kurudo rwakadaro? Samasimba, Mwari Vanerudo Vakakusika. Pakatadza vanhu vese, Vakazvipira zvese nekuda kwako.
Vanehanya newe. Vanokuda nerudo runoshamisa. Patichakotamisa uso tichinamata pamanheru aya, ungada here kusimudza ruwoko rwako uchiti. "Mwari ndinovhura mwoyo wangu kurudo rwenyu. Ndinotenda nekundisika nekundidzikinura kwamakaita. Ndinozvipira upenyu hwangu kwamuri iyezvino."

5 - ZVINYORWA ZVAKARE ZVAKAVANZIKA

1

Zvinoreva Chinyi Kwauri Nhasi

2

Makore apfuura muchinda ainzi Marsh akaziviswa kuti vatete vavo vaive vashaika uye kuti vakamunyora pakuti awane mugove pazvinhu zvavo. Mugove uyu waive wakanyorwa izvi, "Kunewe mudikanwi wangu Steven Marsh, ndinokupa Bhaibheri nezvose zviri mariri, pamwe chete nemunda wangu."
Marsh paakabhadhara zvikwereti zvese pakangosara mari shomanana chete.
Nekukasika mari yakazopera, Marsh achibva asara neBhaibheri chete iro raakazochengetera mubhokisi.
Steven Marsh akazoenda pamudyandigere aine kamari kashomanana chete.
Akagara panzvimbo iyi kwemakore makumi matatu achinetseka.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

3

(Video: 9 sec) Pakupedzisira, ave nemakore anodarika makumi mapfumbawe, akafunga kuyenda kunogara nemwanakomana wake. Paayirongedza zvinhu zvake akasangana neBhaibheri raakasiirwa natete vake achibva atanga kurivhura.
Marsh akazoshamisika zvikuru kuwana mari mukati memapepa aayiivhura.
Akaverenga mari yaipfuura zviuru zvishanu. Yaiva mari yakawanda kwazvo munguva iyoyo. Murume uyu aiva apedza nguva yakawanda achitambura iye aifanira kuva mupfumi. Upfumi hwake hwaiva mushoko raMwari.
Zvingaita here kuti nesuwo tineupfumi huripedyo hwatisiri kuwona saSteven Marsh?
Kune zviuru nezviuru zvinobvumira kuti Bhaibheri ibhuku rakanyorwa zvinoshamisa. Vanobvuma kuti ibhuku rakafemerwa naMwari uye rinotsanangura kuti hupenyu husingaperi hunowanikwa sei.
Vanhu vemarudzi ese, uye vanobva kunzvimbo dzakasiyana vanobvuma shoko raMwari sechinhu chinoshandura hupenyu hwavo.
Vamwe vanhu havatenderani nazvo. Vanemibvunzo yakawanda pamusoro peBhaibheri.

4

Saka chii maererano nebhuku rinotengwa nevanhu vakawanda munyika yese, Bhaibheri Dzvene? Tingavimba naro here? Rinotaura chokwadi here? Rine zvakarurama here?
Vamwe vanhu vanoti unogona kuvimba neBhaibheri pasina kurishora. Vamwe vanopikisa.
Ndevapi vanechokwadi?

5

Mhinduro yakakosha, nokuti kana Bhaibheri riri rechokwadi, zvinoreva kuti nyangwe uchivimba mariri kana kwete rinova nyaya yehupenyu kana kufa kwako! Kana Bhaibheri ririchokwadi, hupenyu hwako huchayenderana nekuti unoribvuma nekuritevera here. Chaunotenda muBhaibheri chinoita kuti pave nemusiayano mukutenda kwako munaMwari.
Pane nzvimbo imwe chete yaunganyatsowana kunzwisisa nezva Mwari, ingori Bhaibheri.
Chikonzero ichi, chekunzwisisa Mwari ndicho chakaita kuti Bhaibheri rivepo.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

6

Rinotitaurira naMwari asingaonekwi watingazive nokuverenga shoko Rake raakatumira nevaporofita vake neMwanakomana wake Jesu kuti vatizivise nezvaMwari.

7

Naizvozvo, ngatiwongororei bhuku iri, Bhaibheri, rinosidaidzwa kuti ishoko raMwari, tione kana tingawane umbowo hwekuti ndere chokwadi kana kwete, kuti ringavimbwa naro here kana kuti kwete.

8

(Video: 6 sec) Bhaibheri harisi bhuku rimwe chete badzi, asi kuti mabhuku akawanda ari munerimwe chete.
Bhaibheri rine mabhuku makumi matanhatu rematanhatu akanyorwa nenguva dzakasiyana nevanyori vakasiyana munguva dzemakore ari chiuru nemazana matanhatu. Uye rinemabhuku makumi maviri nemanomwe 27) muTestamende Itsva nemabhuku makumi matatu nepfumbamwe (39) mu Testamende Yakare.

9

Varume makumi mana navashanu vakanyora mabhuku aya, asi tinoona kuti hapana musiyano pane zvinyorwa zvacho.
Mabhuku aya anoyenderana kunyangwe vanyori ava vasina kumbosangana kana kuwonana.

10

Varume ava vaiva nemabasa akasiyana. Vamwe vaive varedzi, vamwe vafudzi, vamwe madzimambo, vamwe vatungamiriri vehurumende, vamwe varimi, vaparidzi, nevarapi, vanhu vakabva kwakasiyana.

11

(Video: 13 sec) Asi pane kuwirirana pamabhuku avakanyora. Chishamiso chikuru zvachose!
Kuwirirana uku kunokwanisa kutsanangurwa nekuziva kuti Mwari Vakapa bhuku iri kwatiri kuti tikwanise kutaura naye.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

12

(Chiverengo: 2 Petro 1:21)
Petro akanyora kuti: "Nokuti hakunahuporofita hwakatongouya nokuda kwomunhu, asi vanhu vaMwari vakataura, vachimutswa noMweya Mutsvene." 2 Petro 1:21.

13

(Chiverengo: 2 Timotio 3:16-17)
Mupostori Pauro akanyora kuti: "Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa,

14

nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama,



15

kuti munhu waMwari akwane, agadzirirwe kwazo mabasa ose akanaka."
2 Timotio 3:16-17
Chikonzero chakaita kuti Mwari vasarudze nzira iyi -kutaura nesu nezvinyorwa- ndechekuti kutaurisana kwake nemunhu vakatarisana kwakagurwa nechitema.

16

Apo Mwari paaitaura nemunhu vachifamba vese mubindu reEdeni, pakanga pasina chikonzero chekuti pave nemuporofita pakati pavo achinyorera vanhu zvaidiwa naMwari kuti vaite.

17

Apo Adamu paakatadza, akavandira Mwari, nekuti aitya zvaaive aita.
Apo Mwari paakabvunza Adamu kwaaive,
Adamu akapindura akati,



18

(Chiverengo: Genesi 3:10)
"...Ndakanzwa inzwi renyu mumunda, ndikatya,...ndikavanda."
Genesi 3:10

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

19

Mwari haana kuramba achitaura uso ne uso naye. Akasarudza kuti atizivise zvaanoda kuburikidza nevaporofita Vake uye neMwanakomana wake.

20

(Chiverengo: Amosi 3:7)
"Zvirokwazvo, Ishe Jehova haangaiti chinhu, asina-kumbozivisa varanda vake vaporofita zvakavanzika zvake."
Amosi 3:7

21

Mwari vakafemera Moses kuti anyore bhuku raJobo nemabhuku ekutanga mashanu emuTestamende Yakare, awo anonzi "Mutemo."
Izvi zvaiva munguva ya 1500 B.C.

22

Panguva ino vaIsraeri vakanga vawanda munyika kuva zviuru nezviuru zvevanhu. Saka Mwari aida kutaura kudakwake achishandisa zvinyorwa.
Izvi zvaive zvanaka apo nguva yekushandiswa kwemavara anonzwisisika yavepo pane zvinyorwa zvaitora nguva kunzwisisa zveku Egipita zvainzi hieroglyphics.

23

Vanhu vaive vachazokwanisa kuverenga mirairo inegumi yaive yanyorwa naMwari Pachake nebhuku remitemo rakanyorwa naMoses.

24

Asi mubvunzo unongovapo unoti: Bhaibheri richiri kuvimbika uye richiri sezvaraive here, risina kushandurwa sezvarakapiwa naMwari?
Kusvika mugore ra 1947, zvinyorwa zvaivepo zveTestamende yakare zvaive zvenguva ya A.D.900.

25

Zvinyorwa zva Isaya zvakawanikwa, zvaisvika mugore ra 125 B.C.
Zvaive zvanyorwa kare mumakore chiuru, chinyorwa chisharu chisati chavepo.
Zvaive zvine bhuku rese ra Isaya.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika



26

Muchinda anonzi Sir Frederic Kenyon, arimudzidzi zvakare mutungamiri wechikoro chenhoroondo cheku British akati:
Panechimwe chitsauko chinemavara 166, panongovane vara rimwechete bedzi rinomubvunzo mushure memakore anamazana negumi okuchengetedzwa,



27

zvakare vara iri harishanduri kunzwisisika kwechitsauko!

28

Frederic Kenyon anozviyisa neiyi nzira:



29

Mukristu chaiye chaiye ungataure hake nokusatya kuti akabata mumawoko ake shoko rechokwadi raMwari,



30

rakaunzwa kubva nechekare kusvikira kwatiri nokuchengetedzwa kwakakosha kusina kurasika kana vara rimwe haro.



31

Va Kenyon vakataura izvi shure, apo vagara hupenyu hwavo vachiwongorora wumbowo hwekuti Bhaibheri rakagashidzwa sei kuvanhu uye kuti kugashidzwa kwaro kwakakonzera chii pabhuku iri.

32

Vaishora Bhaibheri kwemakore akapfuura vakatsvaka chikonzero chekunyunyuta Bhaibheri, asi vakawanda vaishora ava vakanyaradzwa nezvaicheriwa nevawongorori zvairatidza zvinhu zvaitika kare munguva yevanhu vakanyorwa muBhaibheri.

5 - ZVINYORWA ZVAKARE ZVAKAVANZIKA

33

Kusvika makore apfuura, zvishoma zvaingozikanwa zvekare kunze kwezvirimu Bhaibheri.

34

Nhoroondo yekare yakaratidzika sekusanzwisisika zvachose nekuda kwemanyorero ekuEgipita anonzi hieroglyphics. Nokuti hapana muEgipita kana munyika yese aikwanisa kutsanangura zvinyorwa izvi.

35

Mugore ra 1798, Napoleon akatungamira mawuto kupinda munyika yekuEgipita. Nemawuto ake 38 000, Napoleon akatora zana revavezi, vanogona mitauro navana mazvikokota kuti vamubatsire kurava kana kunzwisisa nhoroondo yeku Egipita.

36

Pese pese vaingoona zvinyorwa zvisingaverengeki, nemidhuri yakagadzirwa zvakanaka nematemberi. Napoleon nevadzidzi vake vakashamisika nezvinyorwa izvi vakashaya kuti zvingave zvairevei.

37

Mugore rakatevera ra 1799 pane chishamiso chakaitika paneavo vanochera vachiwongorora nezvenhoroondo (Archeological discoveries).



38

Umwe wemawuto aNapoleon akawana dombo rainzi "Rosetta Stone" rakakura chose (122cm by 76cm) raizobudisa pachena nhoroondo yese yaiva yakavanzika maererano nezvinyorwa zvekuEgipita zvainzi Hieroglyphics.

39

Dombo rinonzi Rosetta rakachengetwa kumuseum yekunyika yeBritain.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

40

Dombo iri rakawanikwa pedyo neguta reku Rosetta raiva nezvinyorwa zvemhando nhatu.

41

Zvinyorwa zvehieroglyphics, chiEgipita nechi Giriki. Vadzidzi vaikwanisa kutsanangura chiGiriki asi zvinyorwa zvekuEgipita vaisazvikwanisa.

42

Kwapera makore makumi maviri mugore ra1822, umwe murume aiva akachenjera wechiFrench anonzi Jean Francois Champollion akashamisa nyika nokuti akakwanisa kududzira zvaiva padombo reRosetta, zvinyorwa zvehieroglyphics zvekuEgipita.

43

Nekudaro zvakavanzika zvekuEgipita zvakazovapachena kuvadzidzi venyika.

44

Asi chakanyanyokosha, nhoroondo yekuEgipita yaiva yakanganikwa yakazopupura zvinyorwa tsvene zvaMwari.
Matombo akaratidza kuti Bhaibheri ndere chokwadi!

45

Pavanoyenderera mberi vachichera, maArcheologists anowana huchapupu hunopupurira nhoroondo yeBhaibheri nezvakaitika kare.

46

Tsvakurudzo yakawanikwa kuTell Marduk yazunungutsa vanotsvakisisa kana vanowongorora nezvenhoroondo.
Guta iri rainzi Ebla riri kuSyria - uye raimbove neupfumi nevagari vanosvika zviuru zvamazana matatu.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

47

Kubva pakawanikwa zvinyorwa pagungwa dzvuku, vadzidzi vazhinji vakafadzwa nazvo.
Asi zvinonyanya kufadza vadzidzi veBhaibheri.

48

Muchikoro chevanyori chakabatana nemba yemutungamiri makawanikwa matombo kana mahwandefa zviuru gumi nezvina akanyorwa munguva yana 2300 B.C. Zvinyorwa zvakare munyika yese zvino sanganisira zvinyorwa zvakawanikwa zvakare zveku Ebla.

49

Vanoona nezvenhoroondo vakabvunza kuti vaHeberu vangadai vakaita zvigadzirwa izvi munguva yaMoses here? Kusvikira makore gumi nepfumbamwe hapana zvinyorwa zvaive zvavepo seumbowo.

50

Zvisinei, matombo anonzi Ebla nemamwe, anoratidza kuti aivepo pamunguva yaMoses.
Vaongorori vakawana zviverengwa zvemakore akare apo Moses asati avepo.

51

Mahwandefa eku Ebla anoratidza ngano yekusikwa neyemurove.
Zvimwe zvakanyorwa mazita nenzvimbo dzinofambirana nedzemu Bhaibheri: Esau, Abrahama, Israeri, Sinai neJerusarema.

52

Chinoshamisa kutaurwa kwemaguta akaipa eSodhoma neGomora.
Kusati kwava nezviwanikwa izvi, hakuna kumbotaurwa nezvemazita aya kunze kwemuBhaibheri.
Zvinoreva kuti aingotorwa senzvimbo dzinongowanikwa mungano chete.

53

Zvakadaro, mabhuku mazhinji anofanira kunyorwa patsva, kuitira kuti zviwanikwa izvi zvive nemazita enzvimbo ezuva iroro.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika


54

Vamwe vanyori vanobvumirana nokuti Genesi anopfuura nziyo dzevafudzi nengano. Zviwanikwa zvekuEbla nezvekunedzimwe nzvimbo zvinopupura chokwadi chemuBhaibheri!

55

(Chiverengo: Mapisarema 119:160)
Davida akati, "Wunganidzo yeshoko renyu izvokwadi kubvira pakutanga..."
Mapisarema 119:160

56

(Chiverengo: Isaya 45:19)
Mwari anoti muna Isaya 45:19: "...Ini Jehova, ndinotaura zvakarurama, ndinoparidza zvazvokwadi."

57

Zvirikuwanikwa mazuva ano nevawongorori zvinoratidza kuti nyika dzakawanda dzisisipo dzirikupupura, dzichipupura kuti Bhaibheri rinovimbika zvakare ririchokwadi.

58

Kusvikira muna 19th century, vamwe vadzidzi vaitenda kuti mambokadzi ainzi Semiramis akavaka guta reku Bhabhironi. Asi muBhaibheri tinonzwa Danieri achitaura zvakataurwa namambo Nebhukadhinezari,

59

(Chiverengo: Danieri 4:30)
"...Ko iri harizi Bhabhironi, guta guru, randakavaka ini...?"
Danieri 4:30.
Ndiani aiva nechokwadi?

60

Mugore ra 1899, Robert Koldewey akatanga kuchera zvakare zvekuBhabhironi, achivhundunura mazana ezvitinha zvakare, zvese zvaiva nechiratidzo chamambo Nebhukadhinezari, zvese zvaiva zvatorwa pamidhuri nematemberi eguta iri!



61

Hwandefa raitsanangura kubudirira kwaNebhukadazinezari rakawanikwa nevacheri kana ma archeologists eku Bhabhironi.

62

"Zvidziviriro zvenzvimbo yeku Esagira neBhabhironi ndaka simbisa ndikavakapo zita rokutonga kwangu nokusingaperi."

63

(Chiverengo: Danieri 4:30)
Bhaibheri rinotaura kuti: "Mambo akataura, akati: Ko iri harizi Bhabhironi, guta guru,

64

randakavaka ini nesimba rangu guru, ndikurise humambo hwangu, huve hugaro hwamadzimambo, here?"
Danieri 4:30

65

Zvinyorwa zve East India House zvirimuguta reku London, zvinoratidza zvinyorwa zvekuBhabhironi zvaitsanangura kuvakwa kwedzimba dzakakura dzamambo Nebhukadhinezari.
Izvi zvese zvakawanikwa zvakamira neshoko raMwari.

66

Chimwe chishamiso chenhoroondo yenyika chaive chiri kusawonekwa kwaBelshazzar samambo weku Bhabhironi. Bhaibheri rakatsanangura Belshazzar semutungumiri weBhabhironi akawona kunyora kweruwoko rwaMwari pamudhuri apo paaipembera nevamwe vake.
Belshazzar uyu akangowuya mupfungwa dzaDanieri here? Kwete!

67

Nabodinus, uyo akazotsiva mambo Nebhukadhinezari, akapa humambo hwake kumwanakomana wake ainzi Belshazzar apo paaiva afamba rwendo kwemakore gumi kunzvimbo yeku Tema kuArabia.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

68

Mahwandefa akacherwa akanyorwa kuti humambo hwakapuwa Belshazzar, uyo ayidikanwa.
Izvi ndizvo zvaive zvakanyorwa:

69

"Kuna Berishazzar mwanakomana mukuru wangu, akaberekwa neni, ndinoshuwa kuti akudze Mwari Mukuru mumoyo make; ngaasapinda munzira yechivi;



70

ngaazadziswe nezvehupenyu; zvakare rukudzo rwaMwari Mukuru ngarugare mumoyo maBerishazzar, dangwe rinodiwa rangu."
--God Speaks to Modern Man, p. 154.

71

(Chiverengo: Danieri 12:4)
Zvinofadza kuverenga muchitsauko chekugumisira chaDanieri kuti:
"Asi iwe Danieri, vanza mashoko, unamire bhuku nechisimbiso, kusvikira kunguva yokupedzisira;

72

vazhinji vachamhanya pose-pose, nezivo ichawanda."
Danieri 12:4
Ruzivo rwaive ruchawedzerwa kwete rwana mazvikokota chete.
Asi ruzivo rwaive ruchawedzerwa zvakare rwechokwadi cheshoko raMwari.

73

Zvitinha nemahwandefa, nezvinyorwa - zvakacherwa nevanowongorora nhoroondo - zvirikuratidza kuti Bhaibheri ndere chokwadi!


74

Zvisinei, umwe huchapupu hunoratidza kuti Bhaibheri ishoko rakafemewa raMwari chishamiso charo chekuporofita nekusakanganisa izvo zvichaitika.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

75

(Chiverengo: Isaya 46:9-10)
"...Ndini Mwari, hakuna-wakafanana neni;

76

iye unoparidza kubva pakutanga izvo zvichaitika pakupedzisira, nokubva panguva yekare-kare zvinhu zvichigere kuitwa..."
Isaya 46:9,10.

77

Hongo, Mwari azarura zvese kuti zvive pachena, Atipa kunzwisisa nezvichaitika, Mwari anoratidza kunyika yese kuti Bhaibheri haringori bhuku chete.
Asi kuti ibhuku Rake.

78

Bhabhironi risati ranyatsosimba nekuzvikudza, Bhuku raMwari rakaporofita kuti richadonha chete:



79

(Chiverengo: Isaya 13:19)
"Zvino Bhabhironi, rinembiri pahushe hose, raizvikudza vaKardea pamusoro pokunaka kwaro,

80

richaita sapanguva yakaparadza Mwari Sodhoma neGomora."
Isaya 13:19
Bhaibheri rakaporofita simba kana nyika ichakunda Bhabhironi.

81

(Chiverengo: Jeremia 51:11)
"...Jehova wakamutsa mweya yamadzimambo avaMedia, nokuti murangariro wake ndowokuparadza Bhabhironi..."
Jeremia 51:11

5 - ZVINYORWA ZVAKARE ZVAKAVANZIKA

82

Zita remunhu aive achazotungamira mawuto ayizokunda Bhabhironi akaporofitwa makore 150 asati aberekwa uye nenzira yacho yaaive achakunda nayo.

83

(Chiverengo: Isaya 45:1)
"Zvanzi naJehova kumuzodzwa wake, kunaKoreshi,...ndimuzarurire mikova pamberi pake..."
Isaya 45:1
Zviporofita zveBhaibheri zvakazadzikiswa here?
Hongo, zvakanyatsozadzikiswa!

84

Pamudhuri we Persia pamuseum yeku Britain pakaratidzwa hwandefa raKoreshi--rakawanikwa pamadota ekuBhabhironi.
Pahwandefa iri, Koreshi kana Cyrus anotaura nekukunda kwake!
Zvakanyorwa zviripachena uye ichokwadi!

85

Bhabhironi harina kuporofita bedzi kuparadzwa kweBhabhironi asi rakayenderera mberi richiti:



86

(Chiverengo: Jeremia 51:37)
"Bhabhironi richaitwa mirwi..."
Jeremia 51:37



87

(Chiverengo: Isaya 13:20-21)
Isaya akanyora kuti:
"Haringatongogarwi navanhu..."



88

"Asi zvikara zvomusango zvichavatamo...mhou dzichagaramo..."
Isaya 13:20,21

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

89

Mwari chete ndiye Ayiona zvichazoitika, izvo zvaizowira Bhabhironi. Mutsvagururi anonzi Austen H. Layrad anotsanangura nzvimbo yeBhabhironi rakarenemashoko aya:



90

Mirwi nezvakaparadzwa zvakawanda panzvimbo yakakura zvikuru…



91

Zizi dzinowanikwa ipapo zvakare nemapere anowonekwa achifamba-famba.
Discoveries Among the Ruins of Nineveh and Babylon, p. 413.

92

Pakuzvikudza kweBhabhironi, hapana chakasara kunze kwezita raro ririparutivi rwemugwagwa.
Mirwi yakawanda nekuparadziwa kuri ipapo huchapupu hunoratidza kuti Bhaibheri rakafemerwa uye rakavimbika.



93

(Chiverengo: Isaya 40:8)
Tingabvumirane nemuporofita:
"Uswa wunowoma, ruva rinosvava, asi shoko raMwari wedu richagara nokusingaperi."
Isaya 40:8

94

Shamwari, kana Mwari angaporofita nekusakanganisa izvo zvichaitika, tinganyunyute here simba Rake nehuchenjeri Hwake hokuporofita kuti ramangwana redu rakadini? Kwete!

95

Chiporofita cheBhaibheri chinotipa nguva yekuwona remangwana kana zvichaitika kuburikidza nemaziso aMwari, uye nekunzwisisa magadziriro Ake ematambudziko atinosangana nawo munyika.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

96

Bhaibheri haringori renhoroondo chete, rinopfuura izvozvi, rinopfuura kungozadzikiswa kwezviporofita zvaro.
Dai raiva risiri izvi, zvaisavanebasa kuti munhu angariitei.

97

Mwongo wenyaya yeBhaibheri, kutsanangura zvakaitika pagomo rekuJerusarema makore akapfuura.
Uye matendero edu anopa mutsauko zvikuru maererano nayizvozvi!


98

Mwanakomana waMwari akafa pamuchinjiko iwoyo kana kuti kwete.
Bhaibheri rakataura chokwadi here pamusoro pa Jesu?
Gomo reKarivhari raive kuri ngano kana kuti zvakaitika.
Zvinoita mutsauko, uye tinofanira kuzviziva!

99

Kuda umbowo hwekuti Bhaibheri ndiro chairo zvarinoti riri, isimba raro rokushandura hupenyu hwavanhu.
Simba iroro rinowanikwa pamunhu umwe chete--Iye anova Jesu Kristu! Jesu akati,

100

(Chiverengo: Johane 5:39)
"Munonzvera Magwaro, nokuti munoti hupenyu husingaperi munaho maari; ndiwo anondipupurira ini."
Johane 5:39

101

Jesu aitaura maererano neTestamende Rakare, nekuti Testamende itsva raive risati ranyorwa!
Kana uchivhura Testamende Rakare, uchawona kuti rinoporofita nekuuya kwaMesiya uye richitaura nebasa rake rorudo neruponeso.



102

(Chiverengo: Ruka 24:44)
Jesu akataurira vadzidzi vake kuti:
"...Ndiwo mashoko angu, andakakuwudzai ndichiri nemi, kuti zvose zvakanyorwa pamusoro pangu,

103

pamurairo waMosesi, napavaporofita, napaMapisarema, zvinofanira kuitika."
Ruka 24:44

104

Testamende Yakare yakaporofita nezvaJesu uye Testamende Itsva inyaya yehupenyu Hwake.
Tarisa, Bhaibheri rese rinobudisa pachena Jesu Kristu, uyo akauya kuzoratidza nyika kuti Baba Vake vakadini.

105

Ndicho chikonzero Bhaibheri richinzi "Shoko rinorarama raMwari."
Rinotakura simba rinoshamisa kwese kwarinoenda--simba rekushandura hupenyu hwavanhu, richishandura pfungwa dzavanhu, richipa simba kuneavo vasina simba, richinyaradza vanochema nevanematamdudziko, richipa zvakare tariro kuneavo vanofa.
Munhoroondo yese, simba reBhaibheri kushandura vanhu rakaonekwa panzvimbo dzakawanda. Vanhu vakawanda vakaipa vakashandurwa vakava vanhu vakanaka nevanorunyararo muBhaibheri.

106

Vasingazvidzori nevasinahunhu vakashandurwa kuva vakachena nevakarurama.
Zvidhakwa zvakanunurwa pakunwa doro, mbavha dzakanunurwa pakuba, vanoreva nhema vakanunurwa panhema dzavo.
Hautsvaki kutarisa kure nhasi kuti uwane mhondi dzaivamuzvitokisi dzakashandurwa mukuva maKristu anemufaro kuburikidza nesimba reBhaibheri.

107

Hautsvaki kutarisa kure kuti uwone michato yaive yakunoparara ikazonunurwa, ikazozadzikiswa nerudo rutsva kuburikidza nesimba reBhaibheri.
Hapana ungaverenge Bhaibheri nekuvimbika, mazuva ese rikasamushandura. Zvakare ukagara mazuva ese shamwari yangu uchiverenga Bhaibheri, richakushandura newe.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

108

Jesu aigara nguva yake yakawanda achishandura vanhu. Izvi ndizvo chaizvo zvinofanira kuitwa nemaKristu. Ndiwo zvakare umwe musoro wenyaya unowanikwa muBhaibheri, masimba aro anoshamisa.

109

(Chiverengo: Johane 8:32)
Jesu aiziva simba chairo raishandura vanhu: "Muchaziva zvokwadi, nezvokwadi ichakusunungurai." Johane 8:32.

110

Chokwadi ndicho chinosunungura vanhu--chinoshandura vanhu!
Ichokwadi chinoita kuti chidakwa chive baba vanerudo nerunyararo.
Ichokwadi chinoita kuti munhu atambudzwa nefodya nezvimwe zvinouraya muviri asunungurwe.
Nokunyengerwa kwakawanda kurimunyika, tinobvunza, "Chiiko chingava chokwadi?"

111

(Chiverengo: Johane 17:17)
Jesu akapa mhinduro:
"...Shoko renyu izvokwadi."
Johane 17:17
Bhaibheri, shoko raMwari, ichokwadi!
Simba reshoko iroro rinoshandura moyo yevarume nevakadzi.

112

Asi shoko raMwari rinoshandura chete avo vanoda kushandurwa--avo vanodisa kugamuchira murume anowanikwa mubhuku iri, Iye anova Jesu Kristu. Hupenyu hwevanhu vakawanda hwakashandugwa apo pavaiverenga Bhaibheri.
Hapana simba guru munyika ringagunzva moyo yevanhu nekushandura hupenyu hwavo kunze kwesimba reBhaibheri.
Tarisa, shamwari, zvinoita mutsauko maererano nezvatinoita neBhaibheri. Harisingori bhuku ratinotakura tichienda kukereke kana kutsveta mudzimba dzedu!
Harisi rekungoraira chete kana kuwanamo chokwadi chete. NdiMwari apo paanotaura nemoyo yedu.
Itsamba yaMwari yerudo kunevanhu vake munyika. Mukati maro munowanikwa nzira yokugara unemufaro, kugara zvakanaka nekuva nerunyararo mupfungwa dzako.

113

(Video 12 sec) Regai ndikutaurirei nyaya yesimba raMwari pakushandura hupenyu hwavanhu. Makore akawanda akapfuura, paiva nengarava yayinzi Bounty. Muna 1790, mutungamiriri wengarava iyi ainzi Bligh nevamwe vashandi vake vakabva munyika ye England vachiendesa imwe michero yaizodyiwa kunyika yeku West Indies nenhapwa dzaiveko.

114

(Video 7 sec) Nemhaka yehutungamiri hwakaipa hwaBligh nekusabata zvakanaka vamwe vake, pakava nekumirana mungurava iyi, umwe muchinda ainzi Fletcher Christian, aitungamira kumikira uku akatora Bligh nevamwe vake akavakandira munechimwe chingarava chaiva chidiki akavarega vakaenda.
Bligh nevamwe vake vakazodzokera shure kuEngland muchingarava chavo diki nemhaka yekuti Bligh aigona kutungamira ngarava munyanza.

115

(Video 4 sec) Vaiva mungarava yeku Bounty havana kuzofamba zvakanaka, asi vakaguma vavapachiwi chinonzi Pitcairn Island.

5 - Zvinyorwa Zvakare Zvakavanzika

116

(Video 10 sec) Vakazopisa ngarava yavo yainzi Bounty kuitira kuti vasabatwa kana kuteverwa. Pavaiva kunzvimbo yekuHaiti, Bligh aiva afamba nevakadzi nevamwe vana vakati kuti zvakare nevamwe varume. Mirishonga yakazotevera avo vaiva pachiwi chePitcairn, vakadzidza kubika doro. Vakatanga kuurayana pakava nezvakaipa zvakawanda. Nenguva shoma pakasara pangori nemurume umwe chete ainzi John Adams nevakadzi vashoma vaiva nevana vavo.

117

(Video 8 sec) John Adams akatsvaka mupakara paakawana Bhaibheri reBounty raive rakavigwa. Akatanga kuriverenga uye paaiverenga akatanga kushanduka zvishoma nezvishoma.
Akazoona kuti aiva anemutoro wekupa vana vaiva vasara ramangwana rakanaka. Akatanga kuvadzidzisa kunyora neku verenga nekugara zvakanaka.
Kushanduka kwakatevera pavanhu ava vaigara pachiwi ichi kwakashamisa vanhu vaigara pedyo, kukashamisa zvakare hurumende yeBritain nekupedzisira kukashamisa nyika yese.

118

Bhaibheri ringashandure hupenyu hwako newe shamwari yangu. Kana tichiverenga Bhaibheri, Mweya Mutsvene wakatungamira vanyori veBhaibheri kunyora shoko raMwari, anoshandura hupenyu hwedu apo patinoverenga Bhaibheri.
Chiuya kushoko raMwari unepfungwa dzakavhurika nekutenda kunaMwari uti:
"Mwari wangu, ndiratidzei chokwadi chenyu, ndichachitevera.
Mwari wangu, budisai pachena izvi zvandinofanira kushandura muhupenyu hwangu.
Mwari wangu ndinoshuwa kusangana nemi samuponesi anondida, anoregerera uye achandishandura apo pandinenge ndichiverenga Bhaibheri."

119

Hongo, shamwari, harisingori bhuku chete, asi munyori webhuku Ndiye anoita mutsauko.
Kana tichitarisira kunemunyori Iyeye, kutenda kwedu kuchakura chaizvo.
Nekuti kumuziva kumuda nekuvimba kwaari.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

1

Sei Mwari veRudo Vachizvibvumira?

2

Clara Anderson aiva musikana ayishanda mune imwe imba muguta re San Francisco, uye Clara aiva nemutsa uye achinzwisisa.
Nerimwe zuva akanyangarika paaishanda shure kwekushanda kwemakore gumi nemashanu. Munhu waaishandira akashaya zano rekuti aiva aendepi. Akaita semunhu achangonyongarika.
Chishamiso chakaitika ndechekuti akazowanikwa nevanhu vebazi vanoona nezvekuchengeta vanotambura shure kwemazuva akati kuti.

Clara aiva achizvinyima zvekudya achida kuti afe ari mugomo iro raive kunze kweguta re San Francisco maaive akahwanda.
Iye akataura achiti, " Ndinoda kufa. Ndisiyei ndega."
Apo mupepeti wenhau aiva amuona akaedza kuita hurukuro naye Clara akati, "Tarisa, hapana munhu anehanya neni. Ndinongova mushandi wemumba - mumwechete muzviuru zvevanhu vanongoitawo mabasa akangodaro. Upenyu hwangu hahuna zvahunoreva. Handina hama dzepedyo, kana mhuri, kana shamwari. Ndinongova ndega zvekuti ndinoona zviri nani kuti ndife.
Hapana uyo wandingati ndiye ari pedyo neni - handina wokutaura naye kana uyo wandinga vhurira mwoyo wangu kwaari. Saka ndiregei ndife nokuti hapana anehanya neni."

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

3

"Hapana ane hanya!" ndiko kuchema kwevarume nevakadzi panyika yanhasi.
Mutsvagurudzo yakaitwa pamusoro paMwari, vanhu vakabvunzwa kuti, "Kana ukanzi ubvunze Mwari mubvunzo, ndeupi mubvunzo waunga bvunza?"

Ko dai ungava iwe? Kana ungabvunza mubvunzo mumwechete ungava wokutichii?
Heinoi mibvunzo ingabvunzwa nezviuru zvevanhu:
"Mwari mune hanya neni here? Kana muri makanaka, nemhaka yei kuine urwere, kutambudzika uye kufa munyika?"
"Nemhaka yei kuine kutambudzika nekusafara?"
"Nemhaka yei kuine nzara, mapopoma emvura, kusagadzikana kwenyika nehondo?"

4

Tikatarisa tinoona huipi hwakanyanya chaizvo munyika.
Pese pese kune njodzi dzinowira vanhu zuva nezuva.

5

(Video 15 Sec.) Ndiani ari kukonzera njodzi idzi, kusuwa nekutambudzika munyika?
Vanhu vazhinji vanomhura Mwari mumatambudziko avanosangana nawo.
Kazhinji tinovanzwa vachibvunza kuti, "Mwari azviitirei izvi kwandiri.?"

6

Ngatitarisei kuti Bhaibheri rinotichii pakati pekurwisana kukuru kuripo pakati pesimba rezvakanaka nezvakaipa.
Ungabvunza uchiti, "Kana Mwari Vasiri Ivo vanounza matambudziko nekunetseka munyika, saka ndiyani ari kuzvikonzera zvekutambudzika zvatinoona misi yese?"

7

Bhaibheri rinonongedzera kudivi revakaipa!
Jesu akataura nyaya yemurimi uyo akadzvara mbeu yake yakanaka mumunda, asi pakamera mbeu,

8

pakabuda sora rakaipa zvikuru mumunda.

9

(Chiverengo: Mateo 13:27)
Zvino varanda vomwene weimba vakawuya, vakati kwaari: Ishe, hamuna-kukusha mbeu yakanaka mumunda menyu here?



10

Munda wawanepiko mashawi?
Vaida kuziva, kuti mashawi akabva kupi?

11

(Chiverengo: Mateo 13:37-39)
"Akapindura, akati: Uno kusha mbeu yakanaka ndiye Mwanakomana womunhu."

12

"Munda inyika; mbeu yakanaka ndivo vanakomana vowushe; mashawi ndivo vanakomana vowakaipa."

13

"Muvengi wakakusha ndiye Dhiabhorosi..."
Mateu 13:37-39

14

Naizvozvo ngationei kuti apo Mwari achiedza kutiratidza rudo nenyasha, pane rimwe simba riri kurwisa munyika richiunza kurasikirwa, njodzi, ndufu neurwere muvana vaMwari.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

15

Bhuku rekupedzisira muBhaibheri, raZvakazarurwa rinotiratidza kuti zvakatanga sei kuti tive nechokwadi chezvakaitika kudenga zvakazokonzera kutambudzika pano pasi. Tichaona mavambo ehuipi. Zvinogona kukushamisa kuti kudenga kwakamboita hondo!

16

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:7-9)
Zvino kurwa kwakavapo kudenga; Mikaeri navatumwa vake vakarwa neshato,



17

shato ikarwa inavatumwa vayo; vakasakunda, nenzvimbo yavo hainakuzowanikwa kudenga.

18

Zvino shato huru yakakandirwa pasi, iyo nyoka yekare, inonzi Dhiabhorosi, naSatani, munyengeri wenyika yose;

19

yakakandirwa panyika, navatumwa vayo vakakandirwa pasi pamwe chete nayo."
Zvakazarurwa 12:7-9.

20

Nyatsotarisa kuti shato iyi, kana Satani anotsanangurwa sei mubhuku ra Zvakazarurwa 12:3,4:

21

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:3,4)
"Ipapo kudenga kwakawonekwa chimwe chiratidzo ichi: Tarira, shato huru tsuku, inemisoro minomwe, nenyanga dzinegumi,

22

napamisoro yayo korona nomwe."

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

23

Rumhinda rwayo rukakweva chetatu chenyeredzi dzokudenga, ndokudzikandira pasi panyika…

24

Umbowo huripo hunoratidza kuti chimwe chidimbu (one-third) chevatumwa chakatevera munyengeri mukuramba kwaakaita Mwari.
Asi ngatitsvagei zvakawanda pamusoro pengirosi yakadona inonzi Lucifer.
MuTestamende Yakare anotsanangurwa samambo weku Tire, inotsanangura izvi maererano naye:



25

(Chiverengo: Ezekieri 28:12-14)
...Zvanzi naShe Jehova: Iwe wokuisa chisimbiso chako pachiyero, uzere nowuchenjeri, wakakwana pakunaka.
Ezekieri 28:12

26

Wakanga uripaEdeni, mumunda waMwari; wakanga wakafukidzwa namabwe anokosha...
Ezekieri 28:13

27

"Iwe wakange urikerubhi rakazodzwa,, raifukidzira...ukava pamusoro pegomo dzvene raMwari;

28

waifamba-famba pakati pamabwe omoto."
Ezekieri 28:14.

29

Lucifer anga ari ngirosi yakanaka kwazvo, akasikwa zvakanaka chose.
Aiva ngirosi yaimira pedyo naMwari ari kerubhi raifukidza.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

30

Lucifer aiva nechinzvimbo chikuru kudenga.
Kumativi ese echigaro chemutsa nekuchigaro chaMwari paiva nengirosi mbiri imwe kurudyi imwe kuruboshwe. Umwe wengirozi idzi waiva Lucifer.

31

Aisa gutsikana nekuva pedyo naMwari.
AIDA KUVA MWARI PACHAKE IYE!
Pane zvakazoitika kuna Lucifer neushamwari hwake naMwari. Mwari akati kuna Lucifer,

32

(Chiverengo: Ezekieri 28:15)
Wakanga wakakwana panzira dzako kubva pazuva rokusikwa kwako, kusvikira kusarurama kwakawanikwa mukati mako.
Ezekieri 28:15



33

(Chiverengo: Ezekieri 28:17)
Moyo wako wakazvikudza nokuda kokunaka kwako; wakavodza huchenjeri hwako nokuda kwokubwinya kwako...”
Ezekieri 28:17.

34

Ngirozi iyi yaiva yakanaka, inechinzvimbo chikuru chaizvo yakatanga kungofunga nezvayo chete. Akaputsa nekumhura ukuru hwaMwari.
Akava nenzara yeukuru kana kuda kutonga. Akava nechivindi chekumhura Musiki neutongi hwenyika! Zvino chiteerera:



35

(Chiverengo: Isaya 14:12-14)
“Haiwa, wawa seiko uchibva kudenga, iwe nyamasase, iwe mwanakomana wamambakwedza! Wakandwa seiko pasi...”



36

Iwe wakati mumoyo mako: Ndichakwira kudenga, ndichakwiridza chigaro changu chowushe kumusoro kwenyeredzi dzaMwari…

6 - Sei Matambudziko Akawanda?



37

"...Ndichazvienzanisa noWokumusorosoro."
Isaya 14:12-14

38

Paibuda mashoko ekushovora kubva mumuromo waLucifer, rudo nerunyararo rwedenga rwakaputswa kuita zvipandi zvipandi.

39

Hazvina kutora nguva Lucifer asati atanga kuparadzira moyo wokusagutsikana kwake kune dzimwe ngirozi. Zvishoma nezvishoma wakamhura rudo rwaMwari nekururama kwake.

40

Semuchero wakawora uri mubhokisi, kumhura nekurwa kwake kwakazara kunedzimwe ngirozi kudenga.
Pamwe mungafunga kuti nei Mwari asina kuuraya Satani nenguva iyoyo.
Mwari aikwanisa kuuraya kana kutsaura Satani nedzimwe ngirozi dzaiva dzabatana naye mukumukira Mwari nenguva pfupi, asi dai Aiva aita saizvozvo, zvisikwa zvake zvaizomukudza nekutya kukuru chaizvo.

41

Ngatingoti Mwari otora rusununguko rwedu rwesarudzo otiita tose tive marobhoti.
{Ad lib] Vangani venyu vane vana? Vashoma venyu vanavo.
Ungada kuva nemwana werobhoti here? Ungafarira kana kuda sei mwana waunenge wakagadzirira kutevedzera zvese zvaunorayira?
Mwana wako aimuka mangwanani achiti, "Hongo amai, ndichadya mupunga wangu."

"Hongo baba, ndichachenesa mumba."
Une robhoti - rinotonhora, resimbi uye rinoshanda rega.
Hauchina mwana.
Ungada mwana werudzi urwu here? Aiwa kwete.
Naizvozvo Mwari Haadiwo mwana akadaro.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

42

Mwari ndiMwari werudo. Anogona kufara kana ari muukama hunorudo nezvisikwa zvake apo zvinenge zvichimurumbidza nekuda kwerudo zvakare nokuti zvinovimba kunaye.

43

Satani akanga amhura mitemo yaMwari nekururama kwake. Asi Mwari haana kuisa mitemo kuti aratidze kuti ndiye aive mukuru. Mitemo akaiisa kuitira kudzivirira zvisikwa zvake, uye kuti Aone kuti vanerufaro nerunyararo nguva dzese.



44

Mitemo yaMwari yakaita semwenje inotaura kuti mira, nechikwangwani chinoratidza kuti mota inofanira kufamba zvinemweroi. Zvese izvi zvakagadzirirwa kuti isu tigare zvakanaka pasina njodzi inotiwira.
Asi ngirozi iyi yaivimbwa nayo yakafunga kuti yaigona kutungamirira nyika kudarika Iye Mwari Musiki!

45

Satani, "muvengi waMwari," akazviita ega kuva Satani!

46

(Video: 10 sec) Mwari vanopa umwe neumwe simba rekusarudza kuteerera kana kusateerera. Nekuita zvinhu zvakarurama nerudo, Mwari akabvumira Satani kuti aratidze nyika nzira yaaizoshandisa yokutungamira nyika.
Hatizive kuti zvese izvi zvakaitika sei sezvo Mwari Vaive vaine rudo uye nemutsa kunaivo vese.

47

Hondo yakatangisa kudenga haisati yapera, yakangoshanduka nzvimbo chete!
Nyika yedu ndiyo yakazova nzvimbo yekurwisana kukuru pakati pezvakanaka nezvakaipa kusvikira nhasi,
apo Satani aaive acharatidza kuti achazova mutungamiri akaita sei uye kuti achatungamira nemutoo upi.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

48

Nemhaka yei kurwisana uku kwakazoitirwa pasi pano panyika?

49

(Chiverengo: 1 VaKorinte 4:9)
"...takaitwa chinhu chinoshamisa nyika, navatumwa, navanhu."
1 VaKorinte 4:9

50

Nyika yakabva mumawoko aMwari, mukunaka nekururama nekunaka kusina matsananguriro. Zvineumboo kuti Satani akava nemafungiro iwayo, nekuti akaona nyika ino senge yaiva nemubairo waaikwanisa kutora.
Akaedza kubvuta nyika iyi yaive yakanaka zvikuru - nyika itsva.

51

Kunyangwe Adamu na Eva, baba na amai verudzi rwese vakasikwa zvakaperera havana kuiswa pachinzvimbo chekuti vaisagona kutadza.
Vaive vakasungunuka kusarudza rudo nekutevera Mwari kana kuramba kuteerera zvavainzwa.
Kuteerera kwavo kwakaedza kuonekwa nemuti umwe chete. Mwari akayambira,

52

(Chiverengo: Genesi 2:16,17)
"...Ungadya hako miti yose yomunda;

53

asi muti wokuziva zvakanaka nezvakaipa usaudya; nokuti nomusi waunoudya, uchafa zvirokwazvo."
Genesi 2:16,17.
Izvi zvinoratidzika sechikumbiro chinonzwisisika. Vanenge vasina kuwona kuipa kwazvo.
Asi munhu haanasimba kunyanya panguva iyo yaanenge achifunga kuti hapana chakaipa chingamudonhere.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

54

Ndizvo zvakaitika kuna Eva.
Satani akashandisa simba rake kumunyengera.
Satani hashandiri pachena. Munyengeri anotyisa chaizvo.
Anoshandisa masangano, vanhu kana nyoka chaiyo!

55

Ndicho chikonzero Pauro akati:



56

(Chiverengo: VaEfeso 6:11)
"Shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, mugone kumira muchirwa namano aDhiabhorosi."



57

"Nokuti hatirwi nenyama neropa, asi navabati, navanesimba,

58

namadzishe enyika erima rino, nemweya yakaipa yedenga."
VaEfeso 6:11,12.

59

Eva akanyengedzwa.
Haana kumbofungira kuti manzwi aibva kunyoka aiva aSatani.
Satani, achitaura achiburikidza nenyoka, akabvunza Eva akati,

60

(Chiverengo: Genesi 3:1)
"...Nhai, ndizvo here kuti Mwari wakati: Regai kudya miti yose yomunda?"
Genesi 3:1

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

61

(Chiverengo: Genesi 3:2-4)
"...Tingadya hedu michero yemiti pamunda,

62

asi kana iri michero yomuti uri pakati pomunda,

63

Mwari wakati: Regai kuudya, kana kuubata, kuti murege kufa."



64

"Nyoka ikati kumukadzi: Hamungafi zvirokwazvo."
Genesi 3:2-4

65

Apo Eva paaive akateerera kune nyoka, zvaifanira kuuya mupfungwa make kuti zvaitaurwa zvaiva zvakasiyana nezvaaive audzwa naMwari.
Nekuona kuti Eva aive asisanzwisisi, nyoka yakakurumidza kuwedzera,

66

(Chiverengo: Genesi 3:5)
"Nokuti Mwari unoziva kuti nomusi wamunozvidya nawo, meso enyu achasvinudzwa, mukava saMwari, muchiziva zvakanaka nezvakaipa."
Genesi 3:5

67

Satani akati Mwari aive asina kururama, achiti Mwari aisada nechinhu chakanaka.
Chaive chidiso chaSatani kuti ave saMwari uye ndicho chikonzero chakaita kuti adonhe.
Izvi zvakafadza Eva, nenguva diki achibva adonha.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?



68

(Chiverengo: Genesi 3:6)
"Zvino mukadzi wakati achiwona kuti muti wakanaka kudyiwa, uye kuti unofadza meso,

69

uye kuti muti unodikanwa kungwadza munhu, akatora michero yawo, akadya..."
Genesi 3:6


70

Eva akaenda nemuchero akapa Adamu akadyawo.


71

Adamu naEva vakatadza kuedzwa kwerudo nekuvimbika , vachibva vaziva kuti pane chaiva chakanganisika.

72

Satani akabvuta nyika itsva yaive yasikwa! Kubvira ipapo akabva azviti ndiye "Mukuru Wenyika". Mutungamiri wenyika yakamukira Mwari!
Adamu naEva vaive vateerera inzwi rewakaipa.

73

Muzuva raive raitika zvese izvi, Mwari akauya manheru achidaidza Adamu naEva.
Iyi ndiyo nguva yaiva yekufara neMusiki wavo apo pavaikurukura vachifamba vakatarisana naMwari.
Asi pazuva iri vakatiza vakanovanda mumakwenzi!

74

Adamu akazobuda pavaive vakawanda achibva ataurira Mwari zvavaive vaita,

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

75

(Chiverengo: Genesi 3:10)
"...Ndakanzwa inzwi renyu mumunda, ndikatya, nokuti ndakanga ndisina-kusimira; ndikavanda."
Genesi 3:10

76

Adamu aive asingatye nguva yese, chitema chinoita kuti uve nekutya.
Zvakare chitema chinoita kuti munhu atye Mwari.

77

(Chiverengo: Genesi 3:11)
Mwari Vakapindura vachiti, "...Wadya kanhi muti wandakakuraira kuti urege kuudya?"
Genesi 3:11
Adamu wakadavira akati:

78

(Chiverengo: Genesi 3:12)
"...Mukadzi wamakandipa kuti ave neni, ndiye wakandipa zvomuti ndikadya."
Genesi 3:12
Munguva shoma shure, Adamu wayive akazvipira kufa na Eva.
Asi iyezvino ndiye aiva akumushora, zvakare akashora naMwari kuti Akasikirei Eva.
Izvi zvinoratidza kuti chivi chinouraya rudo rwakanaka!


79

Eva naiye wakashora. Paakabvunzwa naMwari zvaaive aita, akapindura akati:



80

(Chiverengo: Genesi 3:13)
"...Nyoka yakandinyengera, ndikadya."
Genesi 3:13
Eva akashora Mwari zvakare! Nemamwe manzwi, Eva aiti, "Inyoka Yamakasika yandiita kuti nditadze."

81

Musi uwoyo Adamu naEva vakatongerwa rufu!
Kuti vasazodya muti weupenyu Mwari Akabva adzinga Adamu na Eva mubindu re Edeni.
Satani akavataurira kuti vaisazofa, asi Bhaibheri rinoti,

6 - Sei Matambudziko Akawanda?



82

(Chiverengo: Genesi 5:5)
"Mazuva ose ohupenyu hwaAdama akanga arimakore anamazana mapfumbamwe namakumi matatu, akafa."
Genesi 5:5
Vakazozvinzwisisa pasisina nguva kuti Satani

83

(Chiverengo: Johane 8:44)
"...ndiye wenhema, uye baba vadzo."
Johane 8:44

84

Zvirinyore kumhura Mwari nekukuhunika kwenyika, asi Satani ndiye anemhosva yezvese zvakaipa pano panyika.

85

(Video: 10 sec) Satani ndiye akaunza matambudziko panyika uye ndiye ari kukonzera chitema nekutambudzika kwevanhu. Jesu akatitaridza pachena maererano naSatani nenzira yaanotambudza nayo vanhu.

86

Jesu akati achidzidzisa musinagoge rimwe Sabata, akaona mukadzi aive akaonyana mutezo.
Jesu akamunzwira ngoni achibva amuporesa.

87

Vatungamiriri vakamumhura nokuti aiva aporesa neSabata - zuva dzvene rekunamata. Tarisa kuti iIye akati kudini:

88

(Chiverengo: Ruka 13:16)
"Zvino mukadzi uyu, mwanasikana waAbrahama, wakanga akasungwa naSatani makore anegumi namasere,

89

haazaifanira kusununguruwa nomusi weSabata pachisungo ichi here?
Ruka 13:16

90

Jesu akati Satani aive akasunga mukadzi uyu kwemakore gumi nemasere.
Satani ndiye aiva anemhosva, Satani ndiye anokonzera zvirwere nekutambudzika nerufu!


91

MuBhaibheri hatinyatsooni pachena Satani achiburitsa nzira yake kunze kwekutanga kwebhuku raJobo apo Satani paanotaura naMwari.

92

Yakanga yava nguva apo Satani ainge adonha vana vaMwari vachibva vauya kuna Mwari.
Satani akauyawo zvakare.
Funga nazvo! Musangano "wevana vaMwari," uye Satani achibva auyawo asina kukokwa!

93

(Chiverengo: Jobo 1:7)
"Jehova akati kuna Satani: Wabvepiko?"
Jobo 1:7
Nemamwe manzwi, ndiyani wakukoka? Chii chinokonzera kuti uvepo? Satani akapindura Mwari akati,

94

"...Ndabva pakupota-pota nenyika, napakufamba-famba pairi."
Jobo 1:7
Satani akazviti ndiye mutongi wenyika yose.
Akatora chinzvimbo cha Adamu!

95

Adamu anodaidzwa kuti, "Mwanakomana waMwari" (Ruka 3:38), sekudaidzwa kwakaita vamwe vakauya kumusangano naMwari.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

96

Kuti zvingaita kuti ndivo vaive vatungamiri vedzimwe nyika here sezvo Adamu pakutanga aiva iye musoro wenyika?
Kuda kwaSatani kuva mumiririri wenyika kwakarambidzwa. Mwari Vakati kuna Satani:



97

(Chiverengo: Jobo 1:8,9,11)
"...Wacherekedza muranda wangu Jobo here? Nokuti hakuna munhu wakafanana naye panyika,



98

munhu wakakwana, wakarurama, unotya Mwari, anovenga zvakaipa."



99

"Ipapo Satani akapindura Jehova, akati: Jobo unotya Mwari pasina here?"



100

"Asi tambanudzai henyu ruwoko rwenyu zvino, murove zvose zvaanazvo, ipapo iye uchakushovorai pachena."
Jobo 1:8,9,11

101

Zvinoshamisa! Satani aiti chikonzero chekuti Jobo ave anoteerera Mwari ndechekuti pane zvaaive aitirwa naMwari, kwete kuti aida Mwari nekuvimba kwaari.

102

(Chiverengo: Jobo 1:12)
"Jehova akati kuna Satani: Tarira,zvose zvaanazvo zviri paruwoko rwako; asi usatambanudzira ruwoko rwako kwaari.

103

Naizvozvo Satani akabva pamberi paJehova."
Jobo 1:12
Satani akabva nekukasika achida kunoisa ruwoko rwake pamusoro pembatya nezvipfuyo zvaJobo.

104

Kunetswa kwakabva kwatanga:
Chekutanga: VaSabiya vakaba mombe dza Jobo zvakare vakauraya vashandi vake.

105

Chechipiri: Kwakaita mheni ichibva yauraya makwai nevafudzi va Jobo.

106

Chechitatu: MaKaradia akauya akaba makamera a Jobo.

107

Chechina (Chakanyanya kurwadza): Chamupupuri chinesimba chakadhiriza imba yaive inevana vaJobo vari pamutambo, vakafa vese!

108

Jobo, akafunga kuti Mwari Vaive vatora zvinhu zvake zvikakonzera kudzimbikana kwake.
Haana kunzwisisa kuti muvengi ndiye aiva azviita.
Kunyangwe Jobo aive akadzimbikana pamwoyo haana kurega kuzvininipisa kuna Mwari.

109

(Chiverengo: Jobo 1:21)
Akati, "...Jehova wakapa, Jehova wakatora, zita raJehova ngarikudzwe."
Jobo 1:21
Kunyangwe Jobo aisanzwisisa matambudziko akamudonhera, akaramba akabatirira kurudo rwaMwari.
Asi Satani aive asati apedza.
Akaenderera mberi akati kuna Mwari:

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

110

(Chiverengo: Jobo 2:4-6)
"...Zvose zvaanazvo munhu ungazviisira hupenyu hwake."



111

"Asi tambanudzai ruwoko rwenyu zvino, murove mapfupa ake nenyama yake,ipapo uchakushovorai pachena."



112

"Jehova akati kunaSatani: Tarira, iye uri paruwoko rwako; asi kwoga urege hupenyu hwake."
Jobo 2:4-6

113

Kuedzwa kwaive kuchiri kuenderera mberi! Jobo acharamba akabatirira panaMwari here kana zvikaramba zvichioma, kana kuti achafuratira Mwari?

114

(Chiverengo: Jobo 2:7)
Naizvozvo Satani akabva pamberi paJehova,



115

akarova Jobo namaronda akaipa, kubva patsoka dzake kusvikira pamusoro wake."
Jobo 2:7.

116

Kana wakamboita mota unoziva kuti rinorwadza sei. Funga kuti muviri wako wese unemota kubva kumusoro kusvika kuma kumbo!

117

Kunyangwe Satani aive atorera Jobo upfumi hwake, vana neutano, Jobo akaramba akatendeka kunaMwari. Bhaibheri rinoti,

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

118

"Pazvinhu izvi zvose Jobo haana-kutadza, haana-kuti Mwari wakaita zvakaipa."
Jobo 1:22

119

Ndiani akarwadzisa Jobo?
Ndiani akatambudza Jobo?
ndi SATANI!



120

Ndiani akaba mombe dzake akauraya varanda vake? ndi SATANI!



121

Ndiani wakaunza mhepo yakauraya vanavake?
ndiSATANI!



122

Mwari Vanogona kubvumira kutambudzika kuti kuuye kwatiri Vachiedza kuona kuti takandeka uye tinerudo here,



123

asi SATANI ndiye ane mhosva pahuipi hwese huri kuitika panyika!

124

Iwe neni tabatanidzirwa muhondo yemasimba makuru. Hondo iri pakati pechiedza nedima; pakati pehuipi nokururama, musiki nemuparadzi. Hatina kutarisa chete; tiri munhandare, mukati mehondo.
Pakurwisana uku kukuru, hatizi vatariri chete asi nhesu tinosanganisirwa zvakare, kunyange tichida kana kuti hatidi.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

125

Usa funge kuti Satani anongova rungano nekuti hauzogadziriri kusangana nemano ake.


126

Bhuku ra Zvakazarurwa rinoti:

127

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:12)
"Saka farai kudenga nemi munogarako. Munenhamo imi nyika negungwa,

128

nokuti Dhiabhorosi aburukira kwamuri, akatsamwa kwazvo, nokuti unoziva kuti uchinenguva duku."
Zvakazarurwa 12:12
Petro akanyora yambiro iyi:



129

(Chiverengo: 1 Petro 5:8)
"Svinurai, murinde; muvengi wenyu Dhiabhorosi, unofamba-famba seshumba inorira,

130

ichitsvaka waingaparadza."
1 Petro 5:8

131

Kunyangwe Satani achiita zvakaipa, Mwari Musiki vane pfungwa yekusika zvakare izvi zvinosanganisira Mwanakomana wavo Jesu - Iye akabvuma kufira zvitadzo zvedu kuti tigowana hupenyu husingaperi.

132

Bhaibheri rinoti Satani anouya achidzovora seshumba.

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

133

Satani akashanda kuburikidza namambo Herodi kuparadza Mwanakomana waMwari (Akakurirwa).

134

(Video: 10 sec.) Satani akauya kuna Mwari ari murenje, aizviita mutumwa aibva kudenga aine miyedzo mitatu mikuru (Asi akakurirwa).

135

Satani akaita kuti mhomho yevanhu irovere Jesu pa Calvary (Akava muvengi akakurirwa nekusingaperi).

136

Kunyangwe kwakava neCalvary, rumuko rwakavapovo! Mwari ngaakudzwe!
Mwari akatipa Mwanakomana Wake, Iye Mwanakomana akazvipira kuti iwe neni tisafe asi tiwane hupenyu.
Yakava nguva yekukurira, zuva rerusununguko kuna vasungwa vese vaSatani pane rino pasi.

137

Musi iwoyo Satani akava muvengi akakurirwa!
Rufu rwaKristu rwakava nesimba rekuparadza uipi nekutambura.
Pauro akanyora kuna vaHeberu 2:14 kuti:



138

(Chiverengo: VaHeberu 2:14)
"Naizvozvo, vana zvavakagoverwa ropa nenyama, naiye wo wakagovana navo panaizvozvi;



139

kuti nekufa kwake iye aparadze uyo unesimba rorufu, iye Dhiabhorosi."

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

140

Satani akazviratidza pamberi penyika yese kuti aiva chisikwa chakaita sei.
Nanhasi achiri kuratidza kuti achazotungamira nyika sei kana kwaiva iye ayitonga.
Mhepo dzinouraya, kudengenyeka kwenyika, mafashamu emvura, kuurayana, zvirwere, kutambudzika uye kurwadziswa.
Izvi tinogara tichizviona.

141

Asi Satani ndiye arishure kwazvo zvese.

142

Zviitiko zvese izvi haasi "Mabasa aMwari" asi "Mabasa aSatani."

143

ungave uchifunga pamusoro pekusuwa, kutambudzika nekunetseka muhupenyu hwako. Ungave uchifunga kuti wakamboshayikirwa nemwana kana neumwe wevadikanwi vako, ukazvibvunza kuti, "Ko Mwari aripiko?"

144

Bhaibheri rinodzidzisa kuti Mwari Varipo.
Vanewe pakati pekunetseka, kurwadziwa uye kutambudzika.
Vachauya nekukurumidza kuti Vazopedza kunetseka nezvivi uye nekutambura kwevanhu.

145

Mashoko anofadza ndeekuti nyika ino yaive yabvutwa naSatani iri kuzonunurwa. Ruzivo urwu runofanira kupa runyararo kuneavo vanotya nevaka funganya muno munyika yedu yakaipa!
Mwari ane zano rekuparadza Satani - munyengeri ari Dhiabhorosi - tichadzidza nezve zano iri pamisangano ichatevera. Ngationei kuti Bhaibheri rinoti chii pamusoro paSatani:

146

(Chiverengo: Ezekieri 28:16,18)
"...Ndakakudzinga...iwe kerubhi raifukidza."

147

"...Naizvozvo ndakabudisa moto mukati mako;

148

wakakupedza, ndikakushandura ukava madota panyika..."
Ezekieri 28:18.
Chivi nekutambudzika zvinenge zvisisipo nekusingaperi.

149

Chokwadi, shamwari Jesu ari kuuya nekukasika! Hauyi semu Garire wakazvidzikisira, kana uyo uchazotukwa kana kupfirirwa nekurambwa. Kwete kuzorembera pamuchinjiko,

150

asi saMambo wemadzimambo na Ishe wemadzishe aine mvumo yekutonga. Tinofanira kunge takagadzirira kusangana naye nokuti tikamushaya, tinenge tashaya zvese!

151

(Video 12 Sec.) Nyaya iripo nhasi ndeiyi, ndiani watichatenda? Ndiani watichatevera? Tichatevera Mwari Vanotida kana kuti ngirozi yakadonha iri Satani? Muganhu uri kutoiswa; nyika yose iri kukamurwa muzvidimbu zviviri. Kutenda kwako kuripiko? Uri kurutivi rwaniko?

152

Kune avo vese vakaneta, vane moyo yakasuruvara vane marwadzo, vane mweya inotambura, kuvana Vake vese vari panyika yakamumukira, Jesu anokukokai norudo achiti:

6 - Sei Matambudziko Akawanda?

153

(Chiverengo: Mateo 11:28)
"Wuyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa, ini ndichakuzorodzai."
Mateo 11:28.

154

(Chiverengo: Johane 6:37)
"...Nounowuya kwandiri, handingatongomurashiri kunze."
Johane 6:37.
Hadzisi nyaya dzinofadza here idzi?

155

Muhupenyu huzere nenjodzi, kusuwa, mwoyo yakaneta nekusuruvara, Jesu Vanenge Varipo. Vanonzwisisa kusuruvara kwatinenge tichisangana nako.
Jesu Vanonzwisisa kana muviri uchinge wabatwa nechirwere.
Vanoziva kurwadza kwazvo.
Vakapfuura nemazviri apo akaroverwa nezvipikiri.
Vanoziva kuvawega wakasuruvara. Vakapfuura mazviri apo vaiva vakarembera
pamuchinjiko mukati merima.
Vanoziva nzara.
Vakapfuura nemairi apo vaifamba nemunzvimbo dzepasi pano vasina chekudya kana pavaiti musha wavo.
Uya kwaari nhasi.
Achakupa tariro itsva nekurudziro.
Aya mashoko anofadza kwazvo.
Nerimwe zuva Jesu achauya nekukurumidza zvakare azopedza kutambura kwese kuri mukati mehupenyu.
Achauya kuzopa hupenyu hutsva kunyika.
Chitema nevatadzi vachaparadzwa.
Satani pakupedzisira achaparadzwa. Jesu anoda kukudzorera kumhuri yaMwari, kuti akupe hupenyu husingaperi panyika itsva. Asi sarudzo inofanira kuvapo - ndiani uchava Mwari nemutungamiriri wako?
Mudikanwi, sarudzo iyi ndeye hupenyu nekufa.
Haungasarudzi kuti Kristu Vave Mambo wako here?
Akamirirra. Mawoko ake akatambanudzwa.
Arikuti, "Huya! Huya! Huya!"
Ungakotamisa here uso hwako uchiti, "Zvakanaka Jesu ndave kuuya," apo tichinamata?

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

1

Angashandure Hupenyu Hwako Newe.

2

Zvinonzi varume vaviri vaiva parwendo rukuru kwazvo munyika yeAmerica nechitima.
Sezvo rwendo rwavo rwaive rwakareba, vaivarairwa nekurukura nyaya dzakasiyana-siyana.
Vakakurukura maererano nemamiriro ekunze.
Vakakurukura pamusoro pezvematongerwo enyika.
Vakakurukura pamusoro pehupenyu hwavo vachiri vadiki, pamusoro pemhuri nemichato yavo.
Kukurukura kwavo kwakazopedzisira kwapinda panezvechitendero.
Umwe wevarume ava aive achibvuma kuti hakuna Mwari. Umwe arimuKristu.
Umwe murume aisatenda munaMwari zvachose.
Umwe murume aive nekutenda kukuru munaMwari.
Umwe murume aisaverenga Bhaibheri zvachose.
Umwe murume airiverenga zvikuru.

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

3

Musoro wenyaya yavaitaura nezuva iroro kwaiva pamusoro paJesu Kristu.
Uyo aisatenda zvachose kuti kunaMwari akabvunza shamwari yake yaiva muKristu mubvunzo wakakosha zvikuru. Mibvunzo iyi yaiti:

Nemhaka yei iwe uri muKristu? Hazvienderani nekuti unogara munzvimbo ipi here?
Zvingadaro nokuti wakaberekerwa munyika ine maKristu here?
Jesu akasiyana sei nevamwe vanhu?
Jesu akapfuura vamwe vadzidzi vepasi here uye vamwe vaverengi?
Ungava nechokwadi sei kuti Jesu ndizvo zvaaiti ari?
Ungava nechokwadi sei kuti Jesu akanaka uye vimbiso yaanopa ndeye chokwadi?
Mibvunzo yakabvunzwa nemurume uyu aisabvuma kuti kuna Mwari yaiva yakanaka kwazvo.
Shamwari yake yaitenda muna Mwari yakamupa mhinduro dzakanaka:
"Handipokani kuti panemhinduro pamibvunzo iyi, zvakare kuziva mhinduro idzi zvinoreva hupenyu husingaperi."

4

Nyika yedu yakava nevanhu vakawanda vane mukurumbira pazvinhu zvakasiyana. Vanhu vakaita zvakanaka kuti nyika ive inotarisika zviri nani.

5

Madzimambo, vatungamiri, vatenderi, vatungamiri vehondo, vanamazvikokota nevavezi vasiya chiratidzo chavo panyika.
Vane mazita anomukurumbira munyika yese.

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

6

Asi pane zita rimwe rinomira pamusoro pemazita ese. Nenhoroondo inoganhurwa nemakore apo asati azvarwa neapo atozvarwa.
Zita Rake rinonzi Jesu.
Jesu ndiro zita rinomukurumbira mungano nenhoroondo.
Asikunzwa nezvomukurumbira wake kwoga kunobatsireiko? Iye Jesu unoziva here zvaari kwauri iwe?

7

Manheru ano ndinoda kukuzivisai kuna jesu wemunhoroondo - Jesu weBhaibheri.
Ngatitangei pakutanga.
Kuda unobvunza kuti ndiani uyu Jesu? Ane mutsauko upi? Ayingovawo munhu akanaka, mudzidzisi kana kuti aiva muravi wepano pasi?
Pane vateveri vaJesu vaviri vaishamisika nezvazvo.

8

Apo Jesu paakasangana nevadzidzi vaviri munzira yeku Emausi nesondo pazuva rekumuka Kwake,

9

Akavaratidza zviporofita zvaiva zvazadzisika mazuva aiva apfuura.

10

(Chiverengo: Ruka 24:25, 27)
"...Imivokusafunga,, munemoyo inononoka kutenda zvose zvakarehwa navaporofita!"

11

"Ipapo akatanga kunaMosesi navaporofita vose,

12

akavadudzira zvakanyorwa pamusoro pake muMagwaro ose."
Ruka 24:25,27

13

Ngationei umbowo hunoratidza kuti Jesu ndiye Mesia.

14

KUZVARWA KWAKE KUNOSHAMISA
Nguva refu Jesu asati aberekwa na Maria, Isaya akaporofita kuti:

15

(Chiverengo: Isaya 7:14)
"Naizvozvo Ishe pachake uchakupai chiratidzo:



16

Tarirai, mhandara ichava nemimba, ichabereka mwanakomana, ndokumutumidza zita rekuti Imanueri."
Isaya 7:14.

17

(Video: 5 sec) Jesu anemazita akawanda, Imanueri, Jesu, Muponesi, Kristu naMesia.
Kuporofita kwa Isaya pamusoro pekuzvarwa kwaJesu kwakanga kwakanyorwa makore mazana matanhatu (600) asati azvarwa.
Nemutumwa akataura chiporofita ichi chewumbowo hwekuti Jesu aiva Muponesi.
Ngatitarisei tione kuti ngirosi yakatsanangura sei kuzvarwa kwaJesu nemhandara yainzi Maria.



18

(Chiverengo: Mateo 1:18)
"Kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kudai: Maria, mai vake, wakati anyengwa naJosefa,



19

vasati vasongana, wakawonekwa ava nemimba noMweya Mutsvene."
Mateo 1:18



20

NZVIMBO YOKUZVARWA KWAKE

21

(Chiverengo: Mika 5:2)
"...Betirehema...kuchandibudira mumwe uchava mubati pakati paIsraeri..."
Mika 5:2
Zvinoshamisa kuti Jesu akaberekwa muBetirehema, guta chairo rakataurwa nechiporofita makore 700 zvisati zvaitika.

22

(Chiverengo: Mateo 2:1)
"Jesu...aberekwa paBetrehema reJudea..."
Mateo 2:1
Testamende Itsva inotaura nekuzadzikiswa kwekuporofita kwaMika.
Jesu aiva akanyanya kunaka kwete pauso hwake asi pamabasa ake, akapfuura kuva mudzidzisi, akapfuura kuva muverengi.
Aiva Mwanakomana mutsvene waMwari.
Akazvarwa nemhandara sekuporofita kwaiva kwaitwa na Isaya.
Akaberekerwa muBetirehema sekuporofita kwakaita Mika.

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

23

Chiporofita cheBhaibheri chinobudisa pachena mamiriro ehupenyu hwaKristu mumakore zana aive achauya.
Zviporofita izvi zvakazadziswa.
Adamu naEva pavakatadza, Mwari Vakavamba chinangwa. Rudo rwake rwakadaidza Jesu - "Mwanakomana wake" kuti Auye panyika, ararame hupenyu hwakarurama agofira zvitema zvedu.
Akatora nzvimbo yedu kuti tiwane hupenyu husingaperi kana tichinge tasarudza kuti ave Muponesi wedu.
Iri ndiro rinonzi ZANO RERUPONESO.

24

Mumakore zviuru zviviiri zvapfuura vachenjeri vekumabvazuva vaiverenga magwaro.
Vakaverenga nezvaMambo mukuru ayizouya uye vakaziva kuti nguva yavairarama yayizovanguva yaaizosvika.

25

Vaiziva kuti nguva yaive yasvika uye nyeredzi yakava mucherechedzo wekuti mambo aive azvarwa.
Vakamuwana muBetirehema vakapfugamira mwana uyu Jesu vakamurumbidza.

26

(Chiverengo: Ruka 2:7)
"Akazvara dangwe rake mwanakomana, akamuputira nemicheka,

27

akamuvanzirika muchidyiro chezvipfuwo, nokuti vakashaiwa nzvimbo mumba mavayeni. Ruka 2:7

28

pakanga pasina imba yokugara, saka Jesu aive akaradzikwa muchidyiro chemombe. Akazvarwa ari munhu asinamaturo.

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

29

Amai vake vaive vanemutsa, vari mwana mudiki apo vakaudzwa kuti vaizozvara Mwanakomana waMwari.

30

Kunyangwe Aive Mwanakomana waMwari, Aive ariMwari akaperera saBaba Vake Vaivawo Mwari. Mupostori Pauro anoti Aive Akaenzana naMwari Akazvitora Akava muranda achifanana nevanhu.

31

(Chiverengo: VaFiripi 2:6)
"Iye, kunyange akanga akafanana naMwari, haana-kuti kuenzana naMwari chinhu chinofanira kubatisiswa;



32

asi wakazvidurura iye, akazviita muranda,

33

akafanana navanhu."
VaFiripi 2:6,7

34

Jesu akazvifananidza nesu akararama pano pasi. Aiva mutsvene, akachena uye asina chaangapomerwa, kuitira kuti apire hupenyu Hwake isu tive nehupenyu husingaperi.
Munguva yekupedzisira yehupenyu Hwake, zviporofita zvakawanda zvakare zvakanyorwa muBhaibheri zvakazadzikiswa.

35

Tora KUPANDUKIRWA kwaakaitiwa naJudas semuenzaniso.

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

36

(Chiverengo: Mapisarema 41:9)
"Haiwa, kunyange shamwari yangu chaiyo, wandaivimba naye, waidya zvokudya zvangu, Naiye wandisimudzira chichitsinho chake."
Petro akabvunza Jesu kuti ndiani waizomupandukira, Jesu akapindura achiti,

37

"...Ndiye wandichapa chimedu, kana ndachiseva..."
Johane 13:26

38

MARI YAKABHADHARWA MUTENGESI

39

"...Ipapo vakandiyerera mubairo wangu, masirveri anamakumi matatu."
Zekaria 11:12



40

(Chiverengo: Mateo 26:14,15)
"Zvino mumwe wavanegumi navaviri, wainzi Judasi Iskarioti, wakaenda kuvaprista vakuru



41

akati: Muchandipeiko, kana ndikamuisa kwamuri? Vakamuyerera masirveri anamakumi matatu."



42

KUROHWA NOKU SHUNGURUDZWA KWAKE



43

(Chiverengo: Isaya 50:6)
"Ndakarinzira varovi musana wangu, namatama angu kunavakatavura ndebvu dzangu;



44

handina kuvanza chiso changu pakunyadziswa nokupfirwa mate."
Isaya 50:6.

45

(Chiverengo: Mateo 26:67)
"Zvino vakamupfira mate pachiso, vakamurova netsvina, vamwe neruwoko."
Mateo 26:67

46

VAKABAYA MAWOKO NE TSOKA DZAKE

47

(Chiverengo: Mapisarema 22:16)
"...Vakabovora mawoko angu namakumbo angu."
Mapisarema 22:16
Pakamuka Kristu, Thomasi, umwe wevateveri vake uyo aive asingabvumi kuti Jesu amuka, akazobvuma awona mawoko netsoka dzaive dzakabayiwa. Akati,

48

(Chiverengo: Johane 20:25)
"...Kana ndikasawona mavanga embambo muzvanza zvake, nokuisa munwe wangu paiva nembambo,

49

...handingatongotendi."
Johane 20:25

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

50

AKAVERENGERWA PAMWE CHETE NEVATADZI
Tarisa kuti chiporofita ichi chakazadziswa sei:

51

(Chiverengo: Isaya 53:12)
"...Akaverengwa pamwe chete navadariki..."
Isaya 53:12.

52

(Chiverengo: Marko 15:27,28)
"Vakarovera pamuchinjikwa pamwe chete naye makororo maviri, mumwe kurudyi rwake, mumwe kuruboshwe."



53

"Rugwaro rukaitika, runoti: Wakaverengwa navadariki vomurairo."
Marko 15:27,28.

54

VAKAKANDA MIJENYA PAMUSORO PE NHUMBI DZAKE
Mambo Davida vakanga vataura zvaizoitika panhumbi dzaJesu asati afa:

55

(Chiverengo: Mapisarema 22:18)
"Vanogovana nguvo dzangu pakati pavo, vanokanda mijenya pamusoro pehanzu yangu."
Mapisarema 22:18



56

(Chiverengo: Johane 19:23,24)
"Zvino varwi...vakatora nguvo dzake, vakaita migove mina…



57

Zvino nguvo iyi yakanga isina-pakasonwa, asi yakanga yakarukwa yose kubva kumusoro kwayo."

58

"Zvino vakataurirana vachiti: Ngatirege kuibvarura, asi tikande mijenya pamusoro payo, tiwone kuti ichava yani..."
Johane 19:23,24

59

MASHOKO AKE PAMUCHINJIKO

60

(Chiverengo: Mapisarema 22:1)
"Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?"
Mapisarema 22:1 Tarisa vhesi iyi yemu Testamende Yakare ugoyienzanisa nevhesi irimuna Mateo 27:46 udziverenge dzese ugonzwisisa zvakanyorwa:

61

(Chiverengo: Mateo 27:46)
"Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?"
Jesu akataura mashoko aya Asati Afa.

62

Zviporofita izvi, zvizhinji zvacho Jesu akanga asina simba rekuti iye azvizadzise oga.



63

Haisagadzira nzvimbo yokuberekwa Kwake,



64

nzira Yaakaberekwa nayo,

65

Kutengeswa kwake,

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

66

kana zvakaitika pakufa Kwake.

67

Jesu Aive Ari Iye waaizviti ndiye - Mesia.
Apo paaive akarembera pamuchinjiko, akakuvara nekurohwa, zvipikiri zviri mumawoko netsoka, nekorona yeminzwa, Achitukwa nekusekwa,

68

"Aikwanisa kudaidza zviuru gumi zvengirosi dzake kuti dziparadze nyika Iye agosunungurwa."
Aisa zvisunungura Iye nesu zvakare!

69

Unombazvibvunza here kuti panhemu anehanya newe?
JESU ANEHANYA NEWE!
Akazviratidza izvi kare pagomo rekuJerusarema!
Rudo rukuru sei!
Runobata mwoyo yedu.
Aikwanisa kudana zviuru zvengirosi dzake, asi Mwari ngatendwe, Haana kuzviita.
Asi Akafira iwe neni!



70

Mubvunzo unokosha zvikuru ndouyu, "Jesu ndiani muhupenyu hwako?"

71

Jesu Akauya munyika yedu kuzogara hupenyu hwakanaka kuti hugotsiwa hupenyu hwedu hwakaipa.
Akafa kufa kwataifanira kufa kuitira kuti tirarame hupenyu husingaperi!
Bhaibheri rinotaura izvi nekuzvipira kwake,

72

(Chiverengo: Isaya 53:3-7)
"Wakazvidzwa, nokurashwa navanhu, munhu wokurwadziwa, wakaziva urwere..."

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika



73

"Asi wakakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu; wakarwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu...takaporeswa namavanga ake."

74

"Isu tose takanga takarashika samakwai..."

75

"Wakamanikidzwa...akasashama muromo wake; segwayana rinoiswa kundobayiwa..."
Isaya 53:3-7


76

Apa tinoona Jesu achinzi iGwayana.
Anodaidzwa kunzi "Gwayana" pakawanda muBhaibheri.



77

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:8)
Zvakazarurwa 13:8 rinotaura maererano ne,
"...Mubhuku reGwayana rakabayiwa kubva pakusikwa kwenyika."



78

(Chiverengo: 5:8,12)
"...Navakuru vanamakumi maviri navana vakawira pasi pamberi peGwayana..."



79

"Gwayana rakabayiwa rakafanira..."
Zvakazarurwa 5:8,12.
Jesu anova Iye Gwayana akatinunura pakufa zvakare
Akatipa hupenyu husingaperi.



80

(Chiverengo: VaRoma 6:23)
"Nokuti mubairo wezvivi ndirwo rufu;

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

81

asi chipo chokungopiwa chaMwari ndiho hupenyu husingaperi munaKristu Jesu, Ishe wedu."
VaRoma 6:23.

82

Adamu na Eva vakatadza uye vakatsaukana naMwari. Mwari akazovadzinga mumunda we Edeni vakakoniwa kudya muti wehupenyu.
Masimba avo aive acharamba achipera zvishoma nezvishoma kusvikira vafa.

83

(Chiverengo: Genesi 3:24)
"Naizvozvo akadzinga munhu, akaisa makerubhi kurutivi rwamabvazuva rwomunda weEdeni,

84

nomurazvo womunondo waimonereka kumativi ose, kurindira nzira yomuti wohupenyu."
Genesi 3:24

85

Mwari akavataurira nezano rake rokuvaponesa.



86

(Chiverengo: Genesi 3:15)
"Ndichaisa ruvengo pakati pako nomukadzi, napakati porudzi rwako (Vateveri vaSatani) norudzi rwake(Vateveri vaJesu);



87

irwo[Jesu] ruchapwanya musoro wako[Satani], newe[Satani] ucharuma chitsitsinho charwo[Jesu]."
Genesi 3:15

88

Zvinoreveyi kupwanya?

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

89

Vara rechiHeberu rinoti "bruise" rinoreva "Kupwanya". Kupwanya musoro kunoparadza zvikuru panokungo ruma chitsitsinhiro chete.
Kristu aiva achakunda Satani.
Mwari Akaita chimwe chinhu chekuyewuchidza munhu nezano Rake zvakare nekuvadzora kwaari.

90

Akavamba zvibairo.
Zvaive zvicharatidza kutenda kwavo mu"Gwayana" raMwari (Jesu) Aive achafa nerimwe zuva kuti Avape hupenyu husingaperi.

91

Bhaibheri harititauriri kuti zuva rakatanga zvibairo izvi nderipi.
Adamu ne Eva vaive vasinakupfeka uye Mwari akazova gadzirira zvipfeko achishandisa matewe emhuka.
Pachitsauko chinotevera Kaini na Aberi vanounza zvibairo.

92

(Chiverengo: Genesi 4:4,5)
"NaAberivo akawuya namakwayana ake emhongora namafuta awo.

93

Jehova ndokugamuchira Aberi nechipiriso chake.
Genesi 4:4

94

"Asi Kaini nechipiriso chake haana-kuchigamuchira. Ipapo Kaini akatsamwa..."
Genesi 4:5.
Aberi akaunza chibairo cheGwayana raive rakamirira Gwayana raMwari, asi Kaini akaunza michero yevhu.
Chibairo cha Kaini hauna kuratidza kutenda muGwayana raMwari.

95

(Chiverengo: VaHeberu 9:22)
...Uye kana kusinaropa rinoteurwa, hakunakukanganwirwa. VaHeberu 9:22

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

96

Apo Mwari paakatungamira vaIsraeri Achivabvisa muEgipita, Akavadzidzisa zvidzidzo zvakawanda kuburikidza nezvaiitika mutemberi raaive araira Moses kuti arivake.
Temberi iri raiva chiratidzo chetemberi rechokwadi ririkudenga.

97

Zvimwe zvaiitika izvi kwaiva Pasika.

98

Nezuva regumi nena, nemwedzi wekutanga, vanhu vakarairwa kuuraya gwayana vagozora ropa racho pamikova yavo.
Ichi kwaiva chiratidzo chokuti vaive vakafukidzwa neropa reGwayana.

99

Musiku ihwohwo ngirosi yayiwuraya yakapfuura dzimba dzese dzaiva neropa pamukova zvakare dzimba idzi hadzina kuparadzwa.

100

Pasika yayizovaita kuti varangarire kuti ropa raJesu chete ndiro rinonunura pakuparadzwa.
Mhuka dzaiitwa chibairo dzaisakwanisa kuchenura chivi.
Asi kutenda kwevanhu pachibairo chaMwari kwaivanunura pachivi.

101

(Chiverengo: VaHeberu 9:26)
"...Akawonekwa kuti aparadze zvivi,nokuzviita chibayiro Kwake."
VaHeberu 9:26

102

(Chiverengo: VaHeberu 10:4)
"Nokuti ropa renzombe nerembudzi haritongogoni kubvisa zvivi."
VaHeberu 10:4

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

103

Johane mubhabhatidzi akaparidza Mesia zvakare akanongedzera kuna Jesu akati,

104

(Chiverengo: Johane 1:29)
"...Tarirai, Gwayana raMwari, rinobvisa zvivi zvenyika."
Johane 1:29

105

Zvibairo izvi zvaiitiwa zvayinongedzera mberi kuna Mesia"Gwayana raMwari."
Ropa regwayana rega-rega raifa muTestamende Yakare, raive richimirira kwemakore akawanda ropa raJesu rakadeukira isu.

106

Jesu Muponesi wenyika.
Jesu anoregerera.
Jesu anokanganwira.
Jesu anonunura pakunetseka kwemwoyo yedu.
Jesu anotidzidzisa kutitingagare sei.
Hupenyu HwaJesu chiratidzo kwatiri.
Jesu anosimbisa hupenyu hwedu.
Jesu anotishandura mumwoyo yedu.
Jesu anotipa hupenyu hutsva.

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

107

Mazuva muchinda ainzi Ernest Shackleton paaiedza kubira nyanza yeAntarctic mugore ra 1914, ngarava yake yainzi "Endurance, yakaroverera pachikomo chegodo rechando.
Vakaedza chose kuti ngarava yavo isanyure mupakara pavakasvika pachiwi cheku Elephant.
Shackleton nevamwe vake vakagara ipapo vakachengetedza kudya nezvimwe zvavaive vainazvo kuti vaedze kurarama pachando chikuru chayiuya.
Hapana ainyatsoziva nzvimbo yavaive.
Vaive vanetariro imwe chete. Tariro yekuti umwe aifanira kubira nyanza achinotsvaka rubatsiro.
Shackleton akatanga kugadzira imwe ngarava akadana varume vakazvipira vatanhatu. Vakazobira nyanza iyi yaiva yakareba zvachose kuti vanosvika kunzvimbo yeku. South Georgia, paive nevaredzi vehove wekuNorway.

108

Zvakaratidzika sebasa risingaitiki mungarava iyi yakavhurika pamusoro mukati menyanza yaitonhora zvikuru. Asi Shackleton akavamba kuenda nevarume ava.
Kwemazuva akawanda vakashanda zvikuru vachichengetedza ngarava kuti isanyure. Vainamata zvakare kuti Mwari avachengete.
Vakaramba vakabatirira apo vainzwa nzara nechando nekumwe kurwadziwa kwakasiyana.
Mazuva magumi nena apfuura vanzwa nechando chikuru nekuda kunwa mvura, vakawona makomo eku South Georgia! Vakasvika kwavaiyenda.
Shackleton akafara paakafunga kuti kuchazowanikwa imwe ngarava yaizobira zvakare nyanza ichinotora avo vamwe vakasara pachiwi cheku Elephant.

Mwari akaona kunetseka kwedu nokuti taive tasara toga pachiwi chedu takakomberedzwa nenyanza yechivi. Akapinda munyanza iyi . Akatora godo rechando rechivi raiva muvanhu kuitira kuti atinunure.

7 - Hupenyu Hwakashandura Nyika

109

Hapana munyika yese wakaita saJesu. Ndiye oga angatinunure. Ndiye oga angatore kuipa kwedu agotishandura zvakare. Ndiye oga angatipe hupenyu husingaperi.
Ungada here kusimudza ruwoko rwako uchiti, "Hongo, Jesu, ndinokugamuchira mauro anhasi saMambo naMuponesi wangu. Hongo, Mwari, ndinotenda kwamuri kuti makandifira. Hongo, Mwari, ndinokupai hupenyu hwangu."
Simudza ruwoko rwako ndikunamatire.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

1

Kuvanzika kokusafa

2

(Video: 19 sec) Nyika yakazununguka. Kukava nekudengenyeka kwenyika kukuru. Imba, zvikoro, zvipatara nemakereke zvakaparadzwa.

Kudengenyeka kwenyika mugore ra 2001 kunyika ye El Salvador yakauraya vanhu vanosvika 3000.
Kwakasiya zviuru zvevanhu asina pekugara.
Vanonunura vakashanda nesimba ravo kubetsera vanhu asi vashoma chete vakararama.
Shure kwemazuva mana vachingochera vakazoona ruwoko rwaive rwakabudira panze. Zvakazoshamisa zvakare apo ruwoko urwu parwakaratidza kuti munhu wacho mupenyu. Vakaramba vachichera nekuchenjera kukuru mupakara munhu uyu vamuwana shure kwemazuva mana. Kwemazuva aya munhu uyu aisadya zvakare aisanwa mvura.
Vava kuchipatara, vakamubvunza kuti anofungira kuti chii chakamupa simba rokurarama. Akapindura akati, "Ndaida kusafa, ndakazvishingisa kuramba ndichifema, ndaida kurarama. Ndakatenda kuti rubatsiro rwayiva pedyo.

3

Takaberekwa nechido chokurarama.
Ini newe takava nechido ichi apo patakapinda munyika ino.
Munhu wese akamborarama akambova nechido ichi.
Ichi chingavechido chakasimba kwazvo chatiinacho.
Isu vanhu takabatanidzwa tese nechido chinofanana chekurarama.

4

Kana munhu atarisana nenjodzi vamwe vanoedza nepavanogona napo kuti vanunure munhu uyu. Kungava mwana adonhera mutsime. Kana vanhu vakuda kunyura mungarava iri mugungwa.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

5

Kana mukwiri wemakomo ashaya kuti angaitei pamusoro pegomo.
Kana vanhu vavharirwa pamirwi yekudengenyeka kwenyika.
Asi kana hupenyu hweumwe munhu hwamanikana, vanhu vanomhanyidzana kubetserana.

6

Asi chokwadi chisingafarirwi kufungiwa, kunyangwe chirichokwadi hacho, ndechekuti hupenyu hwemunhu wese huripanjodzi.
Kwete njodzi chete.
Tese tirikuenda kunofa.

7

(Chiverengo: VaRoma 6:23)
"Nokuti mubairo wezvivi ndirwo rufu; asi chipo chokungopiwa chaMwari ndihwo upenyu husingaperi munaKristu Jesu, Ishe wedu."
VaRoma 6:23

8

Chivi chinouraya chaizvo. Nemhaka yei? Nekuti chinotipatsanura nepanobva hupenyu, Mwari pachake, akatisika.
Uye munhu wese munyika akatadza.



9

(Chiverengo: VaRoma 3:23)
"Nokuti vose vakatadza, vakasasvika pakubwinya kwaMwari."
VaRoma 3:23

10

(Chiverengo: VaRoma 3:10-12)
"...Hakuna wakarurama, kunyange nomumwe."

11

"Hakuna unonzwisisa, Hakuna unotsvaka Mwari."

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi



12

"Vakatsauka vose...hakuna unoita zvakanaka, kunyange nomumwe chete."
VaRoma 3:10-12.


13

Vabereki vedu, Adamu na Eva, apo pakabva vanhu vese, vakasarudza kuzvipatsanura naMwari nekusamuteerera uye vakafamba nenzira yavo.

14

(Chiverengo: VaRoma 5:12)
"Saka, zvivi sezvazvakapinda munyika nomunhu mumwe, norufu rukapinda nezvivi,



15

saizvozvo rufu rwakasvika kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza."
VaRoma 5:12

16

Mubairo wechivi rufu.
Kufa kunokonzerwa nechivi kwakakura uye kunotyisa zvikuru. Adamu aive achafa nemhaka yechivi.
Nevamwe vese zvakare vaizobva kwaari, zvichisanganisira umwe neumwe wedu.


17

Naizvozvo tese tirimugomba, muhunza.
Takavharirwa, hatikwanisi kuzvinunura.
Takafanira kufa kunze kokuti umwe auye atinunure.
Nhau dzakanaka ndedzekuti aripo akatinunura!

18

(Chiverengo: VaEfeso 2:8,9)
"Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari;

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi



19

hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza."
VaEfeso 2:8,9
Hongo, tirivatadzi tese.
Hapana kunyunyuta pane izvi!
Tinotadza pamaitiro edu, pakutaura nepa pfungwa dzedu.

20

Tarisa kutadza kwakawanda kwatinoita pazuva!
Zvinotinetsa hazvisi zvivi zvedu zvataita, asi kuti isu pachedu tirivatadzi!

21

Munhu anechirwere chinorwadza zvikuru asingaoni kana kucherechedza chimiro chake kana kutsvaka kurapiwa nachiremba anozogumisira afa. Izvi ndizvo chaizvo zvinoguma zvaita vatadzi vasingawoni kukosha kokuwana rubatsiro rwemoyo yavo.

22

(Chiverengo: Isaya 59:2)
"asi zvakaipa zvenyu zvakakuparadzanisai naMwari wenyu..."
Isaya 59:2.
Mwari ndiye anovamba hupenyu wese, uye Adamu paakatadza, akavamba kufa.
Tese takafanira rufu.
Asi Mwari werudo haana kutitaurira mubairo werufu asina kutipa tariro yekuponeswa!
Idzi ndidzo nhau dzinofadza!

23

(Chiverengo: VaRoma 6:23)
"Nokuti mubairo wezvivi ndirwo rufu; asi chipo chokungopiwa chaMwari ndihwo hupenyu husingaperi munaKristu Jesu, Ishe wedu."
VaRoma 6:23

24

(Video: 3 sec) Ruponeso chipo.
Hatikodzeri kuruwana.
Zvakare hatingashandiri ruponeso nemabasa edu akanaka, uye hatingatengi ruponeso.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi


25

Vanhu vakawanda vanofunga kuti ruregerero nehupenyu husingaperi zvingawanikwe nekuita mabasa akanaka.
Vamwe vanhu vanorara pamubhedha unezvinhu zvinobaya, vachifungidzira kuti nekuzvikuvadza vachawana nyasha dzaMwari.

26

Vamwe vanhu vanorova vokuvadza miviri yavo nemaketani, vamwe vanozvibaya nemapanga, uye

27

vamwe vanofamba netsoka dzavo dzisina kufukidzwa pamusoro pemadota anopisa vachitsvaka nyasha dzaMwari nenzira dzisina kujairika dzekuzvikuvadza.

28

Vamwe vanofunga kuti vanowana nyasha dzehupenyu husingaperi nekuvaka matemberi kana kupa kudya vanhu vatsvene,

29

uye kune vamwe, hapana mufaro kana imwe nzira irinani yokuwana nyasha dzaMwari panokutora rwendo kutemberi yeku Mecca kana kufa vachifira chitendero che Islam.

30

MaKristu mazhinji anoitawo zvakada kudaro asi vasingaoni kuti vanodaro. Vanoenda kukereke, vopa zvipiro, uye votevera imwe mirairo yeBhaibheri, vachifunga kuti vachawana nyasha dzaMwari nehupenyu husingaperi.
Izvi zvingaitike here?


31

Munhu, nenzira dzekuzvikuvadza, kana kufunga kana mabasa orudo, angakwanise here kuwana kunaMwari ruregerero nehupenyu husingaperi?

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

32

Ungashandire here, ruponeso semenduru kana bheji rekuhwina kumitambo?

33

(Chiverengo: VaEfeso 2:8,9)
Bhaibheri rinoti, "Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izvozvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari,



34

hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza."
VaEfeso 2:8,9.

35

Hatingazviponesi isu nemabasa edu, tinofanira kuvimba chete nenyasha dzaMwari uye nerudo rwake kwatiri, rwaanopa nekusabhadharisa. Kana tichishandira ruponeso, dai rusiri chipo.

36

Tomboti waunoshandira akupa tsamba akati anechipo chako.

37

Kana ukavura tsamba iyi wowana mari yako yawakashandira kwemaviki maviri, chinenge chiri chipo here ichi?
KWETE KANA WAISHANDIRA!

38

Asi nemhaka yei Mwari Mukuru anotonga nyika yese

39

(Video 12 sec) achizvinetsa nevanhu vemunyika ino? Nemhaka yei asina kutirasa, isu vanhu takamumukira, nemhaka yei asina kutisiya kuti tiwane mubairo wezvivi zvedu?

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

40

(Chiverengo: 1 Johane 4:8)
Mhinduro tinoyiwana mutsamba yekutanga yaJohane: "...Mwari rudo."
1 Johane 4:8

41

Vamwe venyu murivabereki.

42

Vamwe venyu munoziva kuti zvakadini kuva nemwana anorwara uye otanga kuchema manheru nezuva rega rega.
Unoedza zvese zvawungaedza kuti zvivenani, asi woshaya.
Womboedza kunyoraridza chimwana, woimbira kumwana, woedza zvese zvaunorairwa neshamwari dzako, asi poshaikwa kana chimwe chinoshanda.
Asi ndimbokuvunzai izvi?
Kunyangwe waneta sei kana kuti mwana arwara zvakareba sei, unombozvifunga here kuti mwana uyu umurase kana kumusiya achitambura ari ega?

43

Kwete? Sei? Nekuti unoda mwana mudiki uyu zvakatonyanya nemhaka yekurwadziwa nekutambura kwaari kunzwa.
Ndizvo zvakangoita Mwari!

44

Vana vake munyika vakarwara nechirwere chechivi,

45

uye kurwadziwa nekutambudzika kwavanonzwa nemhaka yechivi ichi kunoita kuti Mwari avade zvikuru.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

46

Mwari haambofa akafunga kutisiya tiritoga!
Hasati ambofunga kutirega tichifa tiwane mubairo wekumumukira.

47

(Chiverengo: 2 Petro 3:9)
Bhaibheri rinoti, "Ishe...unomoyo murefu kwamuri, nokuti haadi kuti vamwe varashike, asi kuti vose vatendeuke."
2 Petro 3:9



48

Zvisinei kuti wakanaka sei kana kuti wakaipa sei, Mwari anokuda uye anoda kukununura.
Haadi kuti ufe.

49

Tese takatadza.
Tese takamukira Mwari tikatyora mutemo Wake.

50

Hurumende dzenyika hadzingaregi kusateerera mirairo kwevanhu dzikararama kwenguva refu.

51

Vanotyora mirairo vanopiwa mubairo wavo.
Asi kutyora murairo waMwari zvakaipa zvikuru, nekuti chivi chinotipesanisa na Mwari, Anova Iye angatibatsire uye atinunure!

52

Nyangwe Mwari ariMwari werudo rusingaperi, NdiMwari werutongo zvakare.
Pagomo re Mount Sinai Anozvitsanangura achiti:

53

(Chiverengo: Eksodo 34:6,7)
"...Mwari uzere nyasha nengoni, unononoka kutsamwa, unetsitsi huru nezvokwadi,



54

unochengetera vanezviuru zvamazana nyasha dzake, unovakanganwirwa zvakaipa zvavo nokudarika kwavo nezvivi zvavo, asi usingapembedzi munhu unemhosva...”
Eksodo 34:6,7.

55

Hapana rubatsiro here? Hapana kuwanikwa nzira here?
Hongo, ruripo!
Hongo, nzira iripo!
Mwari unerudo akawana nzira yokutiponesa kana kutinunura uye achiramba akarurama.

56

Akawana uyo wakatifira pachinzvimbo chedu, kuti isu tisazofa, asi tive vanorarama.
Johane, mudzidzisi anodiwa, anozvitsanangura nenzira iyi:

57

(Chiverengo: Johane 3:16)
“Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga,

58

kuti aninani unotenda kwaari, arege kufa, asi ave nohupenyu husingaperi.”
Johane 3:16.

59

Jesu akauya kuzorarama munyika semunhu, achisangana nematambudziko nezviedzo zvakambosangana nevanhu.
Akararama hupenyu wekuteerera.
Iye aiva akamirira vanhu asina kana chitema, Kristu akatora kutadza kwevanhu vese, kutadza kwemunhu umwe neumwe, akamufira.



60

(Chiverengo: VaRoma 5:19)
Pauro akanyora kuti, “Nokuti vazhinji sezvavakaitwa vatadzi nokusateerera kwomumwe,

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

61

saizvozvo vazhinji vachaitwa vakarurama nokuteerera kwomumwe."
VaRoma 5:19.

62

Jesu haanakufira kuti agutse Mwari akatsamwa.
Jesu akasarudza kufa kuti atinunure, uye Mwari wakatida chaizvo uye akapira Mwanakomana wake kuti atifire.
Jesu aiva Gwayana raMwari, gwayana rochibairo!

63

(Video 25 sec.) Vasarudzwa vaMwari, vaIsraeri vakafamba-famba murenje pedyo negomo reku Sinai mushure mekununurwa muEgipita naMoses, mazuva ese vaiona, nezviratidzo nezvaiitika, zviratidzo zvezano raMwari rekuponesa munhu akadonha.
Temberi raive ravakwa nekuraira kwaMwari rakagara richinongedza mberi penguva apo pagomo reCalvary, apo paive pachafa Jesu. Apo Gwayana rechokwadi paraive richabairwa zvivi zvevanhu, richipa tariro nevimbiso yeruregerero neruponeso kuvanhu vese.

64

Mutadzi ayiuya, akabata mhuka yechibairo. Aitsveta ruwoko rwake pamusoro wemhuka iyi obvuma zvivi zvake.
Aizotora banga owuraya mhuka iyi, zvichiratidza kuti zvivi zvake zvakonzera kufa kweGwayana rechibairo, raive rakamirira Jesu.


65

Zvinorwadza, hongo. Asi muchinjiko weku Karivhari wakawunza vimbiso yehupenyu husingaperi mumoyo wemunhu wayirwadza zvakanyanyisa.
Zvisinei, Mwari akaratidza kuti chivi chinokonzera kana kuwunza rufu, kumutadzi kana kuchipiro chakanaka chisina zvachinoziva.

66

Vanhu vaMwari munguva dzeBhaibheri vaipira zvibairo vachiratidza kutenda pakufa kwayive kuchauya kweMwanakomana waMwari, Uyo aive achazofira munhu.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi



67

(Chiverengo: Johane 1:29)
Jesu akava chibairo chechokwadi. Apo Jesu paakauya kuzobhabhatidzwa, Johane wakati, "...Tarirai, Gwayana raMwari, rinobvisa zvivi zvenyika."
Johane 1:29
Zvaisanzwisisika kuti vamwe vaaive auya kuzofira vakabuda nezano rokumuuraya!
Jesu akarohwa, akatukwa, akatumigwa kunourawa nenzira inorwadza zvikuru.

68

(Chiverengo: 1 Petro 2:22)
Sezvo Bhaibheri richiti,
"Iye usina-kuita zvivi, nokunyengera hakuna kuwonekwa mumuromo make." akafa pamuchinjiko!
1 Petro 2:22.

69

Kristu akaroverwa pamuchinjiko nenguva yePasika. Yaive tsika yevatungamiri veRome panguva iyi kuti vasunungure musungwa umwechete sechiratidzo chekutsvaga kufambidzana nemaJuda.
Vanhu vakasarudza Barabbas vakasarudza Jesu kuti anofa.

70

Parufu, Jesu akafananidzwa nevatadzi. Akaroverwa pamuchinjiko pakati pembabva dzimbiri!
Apo Mwari paakaisa zvivi zvenyika yese pamusoro pake,



71

(Chiverengo: Mateo 27:46)
Akachema achiti, "...Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?"
Mateo 27:46.
Akanzwa kupesaniswa kunotyisa kunokonzerwa nechivi.
Jesu akakoniwa kutakura kurwadza kokupatsanurwa naMwari.
Kwakabvarura moyo wake.

72

(Chiverengo: Marko 15:31)
Vanhu vakashedzera vachiti, "...Wakaponesa vamwe, zvino hagoni kuzviponesa."
Marko 15:31.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

73

Izvo zvaiva chokwadi!
Aisazvinunura uye ogonunura vamwe.
Aiva Mwari ayiripa kutyorwa kwemutemo waMwari, mubairo wechivi wenyika yakarasika.
Naizvozvo Mwari nerudo rwake runokosha aive asinakugudzikana mupakara paakapa Mwanakomana wake kuti atifire.

74

Jesu akabatwa nenzira yatinofanira kubatwa kuitira kuti nesu tibatwe nenzira yaanofanira.
Akasungirwa zvivi zvedu uye akatambura kufa kwedu kuitira kuti tiwane hupenyu husingaperi.
Nenzira iyi Mwari akatipa hupenyu husingaperi uye achiramba akarurama.
Kwete nezvakanaka zvataita, asi nekuti Mwari anotipa izvo zvakaitiwa naJesu, hupenyu hwaakararama hwakarurama.

75

(Chiverengo: VaEfeso 2:8)
Pauro akati,
"Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda..."
VaEfeso 2:8.
Kutenda uku ndiwo moyo weruponseo.


76

Apo mutungamiri wejere wekuFiripa paakabvunza Pauro izvo zvaaifanira kuita kuti aponeswe, Pauro akapindura akati,

77

(Chiverengo: Mabasa 16:31.)
"...Tenda kunaShe Jesu, ugoponeswa..."
Mabasa 16:31.

78

Kungobvuma chete mupfungwa dzako kuti Jesu akararama panyika hazvinakukwana. Hakuzi kutenda kunoponesa.
Zvinopfuura ipapo.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi



79

(Chiverengo: Jakobo 2:19)
Bhaibheri rinoti iro
"...Mweya yakaipa inotenda wo izvozvo, ichidedera."
Jakobo 2:19

80

Kutenda munaJesu zvinoreva kusabvuma chete kuti Akafa. Asi Bhaibheri rinoti,

81

(Chiverengo: Zvirevo 3:5,6)
"Vimba naJehova nomoyo wako wose, urege kusendama panjere dzako.

82

Umutende panzira dzako dzose, Agoruramisa makwara ako ose."
Zvirevo 3:5,6.
Unovimba kwaari here? Unomuvimba here Mwari?
Zvakakodzera kuti atungamire hupenyu hwako?


83

Kutenda kunoponesa kuvimba pakuzvipira kwaJesu sechibairo chakaperera chezvivi zvangu zvese. Zvinoreva kutenda kuti hazvisi zvandinoita zvingandiponese, asi izvo zvatakaitirwa naJesu Kristu pagomo reku Karivhari.



84

Hapana munhu angazvikudze kuti akazviponesa. Rukudzo rwese runoyenda kunaMwari!
Nyasha dzinobva kunaJehova, asi kutenda ndekwedu. Tinotenda Mwari panezvese, tichimubvumira kuti atungamirire hupenyu hwedu.

85

Kugamuchira ruponeso kurinyore chaizvo, asi vakawanda vanozviita kuti zviratidzike sechinhu chinorema uye chisinganzwisisiki. Mubvunzo watinofanira kupindura ndewakafanana nemubvunzo wakabvunza mutungamiriri wejere wekuFiripi apo paakachema kuna Pauro na Silas usiku apo kudengenyeka kwenyika kwakadhiriza mikova yejere:

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

86

(Chiverengo: Mabasa 16:30)
"Ndingaitei kuti ndiponeswe?"



87

Pane zvechokwadi zvina maererano neruponeso zvaunofanira kuziva kuti uponeswe.
Zvina chete.

88

(Chiverengo: VaEfeso 2:8,9)
CHOKWADI CHEKUTANGA: Ruponeso Chipo.
"Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari; hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza."
VaEfeso 2:8,9.
Mubvunzo ndeuyu, "Nemhaka yei ruponeso kurichipo?"
Chikonzero chekuti ruponeso ruve chipo chinotiunza panechokwadi chechipiri.



89

(Chiverengo: VaRoma 3:23)
CHOKWADI CHECHIPIRI: Tose tirivatadzi.
VaRoma 3:23 inoti, Nokuti vose vakatadza vasakasvika pakubwinya kwaMwari.

90

Zvinoreva kuti handifaniri kuwana chipo ichi.
Handifaniri kuwana ruponeso.
Tarisa, Ndatadza.
Ndatadza kusvika pakururama kwake.
Kana ruponeso ruchienderana nemabasa angu akanaka, zvinoreva kuti handinga hori ruponeso, nokuti ndatadza, handingagone kuita zvakanaka.
Ichi ndicho chikonzero ruponeso ruchifanira kuva chipo chekungopiwa, nemhaka yekuti handinga hori zvakare handina kufanira kuwana ruponeso.
Tese tirivatadzi uye hatinakusvika pakururama kwake.

91

(Chiverengo: VaRoma 6:23)
CHOKWADI CHECHITATU: chinonetsa: Chivi chinoreva rufu.
VaRoma 6:23. "Nekuti mubairo wechivi rufu."
Ndiro dambudziko ratinosangana naro.
Ndiri mutadzi; naizvozvo ndakafanira rufu.
Handinakufanira chipo cheruponeso.
Handinakufanira chipo ichocho.
Naizvozvo chipo chokungopiwa, tarisa, nemhaka yekuti tese tirivatadzi uye tatadza kusvika pakururama kwaMwari.
Chinonetsa ndechekuti semutadzi ndakafanira rufu.
Asi Mwari anezano kana mhinduro panaizvozvo.



92

(Chiverengo: VaRoma 5:8)
CHOKWADI CHECHINA: Kugadzirisa: Jesu wakatifira.
VaRoma 5:8 inoti, "Asi Mwari unoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira, tichiri vatadzi."
Hazvina kunaka here izvi? Jesu wakafira ini mutadzi.
Uye akafira iwe zvakare shamwari yangu!

93

Zvokwadi zvina. Ngatidzokororei:

94

1. Ruponeso Chipo

95

2. Tose tirivatadzi



96

3. Chinonetsa: Chivi chinoreva rufu.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi



97

4. Kugadzirisa: Jesu wakatifira, zvichireva hupenyu kwatiri kana tichimugamuchira samuponesi wedu.

98

Tichirivatadzi, Jesu akatifira.
Hamumudi here shamwari dzangu?
Hawumudi here kuti akafira zvivi zvangu nezvako?
Hawumudi here kuti akatipa chipo cheruponeso?


99

Ungabvunza kuti, "Ndingagamuchira sei chipo ichi chokungopiwa?"



100

(Chiverengo: Zvakazarurwa 3:20)
Bhaibheri rinotipa mhinduro paneizvo muna Zvakazarurwa 3:20.
"Tarira, ndimire pamukova, ndichigogodza..."
Kana uyo anehupenyu husingaperi akagogodza pamukova wembayako, unomuregedza achingova panze here, kana kuti unomutaurira kuti apinde?

101

Unovhura mukova womutaurira kuti apinde! Tarisa, kana tichigamuchira Jesu, tinowana chipo chehupenyu husingaperi chaanounza.
Hazvina kunaka here izvi?
Jesu anoda kupinda muhupenyu wedu.
Tinomukoka kuti apinde.

102

Tinomugashira nenzira iyoyo chipo chokungopiwa naMwari.
Tinongochisvikira tichiti "Ndinotenda, Jesu!
Pinda muhupenyu hwangu.
Pinda mumoyo mangu.
Tungamirira hupenyu hwangu, tungamirira moyo wangu."
Kana Jesu achipinda, tinomugamuchira seshamwari yedu, semuponesi wedu, uye saMwari wedu.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

103

Zvinhu zviviri zvinoitika kana tikakumbira kuti Jesu apinde mumoyo yedu, apo patinomugamuchira muhupenyu hwedu.

104

(Chiverengo: 1 Johane 1:9)
Chekutanga tinobvuma zvivi zvedu uye tigamuchire ruregerero rwake.
"Kana tichizvirevurura zvivi zvedu, iye wakatendeka wakarurama, nokudaro kuti unotikanganwira zvivi zvedu,

105

nokutinatsa pakusarurama kwose."
1 Johane 1:9
Shamwari, ichi chitsidzo chakanaka.

106

Hazvinei kuti taita chii kana kuti tangatiripi, hazvinei kunyangwe tangatichirarama hupenyu hwakadini. Kunyangwe tangatiri vatadzi vakuru tinokwanisa kuuya kunaJesu uye tigamuchire chipo chekuponeswa. Tingabvume zvivi zvedu uye tigowana kuregererwa kwakaperera.


107

Bhaibheri rinotitaurira kuti Jesu anokanda zvivi zvedu pasi pegungwa, zvivi zvedu zvigorega kurangarirwa zvakare.

108

Shamwari dzangu, kana Jesu akakuregerera, anokanganwa. Panechivi here chawabvuma kuna Jesu, asi iwe uchiri kungozvishora nacho. Kuda urikufunga kuti panechivi chikuru chaizvo zvokuti naMwari hangachiregereri.
Tinofanira kutenda zvinotaura Mwari.
Muna 1 Johane 5:10 shoko rinobudisa pachena kuti kana tisingatendi zvinotaura Mwari, tinenge tichimuita murevi wenhema.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

109

(Chiverengo: 1 Johane 5:10)
"Uyo, unotenda kuMwanakomana waMwari, kupupura unako mukati make;

110

usingatendi Mwari, wakamuita murevi wenhema;



111

nokuti haana kutenda kupupura kwakapupurirwa naMwari pamusoro poMwanakomana wake."
1 Johane 5:10
Kana Jesu akavimbisa kuti achatiregerera zvivi zvedu uye agobvisa kuzvishora kwedu, Achaita izvozvo zvaanenge ataura.

112

Kana Jesu akakuregerera, Anokanganwa zvivi zvedu, uye nesu tinofanira kukanganwa, zvakare!

113

(Chiverengo: Mabasa 3:19)
Nemashoko aPetro muna Mabasa 3:19:
"Naizvozvo tendeukai, mudzoke, kuti zvivi zvenyu zvidzimwe..."

114

Tarisa, tinouya kuna Jesu, tinogamuchira chipo chokungopiwa cheruponeso, tinomukoka muhupenyu hwedu, uye chekutanga chinoitika ndechekuti anotiregerera nekutichenura. Anokandira zvivi zvedu pasi mugungwa.
Hazvina kunaka here izvi shamwari dzangu?
Asi panechimwe zvakare chinoitika kana tikagamuchira Jesu muhupenyu hwedu.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

115

Anotipa simba rekukunda zvivi zvedu uye tirambe tichifanana naye zvishoma nezvishoma, tifambe mutsoka dzake.
Mbabva inozorega kuba.
Murevi wenhema anozorega nhema dzake.
Chidhakwa chinorega kunwa.

116

(Chiverengo: Johane 1:12)
Tarisa muna Johane 1:12: "Asi vose vakamugamuchira, wakavapa simba kuti vave vana vaMwari,



117

ivavo vanotenda kuzita rake."
Anotipa simba rekuva vana vake, vanakomana vake nevanasikana vake. Satani hazotungamiri hupenyu hwedu.
Hatizovi vana verima.

118

Jesu anotipa simba rekufamba mutsoka dzake. Apo patinotenda kwaari, apo patinogamuchira ruponeso, Anotipa simba rekukunda zvivi nemiedzo.

119

Kana tikagumbuka tikadonha isu tambogamuchira Jesu, Anotiregerera zvakare.
Anozotipa simba rekukunda chivi, kuti tikure mukufanana naye. Tinokura mukutenda nekuvimba muna Jesu Kristu muponesi wedu. Tinenge tisina kuperera, asi tinenge taregererwa. Satani hazovi mambo wedu. Jesu Ndiye Ava mambo wedu.

120

Tarisa, kutenda kwechokwadi zvinoreva kuva nekutenda nevimbiso muna Kristu, uye ku gamuchira chipo cheruponeso. Mwari anotiregerera zvivi zvedu uye anotipa zvakare simba rekufamba mutsoka dzake.

121

Kana tikadaira kugogodza kwake pamukova wemoyo yedu uye timukoke mukati memoyo yedu, Anochenura moyo yedu yakaipa uye atiregerere zvivi zvedu.
Anotipa simba rokushanduka uye tikunde chivi uye tifanane tigotodza Iye.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

122

Kana Jesu akugara mukati mehupenyu hwedu, tingazive nechokwadi kuti tava nehupenyu husingaperi. Wanga uchizviziva here izvi?

Hatifaniri kunetseka kuti tichaponeswa kana kuti tichagara nekusingaperi naJesu.

123

(Chiverengo: 1 Johane 5:12, 13)
"UnoMwanakomana, unohupenyu; usinaMwanakomana waMwari haanahupenyu."

124

"Ndakakunyorerai zvinhu izvi kuti mugoziva kuti munohupenyu husingaperi,

125

iyemi munotenda kuzita roMwanakomana waMwari."
1 Johane 5:12, 13.

126

Jesu anoda kuti tizive, iyezvino, kuti tinehupenyu husingaperi.
Tingazive pano apa uye iyezvino kuti patinogamuchira Jesu mumoyo yedu, tinowana vimbiso yeruponeso.
Jesu anopa rukoko urwu kunemunhu wese kwese, kuitira kuti



127

(Chiverengo: Johane 3:16)
"...ani-nani unotenda kwaari, arege kufa, asi ave nohupenyu husingaperi."
Johane 3:16.
Kuda urikufungidzira kuti urimutadzi asisina tariro, ichi hachizi chokwadi!
Mwari anogona kushandura zvinhu zvinorema kana zvakaoma kuti zvivenyore. Anogona kupa avo vasisina tariro kuti vave vane simba.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

128

Mugore ra December 31, 1995, muchinda anonzi John Clancy, uyo aiva mudzimi mukuru wemoto muguta reNew York, akatungamira vamwe vake pane imwe imba yayitsva muguta reManhattan. Apo moto pawaiyenda mberi uchibvira, vadzimi vemoto vakanetseka kuti kuda kungava nemunhu mukati memba iyi yaitsva, kunyangwe zvazvo vaishandisa imba iyi dzaive mbabva, mombwe, zvidakwa nevamwe vakaipa. Asi John Clancy nevamwe vake vakazvipira kuti vapinde muimba iyi vatsvake vanhu vangadaro varimo. Pavakapinda vakawana rangova zaviriri remoto asi sevanhu vaiva vari pabasa ravo vakashinga kuti vabetsere vanhu. Zvakazoitika zvino nzwisa tsitsi chaizvo nekuti iye John Clancy akazo donherwa nemarata mudenga aibvira moto mukati imomo. Shamwari dzake dzakaedza zvikuru kumununura asi vakakoniwa. Akatsva zvikuru kusvikira akafa. Zuva iri muna 1995 rakave zuva rake rekupedzisira. Akasiya shure mudzimai wake aiva nepamuviri uye neremangwana ravaive vakatarisira vese. John Clancy akatenda kuti hupenyu hwakakosha; naizvozvo, akazvipira kuti iye afe kuti anunure hupenyu hwevamwe. Kuzvipira kwake pabasa kwakakonzera kuti afe.

Aisakwanisa kungomira vamwe vachifa.

Zvakaitika panyaya iyi pazvakabuda, vanowongorora vakawona kuti moto uyu wakavambwa nevanhu vasingateereri. Muchinda anonzi Edwin Smith, nekusazvidzora ndiye akavamba moto uyu.

Zvinosiririsa ndezvekuti John Clancy ayiedza kununura hupenyu hwemunhu akavamba moto uyu. Akapa hupenyu hwake kumunhu akavamba moto uyu nemavune.

Uyu ndiwo chaizvo muenzaniso unofanana newa Jesu Kristu.

8 - Wakazvarirwa kurarama nekusingaperi

129

Jesu akasiya kunaka kwedenga uye akazvipira kupinda mumoto waibvira wenyika yedu.
Muponesi wedu akarembera pamuchinjiko, uye moto wechivi ukamupisa zvikuru.
Nekuda kwedu isu vatadzi.
Takavamba moto wechivi panyika nekutsamwa kwedu, kusavimbika kwedu, kusazvidzora kwedu, kukara kwedu, hupombwe hwedu nenhema dzedu.
Kristu akafa kuitira kuti isu tirarame.
Akanzwa moto wechivi pamuchinjiko kuitira kuti isu tisapiswa nemoto wekugehena apo Jesu paanouya kuzopisa chivi zvachose.
Iye nhasi Jesu anodisisa kukupa vimbiso yekuti ungararama nekusingaperi.

130

Akateerera uye akakumirira.
Sei usingavhure moyo wako kwaari iye nhasi uye umukoke kuti apinde agova muponesi naMambo wehupenyu hwako?
Akakumirira! Akateerera!
Panechinhu chimwe Jesu chaasingagoni kuita, kukubata nesimba kuti uvhure mukova wemoyo wako kwaari.
Akatipa simba rekusarudza.
Tinofanira kuva isu tinozarura mikova yemoyo yedu!
Achapinda nekufara kana tikamuzarurira!
Shamwari, ungada kuzviita here iyezvino?
Ungada here kugamuchira Jesu mumoyo mako nekusanonoka?

131

kana wakadaro, namata munamato uyu neni.



132

"Mwari Baba, Ndino nzwisisa kuti ndirimutadzi zvakare ndiri kutsvaka rubatsiro.



133

Ndinoda kugamuchira Jesu saMuponesi na Ishe wangu.



134

Ndinoda kudaira kugogodza kwake apinde mumoyo mangu izvozvi.



135

Ndapota regererai zvivi zvangu zvese. Ndapota, tungamirai hupenyu hwangu.

136

Ndinoda Jesu apinde mumoyo mangu uye andichenure agondibetsera kumuraramira. Ndinotenda nokuteerera uye nekupindura munamato wangu, muzita raJesu, Amen."

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

1

Mutongi arikurutivi rwako

2

James wokutanga umwe mambo weku England anonzi iye akamboyedza kuvamutongi wedare. Akanyatsoteerera rutivi rwenyaya yaivapo mudare. Akati apedza kuteerera, akafungidzira kuti nyaya iri mudare anogona kuitonga zviri nyore. Asi paakateerera rumwe rutivi rwenyaya iyi, nyaya yaiva mudare iri yakabva yamuremera zvikuru akashaiwa kuti achaitonga achibvira papi.

Vanhu vaaifungidzira kuti havana mhosva, vakaonekwa vavanemhoswa. Vanhu vaaiona sevanemhosva voita sevasina mhosva. Akabva asiya chigaro chake ashaya chokuita somutongi wedare.

Mambo James wokutanga akati iye, " Zvirinyore kunzwisisa rutivi rumwechete, asi kana pava nemativi maviri zvinondiremera mumoyo kuti ndizive chakarurama."

Mutongi asingazive anova nenguva inorema zvikuru kuti ape mutongo wakafanira. Mwari Mutongi Asingasarudze, Akarurama, Anoziva uye Anopa mutongo wakafanira. Mwari mutongi Asingakanganisike pfungwa kana achititonga.

3

(Video: 4 sec) Bhaibheri rinotidzidzisa kuti umwe ne umwe munyika akamirira kutongwa mberi paMwari.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

4

(Video: 12 sec) Izvozvi, tirikushedzwa kuti timire mberi pedare. Tirikushedzwa kuti tirondedzere mararamiro edu nemabasa edu atakaita.
Munhu rume nemunhu kadzi wese akamborarama pano pasi anenyaya yakamumirira mberi pedare raMwari - Dare guru rekudenga.
Mupostori Pauro anotitaurira nenguva yataka tarirwa kumira pamberi perutongo:

5

(Chiverengo: Mabasa 17:31)
...Nokuti wakatara zuva, raachatonga nyika naro...
Mabasa 17:31.
Hapana munhu achanzi ,"Uyu hatongwi."
Hapana zvakare munhu achatiza dare iri.
Bhaibheri rinoti iro munhu wese achamira mberi kwedare:

6

(Chiverengo: 2 VaKorinte 5:10)
Nokuti isu tose tinofanira kuratidzwa pamberi pechigaro chokutonga chaKristu...
2 VaKorinte 5:10

7

Tingava tichizvibvuma kana kuti kwete.
Tingava tichizvifarira kana kuti kwete.
Tingava tinozviti maKristu kana kuti kwete.
Tese tichamira mberi kwedare.
Mwari haanakusarura vanhu.
Kana tichishedzwa nedare redenga, tinofanira kuuya.
Seiko?
Pauro anotipa mhinduro:

8

(Chiverengo: VaRoma 14:12)
Naizvozvo mumwe nomumwe wedu uchazvidavirira kunaMwari.
VaRoma 14:12.

9

Dare iri richatongera mugowe vako; rufu kana upenyo husingaperi.
Kutonga uku kuchamira zvachose nekuti hapana dare rezvichemo riripamusoro!

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

10

(Video: 15 sec) Chirango chisati chaisiwa panofanira kuti pave nokuwongororwa kwemhosva.
Ngatitarisei muBhaibheri tione kuti dare iri rinenge rakamira sei.
Muporofita Danieri akanyora kuti:

11

(Chiverengo: Danieri 7:9, 10)
Ndikaramba ndakatarira kusvikira zvigaro zvowushe zvagadzwapo, mumwe wakakwegura pamazuva ake akagarapo;

12

nguvo yake yakanga yakachena sechando, vuye vudzi romusoro wake rakanga rakaita samakushe akanatswa;

13

chigaro chake chowushe yakanga iri mirazvo yomoto, makumbo acho uri moto unopfuta.

14

Rwizi rwomoto rwakanga ruchibuda ruchibva pamberi pake;

15

zviwuru nezviwuru zvakanga zvichimubatira



16

vuye pamberi pake pakanga pamire zviwuru zvinegumi zvezviwuru zvinegumi; kutonga kukatanga, mabhuku akazarurwa.
Danieri 7:9,10.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

17

Apa Danieri anoona Mwari Baba vakagara pachigaro chavo chedenga uye vakakomberedzwa navatumwa vakawanda.
Tarisa kuti Danieri akaona chii panezvinotevera:

18

(Chiverengo: Danieri 7:13)
Ndikawona panezvandakaratidzwa husiki, ndikawona

19

mumwe wakafanana noMwanakomana womunhu achiwuya namakore okudenga,

20

akasvika kunowakakwegura pamazuva ake, vakamusvededza pamberi pake.
Danieri 7:13.

21

Apa Mwanakomana waMwari anoratidzwa akamira ne Uyo Akakwegura Pamazuva
Hazvifanani here nedare repano pasi?
Pano Mutongi Mukuru: Uyo Akakwegura Pamazuva.
Panezvapupu: Vatumwa vatsvene vaMwari vakaona vakanyora zvese.
Akamira mberi pedare ndiJesu, iye akamira semurevereri kana mumiriri kana gweta remunhu.
Johane anonyora achiti:

22

(Chiverengo: 1 Johane 2:1)
...Tino murevereri kunaBaba, iye Jesu Kristu wakarurama.
1 Johane 2:1

23

(Video: 5 sec) "Hongo," ungadaro ,"Munhu wese aripo, asi arikutongwa aripi?"
Ngatitarisei tione kuti Bhaibheri tinoti kudini:

24

(Chiverengo: Danieri 7:10)
...Kutonga kukatanga, mabhuku azarurwa.
Danieri 7:10.
Mabhuku aya anemabasa evanhu vese vachamira mberi pedare. Nekudaro Solomon akanyora akati:



25

(Chiverengo: Muparidzi 12:14)
Nokuti Mwari uchatonga basa rimwe nerimwe, pamwe chete nezvose zvakavanzika, kunyange zvakanaka, kunyange zvakaipa.
Muparidzi 12:14.



26

(Chiverengo: Maraki 3:16)
Ipapo vaitya Jehova vakataurirana, Jehova akateerera, akanzwa,

27

bhuku rokurangarira rikanyorwa pamberi pake, nokuda kwavanotya Jehova, vachirangarira zita rake.
Maraki 3:16.
Mwari anocherechedza nguva dzese dzatinouya pedyo naye. Mwari anonyora manzwi ese okusimbisa atinopa vamwe vanhu zvakare anonyora zviito zvedu zvakanaka.
Mambo Davida vaiziva nemagwaro aya, nokuti vakanyora kuti:

28

(Chiverengo: Mapisarema 56:8)
Imi munoverenga madzungairire angu; Isai misodzi yangu mumudziyo wenyu; Haizi murugwaro rwenyu here?
Mapisarema 56:8.
Mwari Vanoziva kunetseka kwemoyo wako muhupenyu.
Zvechokwadi, Mwari anotiziva tese nokuti Davida akanyora kuti:

29

(Chiverengo: Mapisarema 139:1,3,16)
Jehova, imi makandinzvera, nokundiziva.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki



30

...Munoziva nzira dzangu dzose.

31

...Zvosve zvakanga zvakanyorwa murugwaro rwenyu, zuva rimwe nerimwe rokuvumbwa kwazvo, kusati kwava nechimwe chazvo.
Mapisarema 139:1,3,16.

32

Mwari anotiziva tese, Hatsvaki kuti achengete magwaro kuti iye agorangarira.
Magwaro kana mabhuku anochengeterwa nyika, kuitira kuti pave newuchapupu worudo norutongo rwakarurama rwaMwari panyaya dzese dzichapfura mberi pake.
Kurondedzera kwatichaita kunaMwari kwakakosha zvikuru zvakare tinofanira kusatamba nazvo.

33

Munhu wese anofanira kupa rondedzero yechipo chakakosha zvikuru -hupenyu! Izvi ndizvo zvaitaurwa na Solomon paakanyora kuti:

34

(Chiverengo: Muparidzi 11:9)
Fara hako, iwe jaya, pavuduku wako, moyo wako ngawukufadze pamazuva owujaya wako;

35

famba nenzira dzomoyo wako, napakuwona kwameso ako;

36

asi uzive kuti Mwari uchazokutonga pamusoro paizvozvo zvose.
Muparidzi 11:9.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki



37

(Chiverengo: Mateo 12:36, 37)
...Shoko rimwe nerimwe risinamaturo, rakarehwa navanhu, vachazvidavirira pamusoro paro nezuva rokutongwa.

38

Nokuti namashoko ako ucharuramiswa, vuye namashoko ako uchagurwa.
Mateo 12:36,37.

39

Pane akaongorora kuti munhu zvake angataura manzwi paviki rimwe anogona kuzadza bhuku rinoita mapeji 320!
Pamakore 60, zvinoreva kuti anokwanisa kunyora mabhuku angadarike 3000 makuru zvakadaro!


40

Mabhuku ako anenge achiti chii pazuva rokutongwa?
Kupfura izvozvo, pfungwa dzese dzinowanikwa mumashoko nemabasa ako zvichaonekwa nyore:



41

(Chiverengo: 1 VaKorinte 4:5)
...Iye uchabudisa pachena zvinhu zvakavanzika zverima, nokuratidza mifungo yomoyo...
1 VaKorinte 4:5.

42

Panenge pasina kudzima kana kuvhara sezvatinosiwona muno munyika!
Munhu anokwanisa kubatira shamwari dzake nevemhuri yake, asi hapana munhu angabatire Mwari.
Anoverenga zvirimumoyo!

43

Tarisa, kana kutongwa kwedu kwasvika, tichazviona tirimuboka rimwe chete pamaboka maviri aripo:
Tichaona zvitadzo zvedu zvakare zvakavharwa neropa rajesu kana kuti tichaona tichitongerwa rufu.
Hazvisi zvinhu zvatinotaura zvichaita musiyaniso, asi zvatiri nemaitiro edu ndizvo zvichaita musiyaniso!

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

44

(Chiverengo: Mateo 16:27)
...Ucharipira mumwe nomumwe nemabasa aakaita. Mateo 16:27.
Mabasa edu akanaka asiwo achatiponesa, asi mutsa waMwari chete ndiwo uchatiponesa. Mabasa edu akanaka anoratidza kuti moyo yedu irikuna Mwari.

45

Ungave uchiti iwe,"Kana tichiponeswa nemutsa, sei tichitongwa nemabasa edu?"
Mubvunzo wakanaka uyu!
Dr Sakae Kubo akanyora kuti:



46

Ngatitarisei kuti zvinenge zvichireva chinyi kana kutonga kuneke kusiri kokutongeswa mabasa atakayita.



47

Mwari achititonga neyi, ganda redu, rudzi rwedu, kuremekedzwa kwedu, kudzidza kwedu, kutarisika kwedu, matarenda edu, kusimba kwedu,



48

kuva nhengo yesangano, kana kungobvuma kuti tinonamata Mwari? Mwari anoti tonga chete nabasa edu, kuti akanaka kana kuti akaipa.
Your Summons to Court, p. 20.

49

(Video: 8 sec) Mubairo wemoyo wakazadzwa nerudo kunaMwari nekuvanhu Vake.
Isungano yorudo naJesu inozokonzera kuti vateveri vake vaite mabasa akanaka. Mubhuku raMuparidzi Solomon anoti:

50

(Chiverengo: Muparidzi 12:13,14)
Zvino shoko guru pazvose zvatanzwa, heri:

51

Itya Mwari, uchengete mirairo yake; nokuti ndizvo zvakafanira vanhu vose.

52

Nokuti Mwari uchatonga basa rimwe nerimwe...
Muparidzi 12:13,14.
Sezvo hukama hwemunhu naKristu huchiratidzwa nenzira dzake, panofanira kuti pave nechienzaniso chokutonga kana kupimha nzira idzodzo.

53

Pasi pano, basa redare remhosva nderokutsvaka kuti mutemo watyorwa here.
Kana mutemo watyorwa, ndipo panowanikwa munhu ainemhosva.

54

Mukutonga kwaMwari, pane mutemo kana chienzaniso.
Jakobo anotaura kuti ndeupi mutemo uchasimudzwa.



55

(Chiverengo: Jakobo 2:12)
Taurai, wuye itai savanhu vanozotongwa nomurairo wokusunungurwa.
Jakobo 2:12.

56

(Chiverengo: Jakobo 2:12)
Pavhesi ya Jakobo 2:11, Jakobo anotaura nemirairo miviri yomutemo,
Nokuti iye wakati: Usaita wupombwe, ndiye vo, wakati: Usawuraya…
Tinoona kuti mitemo inegumi yaMwari inonzi "Mutemo weRusununguko" uyo uchashandiswa kutonga munhu wese.
Jakobo 2:11-12.

57

(Video: 4 sec) Kutonga kuchaongorora kuti takamira parutivi rwani pahondo huru yaKristu na Satani.
Takamira nakristu here?
Tamubvumira here kuti agare Hupenyu Wake matiri?

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

58

Tada here Mwari zvakare nezvidiso zvake sezvazvinoratidzwa muritemo inegumi?
Chido chedu here kutevera kuda kwake nesimba Rake?
Anyora here mirairo Yake mumoyo yedu?

59

Kana vanhu vachida kuva vagari veimwe nyika, vanofanirwa kuti varatidze kuti vachateerera mirairo yenyika iyoyo, zvakare vachivimbika kuva vagari vakanaka panyika yavachatanga kugara.

60

(Video: 10 sec) Zvakangodaro nemaKristu.
Kana vachigamuchira Kristu zvakare vachiratidza chido chokunogara munyika Yake, Mwari anovakurudzira kuti rudo nokuvimbika kwavo kuve kuna Iye zvakare vasimudze mirairo Yake yose.


61

Handivose vagari vanochengeta vimbiso yavo.
Vamwe vanotaridzika kunze sevanhu vanoteerera mitemo yenyika, asi nokufamba kwenguva vozoonekwa kuti ndivo vanotyora mutemo.
Kana izvi zvaonekwa, munhu akadaro anodzingwa munyika iyoyo.

62

Zvakangodaro, hasi ese makristu anochengeta vimbiso dzavo.
Hazvinakukwana kuti tinzi taka rurama iezvino, tinofanira kugara takavimbika kuna Mwari kusvikira auya.
Hazvinokukwana kuti tizvidane kuti tirivateveri vaKristu, tinofanira kubvumira hupenyu waJesu wokuteerera nokuvimbika kuti ugare matiri.

63

(Chiverengo: Mateo 7:21)
Havazi vose vanoti kwandiri, Ishe, Ishe, vachapinda muwushe bwokudenga;

64

asi unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga.
Mateo 7:21.
Hondo huru pakati pezvakanaka nezvakaipa, pakati paKristu naSatani iri pamusoro pechimiro chaMwari, kuti ane rudo here kana kwete.

65

Mutemo chienzaniso chakanyorwa chemaitiro aMwari orudo.
Hazvishamise kuti ndiwo unonyanyowonekwa murutongo rokugumisira!

66

Zvinonyanyoshamisa ndezvokuti maKristu akawanda hazive kuti dare rekudenga riri kuenderera mberi izvozvi tichitaura!
Bhuku ra Zvakazarurwa rinonyatsojekesa kuti kutonga kwaMwari kuri kutoitika izvozvi.

67

Ndochikonzera, muzvitsauko zvokuguma zvebhuku razvakazarurwa Johane achipa yambiro nerukoko rwekugumisira achishandisa manzwi aya:

68

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:6,7)
Zvino ndakawona mumwe mutumwa achiburuka pakati pedenga,



69

aneEvhangeri isingaperi, kuti aiparidzire vanogara panyika,



70

namarudzi ose, nendudzi dzose, nendimi dzose, navanhu vose.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki



71

Akati nenzwi guru: Ityai Mwari, mumurumbidzei; nokuti nguva yake yokutonga yasvika;



72

namatai Iye, wakasika denga, nenyika, negungwa, namatsime emvura.
Zvakazarurwa 14:6,7.



73

Uchacherechedza kuti mashoko aya hataure kuti "Kutonga kuchauya", asi anoti , "Nguva yokutonga Kwake yasvika."

74

Chikamu chechipiri chenyaya iyi chinodaidza vanhu vaMwari kuti vabude mumasangano edzidziso dzenhema emazuva okupedzisira.
Chikamu chokupedzisira cheshoko iri rokugumisira kunyika chinopa yambiro kuvanhu vaMwari kuti vachenjere kunamata chikara chinowanikwa muna Zvakazarurwa 13.



75

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:9,10)
...Kana munhu akanamata chikara nomufananidzo wacho, nokugamuchira chiratidzo pahuma yake kana paruvoko rwake.

76

naiye uchanwavo wayini yokutsamwa kwaMwari...
Zvakazarurwa 14:9,10.
Chitarisa vhesi 14 na 15, anotevera kushumirwa kwenyaya dzengirosi nhatu:



77

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:14, 15)
Ipapo ndakatarira, ndikawona gore jena, nomumwe wakaita soMwanakomana agere pamusoro paro,



78

anekorona yendarama pamusoro wake, naparuwoko rwake anejeko rinopinza.

79

Zvino mumwe mutumwa wakabuda mutembere, akadanidzira nenzwi guru kunaiye wakanga agere pamusoro pegore,

80

achiti Tumai jeko renyu mucheke; nokuti nguva yokucheka yasvika,

81

nokuti kucheka kwenyika kwaibva.
Zvakazarurwa 14:14,15.

82

Kuchekwa kwenyika zvinoreva chii? Kuguma kwenyika. Kucheka uku kunoreva kuuya kwechipiri kwaKristu. Chii chichaitika Jesu asati auya? Kutonga kwaMwari kuchaitika. Kutonga kwaMwari kunoratidza kuti vakarindira Jesu ndivanani. Ngatiwongororei chidzidzo ichi zvakadzama. Pamwe uri kubvunza kuti kutonga uku kwakatanga rini?

83

Mhinduro inowanikwa muchiporofita chirimubhuku raDanieri!

84

(Chiverengo: Danieri 8:14)
...Kusvikira madekwana namangwanani anezviwuru zviviri namazana matatu; ipapo nzvimbo tsvene ichanatswa.
Danieri 8:14.
Ichi ndicho chiporofita chakareba zvikuru muBhaibheri rose.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki



85

(Chiverengo: Ezekieri 4:6)
"...Zuva rimwe nerimwe rifananidze gore."
Ezekieri 4:6.
Naizvozvo mazuva 2300 akamirira makore 2300.
Tirikuzvinzwisisa here vanha vaMwari.

86

Makore 2300 ndechimwe chidimbu chechiporofita chakadzama zvikuru chinowanikwa mubhuku ra Danieri muzvitsauko 7, 8 na 9.

87

Chiporofita ichi chinonanga zuva rokubhabhatidzwa nokuuraiwa kwamambo vedu Jesu.
Chinoratidza zvakare kuti kutonga kuchatanga rini.



88

Mazuva echiporofita 2300, kana makore 2300, akatanga apo mambo Artexerxes paakaraira vanhu kuti vavake guta re Jerusarema raive raparadzwa.
MaIsraeri vaive varivasungwa muguta re Bhabhironi kwemakore 70, uyezve vaida kudzokera kumusha kwavo kunovaka guta ravo.


89

Pakupedzisira, mugore ra 457 B.C., mambo Artexerxes vakapa vana vekwa Israeri chido chavo chavaive vakamirira. Makore 2300 kubva mugore ra 457 B.C. anoperera pagore ra A.D. 1844.
Ngatidzokerei muBhaibheri. Papfura mazuva 2300 kana makore, nzvimbo Tsvene ichanatswa. Taona kuti chiporofita ichi chinopera mugore ra 1844 A.D. Ko iko kunatsva kwenzvimbo Tsvene kunorevei?

90

1844 inguva inotarwa neBhaibheri yekutanga kwerutongo, zvinotsanagurwa neBhaibheri kuta kuti inguva yokutonga yakatanga. Kwakatanga nenguva chaiyo chaiyo. Ungabvunza kuti, " Kutonga uku kunei nokunatswa kwenzvimbo Tsvene yakataurwa na Danieri kuti ichanatswa kwapera makore 2300."

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

91

Zvino reva chii kunatsva kwenzvimbo tsvene?
Zvinei nekutonga uku?
Bhaibheri rinotaura nematemberi maviri- rimwe riripano pasi, rimwe ririkudenga.

92

Kare kuIsraeri, vanhu vaiunza zvibairo zvavo mazuva ose mutemberi.

93

Vava mutemberi vaibvuma zvitadzo zvavo, vachibaya gwayana kuratidzo kutenda kwavo mukufa kwajesu achazouya, Iye ari Mwanakomana waMwari.

94

Iye nhasi tikatadza, tinokumbira Mwari kuti atiregerere zvitadzo zvedu nokuti Jesu akatifira pachinzvimbo chedu akabhadara chikwerete chedu chezvivi zvatakaita.

95

Shure kweCalvary, vanhu vaive vasina chibairo chokutarisira kunacho. Asi nekutenda vaitarisa mberi kunguva iyo Gwayana raMwari raive richazovafira riri Jesu.
Nokupa zvibairo vaibvuma kuti kuna Muponesi achazouya kuzofira munhu wese nokupa ruregerero kunewese anotenda kwaari.

96

Zvivi zvavo zvainotsvetwa mutemberi kana munzvimbo Tsvene nemuPristi apo aimwaya ropa rechibairo panzvimbo Tsvene Tsvene yetemberi.

97

Zuva rimwe pagore, vana vekwa Israeri vaita rangariro rezuva rinonzi “Zuva rokudzosana kana Kunatsva kwetembere.” Raira zuva rekuzvininipisa zvikuru. Kuvanhu vekwa Israeri, raive riri zuva rokutonga.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

98

Mazuva gumi risati rasvika zuva iri, hwamanda dzairidzwa, izvi zvichieuchidza vana vekwa Israeri kuti vaifanira kuwongororisa hupenyu wavo zvakare vachitendeuka vachibvuma zvivi zvavo.
Vese vaikona kuita izvi vaidzingwa mumusasa.

99

(Chiverengo: Revitiko 16:30)
Nokuti munofanira kuyananisirwa nezuva iro, kuti munatswe;



100

munofanira kunatswa pazvivi zvenyu zvose pamberi paJehova.
Revitiko 16:30.

101

Bhuku rava Heberu rinojekesa kuti temberi repasi nezvese zvaitwa mutemberi zvaiva chiratidzo chetemberi ririkudenga apo Kristu muPristi Mukuru Anotiregerera zvivi zvedu.



102

(Chiverengo: VaHeberu 8:1,2)
...Tinomuprista mukuru wakadai wakagara kurudyi rwechigaro chowushe chowumambo kudenga.



103

Iye mushumiri wezvinhu zvitsvene, nowetabernakeri chaiyo, yakamiswa naShe, isina-kumiswa nomunhu.
VaHeberu 8:1,2.

104

(Chiverengo: VaHeberu 9:11,12,24)
Asi Kristu wakati asvika ari muprista mukuru...

105

...neropa rake chairo, wakapinda kamwe chete,

106

zvikapera, panzvimbo tsvene, akatiwanira rudzikinuro rusingaperi.

107

Nokuti Kristu haana kupinda panzvimbo tsvene yakaitwa namawoko,

108

inofananidza iyo iri chaiyo,

109

asi wakapinda kudenga kumene, kuti zvino azviise pamberi paMwari nokuda kwedu.
VaHeberu 9:11,12,24.
Kufa kwaJesu pa Calvary kwakava chibairo chakaperera kuti zvivi zvedu zviregererwe.

110

(Chiverengo: VaHeberu 7:25)
...Unesimba rokuponesa kwazvo-kwazvo avo vanoswedera kunaMwari



111

kuburikidza naye, zvaanorarama nokusingaperi kuti avareverere.
VaHeberu 7:25.
Temberi rezvokwadi ririkudenga. Zvese zvinoitika pasi chirongwa chezvinhu zvinoitika muzano roruponeso. Jesu Gwayana rinofa. Jesu MuPristi Anorarama. Jesu MuPristi wedu Mukuru.
Sezvo muPristi wekwaIsraeri aipinda munzvimbo Tsvene Tsvene kuti pamwe pagore, Jesu munguva yokupedzisira akapinda munzvimbo Tsvene Tsvene kuti atangise kutonga.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

112

(Chiverengo: Mateo 10:32,33)
Mumwe nemumwe uchandipupura pamberi pavanhu, Mateo 10:32,33.
Mukutonga uku, hukama hwedu naKristu ndiwo huchatonga kuchaenda hupenyu hwedu zvachose.
Kristu anoda kutiponesa.
Ari kuita zvese zvaangaite kuti Atiponese.
Anoti iye, "Wese anondibvuma mberi kwevanhu,

113

neni ndichamupupuravo pamberi paBaba vangu vari kudenga.

114

Asi mumwe nemumwe unondiramba pamberi pavanhu, neni ndichamurambavo pamberi paBaba vangu vari kudenga.
Mateo 10:32,33.

115

Tarisa, haufaniri kumira wega pakutongwa!
Kana tikabvuma Kristu, achatibvumawo mberi paBaba vake.
Kana tiri vaKristu, Iye anova Murevereri wedu.
Kuburikidza naJesu tichamira mberi paMwari sekunge tisina kumbotadza.

116

Magwaro kana mabhuku acharatidza hupenyu hweMuponesi wedu Jesu hwakanaka. Zvakare Iye Jesu norudo rwake rwakakosha zvikuru anozoti, hupenyu Hwake uhwu hwakanaka ndohwedu. Uyu ndiwo mutsa unoshamisa zvachose.
Shamwari, hapana chinhu chokutya pazuva rokutongwa kune avo vanotevera Jesu uye vachimuda nemoyo yavo yese. Jesu achareva ropa rake rakadeuka paCalvary kuti ridzime zvivi zvese zvakabvumiwa nevatadzi. Johane akanyora kuti:

117

(Chiverengo: 1 Johane 1:7)
...Neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose.
1 Johane 1:7.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

118

(Video: 13 sec) Tirikugara panguva yekugumisira munyika ino. Rutongo rurikuitika kudenga, kubva 1844 ruchienderera kana nanhasi.

119

(Video: continued) Kutonga uku kwakatanga na Abel, munhu akarurama wokutanga akafa munyika.

120

(Chiverengo: 1 Petro 4:17)
Nokuti nguva yasvika yokuti kutonga kutange paimba yaMwari...
1 Petro 4:17.
Nemamwe manzwi, kutonga kunotanga ne avo vanozviti vanhu vaMwari.

121

Tingazviona hedu mupfungwa dzedu apo Abel achipinda mudare.
Kana nyaya yake ichiuya mberi, Mwari achaona hupenyu Hwake nekubvuma kwake kwaakaita Gwayana rakafa raMwari.

122

Mabasa ekugumisira a Abel akanyorwa mubhaibheri ndeekupa kwaakaita chibairo kunamwari, achiratidza kutenda kwaaive anako koMuponesi achazouya anova ndiye jesu kristu.
Hupenyu HwaKristu hunopiwa kwaari Abel.
Zvivi zvake zvose zvakadzimiwa neropa raJesu.

123

Pane vimbiso yokuti Jesu, Mumiriri waAbel akavhura mawoko ake akati iye: "Ropa rangu, Baba, rakabhadhara zvitadzo zva Abel."
Nengirosi dzakawanda dzichafara dzichinzwa Jesu achiti iye: "Chengetai zita ra Abel mubhuku rehupenyu!"
Zita rake rinongova mubhuku rehupenyu!
Sezvakavimbisiwa na Kristu.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki



124

(Chiverengo: Zvakazarurwa 3:5)
Unokunda, uchapfekedzwa saizvozvo nguvo chena;



125

handingatongodzimi zita rake pabhuku rowupenyu,

126

ndichapupura zita rake pamberi paBaba vangu, napamberi pavatumwa vake.
Zvakazarurwa 3:5.

127

Zvakadaro, zita raJudas rakatongwa wo mudare ririkudenga.
Judas aiva umwe wevateveri vaKristu.
Aive asina kushata pazvinhu zvese, asi hupenyu hwake waive husingapindirani nechitendero chaaireva.
Kuda Kristu kwaive kusirikwekutanga muhupenyu hwake!

128

Dzimwe nguva aisvedera kuna Kristu, asi kuzviregerera kwake kwakaita kuti atengese Mambo vake nemari yesirveri inoita magumi matatu!
Nokuzvishora akaguma azviuraya nokuzvisungirira!

129

Jesu aida Judas zvechokwadi. Akageza tsoka dza Judas pausiku wechidyo chokugumisira! Jesu aida kupinda mumoyo waJudas unozvikudza.
Aida kumiranaye parutongo seMurevereri wake,

130

Asi Judas akatarisa kudivi.
Zvinorwadza kuna Jesu kuwongorora zita raJudas.
Kururama kwedu kwenyama hakumbotibetseri parutongo.
Tereera:

131

(Chiverengo: Isaya 64:6)
Nokuti isu tose tava sounetsvina, kururama kwedu kwose kwafanana nenguvo inetsvina...
Isaya 64:6.

132

Avo chete vanotungamidza mberi Kristu muhupenyu hwavo ndivo vachapfeka nguvo yekururama yaKristu.
Pasina izvozvo, hapana munhu acharegererwa.
Saka zita raJudas rinobvisiwa mubhuku rehupenyu.

133

Nguva yatinorarama yakakosha zvikuru.
Sema Israeri, tinofanira kuwongorora hupenyu hwedu.
Tinofanira kubatirira kuna Jesu, nokuti ndiyo yega nzira yokugadzirira zuva rekutongwa.
Nekukasika mutsa uchavharwa nemashoko anosiririsa achataurwa naJesu anoti:

134

(Chiverengo: Zvakazarurwa 22:11)
Usina kururama ngaarambe achiita zvisakarurama...mutsvene ngaarambe achiitwa mutsvene.
Zvakazarurwa 22:11.
Panguva irikutaurwa mutsa neruregerero rwaMwari ruchavharwa zvachose.
Manzwi anosiririsa panyika yose achabva kuvanhu vese vakaramba kugamuchira Jesu saMambo, neMuponesi , neMurevereri wavo, vachataura vachiti:

135

(Chiverengo: Jeremia 8:20)
Kucheka kwapera, zhezha rapfuvura, asi tigere kuponeswa.
Jeremia 8:20.
Jesu achazouya pano panyika, nokuti tinoverenga kuti:



136

(Chiverengo: Zvakazarurwa 22:12)
Tarirai, ndinokurumidza kuwuya; mubairo wangu ndinawo, kuti ndipe mumwe nomumwe sezvaakaita.
Zvakazarurwa 22::12.

9 - Kutarisana NeRutongo Usingavunduki

137

Shamwari, Jesu anoda kuva Mumiriri wako parutongo! Anodisa chaizvo kuti ugamuchire kuzviita chibairo pamuchinjikwa weku Calvary.
Anodisa kuti ubvume zvitadzo zvako kwaari kuitira kuti azvidzime.
Anodisa kuti zita rako rinyorwe mubhuku rohupenyu.
Johane anotsanangura avo vachapinda muguta dzvene ne avo vachakoniwa kupinda muguta dzvene:



138

(Chiverengo: Zvakazarurwa 21:27)
Mukati mharo hamungatongopindi chinhu chinosvibisa, kana chinonyangadza, kana chinenhema;



139

asi avo bedzi vakanyorwa mubhuku rowupenyu yeGwayana.
Zvakazarurwa 21:27.

140

Unoda here kuvhura moyo wako kuna Jesu Izvozvi? Unoda kuti abise here zvinhu zvese zvichakuita kuti usapinde denga? Mukutonga, Mwari anoisa pachena zvese zvatiri.
Zvinhu zvese zvichaisiwa pachena. Zvitadzo zvedu tese zvakanyorwa. Unoda here kuti zvivi zvako zvidzimiwe neropa raJesu? Unoda here kuti Kristu auye mberi achiti, " Zvokwadi, murume uyu, mukadzi uyu, nde umwe wangu,
Ndakavaregerera zvivi zvavo. Ndakabisa ndikabhadhara chikwereti chavo. Ndakavaregerera zvivi zvavo zvakachenurwa neropa rangu. Bisai mazita avo mumagwaro zvachose." Jesu anomira pachigaro chedenga. Anomira pakutongwa kwako saMuponesi. Izvozvi! Panguva ino! Wuya kwaari! Mupe hupenyu wako wese. Simudza mawoko ako kudenga tinamate. Taurira Mwari kuti "Torai hupenyu wangu Mambo. Ndinoda kuva Nemi."

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

1

Zvinomutsauko here?

2

Wakambocherechedza here kuti kusateerera kurikuwanda sei mumaguta akawanda enyika? Kurikuitika nenzira dzinoshamisa zvikuru.


3

Umwe murume akapinda nekumhanya mukamba yema porisa akatsamwa zvikuru.
Paiva nembabva yaive yapinda mumba make ikaba zvinhu zvakawanda zvakakosha. Murume uyu akaona mbabva iyi uye aida kuti maporisa atoredanho nekukasika.
Muporisa aivepo akatora murume uyu akamuratidza mabhuku aive anemifananidzo yembabva. Akamubetsera kuvhura mabhuku kuti avaratidze kana mufananidzo wake waivepo mumabhuku.

4

Panguva shoma muporisa akati, "Chimbomira zvishoma." Akanyatsotarisa umwe mufananidzo waiva mumabhuku aya--muporisa akaona mufananidzo uyu kuti waiyenderana neuso hwemurume aive auya kuzorevera mbabva. "Ndiwe uyu!" muporisa akataura, "Apa panoti unofanira kusungirwa mhosva yawakamboita!"
Zvakazoshamisa kuti, murume uyu aive auya kuzorevera mbabva akazobatwa naiye akasungwa, akanganwa kuti panemhosva yaakambopara.

5

Kusateerera kwawanda nzvimbo yese, uye nekunzvimbo dzausingambofungire. Kunowanikwa kumabasa, mudzimba nekumaguta akawanda.

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

6

Kune dzimwe nyika, kumukirana, kupanduka nekuba kwakanyanya zvinotyisa. Nzvimbo hadzisisina kunaka nemhaka yemararamire evanhu.
Kuurayana, kuba, kunyonganika kwehurumende dzemunyika, kubata chibharo nezvimwe zvakaipa zvawandisa kunzvimbo dzakawanda munyika.
Nemhaka yeyi kusateerera kwawanda?
Chii chirishure kwekutyorwa kwemitemo?
Chii chaitika kunyika yedu?

7

Munyika dzakawanda, vanhu vechidiki vamuka, vechidiki vanemibvunzo, vanekunyunyuta uye vanekupikisa.
Mwari arikudaidza vakuru kuti vave muenzaniso wakanaka kuvana vavo. Vana vanotevedzera mabasa enzvimbo yavanogara. Ndiani achava muenzaniso wemabasa aMwari kwavari?

8

Vanababa vanoreva nhema kana kusavimbika kwavanoshanda nepamutero wavo, vasikana vakawanda vanotsvaka kubvisa nhumbu, uye vabereki vakawanda vanoreverana nhema.

9

Vana vanozviona zvese izvi!
Uye nemhuri dzakaputsika dziri kusiya mavanga akaipa chaizvo!
Ndiani achavamba kuratidza zvakaipa nezvakanaka kana vabereki vachikoniwa?
Chokwadi, vabereki havangasiiri basa guru rikadai kuzvikoro!
Zvikoro zvakawanda hazvidzidzisi hunhu kana chimiro chakanaka.
Vazhinji vave nepfungwa dzinoti Bhaibheri harichina basa pamagarire edu.

10

Nemasangano akawanda nhasi odzidzisa kuti mirairo yaMwari inoratidza zvakaipa nezvakanaka hayichina basa.

11

Mirairo Yake hayicharangarirwi.

12

kana kuti mirairo Yake hayichinabasa,

13

kana kuti mirairo Yake yorema kuchengeta.

14

Naizvozvo, vanhu vakawanda vavakuita zvavo zvavanoda, zvichikonzera kuti vawane mubairo kana kukowa mhuri dzakaparara, vana vasingarairiki nemabasa akaipa anotyisa.



15

(Chiverengo: Hosea 8:7)
Nemanzwi aHosea, muporofita,
"Nokuti vanodzvara mhepo, vachakowa chamupupuri..."

16

Heuno mubvunzo: Ndiani anoratidza chakanaka nechakaipa?
Kufunga kwevanhu nyangwe vakanaka hakuna kutsauka here mamwe mazuva?
Kana pasina chiyero chemararamiro umwe noumwe anozvichenura pamaitiro ake.

17

(Chiverengo: Zvirevo 16:25)
Asi Bhaibheri rinotiyeuchidza kuti hatizi vatongi vakanaka paneizvo zvakanaka neizvo zvakaipa:
"Munhu unovona nzira achiti yakarurama; Asi kuguma kwayo inzira dzorufu."
Zvirevo 16:25.

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

18

(Chiverengo: 2 Timotio 4:3,4)
Mupostori Pauro akapororfita kuti: "Nokuti nguva ichasvika yavacharamba kutendera dzidziso yakarurama; asi, vachida kufadzwa

19

panzeve dzavo, vachazvivunganidzira vadzidzisi pakuchiva kwavo."

20

"Vachifuratidza nzeve dzavo pazvokwadi, vachitsaukira kungano."
2 Timotio 4:3,4.

21

Hongo, zvinosiririsa kuti, tirikuona kuti hatiwani kusununguka nekurasa mirairo!
Ukabvisa chinokuratidza chakaipa nechakanaka, chinotevera ibongozozo kana kunyonganika.



22

Ukabvisa mwenje yemigwagwa nezvikwangani zvayo mumigwagwa, panova nenyonganyonga isati yamboonekwa mumigwagwa.



23

Ndeipi mirairo?
Tingaziva kuti chakanaka nechakaipa ndechipi?

24

Kare kare Mwari akatipa nzira yekuva nerunyararo panzvimbo yatinogara.
Dai nzira iyi yayiteverwa, dai kuurayana nezvimwe zvakaipa zvisipo!
Munhu wese angadai akafara asingatyi kuti kungava nechakaipa chingamudonhere.

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

25

(Chiverengo: Eksodo 20:2)
Apo vana vaIsraeri pavakamisa misasa pagomo reSinai, Mwari akadzika kuzovachingamidza akati, "Ndini Jehova Mwari wako, wakakubvisa munyika yeEgipita, muimba yovuranda."
Eksodo 20:2.

26

(Video: 6 sec) Kekutanga Mwari akazviratidza kwavari semudzikinuri wavo kubva muutapwa.
Iye akavavhurira gungwa dzvuku mberi pavo;
Aive muchengeti wavo.
Nemamwe manzwi, Aiti, "Ndine hanya nemi.
Mungavimbe neni."

27

Mwari akazotaura mirairo yake kuitira kuti munhu azive kurarama nerunyararo, uye azive zvakaipa nezvakanaka.



28

Ngatitarisei nekukasika mirairo inegumi yakataurwa naMwari pagomo reSinai:
(Chiverengo: Mirairo inegumi kubva muna Eksodo 20)
"Usava navamwe vamwari kunze kwangu…

29

"Usazviitira mufananidzo wakavezwa...Usafugamira izvozvo…



30

"Usareva zita raJehova Mwari wako pasina..."



31

"Rangarira zuva reSabata, kuti urichengete rive dzvene. Ubate mazuva matanhatu, uite mabasa ako ose asi zuva rechinomwe iSabata raJehova Mwari wako…

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?



32

"Kudza baba vako namai vako…



33

"Usauraya…



34

"Usaita upombwe.



35

"Usaba.



36

"Usapupurira wokwako nhema.



37

"Usachiva imba yowokwako, usachiva mukadzi wowokwako, kana muranda wake,



38

kana murandakadzi wake, kana nzombe yake, kana mbongoro yake, kana chimwe chowokwako."
Eksodo 20:3-17.

39

(Video: 10 sec) Vana vekwa Israeri pavaiteerera, vakashamisika zvikuru vakakudza Mwari.
Kana kwaiva kuda kwaMwari, vakazvipira kukutevera!

40

Asi, achiziva kuti tinokangwana, Mwari akanyora mitemo yese inegumi pamahwandefa maviri nemunwe wake:

41

(Chiverengo: Eksodo 31:18)
"Zvino wakati apedza kutaura naMosesi pagomo reSinai,

42

akamupa mahwendefa maviri echipupuriro,

43

mahwendefa amabwe akanga akanyorwa nomunwe waMwari."
Eksodo 31:18.

44

Kunyangwe kwaiva nguva yekutanga kuti Mwari ape vanhu mutemo wake wakanyorwa, wakagara uripo kubvira nechekare.
Pasati pava neSinai na Adamu na Eva, kururama ne

45

Kunyangwe nengirosi dzaitevera mirairo yaMwari. Ngirozi dzakapiwa sarudzo yekutevera murairo waMwari kana kuyiramba nekurwisana nayo.

46

Satani nengirozi dzake vakasarudza "kuita zvavo zvavanoda", kuita mirairo yavo.
Kupanduka uku kwakakonzera kuti vadzingwe kudenga.

47

(Chiverengo: Zvakazarurwa12:7-9)
Bhaibheri rinoti, "Zvino kurwa kwakavapo kudenga; Mikaeri navatumwa vake vakarwa neshato, shato ikarwa inavatumwa vayo;

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?



48

vakasakunda, nenzvimbo yavo haina kuzowanikwa kudenga."

49

"Zvino shato huru yakakandirwa pasi, iyo nyoka yekare, inonzi Dhiabhorosi, naSatani, munyengeri wenyika yose;

50

yakakandirwa panyika, navatumwa vayo vakakandirwa pasi pamwe chete nayo."
Zvakazarurwa 12:7-9.
Asi pakava nengirozi dzakasarudza kutevera Mwari dzikavimbika kumutemo wake.

51

(Chiverengo: Mapisarema 103:20)
"Rumbidzai Jehova, imi vatumwa vake; Imi mhare dzinesimba, munoita zvaataura..."
Mapisarema 103:20.

52

Adamu na Eva vaiva neruzivo nemutemo waMwari mu Edeni, nekuti vakanzwa kushushikana nekunyara apo vatadza.

53

Apo Kaini paakatsamwa kuti Mwari vaiva vatambira chipiriso cha Aberi, Mwari vakamubvunza kuti,

54

(Chiverengo: Genesi 4:6,7)
"...Chiso chako chakawunyana nei?"

55

"Kana ukaita zvakanaka, haungafari here pachiso chako? Kana usingaiti zvakanaka, zvivi zvinokuvandira pamukova..."
Genesi 4:6,7.
Mutemo waMwari unofanira kuva waivepo panguva iyoyo, nekuti tinotaurirwa kuti,

56

(Chiverengo: VaRoma 4:15)
"...asi pasina murairo hapana-kudarikavo."
VaRoma 4:15.



57

Webster's New World College Dictionary rinoti, "Kudarika, kutyora mirairo iripo, kusateerera kana kusazvidzora., "

58

Abrahama aiziva uye aiteerera mirairo yaMwari kwemakore akawanda mitemo inegumi isati yapuwa pagomo reSinai.



59

(Chiverengo: Genesi 26:5)
Mwari akati ayive achakomborera Abrahama nerudzi rwake, "Nokuti Abrahama wakateerera inzwi rangu, akachengeta zvandakamuraira, nemirairo yangu, nemitemo yangu, nemirau yangu."
Genesi 26:5.

60

Kwemakore akawanda mutemo usati wapuwa paSinai, moyo wakachenuruka wa Josefa wakakonzera kuti akunde nemuedzo wemudzai waPotiferi achiti,



61

(Chiverengo: Genesi 39:9)
"...haana-kundidzivisa chinhu asi imi moga; nokuti muri mukadzi wake;

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

62

Zvino ndingaita seiko chinhu ichi chakaipa zvikuru nditadzire Mwari?"
Genesi 39:9.

63

Josefa ayiziva kuti upombwe chivi; ayiziva kuti zvakaipa nezvakanaka zvaidiwa naMwari. Akazvipira kusatyora murairo mutsvene waMwari!

64

(Video: 4 sec) Vana vekwa Israeri vaive varairwa kuti vakudze uye vaterere Mwari, asi pakushungurudzwa kwavo sevaranda munyika yeEgipita, vakakanganwa murairo waMwari.

65

Pavakabuda muEgipita, maviki mashoma vasati vasvika kuSinai, Mwari akayambira Moses nemhaka yekuti vaIsraeri vaityora mutemo wake nekuedza kunounganidza manna nezuva reSabata:

66

(Chiverengo: Eksodo 16:28, 30)
"Zvino Jehova akati kunaMosesi: Munoramba kuchengeta mirairo yangu nemirau yangu kusvikira riniko?"



67

"Vanhu vakazorora nezuva rechinomwe."
Eksodo 16:28, 30.
Tarisa, murairo wechina wairemekedzwa apo mirairo inegumi isati yapuwa pagomo reSinai.



68

Hongo, mutemo waMwari ndiwo unonongedza zvakaipa nezvakanaka munyika yese.
Zvinofanira kukushamisa here kuti Mwari anemurairo wakatsigira humambo hwake?



69

(Chiverengo: 1 VaKorinte 14:33, 40)
Mupostori Pauro akanyora kuti: "Nokuti Mwari haazi Mwari wenyonganiso..."



70

"Asi zvinhu zvose ngazviitwe nomutovo wakafanira zvinemirairo yazvo."
1 VaKorinte 14:33, 40.

71

Hapana hurumende ingararame isina mirairo. Hapana guta kana nzvimbo ingave nemufaro nerunyararo kana isina mirairo.
Zvisikwa naizvo zvine mirairo; ingawani vana chaivo havangatambi mitambo yavo vasina mirairo yavanotevera!



72

(Chiverengo: VaRoma 2:13)
Bhaibheri rinoti, "Nokuti vanzwi vomurairo havazi ivo vakarurama pamberi paMwari,

73

asi vaiti vomurairo ndivo vanoruramiswa."
VaRoma 2:13.
Tarisa, hazvina kukwana kuziva chete mirairo yaMwari, asi tinofanira kuteerera.

74

(Chiverengo: Johane 14:15)
Jesu akati, "Kana muchindida, muchachengeta mirairo yangu."
Johane 14:15.
Jesu apo achitaura chinyorwa chirimu Testamende yakare, akanongedza kuti rudo ndiro runokonzera kuchengeta mirairo.

75

(Chiverengo: Mateo 22:37-40)
"...Ida Ishe, Mwari wako, momoyo wako wose, nomweya wako wose, nokufunga kwako kwose."

76

"Ndiwo murairo mukuru nowokutanga."

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

77

Jesu akati, "Wechipiri unofanana nawo, ndiwoyu: Ida wokwako, sezvaunozvida iwe."

78

"Murairo wose navaporofita zvakabatanidzwa pamirairo iyi miviri."
Mateo 22:37-40.

79

Kana tichida Mwari nemoyo wedu wose, nepfungwa dzedu dzese nemweya yedu yese,

80

zvirokwazvo ticharitadza rudo rwedu nekuchengeta mirairo mina yekutanga:

81

Mwari achava wokutanga muhupenyu wedu

82

Tichanamata Iye chete

83

Tichakudza uye tiremekedze Zita rake Dzvene



84

Tichafarira kusangana naye nezuva reSabata

85

Kana tichida vanhu sekuzvida kwedu, zvirokwazvo ticha



86

Kudza nekuremekedza vabereki vedu



87

Remekedza hupenyu



88

Chengetedza zvimiro zvedu

89

Kudza nhumbi dzevamwe

90

Vimbika pakurarama kwedu nevamwe

91

Hatimbo chivi zvinhu zvavamwe

92

Vanoongorora nezvimitemo yenyika vanoti zviuru nezviuru zvemirairo (35 million) zvakavambwa munyika kuti zvidzore zvimiro zvevanhu.

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

93

Asi pamirairo inegumi, Mwari akavamba nzira nyore yekudzora zvimiro zvevanhu.
Mwari chete ndiye akanyora mutemo uyu wakaperera.
Bhaibheri rinoti:

94

(Chiverengo: Mapisarema 19:7)
"Murairo waJehova wakakwana, unoponesa mweya..."
Mapisarema 19:7.

95

(Chiverengo: Mapisarema 19:11)
"...Pakuzvichengeta panomubairo mukuru..."
Mapisarema 19:11.

96

Mudzidzi weBhaibheri anonzi August Strong akanyora kuti: "Murairo Chiratidzo Chechimiro ChaMwari."

97

Nhasi tingati, "Mirairo inegumi chiratidzo chepfungwa dzaMwari dzisingashanduki"!

98

Tarisa, kushandura mutemo waMwari kunoreva kuti vanga usina kunyatsonaka pakutanga.
Mutemo wakaperera, haungashandurwe.

99

(Chiverengo: Ruka 16:17)
Ichi ichokwadi Jesu chaakataura apo paakati:
"Asi zvakareruka kuti kudenga nenyika zvipfuvure, pakuti tsanga imwe yomurairo ikoneswe."
Ruka 16:17.

100

Asi, ungati, "Ndinogaroona sekuti mirairo inegumi inondishayisa mufaro uye inondivharidzira."
Mwari haana kuisa mutemo wake utiremere kana kutishayisa mufaro.

101

Asi, Mwari ainge anechinangwa chekuti mutemo wake uve mudhuri unodzivirira kuchema, kushungurudzika nezvimwe zvakaipa.
Ainge anechinangwa chekuti mutemo wake ukonzere kusununguka nekuchengetedza munhu wese munyika.



102

(Chiverengo: Deutoronomio 5:29)
Mwari akati, "Dai vaiva nemoyo yakadai, vakanditya nokuchengeta mirairo yangu nguva dzose,



103

kuti zvive zvakanaka navo, ivo navana vavo, nokusingaperi!
Deuteronomio 5:29.

104

Sezvatinovaka zvidziviriro pamativi emazambuko (bridges) kuti adzivirire njodzi, Mwari akatipa mirairo yake kuti itichengete uye ititungamirire panzira yehupenyu.

105

(Chiverengo: VaRoma 3:20)
Asi panechimwe chikonzero Mwari akapa mirairo yake: "...nokuti zvivi zvinoziviswa nomurairo."
VaRoma 3:20.

106

(Chiverengo: VaRoma 7:7)
Pauro akati, "...Asi handizaiziva zvivi kana murairo usaivapo;

107

nokuti handizaiziva kuchiva, kana muariro usina-kuti: Usachiva."
VaRoma 7:7.

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

108

Nyaya inotaurwa yemwanasikana washe aive anyeperwa nevanhu kuti akanaka zvikuru.
Nerimwe zuva umwe muchinda akauya kwaari akamutengesera chiwoniso(mirror).
Paakazviwona muchiwoniso akakuhiniswa akashatirwa nekutarisika kwake. Nehasha akapwanya pwanya chiwoniso ichi

109

Mutemo waMwari wakafanana nechiwoniso, uye apo patinochiwona, semwanasika washe, hatingafariri nezvatinenge tichiwona,


110

asi kuputsa kana kuparadza mutemo hakungashanduri zvatiri.

111

Mutemo kana mirairo inonongedza zvivi zvedu!
Mutemo unotibetsera kuti tive nehupenyu hunemufaro, uye hunerusununguko kana tichitevera kuraira kwaMwari.

112

Mutemo kana mirairo hayingatipi simba rekukukunda chivi kana kubvisa kushungurudzika.
Hapana kunaka kwatingaite kungadzime zvivi zvatakaita.
Zvino tingagamuchire sei ruregerero?
Tinganunurwe sei pamubairo werufu wekutyora mutemo?

113

Pamukova webindu re Edeni, Mwari akavamba chiratidzo chayiyeuchidza kuti kusateerera kunokonzera rufu - kumutadzi kana kune asinakupara mhosva.
Hwayana yaizopirwa kuratidza kutenda komutadzi pazano raMwari rekununura munhu.

114

Iyi yaiva nzira yaMwari yekubatsira Adamu kuti anzwisise kuti Mwanakomana waMwari asina kupara mhosva aifanira kufa kuitira kuti aripe mubairo wemutemo waive watyorwa.
Kristu, Hwayana yaMwari, aive achatakura mhosva yemunhu uye afe kufa kwaifanira kufa munhu atyora mutemo.

115

Tarisa, mutemo waisanunura munhu pazvivi zvake.



116

(Chiverengo: VaGaratia 3:21)
Mupostori Pauro akati,
"...Nokuti dai vakanga vapiwa murairo waigona kuraramisa,



117

zvirokwazvo kururamiswa kwaibva kumurairo."
VaGaratia 3:21.
Hauzi mutemo unounza kuregererwa neruponeso, asi inyasha dzaMwari!
Tingawane hupenyu husingaperi chete nekuzvipira kwaJesu Kristu.

118

(Chiverengo: VaRoma 6:23)
"Nokuti mubairo wezvivi ndirwo rufu; asi chipo chokungopiwa chaMwari ndicho hupenyu husingaperi munaKristu Jesu, Ishe wedu."
VaRoma 6:23.
Kuponeswa hakuwanikwi nekuchengeta mutemo:

119

(Chiverengo: VaEfeso 2:8,9)
"Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda, izvozvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari,

120

hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza."
VaEfeso 2:8,9.

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

121

Kana tichiponeswa nenyasha dzaMwari, zvinoreva here kuti tasununguka kurarama hupenyu hwekusateerera? KWETE!

122

(Chiverengo: VaRoma 6:1,2)
Pauro akanyora kuti: "Zvino tichatiyiko? Torambira muzvivi kuti nyasha dziwande here?"

123

"Haisva! Isu takafa kuzvivi, tichagara seiko mukati mazvo?"
VaRoma 6:1,2.
Kuponeswa kunopiwa kuneavo vanoda kununurwa pazvivi uye vachida kuvanhengo dzehumambo hwaMwari.

124

Pane vanhu vanofunga kuti mutemo waMwari hauchashandi. Chimbofunga nazvo kwechinguva.

125

Kana pasina mutemo, hapana chivi, nemhaka yekuti chivi "kutyora mutemo waMwari."

126

Kana pasina mutemo, hatitsvaki nyasha, nekuti nyasha rudo rwaMwari rwaanotiratidza apo kana tatyora mutemo wake.

127

Kana tisingadi kana kutsvaka nyasha, zvinoreva kuti tingadzime kana kurasa muchinjiko waJesu.

128

Kana tisingatsvaki muchinjiko waJesu, zvinoreva zvakare kuti hatitsvaki Muponesi.
Kana tika rasa kana kudzima mutemo, zvinoreva kuti unodzima kana kurasa…chivi, Nyasha, muchinjiko waJesu, ne Muponesi wedu Jesu.
Mudiwa waMwari, tinotsvaka chaizvo kuva neMuponesi akafa pamuchinjiko kutinunura pazvivi zvedu nenyasha dzake kuitira kuti adzime zvivi zvedu, nekuti tatyora mutemo wake. Iri ndiro vhangeri chairo. Nyasha dzaMwari hadzikonzeri kudzimiwa kuna kuraswa kwemutemo wake.
Asi nenyasha dzaMwari tinoshuwa chaizvo kuchengeta mirairo yese yaMwari.

129

Kana musungwa akamirira kuurawa

130

akaregererwa osunungurwa, zvinenge zvakureva kuti asununguka kurarama hupenyu hokusateerera here? Kuita zvaanoda? Kwete!

131

Nemhaka yekuti aregererwa, anofanira kunzwisisa zvikuru kukosha kwekuremekedza nekuteerera mirairo.



132

Mutemo waMwari unobudisa pachena chivi uye unotibetsera kunzwisisa kukosha kokuva neMuponesi mumoyo medu.
Apo patinogamuchira Kristu semuponesi naMwari wedu, anotigamuchidza ruregerero nesimba rekuchengeta mirairo yake, nekuti akavimbisa kuti:

133

(Chiverengo: VaHeberu 8:10)
"...Ndichaisa mirairo yangu pakufunga kwavo, Napamoyo yavo ndichainyora."
VaHeberu 8:10.

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

134

Handi nyore here kuita chinhu chaunoda?
Izvi ndizvo Mwari zvaakavimbisa kuneavo vanosarudza kumutevera.
Achanyora mutemo wake mumoyo yavo kuitira kuti vanzwe vanechido chekuyichengeta.

135

(Video: 8 sec) Iyi ndiyo nzira chete munhu yaachakwanisa kuteerera nayo uye nekutevera Mwari. Jesu akachengeta mirairo pamusana pekuti aida Baba vake,

136

(Chiverengo: Johane 15:10)
nekuti akati, "...Ndaichengeta mirairo yaBaba vangu, ndichigara murudo rwavo."
Johane 15:10.

137

(Chiverengo: Johane 14:15)
Jesu anotikurudzira kuti tiratidze rudo rwedu kwaari neku chengeta mirairo yake: "Kana muchindida muchachengeta mirairo yangu."
Johane 14:15

138

Chiratidzo chikuru cherudo nekuteerera kuda kwaMwari chakaratidzwa nemamwe manheru aitonhorera pasi pemuti weorivi mubindu reku Gethsemane.
Nekudonha kweropa pauso Hwake, Mwanakomna waMwari akanamata,

139

(Chiverengo: Mateo 26:39)
"...Baba vangu, kana zvichibvira, mukombe uyu ngaupfuvure kwandiri; kunyange zvakadaro kurege kuva kuda kwangu, asi kuda kwenyu."
Mateo 26:39
Nyika yaive yatadza yaive ichanunurwa kana kuraswa.

140

Murume wekuGarire aive acharasa here chido chehupenyu nekugutsikana kwavanhu padivi uye afe pagomo reCalvary?
Aikwanisa kusvika pakuti, "rega vatadzi vawane mubairo wezvivi zvavo."

141

Kana aizotitakurira muchinjiko.
Apo paakaita sarudzo iyoyo Akaenda kunofira zvivi zvedu.
Ropa rake rakadeuka kuitira kuti tigoregererwa zvivi zvedu. Akafa kufa kwaive kuri kwedu kuitira kuti tigorarama hupenyu husingaperi pamwe chete naye.

142

Sezvo Kristu akaripa mhosva yedu, tingagamuchire ruregerero kuburikidza nekuzvipira kwake izvozvi.

143

Muchinjiko wakare pagomo reCalvary chirangariro chinogara nekusingaperi kuti Mwari aive akazvipira kuripa mhosva yekutyorwa kwemutemo wake uye agonunura mutadzi

144

Kana mutemo waMwari wakashandurwa kana kuparadzwa, Jesu ayisatsvaka kutifira.
Karivhari yayisava nebasa.

145

Asi Mwari aisarega zvivi zvevanhu!



146

Aisa shandura murairo wake.

147

Naizvozvo mutadzi aitsvaka Muponesi.
Mwari ngarumbidzwe nerudo rwake kubvumira Mwanakomana wake kuti afe panzvimbo yedu!"

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

148

(Chiverengo: Johane 3:16)
"Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga,



149

kuti ani-nani unotenda kwaari, arege kufa, asi ave nohupenyu husingaperi."
Johane 3:16.


150

Bhuku ra Zvakazarurwa rinotsanangura vanhu vakagadzirira kuchingamidza Jesu pakuuya kwake kwechipiri uye vayende naye kumusha kudenga kunorarama nekusingaperi.

151

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:12)
Mwari anotaura izvi pamusoro pavo:
"Ndipo panokutsungirira kwavatsvene, vanochengeta mirairo yaMwari nokutenda kwaJesu."
Zvakazarurwa 14:12.

152

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:14)
Muna vhesi 14, Mwari anoti, "Ipapo ndakatarira, ndikavona gore jena, nomumwe wakaita soMwanakomana womunhu agere pamusoro paro,



153

anekorona yendarama pamusoro wake naparuvoko rwake anejeko rinopinza."
Uku ndiko kutsanangura kwekuuya kwechipiri kwaJesu kuzokohwa nyika.

154

Pachipororfita chikuru chakapiwa Johane naJesu mubhuku ra Zvakazarurwa maererano nenhoroondo yesangano, Anoti avo venhengo yesangano rekugumisira raMwari vechokwadi vanotsanangurwa nenzira iyi:

155

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:17)
"Zvino shato yakatsamwira mukadzi, ikaenda kundorwa navamwe vana vake,

156

vanochengeta mirairo yaMwari, navanobata kupupura kwaJesu."
Zvakazarurwa 12:17.

157

Izvo tinozviona mubhuku rekugumisira remu Bhaibheri!

158

Vanhu vaMwari vanoda Musiki wavo neMuponesi wavo zvikuru zvekuti vanodisa kuita zvese zvaanoraira nezvaanoda.
Vanoda kuratidza rudo rwavo nekuita kuda kwaMwari.
Vanonzwisisa kuti kuda kwaMwari kunowanikwa pamirairo yake.
Vanodaira nekuteerera Iye akaita zvose kuvanunura pazvivi zvavo.
Nemawoko akatambanudzwa, Jesu arikuti
"Uya!"
Ari kutidana!
Anoda kutipa simba rekumuraramira.

159

(Chiverengo: Zvakazarurwa 22:17)
Anoda kuchenura zvivi zvedu. Inzwi rake ririkungo daidza, "...Unenyota ngaauye. Unoda ngaatore mvura yohupenyu asingatengi." Zvakazarurwa 22:17.

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

160

Umwe muparidzi akashanyira umwe musha munerimwe guta. Amai vemusha uyu vakataura vakati: "Handifariri Bhaibheri kana chiKristu, kana padiki hapo, asi kana uchida ungauye mamwe madekwana uwane murume wangu anofarira kudzidza neshoko raMwari. Ndinodisa chaizvo kuti udzoke uzotaura naye.
Muparidzi uyu akadzokera zvakare nemanheru eSabata. Sezvo raive risiri zuva rekushanda murume wa amai ava aive atevera tsika yake yekuyenda kumafaro masikati neshamwari dzake ku hotera yaiva pedyo.
Aive achitaura zvikuru asi pasina chinokosha chaaitaura. Akati kunemuparidzi, "Ndine Bhaibheri, unofanira kuriona. Mai vangu vakariisa mubhegi apo pandakavasiya ndakunochata. Ririkupi Bhaibheri rangu Mai Mwana?" Akatsvaka Bhaibheri rake kwenguva refu asi haana kuriwana. Akangowana bhuku remunamato chete.

161

Murume uyu aive nedzimwe dzaaitamba kunze kwedoro. Mafaro, nenjuga zvayimukanganisa zvakare, uye aipfuta fodya zvikuru. Mabasa aya nemamwe akaipa ayive akonzera kusanzwisisana kwake nemudzimai wake. Mudzimai wake akarongedza nhumbi dzake, akugadzirira kuenda kwake.
Vaive vakugadzirira kutsaukana. Zvaive zvisisingafambi zvakanaka pamusha uyu.
Asi mumoyo wemurume uyu maiva nekudisa kurarama hupenyu hurirani. Nyangwe kunwa kwake doro hakuna kudzivirira chido chake chaaive anacho mumoyo make. Muparidzi akagadzira kuti vasangani neMuvhuro manheru, nenguvo iyoyo, muparidzi akatanga kudzidzisa dzidziso yakakosha yemuBhaibheri vhiki nevhiki.

162

Apo muparidzi paakaenda mberi achidzidzisa shoko raMwari, kukoka kwemuchinjiko kwakatanga. Kristu, neMweya wake Mutsvene ayipinda pamusha uyu wayiva nedambudzo guru. Manheru iwayo murume uyu akati, "Muparidzi, unofanira kugara kwenguva refu nhasi madekwana. Mudzimai wangu achanorara nekukasika. Hazvingaiti here kuti iwe neni timbokurukura tese?"

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

163

Nekuvimbika murume uyu akatanga kutsanangura hupenyu hwake hunosiririsa hwaaive atanga kurarama. Aive aberekerwa mumhuri yayitevera Kristu, asi akazokoniwa kuzvidzora akatanga kurarama hupenyu hwakaipa. Akatevera nzira iyo inorwadza, nzira inemagumo asinakakunaka.

Nekufamba kwenguva akakanganwa kuyenda kukereke, Bhaibheri akasava nebasa naro. Kudaidza nekukoka kwaJesu aive akukuzvidza.

"Asi, chandinoda kuziva muparidzi ndechekuti chii chawandiita? Handisati ndanwa doro kana kuyenda kumafaro kwemazuva akatikuti, uye handisati ndazvidza Mwari kwenguva refu." Akatora fodya yaayipfuta akayikandira mumoto akati, "Fodya hayichandinakinzi mazuvano. Ndinoziva kuti ndakuzoyiregedza."

Asi panechishamiso chikuru panezvizvi. Mudzimai wangu ashandura pfungwa dzake dzekuda kubva pamba, atodzosera nhumbi dzake dzaaive arongedza. Akaita izvi maviki matatu apfuura.

Mangwanani anhasi auya kwandiri andiratidza kuti anehanya neni kekutanga shure kwemakore akawanda. Hongo, ndashamisika muparidzi, ndikakatyamara apo paakandi tarisa akati, "Ndinokuda Jack wangu mutsva." "Chii chaizvo chaitika kwandiri muparidzi? Ndine chokwadi kuti zvakakonzerwa nezvidzidzo zvataidzidza vhiki nevhiki neMuvhuro."

10 - CHINYI CHAKAITIKA KUNEZVAKANAKA NEZVAKAIPA?

10 - Chinyi Chakaitika Kunezvakanaka nezvakaipa?

164

Muparidzi akati, "Hapana chandaita, asi ndine chokwadi kuti Bhaibheri rinotsanangura zvese." Akavhura 2 VaKorinte 5:17, akatanga kuverenga kuti: "Kana munhu ava muna Kristu, ava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura tarisai zvose zvava zvitsva." Murume uyu ainzi Jack akazviverenga chinyorwa ichi akati, chisikwa chitsva, Jack mutsva, ndizvo chaizvo Jack mutsva! Kana uchindiziva , muparidzi, ndizvo chaizvo zvandave manheru anhasi."
Hongo shamwari, Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari, zvakare ndiye anesimba rekushandura varume nevakadzi. Jesu uyu anoda kushandura hupenyu hwako. Anoda kukupa nyasha nesimba rekuchengeta mirairo yake . Ungazvinze usina simba asi Jesu anesimba hama yangu. Hazvineyi kuti chii chawakatadza, Jesu arikuda kukuregerera nekukuchenura. Achakupa simba rake rekurarama hupenyu hutsva. Usabvumire kuti uvharidzirwe nezvimwe zvinhu. Jesu aririkudayidza. Arikukudayidza kuti uuye kumba. Ungada here kupfugama nekunyararo uti, "Hongo Mwari wangu ndinokuuya kumusha.?" Iyezvino ungapfugama. Kanganwa nevanhu varimuno, usavatya kana padiki. Funga maererano naJesu apo pauno pfugama.
Iti, "Hongo Jesu, ndavakuuya, ndavakuuya izvozvi." Ngatinamateyi.

11 - Wakasikirwa Zvirinani

1

Ungafadze Sei Zvido Zvemoyo Wako

2

Nyaya inotaurwa yemuchinda ainzi Thomas Huxley uyo aiva Biologist. Thomas akanonoka kusvika kuguta iro kaainofanira kudzidzisa. Nekukasika akapinda mungoro yayidonzwa nemaBhiza, ndobva adaidzira kunemutungamiri wengoro iyi achiti, "Nekumhaya Shamwari!"

3

Mutungamiri akateerera akatungamira mabhiza aya kudonza ngoro nekumhanya. Yakamhanya chaizvo ngoro iyi. Thomas Huxley paakanyatsogara mungoro iyi, azorora, akazosimuka nekukasika akadanidzira kumutungamiri wengoro iyi kuti, "Inzwa, inzwa unoziva here kwandirikuenda?"
"Kwete, handizivi," mutungamiri wengoro akapindura, "Asi ndirikumhanyisa ngoro nesimba rangu rese."


4

Vanhu vakawanda munyika varikumhanya zvikuru. Panezvakawanda zvirikuitika muhupenyu hwavo. Vanogara vachifamba-famba nekumhanya kukuru. Asi chokwadi ndechekuti, vakawanda havazivi kuti varikuenda kupi; havazivi kuti hupenyu hwavo hwakanangepi.

5

Ichi ndichochikonzero Mwari achitipa rukoko rwekugumisira mubhuku reBhaibheri rekupedzisira, muna Zvakazarurwa. Pachitsauko 14 vhesi iriya 7, mupostori Johane anokoka nyika yakamirira kuuya kwaJesu nemanzwi aya…

6

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:7)
"...Ityai Mwari, mumurumbidzei; nokuti nguva yake yokutonga yasvika;

11 - Wakasikirwa Zvirinani

7

namatai iye, wakasika denga, nenyika, negungwa, namatsime emvura."
Zvakazarurwa 14:7.
Ngatimboti une bepa rino tsanangura kuti wofamba sei kuti uwane kwauri kuenda. Kana bepa racho rakakanganiswa unotorasika chete.

8

Namata ani? Namata Iye akasika denga nenyika.
Namata Musiki wezvinhu zvese.
Mwari anokukoka kuti tisafambe nekumhanya asi timire tinyatsonzwisisa zvese zvatirikuita.
Kana tikanzwisisa kuti takasikwa naMwari, zvinotipa kunzwisisa kuti nemhaka yei tiripano panyika zvakare kuti tirikuenda kupi.

9

Asi mumazuva anhasi, vanhu vakawanda vakanganwa Mwari Iye anova Musiki wenyika, nezvinhu zvese nevanhu vese varimo. Vamwe vanhu vanoti ungavimba Bhaibheri usina kana kunyunyuta. Vamwe vanoti hazviitiki.
Ndiani anechokwadi?

10

(Video: 6 sec) Iye nhasi, zviuru zvinofunga kuti takangovepo panyika.
Vanofunga kuti kwemakore akawanda takakura tichibva patunhu tuduku tikazova tumhuka twegungwa uye tikazova mhuka dzesangano kusvikira patakava vanhu.
Vanofunga kuti zvese zvakaitika nenjodzi kana kungoitikawo nenzira yatisinganzwisisi.

11

Asi unoziva here kuti Mwari akatipa chiratidzo chebasa rake seMusiki?
Akatipa chinhu chaive chichatifungidza vhiki nevhiki kuti ndiye akatisika, uye akasika nenyika yese?
Kana Bhaibheri riri rechokwadi, hupenyu hwako hwekumagumo husingaperi kana hokunorasiwa, hunoenderana nekuti wagamuchira chokwadi cheBhaibheri kana kwete.
Zvaunotenda muBhaibheri zvinoita mutsauko nezvaunotenda naMwari.

11 - Wakasikirwa Zvirinani

12

Mwari akatipa chiyeuchidzo ichi chevhiki nevhiki kutifungidza nevhiki rekusikwa kwenyika.
Asi nyika yese yakanganwa chiyeuchidzo ichi.

13

(Video: 15 sec) Nekusava nechiyeuchidzo ichi, vakawanda vakanganwa kuti Mwari ndiye Musiki wenyika.
Nenguva yedu yatinorarama , tinotumira vanhu kumwedzi kuti vanotsvaga zvingatiratidze kuti nyika yakatanga sei.

14

Tinotarira kure kunyeredzi, tichitsvaga kuti nyika yakavamba sei.
Ngatitarisei mubhuku guru rinova Bhaibheri, rinodaidzwa kunzi Shoko raMwari, tione kana tingawane huchapupu hwekuti rinechokwadi kana kwete, kuti tingavimba naro kana kwete.

15

Sei tichizvinetsa tikadai?
Nemhaka yekuti tinoda kuwana mhinduro kumubvunzo wedu mukuru. Tiritoga here munyika? Takasvika sei munyika? Nemhaka yeyi tirimunyika iyi? Zvakare takanangepi?
Kutsvagurura kuno yenderera mberi. Asi kubva nakare mhinduro dziripo kumberi kwedu. Asi tiri nyika yakanganwa, hatichazivi kuti takabvepi.

16

Kune nyika yakanganwa, Mwari anoti, "Rangarira, rangarira kuti ndiri Musiki wako. Uye kukubetsera kuti urangarire, Ndakupa chiratidzo, chinoratidza!"

17

(Video: 5 sec) Panguva iyi munhoroondo yenyika apo kudzidzisa kokuti takabva kumhuka (evolution) kuchiti takangovepo, Mwari anoti, "Hauna kubva pamhuka, Ndakakusika!"

11 - Wakasikirwa Zvirinani

18

Asi, vamwe vangabvunza kuti, "Ndechipi chiratidzo chinotifungidza kuti Mwari akatisika?" Ucharangarira here apo patakadzidza nezvakasikwa naMwari pavhiki yekusikwa kwezvinhu?



19

(Chiverengo: Mapisarema 33:8,9)
Kusikwa kwaishamisa zvikuru! Akazviita sei uye nekukurumidza kwakadai? Bhaibheri rinopa mhinduro: "Nyika yose ngaitye JEHOVA; vose vagere panyika ngavadedere pamberi pake."



20

"Nokuti iye wakataura, zvikaitika; Wakaraira, zvikamira zvikasimba."
Mapisarema 33:8,9.

21

Hatinganzwisisi kuti sei, asi Mwari akakwanisa kuti zvinhu zvese zvivepo panyika neshoko rake. Shoko raMwari, kunyangwe rinobva mumuromo make, kana rakanyorwa muBhaibheri rinosika uye rinesimba! Kubvumirana uku kungatsanangurwa chete nekubvuma kuti Mwari akapa Bhuku rake kwatiri kuitira kuti azivise kuda kwake kwatiri.

22

(Chiverengo: Genesi 2:1)
"Denga nenyika zvikapera saizvozvo, nohuzhinji hwazvo."
Genesi 2:1.

23

Nemazuva matanhatu Musiki akasika nyika ino, akaipfekedza nemiti, nemaruva nerwizi kunzvimbo dzakasiyana.

24

Akaita kubuda nekunyura kwezuva kwakanaka uye nemwedzi waizovhenekesa manheru.

11 - Wakasikirwa Zvirinani



25

Asi zvikuru, Mwari akasika vanhu vaviri. Kuremhekedzwa kukuru! Vakasikwa nemufananidzo waMwari! Vakasikirwa kuvavatongi panyika nepamusoro pazvose zvaivemo!

26

(Chiverengo: Genesi 1:27)
"Mwari akasika munhu nomufananidzo wake, akamusika nomufananidzo waMwari; akavasika..."
Genesi 1:27.

27

Asi, Mwari aive asati apedza!
Aive anechimwe chaaida kuita.
Tarisa kuti Bhaibheri rinoti chii chakaitika pazuva rakatevera rechinomwe rekusikwa:

28

(Chiverengo: Genesi 2:2-4)
"Mwari akapedza basa rake raakaita nomusi wechinomwe;

29

akazorora nomusi wechinomwe pabasa rake rose raakaita."

30

"Mwari wakaropafadza musi wechinomwe, akauita mutsvene; nokuti wakazorora nawo pabasa rake rose, raakanga asika nokuita iye Mwari."

31

"Ndiko kuvamba kwedenga nenyika, musi wazvakasikwa..."
Genesi 2:2-4.

32

Mwari chete ndiye angaite kuti chinhu chitsvene, uye Bhaibheri rinoti Mwari akayeresa zuva rechinomwe.

11 - Wakasikirwa Zvirinani

33

Kuzodza chinhu zvinoreva kuchichengetera basa dzvene. Mwari akasarudza Sabata panemamwe mazuva akaritsveta padivi.
Rakaisiwa padivi sezuva dzvene rakapirwa kunaMwari. Panevamwe vanhu vanobvunza kuti zuva rinebasa rei. Kuda muyenzaniso uyu uchabetsera.

34

Pamuchato mukadzi umwe chete anotsauirwa murume wake. Ngatingoti pamuchato wako.
Wakafara zvikuru. Wangawakatarisira zvikuru panezuva iri kwenguva yakareba.

35

Ngatingoti mukadzi awuchachata naye ane vanin'ina vake vatanhatu. Pamuchato mukadzi umwe anobatanidzwa nemurume umwe chete. Atsaurwa, hasisiri mukadziwo zvake. Ndeakaisiwa parutivi kana akazodzwa. Atozvipira kune murume wake pamuchato.

36

Ngatingoti apo pamunopedza kuchata, umwe munin'ina vemukadzi wako owuya kwauri achiti, "Zvinomutsauko wei? Ndiri umwe wavanomwe. Hazvirevi chinhu kana ndikava mukadzi wako, nekuti ndiri umwe wevanomwe."
Ungati kudini? Hazvinamutsauko here?

37

Ko Imi, Amai, hazvina mutsauko here kuna mwenga? Zvinemutsauko!
Semurume, unenge uchati, "Mwenga wangu akasarudzwa, akazodzwa, akatsaurwa, akapiwa kwandiri?"
Naizvozvo Mwari akatora zuva rechinomwe, akarisarudza, akarizodza, akariisa padivi akaripira kwaari.
Sabata izuva rakakomborerwa uye rakayeriswa.
Bhaibheri rinoti harizirimwe zuva chero, asi rinoti izuva rechinomwe.

38

(Chiverengo: Marko 2:27, 28)
Kristu akataura kuti: "...Sabata yakaitirwa munhu, munhu haana-kuitirwa Sabata."

11 - Wakasikirwa Zvirinani

39

"Naizvozvo Mwanakomana womunhu ndiye Ishe weSabata wo."
Marko 2:27, 28.

40

Mwari akapa Sabata kuti tiwane nguva yekurangarira kuti mavambo edu hasi kumhuka. Mwari akasika munhu nenyika yese kwemazuva matanhatu!
Iyi yaizova nguva dzvene apo munhu neMusiki wake pavaive vachasimbisa sungano yavo yerudo nekunamata vhiki rega rega.
Vhiki nevhiki, munhu aifanira 'kurangarira' kuti Mwari akasika denga nenyika nemazuva matanhatu uye akazorora nezuva rechinomwe.

41

Mwari akaraira munhu kuti arangarire apo paakanyora nemunwe wake mutemo.
Mutemo wechina uripakati pemitemo inegumi yaMwari.
Mwari akaraira vanhu kuti "varangarire" zuva iri, nemhaka yekuti nemazuva matanhatu akasika nyika, nyanza, nerwizi dzemvura.

42

Dai Sabata raive richichengetwa sechirangariro chekusikwa kwenyika dai kusina vanhu vanoti takabva kumhuka, kana vanhu vanonyunyuta chokwadi ichi.
Vaive vachayeuchidzwa vhiki rega rega nekwavakabva zvakare neushamwari wavo neMusiki!
Apo chivi pachakapinda munyika, munhu akakanganwa kwaakabva nekuti nemhaka yei aripano panyika uye nekuti ndekupi kwaari kuenda.
Paakakanganwa izvi, akabva akanganwa zvakare kuti anofanira kugara sei.

43

(Video: 10 sec) Nenguva yaMoses, vanhu veIsraeri vaive vakanganwa Mwari wavo.
Vaiva vavamukati mekunamata zvifananidzo zvakavezwa nemunhu!

11 - Wakasikirwa Zvirinani

44

(Video: 7 sec) Mwari akavadzivirira pavavengi vavo uye Akavatungamirira murenje apo pavaienda "kunzvimbo yechivimbiso."
Vari murenje, Mwari akaita zvinhu zviviri kuvaratidza zvaaida kuti vaite neSabata rechinomwe raaive aita nevhiki rekutanga rekuvambwa kwenyika.

45

(Video:10 sec) Chekutanga, Mwari akavayeuchidza kuti anovada zvikuru uye Aiva avatungamira kubuda muEgipita.
Vaive vasinakutakura kudya kwakakwana.
Nekukasika vakatanga kushora vachichema kuti havachina kudya.
Vakaratidzika kunge vasina kutenda zvishamiso nerudo rwaMwari rwaaive avaratidza, asi Mwari werudo akavapa kudya!

46

(Chiverengo: Eksodo 16:4,5)
"Ipapo Jehova akati kunaMosesi: Tarira, ndichakunisirai chingwa chinobva kudenga;

47

vanhu vachafanira kubuda kundozviunganidzira chiyero chinoringana zuva rimwe nerimwe,

48

ndivaidze ndiwone kana vachida kuteerera murairo wangu, kana kwete."
Eksodo 16:4.
"Chingwa" chirikutaurwa apa chinonzi "manna".

49

"Zvino nomusi wetanhatu kana vogadzira izvo zvavauya nazvo,

50

zvichaita zviyero zviviri kana vachienzanisa nechiyero chavanosiunganidza zuva rimwe nerimwe."
Eksodo 16:5

11 - Wakasikirwa Zvirinani



51

(Chiverengo: Eksodo 16:6)
"Zvino Mosesi naAroni vakati kuvana vaIsraeri vose:

52

Madekwanaa muchaziva kuti Jehova ndiye wakakubudisai panyika yekuEgipita."
Eksodo 16:6.

53

(Video: 16 sec)
Manna yayiuya manheru apo pava nedova. Kwaedza dova rasasauka, manna yayiwonekwa yakawanda pasi. Vanhu vayiyenda vachinoitora munguva dzemangwanani kozoti kusvikira masikati manna yainge yasara yainyangatika.
Chimbomira, tarisa zvaiitika nezuva rechitanhatu revhiki:



54

(Chiverengo: Eksodo 16:21, 22)
"Vakazviunganidza mangwanani ose, mumwe nomumwe sezvaaidya;



55

kana zuva ropisa zvakanyakatika."



56

"Nezuva retanhatu vayiunganidza chingwa vachiita zviyero zviviri, mumwe nomumwe omeri mbiri;



57

zvino vakuru vose vewungano vakauya kuzoudza Mosesi."

11 - Wakasikirwa Zvirinani

58

(Chiverengo: Eksodo 16:23)
"Mosesi akati kwavari: Ndizvo zvakataurwa naJehova: Mangwana izuva rezororo, iSabata rakatsaurirwa Jehova;

59

gochai zvamunoda kugocha, bikai zvamunoda kubika; zvose zvasara muzvivige, muzvichengetere mangwana." Eksodo 16:21-23.

60

(Chiverengo: Eksodo 16:25, 26)
Maererano nezuva rechinomwe: "Mosesi akati: Chidyai henyu izvozvo nhasi, nokuti nhasi iSabata raJehova. Nhasi hamungazviwani kusango."

61

"Munofanira kuzviwunganidza mazuva matanhatu; asi zuva rechinomwe iSabata; nezuva iro hakungavi nechinhu."
Mavhesi 25,26.

62

Vakawanda vakaita izvo zvavaive vataurirwa naMwari, asi vamwe vakayenda neSabata kunotsvaka manna. Tarisa kuti Mwari aiti chii naizvozvo!

63

(Chiverengo: Eksodo 16:28-30)
"Zvino Jehova akati kunaMosesi: Munoramba kuchengeta mirairo yangu nemirau yangu kusvikira riniko?"

64

"Tarirai, Jehova zvaakakupai Sabata, naizvozvo unokupai zvokudya zvamazuva maviri nezuva retanhatu;



65

mumwe nomumwe wenyu ngaagare, kurege kuvapo nomunhu unobuda kwaagere nezuva rechinomwe."

11 - Wakasikirwa Zvirinani

66

"Vanhu vakazorora nezuva rechinomwe."
Eksodo 16:28-30.

67

Sabata rakavambwa pakusikwa kwenyika uye rakaremekedzwa nevanhu vaMwari vasati vasvika kuSinai, apo Mwari paakavapa Mitemo Inegumi.

68

Pamwedzi wechitatu werwendo rwavo, Mwari akaunza vanhu vake pagomo reSinai, ikoko akazviratidza kunaMoses akamupa nyaya yokugovera munhu wese:

69

(Chiverengo: Eksodo 19:5,6)
"Naizvozvo zvino kana mukateerera inzwi rangu nomoyo wose, mukachengeta sungano yangu,

70

muchava pfuma yangu chaiyo pakati pendudzi dzose, nokuti nyika ndeyangu."

71

"Muchava kwandiri hushe hwamaprista, norudzi rutsvene.

72

Ndiwo mashoko aunofanira kunwovudza vana vaIsraeri."
Eksodo 19:5,6.

11 - Wakasikirwa Zvirinani

73

Mwari akapa vimbiso inoshamiso chaizvo kuvanhu vake. Kana vachiteerera mitemo nemirairo Yake, vaiva vachava vanhu vakakosha uye rudzi rutsvene!
Umwe murairo pagumi iye wakapuwa kuti vanhu vasakanganwe ushamwari hwavo noMusiki. Mutemo uyu, unotanga nevara rinoti rangarira.

74

(Chiverengo: Eksodo 20:8-11)
Rangarira zuva reSabata, kuti urichengete rive dzvene. Ubate mazuva matanhatu, uite mabasa ako ose;



75

asi zuva rechinomwe iSabata raJehova Mwari wako; usatongobata mabasa naro,



76

iwe kana mwanakomana wako, kana mwanasikana wako, kana muranda wako, kana murandakadzi wako, kana



77

zvipfuwo zvako, kana mweni wako urimukati mamasuwo ako, nokuti namazuva matanhatu Jehova wakaita

78

denga napasi, negungwa, nezvose zviri mukati mazvo, akazorora nezuva rechinomwe;

79

naizvozvo Jehova wakaropafadza zuva reSabata akariita dzvene."
Eksodo 20:8-11.

11 - Wakasikirwa Zvirinani

80

Sabata riripakati, kana mumoyo wemirairo inegumi. Zuva reSabata chirangariro chekusikwa kwenyika. Sabata rine zera nenyika, Mwari akariita pamwe nenyika.
Mwari anovimbisa vanhu Vake zvikomborera zvakawanda kana vakamuteerera uye varangarire chiyeuchidzo chekusikwa kwenyika.

81

(Chiverengo: Isaya 58:13, 14)
"Kana uchidzora gumbo rako pazuva reSabata, kuti urege kuita zvaunoda pazuva rangu dzvene, uchiti, Sabata izuva rinofadza,

82

nezuva dzvene raJehova rinofanira kukudzwa, uchirikudza, usingaiti zvaunoda,

83

kana kutsvaka zvinokufadza, kana kutaura mashoko ako;

84

ipapo uchawana mufaro munaJehova..."
Isaya 58:13, 14.
Dai munhu airangarira chiyeuchidzo chatakapiwa naMwari cheSabata, kutambura kwakawanda kwaanosangana nako, kukanganwa Mwari, hupenyu husinamaturo, kusazviziva, dai kwaigadziriswa nyore. Dai kusina vanoti takabva kumhuka!

85

(Video: 8 sec) Asi zvinosiririsa kuti, vanhu vaMwari vakakanganwa. Vakakanganwa kunamata Mwari nezuva rake dzvene uye,

86

kusati kwapfuura nguva yakareba vakatanga kunamata tumwari twezvitanda netwamambwe.
Vakarasikirwa nekwavakabva!

11 - Wakasikirwa Zvirinani

87

Kumutsidzira kwakawanda kwekuremekedza Sabata kwaimboitika apo vaporofita vaMwari pavaidzidzisa kuti vanhu vadzokere kuMusiki anova Mwari.
Isaya akakurudzira kuti Mwari haana kuti Sabata rive revanhu vechiJuda bedzi.

88

Sabata rakavambwa rudzi rwechiJuda rusati rwavapo. Mwari haana kupa chikomborero ichi kurudzi rumwe chete.

89

(Chiverengo: Isaya 56:6, 7)
Anokoka munhu wese, kunzvimbo yese kuti arangarire uye achengete Sabata pamwe naye.
"…Wese unochengeta Sabata..."



90

"...ndichavauyisa kugomo rangu dzvene, nokuvafadza muimba yangu yokunyengetera;

91

...nokuti imba yangu ichanzi imba yokunyengetera."
Isaya 56:6, 7.

92

Hapana muBhaibheri chinyorwa chinoti zuva rechinomwe rinonzi "Sabata yema Juda."
Jesu akazvijekesa kuti izuva remunhu wese apo paakati,

93

(Chiverengo: Marko 2:27)
"...Sabata yakaitirwa munhu, munhu haana-kuitirwa Sabata."
Marko 2:27.

11 - Wakasikirwa Zvirinani

94

(Chiverengo: Eksodo 20:10)
"...asi zuva rechinomwe iSabata raJehova Mwari wako..."
Eksodo 20:10.

95

(Chiverengo: Mateo 12:8)
Jesu akataura kuti: "Nokuti Mwanakomana womunhu ndiye Ishe weSabata wo."
(Mateo 12:8)nokuti ndiye akarisika.

96

(Chiverengo: Zvakazarurwa 1:10)
Ndichochikonzera Johane akaridana achiti "...zuva raMwari...."
Zvakazarurwa 1:10.
Sabata harizi chiyeuchidzo chekusikwa kwenyika nechiyeuchidzo cheMusiki chete, asi chiratidzo pakati paMwari nemunhu.

97

(Chiverengo: Ezekieri 20:20)
"MaSabata angu ngaave matsvene kwamuri; zvigova chiratidzo pakati pangu nemi,

98

kuti muzive kuti ndini Jehova Mwari wenyu."
Ezekieri 20:20.
Akaita Sabata dzvene panguva yekusikwa kwenyika ndiye zvakare anoita kuti vatadzi vave vatsvene.
Musiki wedu ndiye Muponesi wedu zvakare!

99

(Chiverengo: Ezekieri 20:12)
"Ndakavapa wo maSabata angu, chive chiratidzo pakati pangu navo,



100

kuti vazive kuti ndini Jehova, unovaita vatsvene."
Ezekieri 20:12

11 - Wakasikirwa Zvirinani

101

(Video: 12 sec) Sabata rakavambwa chivi chisati chasvika panyika, zvakare richaremekedzwa zvikuru apo chivi pachinenge chaparadzwa nekusingaperi munyika.

102

(Chiverengo: Isaya 66:22, 23)
"Nokuti denga idzva nenyika itsva, zvandichaita, sezvazvichagara zviripo pamberi pangu

103

saizvozvo rudzi rwako nezita rako zvichagara zviripo-ndizvo zvinotaura Jehova."

104

"Zvino panguva iyo nyama yose ichauya kuzonamata pamberi pangu, pakugara kwomwedzi mumwe nomumwe, napaSabata imwe neimwe-

105

ndizvo zvinotaura Jehova."
Isaya 66:22, 23.

106

(Video: 6 sec) Panguva yehupenyu husingaperi, vanhu vaMwari vachafarira kana kuremekedza Sabata vachimurumbidza seMusiki wavo naMuponesi. Kana Sabata rakaremekedzwa chivi chisati chapinda panyika, uye rigoremekedzwa zvakare munyika itsva yatichagadzirirwa naMwari, hazvinzwisisike here kuti tinofanira kuriremekedza izvozvi here?

107

Kana tinemubvunzo maererano naMwari neSabata, tingatarire kana kudzidza kuti Iye Jesu airibata sei.

108

Ruka anotitaurira zvaiitwa naJesu nemusi weSabata:

109

(Chiverengo: Ruka 4:16)
"Akasvika paNazareta, paakanga arerwa,

110

akapinda musinagoge nomusi weSabata sezvaaisiita, akasimuka kuti arave."
Ruka 4:16.
Bhaibheri rinoti ndizvo zvaaiitaiye Jesu!



111

Webster's dictionary rinoti, "Sabata;



112

izuva rechinomwe reviki (Mugovera)."
–Webster's New World Dictionary, second college edition.

113

(Video: 9 sec) Dai zuva raive rashandurwa kana kukanganwa pakati penguva ya Adamu naMoses, dai Mwari akazvigadzirisa apo paakanyora mitemo inegumi pagomo reku Sinai.

114

(Video: 11 sec) Dai zuva raive rarasika pakati penguva yaMoses na Jesu, dai Jesu akatitaurira.

115

(Video: 9 sec) Dai zuva raive rashandurwa munguva yevadzidzi vaJesu, dai vakazvinyora.

11 - Wakasikirwa Zvirinani

116

(Video: 9 sec) MaJuda anochengeta nguva nekuchenjera, arikungo namata nezuva rechinomwe, kana ne Sabata (Mugovera).

117

(Video: 19 sec) Paisava nemubvunzo nezuva chairo reSabata munguva yekurarama kwaJesu.
Kubvunza nekupikidzana kwaivepo, kwaiva kokuti rinochengetiwa neipi nzira.
Vana rabbi vakanyonganidza kuchengetwa kweSabata nekuvamba mirairo yairema kutevera.
Jesu akayedza kubvisa zvinodiwa nevanhu uye aratidze zvinoreva kuchengeta Sabata.

118

Apo pavakashora Jesu kuti atyora Sabata nemhaka yekuti aive arapa vanhu nezuva iroro, akapindura akati,

119

(Chiverengo: Mateo 12:12)
"...zvakatenderwa kuita zvakanaka neSabata."
Mateo 12:12

120

(Video: 18 sec) Bhaibheri rinoti Jesu akarapa zvakare akabetsera,
Sabata nderokutigadzirisa, richitinunura pakunetseka kwemoyo yedu, pakusarura vanhu, pakunyima, uye richitipa runyararo mupfungwa dzedu;
Nderokutidzoseredza pamufananidzo waMwari uye richitinongedza kuMusiki wedu!
Iri ndiro basa Jesu raakauya kuzoita, uye ndiro basa rakasara richiitiwa nevadzidzi apo Jesu paaive aenda kudenga.

121

(Video: 11 sec) Kuti Sabata rinorevei kwakabudiswa pachena nevateveri vaJesu mushure mekufa kwake.
Panguva iyi, shamwari dzaJesu dzakazorora nekuraira komutemo waMwari, apo pavakarega kuzora muviri waJesu kusvikira Sabata rapera.

11 - Wakasikirwa Zvirinani



122

(Chiverengo: Ruka 23:54-56)
"Waiva musi woKugadzirira, Sabata roda-kutanga."



123

"Navakadzi vakanga vauya naye, vachibva Garirea, vakavatevera, vakawona bwiro, nomuisirwe womutumbu wake."



124

"Vakadzoka, vakagadzira zvinonhuwira namafuta. Vakazorora nomusi weSabata vachiteerera murairo."
Ruka 23:54-56.

125

(Video: 8 sec) Zuva riri shure kweSabata, tariro yavo muna Jesu yaive yaparadzwa.
Vakamuona achifa pamuchinjiko. Tariro yavo nevimbo yaiva paguva rinerima.
Vaida kuzora chitunha chake.



126

(Chiverengo: Ruka 24:1)
"Nomusi wokutanga wevhiki, mambakwedza, vakauya kubwiro, vakabata zvinonhuwira, zvavakanga vagadzira."
Ruka 24:1.

127

Ngatitarisei izvo zvakaitika pamazuva aya matatu.



128

1. Nechishanu: Jesu akafa; vakadzi vakagadzira zvinonhuwirira nemafuta.

11 - Wakasikirwa Zvirinani

129

2. Mugovera (Sabata): Jesu akazorora muguva; vateveri Vake vakazorora.



130

3. Sondo (zuva rekutanga revhiki): Jesu akamuka muguva! Vakadzi vakauya kuzozora Jesu. Hapana kunyunyuta kuti zuva reSabata kwaiva ripi pakufa kwaJesu.

131

(Chiverengo: Johane 19:30)
Jesu akarembera pamuchinjiko nezuva rekugadzirira uye akati,
"...Zvapera!..."
Johane 19:30.

132

Basa rake rekuponeso raive rapera!
Akazorora paguva nezuva reSabata

133

(Video: 6 sec) akamuka nezuva reSondo, irorinova zuva rekutanga revhiki.
Nyangwe murufu Jesu akachengeta Sabata;
Akazorora muguva nezuva reSabata.
Patinomira pedyo nemuchinjiko, tinonzwisisa kuti hatingangotori chero zuva pamanomwe! Nemhaka yekuti kutamba neSabata kunenge kuri kutamba nekusikwa kwenyika, zvakare kutamba neSinai, nekutamba neKarivhari pachayo!

134

Hongo, zvinebasa kuti tinoremekedza zuva ripi. MuKristu arimunyori anonzi George Vandeman akanyora kuti:



135

"Tingaone sei vateveri vake vachiramba kuondonga nguva tsvene nyangwe nemabasa erudo,



136

tingamuone sei achifa pamuchinjiko nemhaka yekuti mutemo waMwari wayisagona kushandurwa nyangwe kuti ununure hupenyu Hwake

137

tingamire sei pakubwinya kwepa Karivhari tichiti hazvinabasa?"
–A Day to Remember, p. 40.

138

Musiki akati, "Rangarira," asi vakawanda vanokanganwa! Asi ichi kwaiva kusiri chinangwa chaMwari. Jesu aitarisira kuti maKristu achengete Sabata nguva dzese.

139

(Chiverengo: Mateo 24:20)
"Nyengeterai kuti kutiza kwenyu kurege kuva pachando kana neSabata."
Mateo 24:20.

140

(Video: 6 sec) Jesu aitarisira kuti maKristu mugore ra A.D. 70, apo Jerusarema payakaparadzwa ayenderere mberi achichengeta Sabata!

141

(Chiverengo: Mabasa 17:1,2)
Testamentde Itsva inoti vateveri vaJesu vakachengeta Sabata mushure mekumuka kwaJesu:
"...vakasvika kuTesaronika paiva nesinagoge ravaJuda."

142

"Zvino Pauro, sezvaaisiita, akapinda kwavari; akataurirana navo zvapaMagwaro maSabata matatu."
Mabasa 17:1,2.
Nerimwe Sabata apo Pauro paaiparidza, avo vasiri verudzi rwemaJuda vakauya kuzomukumbira kuti:

11 - WAKASIKIRWA ZVIRINANI

11 - Wakasikirwa Zvirinani

143

(Chiverengo: Mabasa 13:42,44)
"Zvino vakati vachibuda musinagoge, vakakumbira zvikuru kuti vaparidzirwezve mashoko iwayo neSabata rinotevera."

144

"NeSabata rakatevera guta rinenge rose rakawungana kuzonzwa shoko raMwari."
Mabasa 13:42, 44.

145

Mubhuku reMabasa makanyogwa misangano inosvika 84 yakabatwa naPauro pazuva reSabata.

146

Sabata rinofamba setambo yendarama kubva mubhuku raGenesi kusvika munera Zvakazarurwa, richitsanangura avo vakagadzirira kuchingamidza Jesu pakuuya kwake kwechipiri!

147

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:12)
"Ndipo panokutsungirira kwavatsvene, vanochengeta mirairo yaMwari nokutenda kwaJesu."
Zvakazarurwa 14:12.

148

(Chiverengo: Johane 14:15)
Jesu akati, "Kana muchindida muchachengeta mirairo Yangu."
Johane 14:15. umwe murairo wacho unotitaurira kuti ti "rangarire zuva reSabata"

149

Kana tichinamata Mwari Musiki wedu vhiki rega rega nezuva rechinomwe reSabata, hatimbokanganwi kuti takabvepi kana kuti ndiyani wakatisika pamwe chete nenyika yese.

150

Kana tichichengeta Sabata vhiki rega rega, hatimboshamisiki kuti tirivanani, vanakomana nevanasikana vaMwari, Mambo venyika yese!

11 - Wakasikirwa Zvirinani

151

Hatimboshamisiki kuti takasvika sei munyika ino, tiripano nemhaka yekuti Mwari anotida, Ndiye Akatisika.

152

Jesu anofanana anokukuridzira kuti u "rangarire" anotambanudza mawoko Ake kwauri manheru anhasi, mawoko akamborovererwa zvivi zvako pamuchinjiko wepa Karivhari, uye neinzwi nyoro anokushedza achiti, "Nditevere."

153

Uchatevera here Musiki wako iyezvino?
Uchateerera murairo Wake here weku rangarira Sabata raakagadzirira iwe?
Uchamunamata vhiki rega rega here apo Sabata parinouya nezuva rechinomwe?
Uchatevera here muenzaniso waJesu newevadzidzisi vake pakunamata Musiki wako nezuva rechinomwe resabata?

154

Sabata hayisi nyaya yekuti unonamata nezuva ripi chete, shamwari yangu. Asi inyaya yekutevera Jesu nguva yese. Inyaya yekumira naAdamu na Eva apo pavakanamata paSabata yekutanga. Inyaya yekuteerera mirairo yaMwari naMoses apo Mwari paakati, "rangarira zuva reSabata urichengete rivedzvene." Inyaya yekunamata zuva rimwe na Isaya, Jeremia, Danieri nemagamba ese ekutenda muTestamende Yakare.
Inyaya yekurumbidza Mwari seMusiki maSabata ega ega na Petro, Jakobo (James) na Johane.
Inyaya yekuva umwe wevanhu vaMwari pamagumo enguva, avo vanotaurwa mubhuku ra Zvakazarurwa kunzi vanochengeta mirairo yaMwari.
Ungada here kuti, "Hongo Jesu ndichamira nemi, ndichakuisai mberi uye ndichakuteverai nzira yese." Kana chirichishuwo chako, simudza ruoko tinamate.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

1

Usazvibvumire kuti Zviitike Kwauri

2

Nhema dzinogamuchirwa sechokwadi kana dzagara kwenguva refu. Tora nyaya yedandemutande. Mugore ra 350 B.C.,mudzidzi mukuru ainzi Aristotle akavamba kuti dandemutande inemakumbo matanhatu.

Kwemakore makumi nemaviri vanhu vakawanda vakaibvuma kuti dandemutande inemakumbo matanhatu. Hapana munhu akazvinetsa kuti azviverengere. Pamusoro pazvo ndiani aive angapikidzane nemudzidzi akachenjera Aristotle? Kwakazouya umwe muchinda aiva akadzidza zvakare ainzi Lamarck, uyu akatora dandemutande akanyatso zviverenga makumbo ayo ndobva awona kuti dandemutande inemakumbo sere.
Nyaya yaive yataurwa kwemakore zvichinzi ichokwadi yakazoparadzwa naLamarck apo paakazvinetsa kuti azviverengere makumbo ebove.

3

Zvingareve here kuti panenhema dzapinda muchitendero chechiKristu? Zvingareve here kuti tirikutaura nechinhu chakakosha kukunda bove? Zviuru zvevanhu zvinonamata nezuva rekutanga revhiki vachifungidzira kuti ndiro Sabata remu Bhaibheri. Pachidzidzo chedu chapera, tawona kuti Sabata rezuva rechinomwe ndiro Sabata rechokwadi raMwari. Semabhuku kwemakore akawanda aidzidzisa kuti dandemutande rinemakumbo matanhatu, vakawanda vanogamuchira nhema maererano nezuva chairo reSabata.
Chikonzero chekuuya pano muchiteerera kudzidzisa kweBhaibheri ndechekuti moyo yenyu irikuda chokwadi. Munoda kuziva kuti shoko raMwari rinoti kudini. Hamutsvaki kuti vatungamiri vemasangano vanodzidzisei. Asi munoda kuziva izvo chaizvo zvinotaura Mwari.
Ngatimbodzokororai nekukasika zvatakapedzisira kudzidza.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

4

(Video: 8 sec) Tadzidza kuti Mwari akatipa zuva rakakosha pavhiki rega rega, zuva reSabata, apo patinonamata tichirangarira basa rake seMusiki wedu. Tadzidza kuti Sabata haringori rimwe zuva, asi kuti izuva rechinomwe revhiki.
Tadzidza zvakare kuti Sabata richave richichengetwa pachaguma nyika ino uye tavakudenga neMusiki wedu.

5

Asi kana tichitarisa munyika yese, tinoona kuti vanhu vakawanda havanamati Mwari nezuva rechinomwe.

6

Vakawanda havanamati nyangwe Mwari weBhaibheri asi vanonamata zvimwari zvakasiyana.

7

Asi panevanonamata Mwari weBhaibheri, vakawanda vacho vanomunamata nezuva risiri iro raakakomborera.
Nemhaka yei zvakadaro?
Mwari akashandura here zuva rake?
Pane munhu here akarishandura?
Nemhaka yei vanhu vakawanda vachichengeta rimwe zuva rakaita seSondo sezuva raMwari vachisiya zuva rechinomwe reSabata?

8

Tadzidza muBhaibheri kuti Mwari akatipa chiratidzo chakakosha zvikuru, chinowanikwa pamutemo wake:

9

(Chiverengo: Ezekieri 20:12, 20)
"Ndakavapa wo maSabata angu, chive chiratidzo pakati pangu navo,

10

kuti vazive kuti ndini Jehova, unovaita vatsvene."

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

11

"MaSabata angu ngaave matsvene kwamuri; zvigova chiratidzo pakati pangu nemi,

12

kuti muzive kuti ndini Jehova Mwari wenyu."
Ezekieri 20:12, 20.

13

(Video: 4 sec) Kubva kekutanga kusvika kumagumo, Bhaibheri rinotitaurira kuti Mwari akavamba zuva reSabata uye Sabata izuva rechinomwe revhiki. Hapana nzvimbo muBhaibheri nyangwe imwe hayo inoratidza kuti Mwari akashandura zuva rake rekunamata nezororo, chiratidzo pakati pake nevanhu vake.

14

(Video: 10 sec) Ngatimbodzokororai kwenguva shoma izvo zvatawana nekudzidza shoko raMwari.
Apo Mwari paakapedza kusika nyika ino nevanhu, Akasika Sabata

15

sechirangariro chekusikwa kwenyika pazuva rechinomwe pavhiki yekutanga uye munhoroondo yese yenyika.

16

Mwari paakanyora murairo wake pagomo reSinai, Akayisa pamoyo kana pakati pemirairo yake murairo weSabata.

17

(Video: 5 sec) Murairo uyu waizogara uchifungidza vanhu kuti havanakungovapo munyika.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

18

Chikonzero chaanopa chekukurudzira vanhu kuti vachengete zuva rechinomwe ndechekuti Akasika nyika ino nemazuva matanhatu

19

uye akazorora nezuva rechinomwe.
Maererano nemirairo Yake, Mwari achiburikidza naMoses akataurira vanhu kuti vaisafanira kuwedzera zvavo pamirairo Yake kanakutapudza nyangwe chimwe hacho pamurairo.

20

(Chiverengo: Dueteronomo 4:2)
"Musawedzera kana kutapudza pashoko randinokurairai,



21

kuti muchengete mirairo yaJehova Mwari wenyu, yandinokurairai."
Dueteronomo 4:2. Mwari akavataurira,

22

(Chiverengo: Mapisarema 89:34)
"Sungano yangu handingaizvidzi, kana kushandura chinhu chakabuda pamuromo wangu."
Mapisarema 89:34.

23

Jesu pachake akaratidza kushinga kuremekedza Mutemo waive apa pagomo rekuSinai.
Akataurira vanhu pamharidzo mugomo kuti haana kuuya kuzoputsa mutemo waMwari asikuzozadzisa mutemo waMwari!

24

(Chiverengo: Mateo 5:17-19)
Tarisa mashoko ake: "Musafunga kuti ndakauya kuparadza murairo kana vaporofita: Handinakuuya kuparadza, asi kuzadzisa."



25

"Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kusvikira denga napasi zvichipfuura,

26

yota imwe kana tsanga imwe yomurairo hazvingatongopfuuri, zvisati zvaitika zvose."

27

"Naizvozvo aninani unoputsa mumwe wemirairo miduku iyi, akadzidzisa vanhu kuita saizvozvo,

28

uchanzi muduku muhushe hokudenga..."
Mateo 5:17-19.
Apo Mwari paakapa mirairo kuvanhu vake, Akazvijekesa kuti hapana munhu aifanira kupamhidzira kana kushandura zvaaraira nemuromo wake mutsvene.

29

Jesu pachake akapa muenzaniso kuti Aida chaizvo kurumbidza zuva Iye naBaba vake ravaive vasika vakariita rikavadzvene pavhiki yekutanga yenhoroondo yenyika.

30

(Chiverengo: Ruka 4:16)
"Akasvika paNazareta, paakanga arerwa, akapinda musinagoge nomusi weSabata sezvaaisiita,

31

akasimuka kuti arave."
Ruka 4:16.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

32

Apo vatungamiri vesangano vashora vadzidzi vaJesu kuti vatyora Sabata, Jesu akati aiva Mwari wezuva iroro.

33

(Chiverengo: Marko 2:27, 28)
"Sabata yakaitirwa munhu, munhu haana kuitirwa Sabata."

34

"Naizvozvo Mwanakomana womunhu ndiye Ishe weSabata wo."
Marko 2:27,28.

35

Jesu haana kumbokudza zuva reSabata chete, asi akakurudzira vadzidzi vake kuti vanamatire kuchengeta zuva rake dzvene munguva yaive ichauya.

36

(Chiverengo: Mateo 24:20)
Tinoona izvi muna Mateo 24:20: "Nyengeterai kuti kutiza kwenyu kuregekuva pachando kana neSabata."

37

Apa Jesu aitaura nekutiza kwevateveri vake vachibva muguta reJerusarema risati

38

raparadzwa mugore ra A.D. 70 nemaRoma.

39

Apo paakaroverwa pamuchinjiko, Akatarisira kuti vateveri vake vayenderere mberi vachikudza Sabata.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

40

MaJuda echi Orthodox anonamata nezuva rechinomwe kubvira panguva yaMoses, makore 3500 akapfuura. Pese pavanenge vari munyika, vanorangarira zuva Mugovera, zuva rechinomwe revhiki, sezuva Mwari raakaisa padivi kuti tinamate naro.

41

Kunyangwe kune Bhaibheri chete, taigona kuwona nekunzwisisa kuti zuva rechinomwe nderipi kana Sabata.
Apo patinovhura nyaya yekuroverwa kwaJesu pamuchinjiko, bhuku ra Ruka rinotitaurira izvo zvakaitika pakupera kwevhiki iyi.
Shure Kristu afa pamuchinjiko neChishanu, Bhaibheri rinoti:

42

(Chiverengo: Ruka 23:54-56; 24:1)
"Waiva musi woKugadzirira, Sabata rodakutanga."

43

"Navakadzi vakanga vawuya naye, vachibva Garirea, vakavatevera, vakaona bwiro, nomuisirwe womutumbu wake."



44

"Vakadzoka, vakagadzira zvinonhuwira namafuta. Vakazorora nomusi weSabata vachiteerera murairo."

45

"Nomusi wokutanga wevhiki, mambakwedza,

46

vakauya kubwiro, vakabata zvinonhuwira, zvavakanga vagadzira."
Ruka 23:54-56; 24:1.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

47

Vechitendero chechiKristu vakawanda, vanopembera zuva re Good Friday vachirangarira kufa kwaJesu. Vanopembera zvakare Easter Sunday vachirangarira kumuka kwaKristu.

48

Bhaibheri rinotitaurira kuti zuva riripakati iSabata, "sezvinotaura murairo."

49

(Video: 4 sec) Kunyangwe Ruka akanyora kwemakore akawanda Jesu aroverwa pamuchinjiko, aidana zuva reSondo achiti "zuva rekutanga revhiki,"
uye aingodana zuva rechinomwe achiti "Sabata."
Bhaibheri rinopamutsauko uripachena pamusoro pamazuva aya maviri.

50

Vapostori vakaenda mberi vachinamata uye vachiparidza nezuva rechinomwe reSabata kwemakore akawanda Jesu ayenda kudenga.

51

(Chiverengo: Mabasa 13:14, 42,44)
Bhaibheri rinotaura naPauro nevamwe vake apo pavakashanyira nzvimbo yekuAntioch "...vakapinda musinagoge nezuva reSabata, ndokugara pasi."

52

(Chiverengo: Mabasa 13:14)
"...Zvino vakati vachibuda musinagoge,

53

vanhu vakakumbira zvikuru kuti vaparidzirwezve mashoko iwayo neSabata rinotevera."

54

"NeSabata rakatevera guta rinengerose rakavungana kuzonzwa shoko raMwari."
Mabasa 13:42,44.
Kwaive kuritsika yaPauro kunamata mukereke nezuva reSabata:

55

(Chiverengo: Mabasa 18:4)
"Sabata rimwe nerimwe akataurirana navo musinagoge, akaidza kugombedzera vaJuda navaGiriki."
Mabasa 18:4.
Pamavhesi aya emuBhaibheri, tinoona zviripachena kuti hapana huchapupu hokuti Kristu kana vadzidzi vake vakashandura zuva rekunamata.
Hapana vhesi muBhaibheri inoraira kuti zuva raMwari rishandurwe!

56

Hapana kana munyori umwe weTestamende Itsva akati kushandurwe Sabata raMwari!
Dai zuva rakashandurwa, dai zvakanyorwa muBhaibheri!



57

(Chiverengo: Mapisarema 89:34)
Mwari akati, "...handingaizvidzi...kana kushandura chinhu chakabuda pamuromo wangu."
Mapisarema 89:34.
Mwari haanakushandura mutemo wake uye hapana unotenderwa kushandura mirairo yaMwari!
Vadzidzi vanobva kumasangano akasiyana anochengeta Sondo anozvibvuma izvi.

58

"Ungarava Bhaibheri kubvira kunaGenesi kusvikira kunaZvakazarurwa, hawumbowani chinyorwa kanachimwe chinokurudzira kuti Sondo rakaitwa rikava dzvene.

59

Bhaibheri rino kurudzira kuchengetwa dzvene kwezuva reMugovera."
- The Faith of Our Fathers, pp. 111, 112.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

60

"Zuva rekutanga tinorichengeta hedu asi hatina kurairwa kuti tidaro.



61

Munhu angatswake chinyorwa muBhaibheri chinoti Sabata rakashandurwa rikaitiwa Sondo agochishaya."
- Ten Rules for Living. p. 61.

62

Hapana chinyorwa chinobva muBhaibheri kuti Kristu kana vadzidzisi vake vakachengeta rimwe zuva kana kudzidzisa vamwe izvozvo!
"Zvino kuchengeta Sondo kwakabvepi?" Ungabvunze.

63

"Masangano akawanda munyika anokudza zvitsvene zvakavanzika (chidyo chaJesu) nomusiwe Sabata vhiki nevhiki,



64

asi maKristu eku Alexandria kuRome, nemhaka yokusatenda, havachakudzi izvi."
–Ecclesiastical History, as quoted by C. B. Haynes, From Sabbath to Sunday, p. 35.

65

Vamwe vawongorori venhoroondo vanonyora kuti masangano akawanda aikudza zuva rechinomwe reSabata nemakore akare, uye zvese zvavaiita zvakanyorwa nemaKristu munyika yese.

66

Vawongorori vakawanda venhoroondo yemasangano vanoratidza kuti kutanga kwekushanduka kwemazuva kwakava pakati pegore ra A.D 70 na A.D. 135, makore apo kupanduka kunotyisa kaviri kwemaJuda kwakazoparadzwa nemaRoma.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

67

Apo kuvengwa kwemaJuda neverudzi rwechiRoma kwapakakura, kwakasangana zvakare nekunetsana kwaiita maJuda nemaKristu, kwakakonzera kuti pave nezvinyorwa zvaishora maJuda zvakazokonzera kuti pavenekuvengwa kwakanyanyisa kwemaJuda munzvimbo yese yeRoma.
MaKristu akatya zvikuru kufambidzana kana kufananidzwa nemaJuda. Nemhaka yekuti kuremekedza zuva reSabata kwaifananidza maKristu nemaJuda, vakazoona zvirinani kuti vatange kusariremhekedza sezvinoda Mwari

68

"Pane umbowo hwakanaka hunoratidza kuremekedzwa kweSondo kwakatangidza panguva iyi pamwe chete nekupemberera Easter Sunday,



69

kuchiedzwa kuti zviratidzwe pachena kuvatungamiriri veRoma kusiyana kana kutsaukana kwemaKristu nemaJuda."
Ibid., p. 237.

70

Nekudaro, zvirinyore kunzwisisa kuti nemhaka yei maKristu aigara muguta reRoma akavamba kutyora kuremekedzwa kwe Sabata.
Vaigara munzvimbo yaiva nemhandu yakanyanya zvikuru!

71

(Video: 7 sec)
Zvinonzwisisika kuti vakatiza kuchengeta Sabata raive richisekwa nemaRoma, nemhaka yekuti sangano reku Roma raive rakawanda vanhu vasiri vechi Juda avo vaive vatendeuka vachibva kutsika dzenyika.

72

(Chiverengo: VaRoma 11:13)
Zvinofadza kuona nzira Pauro yaakataura nayo kusangano reku Roma: "Ndinotaura kwamuri, imi vahedeni..."
VaRoma 11:13.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

73

MaKristu, aya achango tendeuka aiva asinakutsigira kwakakwana pakuchengetwa kweSabata semaKristu erudzi rwechiJuda aiva agara achichengeta Sabata.



74

Nemhaka yei zuva reSondo rakasarudzwa panemamwe mazuva evhiki?
Mubvunzo wakanaka kwazvo!
Vahedeni vaigara muguta reRome vainamata zuva kwemakore akawanda, vachipemberera zuva reSondo sezuva rekunamata zuva remudenga.

75

Vatungamiri veRome vaizviratidza sanamwari vezuva, vachinamira chiratidzo chezuva pamari nedzimba dzavo uye vachikurudzira kuti vanhu vese vavanamate.
Vamwe vadzidzi veBhaibheri vanotenda kuti sangano panguva idzi rakaona zvakakodzera kugamuchira nzira dzehuhedeni.
Pakugamuchira tsika dzehuhedeni kwakaonekwa sekuti vahedeni vaive vachatendeukira nekukasika kuchitendero chechiKristu, uye kwaive kuchakonzera kuti guta rese ribatane rigova nechitendero chimwe chikuru.

76

Kwemakore akawanda zuva reSondo rairemekedzwa, kwete sezuva dzvene, asi sezuva rezororo.
Nekufamba kwenguva mazuva maviri akazotanga kuchengetwa semazuva madzvene.



77

Tinoverenga zvinotevera mubhuku re Apostolic Constitutions, chapter 23.
"MaKristu handiwo ega akatanga kurega kutenda kwavo kwechokwadi.



78

Kuchenuruka nekutenda kwesangano revapostori kwakamira kwakasimba uye kwakarurama, asi pavakafa uye kwapfuura makore akawanda uye kwava nemamwe maKristu akazouya,



79

tinoona umbowo wekubvumira nzira dzechihedeni uye nekumukira Mwari."

80

Kubvumira nzira yechihedeni kwakatsigirwa nemutemo wekutanga weSondo wakavambwa nemutungamiri weRoma ainzi Constantine mugore ra March 7, A.D. 321.



81

Apo achiri muhedeni, akavamba kuti: "Nezuva rekunamata zuva remuchadenga vatungamiriri nevanhu vanogara mumaguta ngavazorore, uye zvitoro zvese ngazvivharwe.



82

Kumamisha, vanhu vakabatikana nekurima ngavasununguke havo nebasa ravo."
History of the Christian Church, 1902 ed., vol. 3, p. 380.

83

Danho rakatevera pakuvamba kuremekedza zuva reSondo pachiKristu rakaitwa nesangano rekuRome pakanzuru yeku Laodicea. Yakavamba mutemo wekutanga maererano nekuchengetwa kweSondo.



84

"Mugore ra 325 muchinda ainzi Sylvester, mubhishopi weku Rome akashandura kudaidzwa kwezuva rekutanga, akati ravakunzi izuva raMwari."
–Historia Ecclesiastica, p. 739.
Pane imwe kanzuru yeku Laodicea, yakaitwa mugore ra 364, mutemo unotevera wakavambwa:

85

"MaKristu hafaniri kuchengeta Sabata semaJuda uye kuzorora nezuva rechinomwe,.....asi anofanira kushanda nezuva iroro;



86

asi vanofanira kukudza zuva raMwari, uye semaKristu vachafanira, kana zvichiita,



87

kusashanda nezuva iroro."
–A History of the Councils of the Church, vol. 2, p. 316.

88

Kunyangwe pakava nemutemo uyu, maKristu echokwadi akaramba achikudza Sabata, nekuti Papa Gregory (Pope) akataura mashoko aya anotevera pamusoro peavo vairamba vachikudza Sabata rechokwadi,



89

"Sevaporofita vaSatani avo vaitsigira kuti kusashandwa nezuva rechinomwe."
–The Law of Sunday, quoted in C. B. Haynes, From Sabbath to Sunday, p. 43.

90

(Video: 7 sec) Rangarira kuti Bhaibheri raisawanikwa kumunhu wese panguva iyoyo sezvariri nhasi. Dzidziso nguva iyoyo yaiitiwa nevatungamiriri kusvikira vanhu pavakakoniwa kupatsanura zveBhaibheri nezve tsika.

91

Kusvikira vanhu vakawanda vaziva chokwadi sezvachaidzidziswa naJesu neva dzidzisi vake, makore akawanda akapfuura,

92

pakazouya kumutsidzira kukuru (Protestant Reformation) kwaibvunza nzira netsika dzakakwanda dzaivedzapindira dzidziso yeshoko raMwari.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema



93

Kuchema kwekumutsidzira (Reformation) kwaive, "Bhaibheri chete ndiro rinenzira yekutenda kwedu."

94

Vakawanda, vakaita saJohn Huss naJerome, vakafira kuvimbika kwavo muBhaibheri nekupisiwa nemoto!

95

Kwapfuura makore 600, chokwadi cheSabata chakagara chakavanzika nemhaka yetsika dzaive dzavepo.
Vashoma chete vakanyatso verenga kuti vatsvake kuti Bhaibheri raiti kudini.
Vakagamuchira zvavaive vaudzwa, vasingabvunzi kuti zvaiva chokwadi kana nhema.

96

Dzimwe nguva vanhu vanogamuchira zvavanoudzwa vasingabvunzi. Kwemakore akawanda vanhu vakawanda vaibvuma kuti nyika iri pakati pezadenga.
Vakabvuma kuti zuva nedzimwe nyeredzi zvaitenderedza nyika.
Umwe muchinda ainzi Copernicus akazoshandura kufungira uku.
Akavamba kuti, "Zuva kwete nyika, ndiyo iripakati penyeredzi dzakawanda." Unoziva kuti ndiani ayimupikidza zvakanyanya?
Kwaiva vatungamiri vemasangano --- nevadzidzisi vemasangano. Vaiti, "Nemhaka yei iwe Copernicus uchida kushandura denga rakasikwa naMwari?"
Asi Copernicus aisashandura denga raMwari. Aibudisa pachena tsika yakare yaive isina kutsigirwa nekutsvakisisa kwakakwana. Corpenicus aibudisa pachena chokwadi.
Kutendera chinhu nemhaka yekuti wakachiziva kwenguva refu hachiiti kuti chive chechokwadi.
Sabata rakashandurwa sei?
Teerera vanyori vesangano reKatorika rinova iro rakatungamira kushandura kweSabata richiisa kuSondo kuti rinoti kudini.

97

"Sangano reKatorika kwemakore mazana negumi kusati kwava nemamwe masangano,

98

rakashandurira zuva kuSondo(Sunday) richibva kuzuva reMugovera(Saturday)."
–The Christian Sabbath, p. 16.



99

Kubva mubhuku remaKatorika rinonzi Convert's Catechism, tinoverenga kuti:

100

"Mubvunzo: Sabata chairo nderipi?



101

Mhinduro: "Mugovera ndiro zuva reSabata."



102

Mubvunzo: Seiko tichikudza Sondo panekukudza Sabata?

103

Mhinduro: "...nekuti sangano reKatorika rakashandura zuva kubva kuMugovera richiisa kuSondo."
Kushandura uku kwakaitwa nekanzuru yeku Laodicea mugore ra A.D. 336.

104

Ungabvunze kuti nemhaka yeyi sangano reKatorika nekubvuma kwavo uye nesimba ravo vakashandura zuva raMwari?
Mhinduro inowanikwa panzvimbo yehutungamiriri yaive ichifambirana netsika dzesangano reKatorika.

105

Nemazuva ekutanga ekumutsidzira (Reformation), mutsauko mukuru pakati pemaProtestanta nemaKatorika kwaive pamusoro pesimba retsika musangano.
Apo Martin Luther paakataura kuti aifanira kutevera Bhaibheri chete, akadenha masangano ekereke reKatorika aive akatsigirwa netsika.

106

Kanzuru yeku Trent yakakumbana kuvamba danho raive richatorwa nesangano reKatorika patsika nehukama hwayo neBhaibheri.
Mubvunzo wakazogadziriswa.
Tarisa chidimbu chakapiwa chakashandura zvese chakataurwa sezwakanyorwa na H.H. Holtzman:



107

"Pakupedzisira mugore ra 1562, January, kuzengurira kwese kwakatsvetwa padivi:



108

mubhishopi mukuru weku Reggio akataura pachena kuti tsika dzinomira pamusoro peshoko raMwari."
Canon and Tradition, p. 263.
Bhaibheri haritenderi pfungwa dzekuti tsika dzinofanira kutsigira dzidziso yesangano.

109

Ucharangarira here mubvunzo wakabvunzwa vatungamiriri vesangano naJesu?

110

(Chiverengo: Mateo 15:3,9)
Akabvunza kuti, "...nemi wo munodarikireiko murairo waMwari nokuda kwetsika dzenyu?"

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

111

"Asi vanondinamata pasina, vachidzidzisa dzidziso iri mirairo yavanhu."
Mateo 15:3,9.

112

Wanzwisisa here?
Uchatevera Kristu neBhaibheri kana kuti uchatevera tsika dzavanhu?
Haisi nyaya yemazuva nemanhamba.
Inyaya yana mambo!
Ndiyo nyaya chaiyo!
Jesu Kristu ndi Mambo vako, kana kuti tsika dzemamwe masanga ndidzo mambo vako?


113

Taona kutaura kwevadzidzi vakawanda uye nemabasa enhoroondo. Zvino tochitarisa kutaura konowanikwa mumazuva edu maererano nekushandurwa kweSabata.



114

Tinoona kutaura uku: "Raiva sangano reKatorika rakafunga kuti zuva reSondo rinofanira kuva zuva rekunamata, kuchikudzwa kumuka kwaJesu."
–Karl Keating, Catholicism and Fundamentalism, 1988, p. 38.



115

Chimwe chinyorwa chichakukonzera kuti ushamisike ugofungisisa chinobva mubhuku rinonzi Saint Catherine Catholic Sentinel, mugore ra May 21, 1995.
Raiti,
"Kushanduka kukuru kwakaitwa nesangano munhoroondo kwaive



116

kushandura zuva dzvene reSabata richibviswa kuMugovera richiiswa kuzuva reSondo...kushandura uku hakuna kurairwa neBhaibheri asi kwakabva pasimba resangano…



117

Vanhu vesangano reSeventh-day Adventists ndivo vanofunga kuti Bhaibheri chete ndiro rinofanira kushandiswa, nekuti vanochengeta zuva reMugovera sezuva dzvene.

118

Muchiporofita chaDanieri pachitsauko 7, Mwari anobudisa pachena kuna Danieri kuti "nyanga diki" yemuna Danieri 7:21,25 yayizo

119

(Chiverengo: Danieri 7:25)
"...Ichafunga kushandura nguva nemirairo..."
CHIPOROFITA CHINOSHAMISA!
Uku kubudisa pachena kuti simba resangano renyika richaedza kushandura mirairo yaMwari.
Pane mutemo umwe chete pamirairo yaMwari inegumi unotaura nenguva, mutemo weSabata.

120

Sangano reRoma rakafunga kuita izvi, asi Mwari akangofanana nhasi sepanguva iyo yaakasika denga nenyika uye haana kushandura zvaakavamba paEdeni.
Chipororfita chinokurudzira munhu wese kuti anamate Musiki, nemhaka yekuti ndiye achatonga munhu wese.

121

Chiporofita ichi chinopuwa kudana vanhu vachagadzirira kuchingamidza Jesu apo paachauya nemakore ekudenga.
Vanhu vachadaira uye vagogadzirira vanotsanangurwa nenzira iyi,

122

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:12)
"Ndipo panokutsungirira kwavatsvene, vanochengeta mirairo yaMwari nokutenda kwaJesu."
Zvakazarurwa 14:12.

123

Zviri pachena kuti avo vanekutenda kwaJesu, nemoyo unerudo kunaMwari, vachachengeta mirairo yaMwari.

12 - Zviuru Zvinonyengerwa Nenhema

124

Hongo, Mwari anotikumbira kuti TIMURANGARIRE seMusiki wedu nekuchengeta zuva rake dzvene.
Kuita sezvaanoda zvinoreva kuti tinoratidza kuvimbika kwedu kwaari.
Kana munhu akachengeta sabata rakaitiwa nemunhu, anenge achiteerera tsika dzevanhu.
Kana tikanzwisisa kuda kwaMwari, tichafara kumutevera.
Mwari anechaanotaura maererano netsika dzevanhu:

125

(Chiverengo: Marko 7:6,7)
"...Vanhu ava vanondikudza nemiromo yavo, Asi moyo yavo iri kure neni."

126

"Asi vanondinamata pasina, vachidzidzisa dzidziso, iri mirairo yavanhu."
Marko 7:6,7.



127

(Chiverengo: Marko 7:9)
Zvakare: "...Zvirokwazvo, munoramba murairo waMwari, kuti muchengete tsika dzenyu."
Marko 7:9.

128

(Chiverengo: Marko 7:6)
Jesu akati, "...moyo yavo irikure neni."
tarisa, inyaya yemoyo.
Nyaya yerudo.

129

(Chiverengo: 1 Johane 5:3)
Bhaibheri rinoti, "Nokuti rudo rwaMwari ndirwo, kuti tichengete mirairo yake; mirairo yake hairemi."
1 Johane 5:3.

130

Jesu apo achidzidzisa nerimwe zuva, akataurira vatereri vake kuti handi munhu wese achaenda kudenga.
Akati ungaziva miti nemichero yawo, kuti michero yakanaka kana kwete!

131

(Chiverengo: Mateo 7:21)
Akazoti, "Havazi vese vanoti kwandiri, Ishe, Ishe, vachapinda muhushe hwekudenga;

132

asi unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga."
Mateo 7:21.

133

Izvi zviripachena. Mwari anoziva avo varivake nekutarisa michero yehupenyu hwavo. Havazi avo vanotaura kuti ndevaMwari, asi ndeavo vanoita izvo zvavataurirwa naMwari kuti vaite.
Ndeavo vachachingamidzwa muhumambo hwaMwari.

134

Kana uchida Mwari, uchamubvumira kuti atungamirire hupenyu hwako kuitira kuti uite kuda kwake. Kana tikachengeta Sabata, hatichengeti chete kuraira kwaMwari kwatiri, asi tinowana makomborero aMwari muhupenyu hwedu.

135

Apo patinogara tichirangarira Musiki wedu nezuva iroro vhiki rega rega uye tichitarisa kwaari, tichaguma tamuziva zvakanaka. Hupenyu hwedu hwakabatikana mazuvano.
Munhu wese anenge arikumhanya mhanya.
Munhu wese anenge anechakawanda chekuita, uye nenguva shoma yekuchiita!

136

Pakati pekubatikana uku, Mwari anotikoka kuti tibude kwezuva rimwe chete tizorore.
Anotikoka kuti tive naye pazuva iri, tichimunata, tichitaura naye, tichimuteerera apo paanotaura ne kuburikidza neshoko rake riri Bhaibheri.
Zvakanaka zvikurusa, apo patinogara zuva rese tichifunga uye tichitaura neMusiki wedu!

12 - ZVIURU ZVINONYENGERWA NENHEMA

137

Rega ndikutsanungurire nyaya iyi pachena shamwari.
Pane rumwe rutivi tinechokwadi, panerumwe rutivi tova netsika.
Pane rumwe rutivi tineBhaibheri panerumwe rutivi, tova nedzidziso yevanhu.
Pane rumwe rutivi tinekuraira kwaMwari,pane rumwe rutivi tova nekuraira kwevanhu.
Pane rumwe rutivi tine Sabata, pane rumwe rutivi tova neSondo.
Haisi nyaya yemazuva, asi inyaya yanamambo!
Haisi nyaya yeku teerera Mwari chete, asi inyaya yekutevera Jesu!
Ungada here kuita sarudzo yekupira hupenyu hwako kutevera Mwari panekugamuchira tsika dzevanhu? Sei usingatauriri Jesu kuti uchamutevera nzira yese apo patinonamata.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

1

Kudenga, kuGehena, kana kupi?

2

Mugore ra 1956 mu Belgian Congo makaita hondo. Chipatara chachiremba Carlson chakatorwa nevapundiki.
Vashandi vakawanda vepachipatara vakaurawa. Nerombo rakaipa , chiremba Carlson vakafawo. Chitunha chake pachakawanikwa shure kwemazuva mashoma, paive pane Testanete ristva muhomwe yake. Mukati maro aive anyora zuva. Kwaive kurizuva asati aurawa akanyora vara rimwe chete rinoti 'Runyararo." Runyararo mberi penguva dzinorwadza.
Runyararo mberi perufu. Chinyi chakapa runyararo rwakadai kuna Dr Carlson.

3

Zvinoitika here kuti tiwane runyararo apo patinosangana nerufu? Chiinyi chingatichengete takasimba apo patinosangana nerufu? Panemibvunzo yakawanda isina kupindurwa maererano nerufu. Chinyi chaicho chinoitika kana munhu akafa? Anoenda kudenga? Kana kugehena? Kana kuti hapana chinoitika? Unoziva zvinenge zvaitika kumiviri, asi aripi munhu airarama mumuviri iwoyo? Kana vanhu vakafa vanotofa zvachose kana kuti vanoramba vachirarama kune imwe nzvimbo?

4

Kurwadza kwekufirwa kwakakura zvikuru zvekuti tinoda hedu kutenda kuti kunofanira kuva ne imwe nzira vadiwa vakafa vedu yavanoramba vachirarama nayo--uye kuti kana tingatsvakisise tingawana nzira yekutaura navo.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

5

Nekutsigira kukuru, manzwi anonzwikwa achiti izvi ichokwadi uye zvinoitika.
Tarisa muchinda anoita zvemidzimu anonzi Van Praagh, semuenzaniso.
Mubhuku rake rinonzi 'Talking to Heaven': riri maererano nemudzimu wayiunza nyaya yekurarama mushure merufu, bhuku iri rakawa bhuku rinotengwa nevanhu vakawanda pamutambo unonzi Larry King Show.

6

Moyo yedu inodisa chaizvo kuti izive chokwadi mayirana nerufu uye kuti ivenerunyararo apo patino sangana nekufa.

7

(Video: 5 sec) Mwari anechokutaura here maererano nenyaya iyi yorufu?
Bhaibheri pane zvarinotaura here nezvinoitika kana munhu afa? Mhinduro inoti HONGO!

8

Mhinduro inowanikwa apo pakamuka Jesu Kristu.

9

Bhaibheri rinoti, apo Jesu paakafa shamwari dzake dzaviga "chitunha chake muguva raive ragadzirirwa Josefa."

10

Mutungamiriri weRoma ainzi Piratu akaraira mawuto ake kuti avhare uye asunge mukova weguva.
Nekudaro, hapana ayizokwanisa kutora chitunha chake.
Hapana aizokwanisa kunze kwaBaba vaKristu.

11

Nomusi weSondo mambakwedza, mutumwa waMwari akadzika achibva kudenga aineku bwinya kukuru chaizvo, aka kungurutsa dombo raive rakavhara mukova, akachedza Jesu kuti amuke.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

12

Muponesi akamuka nekukunda kwakaperera pamusoro perufu--mukundi mukuru.
Mawuto akaderera akaita sevakafa nekuti aive atosvorwa nekubwinya kukuru kwemutumwa waMwari.

13

Nyaya yekumuka kwaJesu yaiva nyaya yayisimbisa sangano rekutanga rechiKristu--sezvo maRoma aiva asina tarira uko kweguva. Zvavaiziva chete ndezvokuti guva inzvimbo yayiva yakadzikira inerima, nzvimbo yekuti kana munhu akapindamo hazombobudi zvakare. Nekudaro maKristu aive anenyaya yetariro rechokwadi. Guva raiverisiri nzvimbo yekugumisira.
Avo vaive vachafira munaKristu vaive vachararama zvakare nerimwe zuva!


14

Marinda kana makuva ekuguta reku Roma anoratidza mutsauko pakati pekufa kwevahedeni nenguva yakare-ne makuva emaKristu. Tarisa zvayinyorwa pamakuva eavo vayifa vasina tariro

15

Aya ndiwo mavara kanyorwa nyorwa pamakuva aya:
Sara zvakanaka zvachose--kana, Sara zvakanaka nekusingaperi.
Zvino chitarisa zvayinyorwa pamakuva emaKristu:

16

Sara zvakanaka kusvikira tasangana zvakare--kana, Urare zvakanaka kusvikira mangwanani.
Makuva avo ayinyorwa maererano netariro, vakatarisira mberi pazuva iro rekumutsva vakafa.

17

(Chiverengo: Zvakazarurwa 1:18)
"Naiye Mupenyu; ndakanga ndafa, tarira, ndiri mupenyu nokusingaperi-peri;



18

ndinekiyi dzorufu neHadesi." "
Zvakazarurwa 1:18.
Hapana tariro yemangwana mushure merufu kunze muKristu achiziva zvaakachengeterwa naMwari.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

19

Chitsauko 15 cha 1 VaKorinte chitsauko chikuru apo Pauro paakatsanangura nezverufu nekumuka (Resurrection).
Anotsanangura zviri pachena kuti hapana remangwana rema Kristu kana pasina kumuka (resurrection).

20

(Chiverengo: 1 VaKorinte 15:16-18)
Tarisa zvaakataura:
"Nokuti kana vakafa vasingamutswi, naKristu haana-kumutswa wo."

21

"Kana Kristu asinakumutswa, kutenda kwenyu hakunamaturo; muchiri muzvivi zvenyu."

22

"Zvino naivo vakafa munaKristu vakarashikavo."
1 VaKorinte 15:16-18.

23

Asi kunzwisisa zvaanotaura kuti akaita, tinofanira kunzwisisa zvinodzidziswa neBhaibheri mayirana nerufu pacharo.

24

Apo Mwari paakasika munhu, chaive chisiri chinangwa chake kuti afe.
Mushure mekusika Adamu, Mwari akatarira zvaaive asika, uye Bhaibheri rinoti muna Genesi 1:32 kuti zvese zvaive ZVAKANYATSO naka!
Paive pasina rufu, kurwara, kana kuchema panyika apo Adamu na Eva vasati vatadza. Kuda ucharangarira Mwari zvaakataurira vanhu:

25

(Chiverengo: Genesi 2:16, 17)
"Jehova Mwari akaraira munhu, achiti: Ungadya hako miiti yose yomunda;

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

26

asi muti wokuziva zvakanaka nezvakaipa usaudya;

27

nokuti nomusi waunoudya, uchafa zvirokwazvo."
Genesi 2:16, 17.

28

Chitsauko chinotevera chenyaya hachifadzi. Nyaya inosiririsa yakanyorwa mubhuku ra Genesi, chitsauko 3.

29

Satani, achishandisa nyoka, akazviratidza kuna Eva akamuedza kuti asaterere Mwari adye chimiti chavakarairwa kuti vasadya.
Apo Eva paakatsanangura kuti Mwari akavataurira kuti chimiti chaifanira kusadyiwa nokuti pavanochidya vaive vachafa,

30

(Chiverengo: Genesi 3:4)
nyoka yakati, " ...Hamungafi zvirokwazvo."
(vhesi 4)
Idzi ndidzonhema dzekutanga dzakanyorwa muBhaibheri maererano nerufu!
Eva akasarudza kuteerera Satani akadya chimiti chekuziva zvakaipa nezvakanaka.

31

Mwari akamanikidzwa kubvisa Adamu na Eva pachimiti chehupenyu, nekuti:

32

(Chiverengo: Genesi 3:22, 23)
"...munhu wava somumwe wedu zvaanoziva zvakanaka nezvakaipa;

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?



33

zvino zvimwe ungatambanudza ruvoko rwake akatoravo zvomuti wovupenyu, akadya, akararama nokusingaperi."

34

"Naizvozvo Jehova Mwari akamubudisa mumunda weEdeni,



35

kuti arime ivhu raakatorwa kwariri."
Genesi 3:22,23.


36

Kufa kwakauya pamunhu nekuti akatsaukana naMwari, Iye anova muvambi hwehupenyu- uye akabviswa pedyo nechimiti chehupenyu.



37

(Chiverengo: Genesi 3:18, 19)
Mwari akataurira Adamu panguva iyi:
"...iwe uchadya mirivo yomusango."

38

"Uchadya zvokudya zvako neziya rechiso chako kusvikira uchidzokera kuvu;



39

nokuti wakatorwa kwariri. Zvauri guruva, uchadzokerazve kuguruva."
Genesi 3:18, 19.

40

Iyi ndiyo kiyi yekunzwisisa mayirana nerufu nechinangwa chaMwari chekuda kutinunura kuti tisapesane Naye nekusingaperi.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

41

Bhaibheri rinoti munhu achadzokera kuvu kwaakabva. Tarisa kuti Mwari akasika sei Adamu:

42

(Chiverengo: Genesi 2:7)
"Jehova Mwari wakawumba munhu neguruva revu,



43

akafuridzira mweya wohupenyu mumhino dzake; munhu akava mweya mupenyu."
Genesi 2:7.

44

Mwari akatora guruva akaita muviri wemunhu.
Apo paaive apedza kugadzira muviri wemunhu, Aingova chete nechitunha chisina hupenyu--muviri chete.
Zvakatora rimwe danho kuti ave munhu anorarama.
Bhaibheri rinoti Mwari akafemera mumhino dza Adamu mweya wehupenyu-- munhu akazova mweya unorarama.



45

(Video: 3 seconds) Tingazvinzwisise nenzira iyi:
Muviri
+ Mweya
= Mweya Mupenyu.

46

(Video: 3 seconds) Kana munhu afa, tinganyore nekudai:
Munhu anorarama
-- Mweya
= Chitunha.

47

(Chiverengo: Muparadzi 12:7)
Ndizvo chaizvo zvakataura nemurume akachenjera muna Muparidzi: "Guruva risati radzokera kuvu, sezvarakanga rakaita; vuye mweya usati wadzokera kunaMwari wakaupa."
Muparidzi 12:7.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

48

Izvi ndizvo zvinofanana nezvinotaurwa mubhuku raJobo maererano nerufu-bhuku rekutanga reBhaibheri rakanyorwa--

49

(Chiverengo: Jobo 27:3)
"Nokuti hupenyu hwangu huchiri mandiri chose, Nomweya waMwari uchiri mumhino dzangu."
Jobo 27:3.
Tarisa kuti Bhaibheri rinoti kudini, "Nomweya waMwari uchiri mumhino dzangu."



50

Ndizvo Mwari zvaakaisa mumhino dzemunhu apo paakamusika.

51

(Chiverengo: Mapisarema 146:3,4)
Ngatitarisei chimwe chinyorwa:
"Regai kuvimba namachinda, kana nomwanakomana womunhu, usingagoni kubatsira."

52

"Mweya wake unobuda, iye unodzokera pasi pake; Nezuva iroro pfungwa dzake dzinopera"
Mapisarema 146:3,4.

53

Mambo Davida anobudisa pachena chokwadi cherufu apo paanoti mweya unobuda mumuviri wodzokera kuguruva. Munhu ofa.



54

(Chiverengo: Muparidzi 9:5,6)
Izvi zvinofambirana nezvakataurwa na Solomon kuti:
"Nokuti vapenyu vanoziva kuti vachazofa, asi vakafa havana-chavanoziva, kunyange nomubairo havachina;



55

nokuti havacharangarirwi."

56

"Rudo rwavo, nokuvenga kwavo, negodo ravo, zvose zvanguva zvapera hazvo..."
Muparidzi 9:5,6.

57

(Video: 5 sec) Hapana chaanoziva!
Hapana!
AIWA! Hapana chinhu!
Izvi zvinoenderana nezvakanyorwa muMapisarema kuti vakafa havazi kudenga vachirumbidza Mwari.
Kana vasiri kudenga, zvino varikupi? Ungabvunze.



58

(Chiverengo: Mapisarema 115:17)
David akazvibudisa pachena paakati: "Vakafa havarumbidzi Jehova, Kunyange aninani unoburukira kwakanyarara."
Mapisarema 115:17.

59

(Chiverengo: Jobo 14:10, 12, 13)
"Asimunhu anofa, akaparara hake; zvirokwazvo munhu anorega kufema, zvino uripiko?"

60

"Saizvozvo munhu anovata pasi, akasamuka zve;

61

Havazomukizve kusvikira denga rapera, havangamutswi pahope dzavo."

13 - CHINYI CHINOITIKA KANA UKAFA?

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

62

"Haiwa! dai muchindivanza henyu paguva, muchindichengeta pakavanda, kusvikira hasha dzenyu dzapfuura,

63

munditemere nguva yakatarwa, yamungandirangarira nayo."
Jobo 14:10, 12, 13.

64

Apa tinozviwana mushoko raMwari kuti munhu anofa ogara pasi muguva uye hamuki kusvikira zuva Jesu paachauya kechipiri kuzomuka vakafa. Tarisa kuti anotsanangura seyi:



65

(Chiverengo: Jobo 14:14, 15)
"Kana munhu achinge afa, ungararamazve here? Ndaimira hangu mazuva ose okutambudzika kwangu, kusvikira kusunungurwa kwangu kuchisvika."

66

"Muchandidana, ini ndikupindurei..."
Jobo 14:14, 15.

67

(Chiverengo: Jobo 17:13)
Tarisa kuti Jobo anotitaurira kuti: "Kana ndinetariro, guva ndiyo imba yangu; Ndakawadza nhovo yangu murima."
Jobo 17:13.

68

Tarisa zvakare kuti Jobo akashandisa zita rinonzi 'kurara' apo achitaura nezverufu.
Ndizvowo zvinotaura nevamwe vanyori veBhaibheri.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

69

(Chiverengo: Mapisarema 13:3)
Davida akanyora kuti: "Rangarirai, mupindure, Jehova Mwari wangu; venekerai mesu angu, ndirege kuvata hope dzokufa."
Mapisarema 13:3.
Davida aitya kurara kurara korufu--aida kurarama!



70

(Chiverengo: Danieri 12:2)
Danieri anotaura maererano nevakafa vachamutswa: "Zvino vazhinji vavavete muguruva rapasi vachamuka, vamwe vachamukira hupenyu husingaperi, vamwe kukunyadziswa nokuzvidzwa kusingaperi."
Danieri 12:2.

71

Chimwe chokwadi chinonyaradza mushoko raMwari ndechekuti kana munhu akafa, anozorora nekunyarara, asingatambudzwi nezvinoitika munyika kusvikira Jesu auya.
Naizvozvo Bhaibheri rinoti kufa kurara.

72

Muporofita Nathan akataurira mambo Davida zvaive zvichaitika kwaari kana nguva yekufa kwake kwasvika.

73

(Chiverengo: 2 Samueri 7:12)
"Kana nguva yako yasvika, iwe ukavata namadzibaba ako..."
2 Samueri 7:12.

74

Jesu pachake aiti rufu kurara.
Akashandisa vara rakafanana kutsanangura kufa kweshamwari yake, Lazaro. Ngatitarisei kuti Jesu nevavo vaiva pedyo naye vaiti kudini maererano nerufu. Paiva nemusha kuBethany wayi wanzo shanyirwa naJesu--musha wa Lazaro, Maria na Martha.

75

(Chiverengo: Johane 11:5)
Bhaibheri rinoti, "Jesu wakanga achida Marta, nomununguna wake, naRazaro."
Johane 11:5

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

76

Nerimwe zuva Jesu nevadzidzi vake vaiva kurwizi Jordan, Akagamuchira nhau dzinosisiririsa kubva kushamwari dzake dzitatu ku Bethany kuti Lazaro airwara zvikuru, asi Jesu akagara kwaaive kwemazuva maviri.

77

(Chiverengo: Johane 11:11, 12, 14, 15)
Jesu akati, "...Razaro, hama yedu, wavata; asi ndinoenda, kuti ndimumutse pahope."

78

"Zvino vadzidzi vakati kwaari: Ishe, kana akavata, uchanaya."

79

"Ipapo Jesu akavawudza pachena: Razaro wafa.

80

Ndinofara nokuda kwenyu, kuti ndakanga ndisiipo, kuti mugotenda; asi zvino hendei kwaari."
Johane 11:11-15.

81

Vakazoenda ku Bethany kwaigara mhuri yacho. Pavakasvika paguta iri, Martha akauya achimhanya kuzo vachingamidza.

82

(Chiverengo: Johane 11:21, 23,24)
Paakasangana naJesu, akati, "Ishe, dai maiva pano, hanzvadzi yangu ingadai isina-kufa."
Johane 11:21.
Martha aiva nechokwadi naizvozvo!
Asi, Jesu aiva nezano.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

83

"Jesu akati kwaari: Hanzvadzi yako ichamukazve."

84

"...Ndinoziva kuti uchamukazve pakumuka nezuva rokupedzisira."
Johane 11:23-24.
Martha akavimbisa Jesu kuti aive anetariro rekuona Lazaro pakumuka apo pachaguma nyika.

85

Asi, Jesu aive akuzoratidza zvichaitika pazuva rekuuya kwake.



86

(Chiverengo: Johane 11:25)
Jesu akati: "...Ndini kumuka nowupenyu; unotenda kwandiri, kunyange akafa, uchararama."
Johane 11:25.

87

Apo Jesu paakauya paguva ra Lazaro, Johane anotitaurira kuti

88

(Chiverengo: Johane 11:35)
"Jesu akachema misodzi."
Aisachemera shamwari yake Lazaro.
Aiziva kuti aive achamumutsa.

89

Ayichemera mhuri neshamwari dzainzwa kurwadza uye neavo vaizonzwa kurwadza nekuchema apo vashayikirwa nevadiwa vavo mumakore ayizotevera.

90

Jesu akaraira kuti dombo raive rakavhara mukova weguva ri

91

bvisiwe.

92

(Chiverengo: Johane 11:39)
Nekusanzwisisa kuraira kwaJesu, Martha akati: "...Ishe, wotonhuwa zvino, nokuti wava namazuva mana okufa kwake."
Johane 11:39.
Hongo, Jesu akanonoka kuenda ku Bethany kwemazuva mana. Kunonoka uku kwaive kuchaputsa kupokana kwese kokuti Lazaro aive akafa zvirokwazvo.

93

Dombo zvino raive rakungurutswa, ne inzwi rikuru Jesu akati, "LAZARO, UYA KUNO!"

94

Umwe akati zvaive zvakanaka kuti Jesu akayisa pachena kuti ayidana Lazaro chete; nekuti makuva ese emunyika ayizovhurika!

95

Rinenge rakava zuva rakanaka chaizvo kuvadikanwi ava ku Bethany!
Vakafara zvikuru!
Shamwari dzangu, raiva zuva rekufara zvikuru munzvimbo yeku Bethany,

96

asi kwaingova chiratidzo chidiki chezvichatora nzvimbo apo Jesu paachauya kechipiri, apo pachavhurika makuva ese eshamwari dzake dzese dzakagashira ruponeso--uye vachasimudzwa kumuchingamidza mudenga!
Iyi inyaya inonyaradza yakagoverwa kuma Kristu ekutanga namupostori Pauro:

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

97

(Chiverengo: 1 VaTesaronika 4:13, 16)
"Zvino, hama dzangu, hatidi kuti mushaiwe kuziva pamusoro pavavete,

98

kuti murege kuchema savamwe vasinatariro."
VaTesaronika 4:13.
Pauro anotitaurira izvo zvichaitiwa naJesu apo paachauya kechipiri:

99

"Nokuti Ishe pachake uchaburuka kudenga nokudanidzira, nezwi romutumwa mukuru,

100

nehwamanda yaMwari; vakafa munaKristu vachatanga kumuka."
1 VaTesaronika 4:16.

101

Pauro anotsanangura pachena zviratidzo zvichaitika apo Jesu paachauya:

102

(Chiverengo: 1 VaKorinte 15:51-55)
"Tarirai, ndinokuvudzai chakavanzika: Hatingavati tose, asi tichashandurwa tose;

103

pakarepo, nokubwaira kweziso, nehwamanda yokupedzisira;

104

nokuti hwamanda icharira, ipapo vakafa vachamutswa nokusavora; nesu tichashandurwa."
1 VaKorinte 15:51, 52.
Pauro anotitaurira kuti tichashandurwa sei:

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?



105

"Nokuti ichi chinowora chinofanira kufuka kusawora; nechichi chinofa chafuka kusafa."

106

Zvino kana ichi chinowora chafuka kusawora, nechichi chinofa chafuka kusafa,

107

ipapo shoko rakanyorwa richaitika, rinoti: Rufu rwakamedzwa nokukunda."

108

"...Iwe rufu, kukunda kwako kuripiko?"
VaKorinte 15:53-55.

109

Jesu aive ataurira vadzidzi vake kuti vese vachamutswa mumakuva.

110

(Chiverengo: Johane 5:28, 29)
"Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguva inowuya, nayo vose vari mumakuva vachanzwa inzwi rake,

111

vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwohupenyu,

112

avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokutongwa."
Johane 5:28, 29.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

113

Chimbofunga kwechinguva: Kana vanhu vayiyenda kudenga kana kugehena pakufa kwavo, nemhaka yeyi kuchava nekumuka kwevakarurama kana vakaipa apo Jesu paachauya?
Nemhaka yeyi Jesu akataura izvi Iye achazouya kechipiri?

114

(Chiverengo: Zvakazarurwa 22:12)
"Tarirai, ndinokurumidza kuwuya; mubairo wangu ndinawo, kuti ndipe mumwe nomumwe sezvaakaita."
Zvakazarurwa 22:12.

115

Zviripachena!
Kana vanhu vakafa, vanenge varara, vakazorora pakushanda nepamatambudziko kusvikira Jesu auya.

116

Arikuuyira chii?
Arikuuya kuzomutsa uye nekubatana zvakare neavo vese vamugamichira seMuponesi wavo.
Jesu achauya zvakare kuzochingamidza avo vese varivateveri vake vakambika.
Tereera kunhau idzi dzakanaka!



117

(Chiverengo: 1 VaTesaronika 4:17)
"Zvino isu vapenyu, vakasakara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe mudenga;

118

naizvozvo tichava naShe nguva dzose."
1 VaTesaronika 4:17.

119

Taona kuti vese vakaponeswa vachava nemuviri wakashanduka sewa Jesu, uye vachagamuchira kusafa (hupenyu husingaperi) kuitira kuti vave naMwari nekusingaperi.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

120

Umwe angabvunze kuti, "Ko mbavha iya yayive pamuchinjiko?"

121

Ngatitarisei zvinodzidziswa neBhaibheri maererano nembabva uye nevimbiso Jesu yaakamupa.
Jesu akaroverwa pamuchinjiko pakati pembabva mbiri kuitira kuti avo vayimuuraya vamuratidze semutadzi mukuru.

122

Bhuku ra Marko rinoti pakutanga, mbabva mbiri idzi dzayi tuka Jesu dzichimuti kana anesimba, ayifanira kuzvinunura pamwechete navo.
Asi imwe mbabva yakazotendeuka ikagamuchira ruponeso.

123

(Chiverengo: Ruka 23:42, 43)
"Ipapo akati: Jesu mundirangarire kana mosvika muvushe venyu."



124

"Iye akati kwaari: Zvirokwazvo, nhasi uchava neni muParadiso."
Ruka 23:42, 43.

125

Ngatitarisei vimbiso iyi zvakare. Hongo, shamwari! Nhasi, iyezvino, newe ungava nevimbiso iyi. Muna Kristu munevimbiso.


126

Kunyangwe Kristu aive achafa nezuva iroro, uye agare muguva kusvikira mangwanani eSondo, Jesu aive nechivimbiso chekubuda muguva.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

127

(Chiverengo: Ruka 23:43)
(Video: 5 sec) Yaiva vimbiso inofadza zvikuru kumbabva yaifa! Apo asisina tariro. Apo zvaaive akuona kwava rima rayityisa moyo wake, Jesu akamuvimbisa tariro mberi kweguva.
Jesu akavimbisa mbabva iyi panguva iyoyo kuti, "Nhasi ndinokutaurira, kana iyezvino ndiriku kutaurira, "uchavaneni muParadiso."



128

Vamwe vanofunga kuti Jesu ayivimbisa mbabva kuti achayenda kuparadiso nenguva iyoyo. Asi Jesu pachake haana kuyenda kuParadiso apo paakafa.

129

Bhaibheri rinotitaurira kuti Jesu akafa nezuva iroro, rechishanu (Friday), akavigwa muguva rayiveragadzirirwa umwe.

130

Ne Sondo mangwanani, Jesu akazviratidza kuna Maria, uye Maria aive akuda kumunamata, asi Jesu akamurambidza nekuti ayive asati ayenda kudenga. Tereera zvakataura Jesu:

131

(Chiverengo: Johane 20:17)
"...Ndichigere kuenda kunaBaba vangu..."
Johane 20:17
Jesu aive asiri kuparadiso nezuva rechishanu!

132

Bhaibheri rinoti taurira kuti mbabva yayive isiri kuparadiso nezuva reChishanu.

133

(Chiverengo: Johane 19:31-33)
"Zvino zvawaiva musi wokugadzirira paseka, vaJuda vakakumbira kunaPirato kuti makumbo avo avhunwe, vabviswe,

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

134

kuti mitumbu irege kugara pamuchinjikwa neSabata, nokuti zuva iro reSabata raiva guru."
Johane 19:31.

135

"Naizvozvo varwi vakavuya, vakavhuna makumbo owokutanga, noomumwe wakanga aroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naye."

136

"Asi vakati vachisvika kunaJesu, vachiwona kuti watota hake, havana kuvhuna makumbo ake."
Johane 19:31-33.

137

Apa tinoona kuti vakagura mamkumbo embabva mbiri kuitira kuti vasatize,

138

asi havana kugura makumbo aJesu nekuti aive atofa nezuva reChishanu.
Nekudaro, Kristu kana mbavha vaisava kuparadiso nezuva re Chishanu.

139

Jesu akaripa mutengo weruponeso rwedu neku dzoseredzwa kwedu.

140

Chipo chikuru Mwari chaangape kuvanhu chipo chehupenyu husingaperi, kukunda rufu!
Zvimwe zvipo hazvinabasa kana usina chipo ichi!
Zvakare ungachiwane kana ukachikumbira!

141

Sarudzo yako isarudzo huru kwazvo yawuchafa wakaita; remangwana rako rinoenderana nesarudzo iyi!

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

142

Chipo chehupenyu husingaperi chinovimbiswa kunemunhu wese anogamuchira Kristu seMuponesi naMwari wake.
Zvinongotora kupira moyo wako kuna Mwari.

Moyo wakachenurwa uka shandurwa.
Moyo unozvida uye unonyima unosikwa patswa ukayenda pamuchinjiko.
Kristu akayita zvese kuti zvivenyore pamuchinjiko.
Ndezvipi zvimwe zvaayive angaite?

143

Hupenyu husingaperi hungava hwako kana uchihuda kwechokwadi.

144

Nekuti anorarama, tinetariro yakarurama--tariro iri mberi kweguva!

145

Mamwe manheru kwaiva nemisangano munerimwe guta reku United States. Umwe murume akayenda kumisangano iyi akashungurudzika zvikuru mupfungwa dzake.

146

Paiva nemisangano paiva pedyo nemarinda. Asati apinda mukati maitirwa misangano akatanga afamba-famba mumarinda. Akazvibvunza kuti hupenyu hunorevei.
Aida kuregererwa zvivi zvedu uye nekuwana runyararo rwepfungwa.
Paaifunga nekufa, atsvaka vimbiso yehupenyu husingaperi kupfuura zvimwe zvinhu zvose.

13 - Chinyi Chinoitika kana Ukafa?

147

Musoro wenyaya wemharidzo yemadeko iwayo kwaive "Tariro mberi kweguva."Murume uyu akagara pamusangano uyu akatererisa zvese zvayiparidzwa maererano nenyaya iyi.
Murume uyu akazopira hupenyu hwake kunaKristu manheru iwayo.
Akagamuchira Jesu akamufira akamuka muguva kumupa hupenyu husingaperi.
Hupenyu hwake hwakashandurwa naKristu manheru iwayo.
Akawana runyararo mupfungwa dzake pamanheru iwayo.
Tariro itsva yakavepo maari pamanheru iwayo.

148

Ungava nerunyararo urwu, tariro iyi, vimbiso yehupenyu husingaperi, hupenyu mberi kweguva. Kana uchida vimbiso iyi, ungade here kumira iyezvino patinonamata?

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

1

Vakafa Vangatawura naVapenyu Here?

2

Kana vanhu vakafa, vanodzoka here mumweya vachizoshanyira avo vanorarama?
Mweya yevakafa inodzoka here kuzotaura nevanorarama?
Pakufa, muviri ndiwo wega unofa here, kuchisara mweya unorarama?

3

Vanotenda muzvinhu zvemweya nemidzimu, vanechokwadi here kuti vanokwanisa kutibatanidza nemweya wehama dzedu dzakafa?


4

Mweya yakafa inokwanisa here kugara muvanhu vanorarama, ichishandisa miviri yavo, manzwi avo nepfungwa dzavo kuti vataure kana kuita zvimwe zvinhu?

5

Zvatirikutaura panguva ino ndezvimwe zvezvinhu zvikuru zvatinofanira kuziva.


6

Iyi inyaya isiri yokuseka. Inyaya iyo inoisa muganhu pakati pehupenyu nekufa.
Kuponeswa kwedu kwakakombwa nenjodzi tisakachenjera.
Saka tinofanira kuziva zvinhu izvi.
Tingazive sei kuti zvatirikuona ndezvechokwadi kana kuti ndezvenhema zvinenjodzi?

7

Mhinduro irimu Bhaibheri, Jesu anotipa chokwadi!

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

8

Jesu ishamwari yedu.
Anonzwisisa kurwadza kwedu kana umwe wedu watinoda afa.
Anonzwisisa kuchema kwedu. Akambosangana nazvo achiri pano pasi.
Saka tichaenda kuna Jesu kuti tione zvaakataura norufu, rumuko nehupenyu husingaperi.
Kana Jesu akazvitaura, ndichapira hupenyu hwangu kwaari.
Zvinonzwisisika izvi. Tinobvuma here?


9

Unotenda naJesu here?
Anonzwisisa kuchema kwedu.

10

(Chiverengo: Johane 11:35)
Parufu rweshamwari yake, Bhaibheri rinoti,
Jesu vakachema.
Johane 11:35.
Akambofamba mumumvuri wekufa pachake.

11

(Chiverengo: Zvakazarurwa 1:17,18)
...Usatya, ndini wokutanga nowokupedzisira.

12

Naiye Mupenyu; ndakanga ndafa, tarira, ndiri mupenyu nokusingaperi-peri;



13

ndinekiyi dzorufu neHadesi.
Zvakazarurwa 1:17,18.
Pamusoro pazvo Jesu ndiye anopa hupenyu.
Akauya uye anouya kuti tive nehupenyu utsva wakazara nhasi.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

14

(Chiverengo: Johane 10:10)
...Ini ndakawuya, kuti ave nowupenyu, wuye ave nohwakawanda.
Johane 10:10.
Anovimbisa hupenyu utsva wakazara zvachose.

15

(Chiverengo: Johane 11:25)
Jesu akati kwaari: Ndini kumuka nowupenyu; unotenda kwandiri, kunyange akafa, uchararama.
Johane 11:25.
Jesu ndichiremba wehupenyu.
Anoziva nezvohupenyu kupfuura munhu wese angava munyika, nokuti ndiye akasika hupenyu munyika ino.

16

(Chiverengo: Johane 1:1,3)
Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari.

17

Zvinhu zvose zvakaitwa naye; kunze kwake hakuna-kuitwa kunyange chinhu chimwe chakaitwa.
Johane 1:1,3.

18

(Chiverengo: VaKorose 1:16)
Nokuti zvinhu zvose zvakasikwa naye...zvinhu zvose zvakasikwa naye, zvichisikirwa Iye.
VaKorose 1:16.

19

Zvakakosha panguva ino kuti tione zvatadzidza muzvirongwa izvi. Jesu akazviisa pachena kuti rufu harusi hupenyu, uye harusi hupenyu hunoenderera mberi kune imwe nzvimbo kana munechimwe chimiro.

20

(Chiverengo: Johane 11:11)
...Razaro hama yedu, wavata...
Johane 11:11.
Aitaura pamusoro peumwe murume akafa.
Tarisa kuti Jesu akataura sei nerufu: "Rara." Uyu muenzaniso uripedyo nerufu muBhaibheri.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

21

(Chiverengo: Johane 11:14)
...Razaro wafa.
Johane 11:14.
Razaro aive asingararami kune imwe nzvimbo arimuchimiro chimwe.

22

Aive akafa, chitunha chake chaive chiri muguva. Jesu akadzidzisa zviri pachena kuti hapana hupenyu shure kwekufa kusvika zuva rorumutso, uye akazviisa pachena kuti rumuko harusati rwasvika. Ruchazouya pakuuya kwake kwechipiri.

23

(Chiverengo: Johane 6:40)
Nokuti kuda kwaBaba vangu ndiko, kuti mumwe nomumwe, unotarira Mwanakomana, nokutenda kwaari,

24

ave nowupenyu husingaperi; neni ndichamumutsa nezuva rokupedzisira.
Johane 6:40.

25

Moyo yedu yakafara kwazvo patakanga tichidzidza nekuuya kwaJesu kwechipiri.
Zano rake riripachena, uye rinounza chiedza panyaya yerufu nehupenyu.
Sei achidzokazve?

26

(Chiverengo: Johane 14:1-3)
Moyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kunaMwari, mutende wo kwandiri.

27

Mumba maBaba vangu munenzvimbo zhinji dzokugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuwudzai; nokuti ndinoenda kunokugadziririrai pokugara.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

28

Kana ndaenda kunokugadziririrai pokugara, ndinozowuya zve, ndikugamuchirei kwandiri;

29

kuti apo pandiri, nemi mugovapo wo.
Johane 14:1-3.

30

Jesu pachake akarondedzera nezuva guru iri:

31

(Chiverengo: Mateo 24:30,31)
Ipapo chiratidzo choMwanakomana womunhu chichawonekwa kudenga; zvino marudzo ose achachema,



32

achiwona Mwanakomana womunhu achiwuya pamusoro pamakore okudenga nesimba nokubwinya kukuru.



33

Uchatuma vatumwa vake nehwamanda huru, vachawunganidza vasanangurwa vake kunobva mhepo ina,

34

kubva kurutivi rumwe rwedenga kusvikira kunorumwe rutivi.
Mateo 24:30,31.

35

Sei panehwamanda? Sei pane ngirozi?

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

36

Kumutsa vakasarudzwa kubva mukurara kwerufu nokuvatora vese kuti vaende kudenga - nzvimbo yakagadzirwa naJesu yeavo vanomuda.
Kuuya kwaJesu kwakarondedzerwa zviri pachena:



37

(Chiverengo: 1 VaTesaronika 4:13-18)
Zvino, hama dzangu, hatidi kuti mushaiwe kuziva pamusoro pavavete,

38

kuti murege kuchema savamwe vasinatariro.



39

Nokuti kana tichitenda kuti Jesu wakafa, akamukazve, saizvozvo wo avo vakafa munaJesu, Mwari uchavawuyisa pamwe chete naye.



40

Nokuti tinokuwudzai neshoko raShe, kuti isu vapenyu, vakasara kusvikira

41

pakuwuya kwaShe, hatingatongotangiri vakavata.



42

Nokuti Ishe amene uchaburuka kudenga nokudanidzira, nenzwi romutumwa mukuru,



43

nehwamanda yaMwari; vakafa munaKristu vachatanga kumuka;



44

zvino isu vapenyu, vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe mudenga;

45

naizvozvo tichava naShe nguva dzose.

46

Naizvozvo nyaradzanai namashoko awa.
1 VaTesaronika 4:13-18.

47

Tarisa, machokwadi matatu akatsanangurwa apa:



48

1. Izvi zviripo "neshoko raMwari pachake". Ndiro shoko raMwari pachake. Ndizvo zvakadzidziswa naJesu.



49

2. MaKristu anenge achirarama kana Jesu auya anobatanidzwa neavo vakamutswa murufu pakuuya kwaJesu kwechipiri. Vanenge vachirarama havatangire avo vakarara munaJesu, uye vakafa havaendi umwe neumwe kudenga kana vafa.



50

3. "Kurara" ivara rinoshandisiwa naJesu naPauro kutaura nevakafa rumutso rusati rwasvika: "Vakarara muna Iye [Jesu]."
Jesu anozviisa pachena kuti rufu harusi hupenyu. Munhu hazvinzwe kana afa. Kuzvinzwa kunokonzerwa nepfungwa, uyezve pakufa pfungwa dzinomira kushanda.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

51

(Chiverengo: Muparidzi 9:5)
Nokuti vapenyu vanoziva kuti vachazofa, asi vakafa havana-chavanoziva...
Muparidzi 9:5.

52

Vakafa vanozivei? "Hapana."
Saka hazviitiki kuti munhu akafa ataure nevanorarama. Dzidziso yekuti munhu anorarama muneumwe muviri kana kune imwe nzvimbo kana afa inobva kupi?

53

(Chiverengo: Jobo 7:9,10)
Bhaibheri rinotidzidzisa nechimiro chemunhu kana afa, Jobo akataura pachena kuti,
Sokupera kwegore nokunyangarika kwaro, saizvozvo munhu, unoburukira muguva, haangazokwirizve.
Jobo 7:9,10.

54

Haangazodzokeri kumba kwake, nenzvimbo yake haingazomuzivi.
Jobo 7:10.


55

Dzidziso iyi inobva kuna Satani pachake.
Mubindu yeEdeni, akanyengera Eva akamuita kuti iye nemurume wake varasikirwe nebindu raro rakanaka, uye pakugumisira kuti varasikirwe nehupenyu hwavo. Satani akashandisa nyoka achitaura semudzimu kuna Eva. Satani munyengeri mukuru.



56

(Chiverengo: Genesi 3:4)
Akatenda nhema dzaSatani: "...Hamungafi zvirokwazvo."
Genesi 3:4.



57

(Chiverengo: Genesi 2:17)
Nhema idzi dzaipesana zvikuru nechokwadi chaMwari chaiti: "...Uchafa zvirokwazvo."
Genesi 2:17.
Nyaya ndeyekuti: Tichateerera ani?

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

58

Umwe mutendi wezvemweya (izvi zvinotaurwa nevatendi vezvemweya vakawanda munyika) vanoti, "Zvinoitika kuti munhu anorarama ataure nevanodiwa vakafa."
Ichokwadi here? Zvinoitika here? Kwete.

59

Kubva mudzidziso yaJesu, tinoziva kuti vanorarama havakwanise kutaura nevakafa.
Sei vasingakwanise? "Vakafa hapana chavanoziva." Vakarara kurara kwekufa.
Ungabvunza - kuda nekusabvumirana nezvatirikudzidza kana uri munhu anotaura nemweya yakasiyana -

60

Kana vakafa vasingazivi chinhu, zvino 'imweya' ipiko inotawura navapenyu?

61

Bhaibheri rinobudisa pachena kuti ndivanaani.



62

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:13,14)
Ipapo ndakawona mweya yetsvina mitatu yakaita samatafi ichibva mumuromo weshato[Satani]



63

nomumuromo wechikara, nomumuromo womuporofita wenhema.



64

Nokuti ndiyo mweya yakaipa inoita zviratidzo; inoenda kumadzimambo enyika yose,

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

65

kuvakokera kukurwa pazuva iro guru raMwari wamasimba ose.
Zvakazarurwa 16:13,14.

66

Bhaibheri rinotaura zve, kwete kuti ndivanaani chete , asi kuti vakabvepi:

67

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:7-9)
Zvino kurwa kwakavepo kudenga; Mikaeri navatumwa vake vakarwa neshato, shato ikarwa inavatumwa vayo;

68

vakasakunda, nenzvimbo yavo hainakuzowanikwa kudenga.

69

Zvino shato huru yakakandirwa pasi, iyo nyoka yekare, inonzi Dhiabhorosi, naSatani, munyengeri wenyika yose;

70

yakakandirwa panyika, navatumwa vayo vakakandirwa pasi pamwe chete nayo.
Zvakazarurwa 12:7-9.

71

Ingirozi kana vatumwa vakadonha! Shamwari, chenjera! Chinhu chinengozi zvikuru chaungaita kuva nechokuita nezve"mweya iyi."
Basa rengirozi idzi, ndinodzokorora, basa rengirozi idzi, kukunyegera kuti usauye kunaJesu, asi kuti urasikirwe neruponeso zvachose.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

72

Izvi zvinofanira kukuvhunditsa, kukutyisa kuti uswedere kure, uise muganhu wakakura pakati pako nemweya iyi.
Kana uchibvumna kuti vakafa vanorarama, uripachinzvimbo chokunyengerwa nokurasika, nokuti hausati waona chinhu ba!

73

Mwari mushoko rake anoshora zvemweya, uye anorambidza ose madanho angangoitwa nemunhu kutaura nevakafa. Tarisa yambiro yakapiwa naMwari kuvanhu vanoenda kune umwe munhu anoedza kutaura nemweya yekuvuka.



74

(Chiverengo: Revitiko19:31)
Musava nehanya nemasvikiro, kana navavuki; musavatsvaka, kuti musvibiswe navo;

75

Ndini Jehova Mwari wenyu.

76

(Chiverengo: Deuteronomio 18:10-12)
VaIsareri vasati vaenda kunyika yeCanaan, vakarairwa zvikuru kuti, "Pakati penyu hapafaniri kuwanikwa...muroyi,

77

kana nanga, kana unobvunza masvikiro, kana muvuki, kana unobvunza vakafa.

78

Nokuti vose vanoita zvinhu izvi vanonyangadza Jehova …"
Deuteronomio 18:10-12.
Mwari anoziva kuti vanhu vanodana mweya yekuvuka vanoita kuti vanhu vake vanyengerwe, saka akavataurira kuti:

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva



79

(Chiverengo: Eksodo 22:18)
Usarega muroyi ari mupenyu.
Eksodo 22:18.

80

Zvakaitika kuna mambo Saul peakabvunza kumudzimu wemweya, zvinoratidza kupusa kwemunhu anoedza kutaura nevakafa.



81

(Chiverengo: 1 Makoronike 10:13)
Naizvozvo Sauro wakafa nokuda kokusavimbika kwake kwaakaitira Jehova...



82

wuye nokuti wakatsvaka mano kusvikiro, kubvunza naro.
1 Makoronike 10:13.

83

Satani pachake achaedza kunyengera achishandiso chimiro chaJesu.

84

(Chiverengo: 2 VaKorinte 11:14)
Naizvozvi hazvishamisi; nokuti kunyange naSatani wo unozvishandura, achizviita somutumwa wechiedza.
2 VaKorinte 11:14.

85

Wakamboshamisika here kuti sei munhu achikwanisa kutaura neumwe munhu anoratidzika, kana anotaura, kana anekuita semunhu aaiziva asati afa?
Bhaibheri rinoti, inyaya yekuti Satani (nengirozi dzake) "anotevedzera."

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

86

Satani nengirozi dzake vanokwanisa kutevedzera chimiro chemunhu akambogara muno munyika. Zvinotyisa kufunga kuti vanhu vakanaka vangangonyengerwa mukutaura mokunzwisisa Satani pachake, vachifunga kuti varikutaura nevadiwa vavo vakafa!

87

Asi zvinyorwa zvinotaura zvimwe zvinotyisa kwazvo: Satani pachake anotsvaka kutevedzera chimiro chaJesu. Funga kuti vakawanda sei vachanyengerwa nemhaka yekuti havazive chokwadi chekuuya kwaJesu kwechipiri?
Hazvishamise kuti sei Jesu akayambira zvikuru pamusoro pezvinhu izvi.

88

(Chiverengo: Mateo 24:4,5)
Jesu akapindura, akati kwavari: Chenjerai kuti murege kutsawuswa nomunhu.

89

Nokuti vazhinji vachawuya nezita rangu, vachiti: Ndini Kristu; vachitsawusa vazhinji.
Mateo 24:4,5.
Iyi inyaya yakakosha zvikuru zvokuti

90

Jesu akadzokorora yambiro iyi achiparidza

91

(Chiverengo: Mateo 24:23-25)
Zvino kana munhu akati kwamuri: Tarirai, Kristu uri pano, kana apo; regai kutenda.

92

Nokuti vachamuka vanaKristu venhema, navaporofita venhema, vacharatidza zviratidzo zvikuru nezvinoshamisa,

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

93

kuti kana zvichibvira, vatsawuse navakasanangurwawo.

94

Tarirai, ndagara ndakuwudzai.
Mateo 24:23-25.

95

Umwe angati-kana kuti ungazive umwe anoti, "Ndawona anodikanwa wangu akafa arimupenyu."

96

Umwe angatsigirire kuti, "Ndambotawura nomurume wangu akafa."



97

Umwe angangoti, "Ndakashayikirwa nomwanakomana wangu, ndinotaura naye uye anondinyaradza kwazvo."
Jesu akati kudini?
Akati vakafa vakarara -uye "mweya" icha NYENGERA kana zvichiitika neavo vakasarudzwa.
Vakawanda vachanyengerwa.
Nemhaka yeyi? Nokuti vanovimba nokunzwa kwavo, moyo wavo nezviitiko zvehupenyu wavo panokuti vavimbe neshoko ra Mwari.

98

Nemhaka yeyi "vakasarudzwa" vasinganyengerwi?
Nekuti vanovimba kunaJesu.
Vanovimba shoko RaMwari panokuti vaterere zvavanonzwa, moyo wavo nezviitiko zvehupenyu wavo.

99

Iyi Ndiyo Nyaya:

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva



100

Tichagamuchira chokwadi raMwari here,



101

kana kuti tichabvuma here nhema dza Satani?

102

Avo chete vakadzivirira pfungwa dzavo neshoko raMwari remuBhaibheri ndivo vachakwanisa kumira vasinganyengerwe nemweya yokunyengera yakazara munyika.
Tinofanira kuziva chokwadi tomira nacho tisabvuma kutorwa nemano aSatani.

103

Kuda wakamboshamisika nevanhu "vakasvedera pedyo nerufu", vakawongororwa nanachiremba kunzi vafa zvachose, asi vakazomutswa


104

vachitaura kuti vazviona ivo vachifamba mumweya muchipatara vakatarisa chitunha chavo--

105

kana kuti vaona chiedza chikuru naJesu, nengirozi ichivadana. Vamwe vanoti ivo vakaona umwe wevadiwa wavo akafa ari munerimwe divi rorufu. Nechokwadi chaMwari chete, tinokwanisa kuona zvinhu zvenhema, uye takadzivirirwa mukunyengerwa.



106

Kuti, "Ndichazvibvuma kana ndika zviona nameso angu", inzira chaiyo yekunyengerwa.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

107

Tinokwanisa kuita sarudzo inengozi kana tichiteerera kunzwa kwedu, moyo yedu kana zviitiko zvatakaona. Tinofanira kuteerera inzwi raMwari chete, Bhaibheri. Vanhu vanotenda zvinhu zvakawanda zvenhema maererano nokufa kana rufu munyika ino.

108

Vakawanda munyika vanotenda kuti kana munhu akafa, anozvarwa zvakare arimuchimiro chitsva, asi asingazive kuti ndechipi. Chinokwanisa kuva chemhuka, mombe, gonzo, kana nyoka.

109

Kana kuti arimuchimiro cheumwe munhu, munhu anepfuma, mambo, munhu anoshaya, munhu arichirema kana munhu anechirwere chinorwadza.

110

Chitendero chema Hindu chinoti pane "Vhiri rohupenyu" rinotenderera zvisingaperi, uye kana munhu akafa, anozvarwa patsva - munhu anodzokorora hupenyu zvisingaperi pano pasi.
Vanhu vakawanda vanotorwa nedzidziso iyi vasingazive kuti yakabvepi. Mudzidziso iyi, munhu hakwanise kuita sarudzo.



111

Munhu hakwanise kuva nehupenyu wesarudzo, unechimiro, unemufaro kana kuita ushamwari.
Asi anogumisira asvika pachimiro chinonzi Nirvana--



112

Chimiro chokuti unenge unorunyararo, usina hunu, kana kuchenjera, kana pfungwa,



113

usina 'iwe' somunhu...usina simba rokufunga kana kuda, kana kunzwa zvakare usina rufaro rwawunonzwa iwe.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

114

Apo chimiro chake chinonzi chinopararira munyika sezvinoita donhwe remvura rinopararira mugungwa. Apa panova nekurasikirwa kwechimiro zvachose.

115

Chitendero chechi Buddha chinodzidzisa zvakapotsa kufanana neizvi. ChiBuddha chinoti munhu anokwanisa kubvapa "Vhiri rehupenyu" pakuguma kwehupenyu hwake -kuti asazozvarwa kakawanda kana une chinonzi "Karma" yakakodzera.

116

Hanzi munhu anokwanisa kusvika pachimiro paanenge asisakwanisi kuita zvaanoda kana kunzwa achida kuita zvinomufadza.



117

Kana asvika pachimiro ichi, anozoenda kurufu, Nirvana, apo paanopararira munyika sechidonwe chemvura.

118

Zvitendero zviviri izvi zvinodzidzisa kuti kururama (kunaka) nokuipa masimba maviri anoenzana uyezve achagara aripo nekusingaperi.

119

Pachitsuwa cheku Bali munyika yeku Indonesia, munhu angaone mutambo we Barong.

120

Anodaniwa achinzi mu Barong, anenge akapfeka chipfeko chinofanana sezai hombe rakavirisiwa. Mu Barong uyu anovinga varume vatanhatu akasenga chombo chinonzi "kris" - chakashata uye chinobaya. Varume ava vanenge vanwa zvinodhaka.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

121

MuBarong anovavinga, ivo voswedera kumashure. MuBarong anoita mhere otendeuka, varume ava vomutevera vachida kumucheka.

122

MuBarong anomira, ozotendeuka akavatarisa.
Varume ava vanomira kana aswedera achivavinga, naivo vanoswedera kumashure.
Izvi zvinodzokororwa kakakwanda, mupakara varume vatanhatu ava vasvika muchimiro chokusvikirwa nokupenga.
Hachisi chinhu chinoshamisa kuona umwe wevarume ava achikanda chombo chake chinonzi kris kune vanhu vanozvipfurira kana vakamira.
Panguva iyi, varume vemumusha uyu, vanouya nekushure kwevarume ava, vovarwisa vachivaputsira pasi. Mvura inodirwa pamusoro pevarume ava pavanenge vachizununguka.
Pakupedzisira, varume ava vanozungusa musoro sekunoi varikubuda mumasvikiro. Vanosimuka vachienda kunzvimbo dzavo, nemuBarong achienda kunzvimbo yake.
Zvinorevei izvi?
Uyu musangano unoitiwa nevanhu vanenge vachiratidza zvavanotenda.
MuBarong akamirira Mwari, varume vatanhatu vanomirira kuipa. Muchitendo chechi Hindu, vanoti panekurwa kusingaperi pakati pezvakanaka nezvakaipa.
Vanoti hapana anokunda - zvinogara kuri shuro nagudo.

123

Chitendero ichi chinobva pakuti nhoroondo haiperi - inoramba ichizvidzokorora zvisingaperi esvhiri rinotendereka, uyezve kuti nhoroondo hapana kwainoenda.
Zvichireva kwavari kuti hapana Mwari werudo achazokunda zvakaipa aunze kururama, runyarao nokugara zvakanaka munyika.

124

Ndinotenda zvikuru naJesu, kumuka nehupenyu, ko iwe?
Tine tarisiro inoshamisa yaanounza!
Zvakaipa zvichapera!
Nhoroondo haitendereri; irikuenda kune imwe nzvimbo.
Nhoroondo yese irikuenda panguva apo Mwari paachasika nyika itsva yevanhu vezvokwadi, isina chitema, zvirwere, hondo, nzara, kushaika kwekudya, kutambura nerufu.

125

(Chiverengo: Zvakazarurwa 21:1-4)
Zvino ndakawona denga idzwa nenyika itsva, nokuti denga rokutanga nenyika yokutanga zvakanga zvapfura;



126

negungwa rakanga risisipo.



127

Ndikawona guta dzvene, Jerusarema idzva, richiburuka kudenga richibva kunaMwari,



128

rakagadzirwa somwenga wakashongerwa murume wake.

129

Ndikanzwa inzwi richibva kudenga, richiti: Tarirai, tabernakeri yaMwari iri pakati pavanhu,



130

iye uchagara navo, ivo vachava vanhu vake; Mwari amene uchava navo, ave Mwari wavo.

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva



131

Uchapisika misodzi yose pameso avo; rufu haruchavipo, kana kuchema, kana kurira,



132

kana kutambudzika hazvingavipo; nokuti zvokutanga zvapfura.
Zvakazarurwa 21:1-4.

133

Haudi here kusarudza Jesu panguva ino, "Uzvarwe patsva?"
Kwete shure kwerufu, paunenge wanonoka zvikurusa.
Kwete mukuzvarwa zvisingaperi muzvimiro zvakasiyana kwemakore zviuru.
Asi izvozvi, iyenhasi!

134

(Chiverengo: 1 Petro 1:3,4)
Mwari, Baba vaShe wedu, Jesu Kristu ngaatendwe,

135

wakatiberekazve nengoni dzake huru, kuti tive netariro mhenyu,



136

inowuya nokumuka kwaJesu Kristu kuvakafa,

137

kuti tive nenhaka isingawori, isinemhoswa, isingasvavi,

138

yamakachengetererwa kudenga.
1 Petro 1:3,4.

139

Unokwanisa kuvanehupenyu husingaperi
Iyi ivimbiso yaunopiwa naMwari nhasi.

140

(Chiverengo: 1 Johane 5:11,12)
Kupupura ndiko, kuti Mwari wakatipa wupenyu husingaperi; zvino wupenyu uhwu huri muMwanakomana wake.

141

UnoMwanakomana, unowupenyu; usinaMwanakomana waMwari, haanawupenyu.
1 Johane 5:11,12.
Tinozviziva sei? Tingava nechokwadi here? Shoko raMwari rinozviisa pachena:

142

(Chiverengo: 1 Johane 5:13)
Ndakakunyorerai zvinhu izvi iyemi munotenda muzita roMwanakomana waMwari,

143

kuti mugoziva kuti munowupenyu husingaperi...
1 Johane 5:13.
Mubvunzo unofanira kupindurwa nemunhu wese ndeuyu: "Ndina Jesu here?"
nokwanisa kuva naye panguva ino.

144

(Chiverengo: Zvakazarurwa 3:20)
Tarira, ndimire pamukova, ndichigogodza;

14 - Manzwi Anobva Kuseri Kwamakuva

145

kana munhu akanzwa inzwi rangu, akazarura mukova,



146

ndichapinda kwaari, ndichadya naye, naiye neni. Zvakazarurwa 3:20.

147

Vhura mukova wemoyo wako izvozvi, umudane apinde mauri.

15 - Kudzosera Nguva Shure

1

Ungawana sei Utano wakakodzera


2

Pamusoro pechikomo chakatarisira gungwa reMediterranean, paneimba yakavakwa kare nevanhu verudzi rwe Portuguese.
Inzvimbo yakanaka zvikuru.
Asi pane chinhu chimwechete chinonetsa.
Kuti ukwire chikomo ichi kusvika pamusoro, unoshandisa bhasikiti rinosimudzwa netambo inodhonzwa nemunhu chembere anogara ipapo.

3

Rimwe zuva, umwe muenzi nemuperekedzi wake vaibuda panzvimbo iyi. Pavakapinda mubhasikiti vachidzika, tambo inorembedza bhasikiti yaikwizira pamusoro pematombo aive ari pasi. Nokutya, muenzi uyu akabvunza kuti, "Tambo itsva inoisiwa kangani ipapo?"

4

"Usavunduka", muperekedzi akamupindura neinzwi rinovimbisa, "Tambo itsva inoisiwa kana paine yadambuka."

5

Semunyaya iyi, vanhu vakawanda vanozviisa munzvimbo yakashata maerana neutano wavo. Vanomirira kuti muviri wavo urware kana kudambuka setambo yatanzwa. Kana varwara, vanomhanyira kuzvirapa nezvinhu zvemazuva ano.
Kugadzirisa muviri hachisi chinhu chinodzorerwa nyore setambo. Utano hwakanaka haungangouyi kwauri. Chinhu chesarudzo yako - yokuteerera mirairo yokugarisikana, iyo yakasikwa naMwari.

15 - Kudzosera Nguva Shure

6

Shamwari, zvinobvira here kurarama usiri mukukutu? Vanhu vanoshandisa mari dzakawanda pagore dzokurapiwa.
Zvirwere zvinodya mari yakawanda zvikuru!
Bvunza murwere we Cancer kana munhu anorwara nechirwere che AIDS.

7

Bvunza vabereki vemwana anorwara ne chirwere che Leukemia kana munhu achembera ane chirwere che Arthritis.
Vachakutaurira kuti kuva neutano chinhu chinokosha zvikuru- chikomborero chinongonekwa kana munhu arwara zvinorwadza!

8

Utano hwakanaka ipfuma inokosha zvikuru muupenyu hwedu. Queen Elizabeth wokutanga anonzi iye akachema pamubhedha wake wokufa achiti, "Tori pfuma yangu yose mundipe henyu utano kwechinguvana!"
Asi hahutengwe nemari.
Unozviona here kuti unokwanisa kugara makore akawanda munyika nokungotevedzera mirairo irinyore yehutano hwakanaka kana yokugarisikana kwemuviri?

9

Dr. Breslow we UCLA (University of California, Los Angeles) akawongorora vanhu kwemakore 9. Akabvunza vanhu 7000 mibvunzo 7 iri maererano nehutano kana kugarisikana kwemuviri. Akazowongorora vanhu vakatevedzera mirairo yehutano hwakanaka neavo vasina kutevedzera mirairo iyi.



10

Iyi mibvunzo nomwe yaakabvunza:

11

1. Unoputa fodya here?
2. Unonwa doro here, wuye unomwa zvakanyanya sei?
3. Unombo shanda here kuti usimbise muviri wako?

12

4. Unorara kwenguva yakareba sei usiku hwega hwega?
5. Unorema zvakadini?
6. Unodya kudya kwemakuseni here?
7. Zviripo here zvawunodya nguva yokudya isati yakwana?

Avo vakavimbika vakatevera nzira dzohutano hwakanaka dzinoendarana nemibvunzo iyi minomwe vakaonekwa kuti vakararama makore 11.5 kupfuva avo vasina kutevera nzira idzi dzoutano hwakanaka.

13

Chipo chei chaungape kana hupenyu hwako hwawedzerwa nemakore 11.5?
Zvatirikudzidza muchidzidzo ichi zvinokwanisa kuwedzera makore ehupenyu wako - makore omufaro nokugarisikana kwakanaka kwemuviri. Unofunga kuti zvinobatsira here kuteerera zvinhu izvi?
Zvinoshamisa vanhu vakawanda kuti Mwari anoda kuti tigare zvakanaka uye takafara tineutano hwakanaka.



14

(Chiverengo: 3 Johane 2)
Mudikanwa, ndinokunyengeterera kuti ufare pazvinhu zvose, wuye uve mukukutu, sokufara komweya wako.
3 Johane 2.

15

(Chiverengo: Johane 10:10)
...Ini ndakawuya, kuti vave nowupenyu, wuye vave nohwakawanda.
Johane 10:10.

16

Jesu anoda kuti tive nokufara zvakare tive nemuviri wakagarisikana.
Anoda kuti tigare hupenyu hwakazadzikana!

17

Tingave nokugarisikana kwemuviri here? Hongu! Vakawanda havazive kuti Mwari akapa mirairo yokugarisikana kana youtano muBhaibheri.

15 - Kudzosera Nguva Shure

18

Kwenguva refu, hupenyu wemaJuda hwayishamisa vanachiremba. Vashoma vemaJuda vanorwara nezvirwere zvakaita se Cancer. Uyezve havangobatwi nezvirwere zvakawanda.
Kungave kuti masikirwo avo here kuti vave nemiviri yakasimba ikadai?

19

Asi pakaonekwa kuti kana vechiJuda(Jews) vakatanga kudya sezvinoita vamwe vanhu, vanobatwa nezvirwere zvinobata vamwe vanhu, uye chidziviriro chemuviri wavo chinodzika.
Zvakaonekwa kuti mararamiro avo nekudya kwavo neutsanana wavo ndizvo zvinoita kuti vasabatwa nezwirwere zvinouraya.

20

(Video: 10 sec) Apo Mwari paakabvisa maIsraeri munyika yeEgipita, akavayeuchidza nemirairo inokosha yeutano kana yekugarisikana komuviri. Mwari akavapa zano rake, nevimbiso huru kune avo vachatevedzera mirairo Yake.

21

(Chiverengo: Eksodo 15:26)
...Kana uchiteerera nomowo wose inzwi raJehova Mwari wako, ukaita zvakarurama pamberi pake,

22

ukarerekera nzeve dzako kumirairo yake, ukachengeta zvaakatema zvose,

23

handingaisi pamusoro pako marwadzi andakaisa pamusoro pamaEgipita, nokuti ndini Jehova murapi wako.
Eksodo 15:26.
Zvakare Akataura kuti,

24

(Chiverengo: Eksodo 23:25)
Shumira Jehova Mwari wako, kuti aropafadze chingwa chako nemvura yako;

25

neni ndichabvisa wurwere pakati penyu.
Eksodo 23:25.
Unonzwisisa here kuti zvinorevei?
Kana tikatevera mirairio yaMwari, zvikonzero zvezvirwere zvinodzoserwa shure!
Izvi hazvitsvaki kuti ubvise mari!
Iyi ivimbiso inoshamisa kwazvo!

26

Achitaura nokuzadzikiswa kwevimbiso iyi, Davida anotitaurira kuti,

27

(Chiverengo: Mapisarema 105:37)
...Kwakanga kusina-nomumwe pakati pamarudzi avo wakashaiwa simba.
Mapisarema 105:37.
"Hongu" ungati iwe, "Ma Egipita vaive vasina zvirwere zvatiinazvo nhasi." Kwete!

28

Bato revawongorori venzvimbo dzakasiyana munyika vakasangana mugore ra 1975 kuti vawongorore zvidhumbu zvakachengetedzwa zvema Egipita kuguta reku Manchester kunyika ye England. Zvidhumbu izvi zvaive zviri zvakare kubva mugore ra 1900B.C.

29

(Video: 1 sec) Zvakawanikwa ipapo zvaishamisa zvikuru!
MaEgipita akare vaiva nezvirwere zvakawanda zvinowanikwa muvanhu vanorarama mumazuva anhasi:

30

(Video: 6 sec)heart disease,
cancer,
zvirwere zvemoyo netsinga,
arthritis,

31

(Video: 6 sec) hepatitis,
tetanus,
trichinosis,
lockjaw, nezvimwe zvakawanda.

15 - Kudzosera Nguva Shure


32

Nyangwe Egipita yaiva nzvimbo yokudzidza nemagariro evanhu munguva yaMoses, ruzivo rwayo rwekurapa nemishonga rwayifanana nerwe N'anga dzemuno muAfrica!

33

Mugore ra 1552 B.C. (Moses asati azvarwa), bhuku rinotaura nezvokurapa rainzi "Papyrus Ebers" rakanyorwa muEgipita.
Bhuku iri rinopa nzira dzekurapa zvirwere, tsaona nezvimwe zvakawanda. Asi handifunge kuti dzimwe nzira dzacho ungadzifarira!

34

Imwe nzira yakanyorwa yokurapa inoti uzore pachironda chikuru chinorwadza ropa rema wemusi (worms) rakasanganiswa nendovhe yemabhiza.
Izvi hazvishamisi kuti vanhu vakawanda vekuEgipita vairwara kunyanya nechirwere chinonzi "Lock Jaw" Airumwa nenyoka aikurudzirwa kuti anwe mvura yadirwa pamusoro pechifananidzo.

35

Avo vanemhanza vaikurudzirwa kuzora mushonga unoitwa netsoka dzebhiza nembwa zvakasanganisiwa zvikavirisiwa mumafuta.

36

Bhaibheri rinoti Moses akadzidzisva muEgipita (Mabasa 7:22).
Zvinyorwa zvake zvakazara nemirairo yowutsanana neyekudya kwakanaka. Asi haana kumbonyora nemirairo inowanikwa mubhuku re "Papyrus Ebers." Zvino akatorepi mirairo inoshamisa zvakare inokosha? Kuna Mwari!

37

Madambudziko kana zvirwere zvaityisa munguva dze "Middle Ages" kwaiva chirwere chainzi "Black death" nechema perembudzi.

15 - Kudzosera Nguva Shure

38

Mirairo yezvoutsanana yaMwari yakazodzidzisiwa naMoses kuma Israeri vabva muEgipita yakazoita kuti zvirwere izvi zvirapike.
Vanachiremba vakaguma vakukumbira rubatsiro kuvatungamiriri vesangano kuti varapewo zvirwere izvi.

39

George Rosen akanyora kuti "Vatungamiri vesangano ndivo vakabetsera nokuti vanachiremba vakakoniwa.



40

Sangano raitevedzera mirairo yeutsanana yakanyorwa muTestamende Yekare…



41

Mirairo iyi inowanikwa mubhuku ra Revitiko."
–George Rosen, M.D., History of Public Health, pp. 63 -65.

42

Zvinosiririsa sei kuti vanhu vanosvika 60 000 000 vakafa asi mirairo yomuBhaibheri yokuuraya zvirwere yaivapo nguva dzose!

43

Mwari akagadzira miviri yedu.
Anoziva kuti tingadzivirire zvirwere sei!
Mwari akapa munhu muviri unokosha zvikuru.

44

Mwari akatisika uyezve anoziva zvinhu zvakanakira miviri yedu nezvinoisimbisa kuti igare ichishanda zvakanaka.

15 - Kudzosera Nguva Shure

45

Umwe murume wechidiki akatenga mota itsva nemari yaakachengeta kwemakore akawanda.

46

Murume uyu akapiwa bhuku rinotaura nenzira yokuchengetedza mota yake itsva kuti igare ichishanda zvakanakisa kwemakore akawanda.

47

Yaive mota yakanaka kwazvo, zvokuti waifunga kuti muridzi wayo akaverenga chibhuku chese chemabatirwo ayo.
Asi haana kuchiverenga.
Iye aingofunga nekumhanya kwaaita chete.
Aifarira kuimhanyisa nokuona kuti inotora nguva yakadi kuti imire.
Aifarira kunzwa mataya emoto yake achichema.

48

Aive asingatarisi mafuta anodikanwa munzvimbo dzakasiana dzemoto yake, aisa tarisa mvura zvakare nemweya wemataya.
Izvi aiti zvinomutorera nguva yake.
Aifarira kungofamba nemota yake achienda kunzvimbo dzaanoda nokuti aonekwe nevanhu achifamba nemota yake yakanaka.


49

Ungafungidzire hako kuti nyaya iyi yakapera sei.
Hongo, mota haina kugara kwenguva refu isina kufa.
Ndizvo here zvatinoita nemuviri wedu?
Ichokwadi kuti tinoda kutevera mirairo Yake!

50

Rwendo rumwechete kuchipatara runokwanisa kuparadza mari yako yese yawakachengeta muhupenyu.

15 - Kudzosera Nguva Shure

51

Ngatiendei kumunda we Edeni, apo pakasikwa nyika, titarise kuti Mwari aiti chii kuna Adamu na Eva maerana nezvinhu zvinopa kugarisikana kwemuviri kana utano hwakanaka.
Chivi chisati chapinda, Mwari akapa Adamu na Eva kudya kunosimbisa muviri kuchivapa utano hwakanaka.

52

(Chiverengo: Genesi 1:29)
Mwari akati: Tarirai, ndakakupai miriwo yose inobereka mbewu, iri panyika yose,

53

nemiti yose inemichero yemiti inobereka mbewu, kuti zvive zvokudya zvenyu.
Genesi 1:29.

54

Nerurimi rwanhasi tingati vakapiwa mapfunde, michero inodyiwa nenzungu.

55

Uku kwaive kuri kudya kwavo.
Mwari akavapa muti wehupenyu (Tree of Life) uyo waichengetedza muviri wavo kuti usachembera.
Pakatadza Adamu na Eva, akavabvisa pedyo nemuti uyu (Tree of life) akazovapa miriwo yokudya.

56

(Chiverengo: Genesi 3:18)
...Iwe uchadya miriwo yomusango.
Genesi 3:18.
Izvi, kudya kwemiti, nzungu nemapfunde,ndozvakava kudya kwemunhu kusvika nguva yaNoa yemurove.
Zvaive zvakakwana here? Hongu!
Vanhu vaidya kudya kwakasikwa naMwari vaigara makore akawanda.

15 - Kudzosera Nguva Shure

57

(Chiverengo: Genesi 5:27)
Mazuva ose aMetusara akanga ari makore anamazana mapfumbamwe namakumi matanhatu namapfumbamwe, akazofa.
Genesi 5:27.

58

Murove wapera, makore ehupenyu wevanhu akadzika.
Mwanakomana wa Noa ainzi Shem akagara makore 600; muzukuru wake akagara makore 239; anotevera akagara makore 175.
Panguva yamambo Davida, makore emunhu akadzika kusvika ku 70!
Zvinhu zvisingashamisi here hamadzangu?

59

Michero nezvimwe zvese zvinomera zvakava zvishoma pakapera murove. Kudya kwaNoa nemhuri yake kwakapera nokuti vaive vagara kupfura gore varimu areka.
Mwari ndipo paakabvumira Noa nemhuri yake kuti vadye nyama.
Hausi muchero wese waidyiwa uye haisi mhuka yese yaidyiwa.
Mwari akapa mirairo inoratidza kudya kwakafanira munhu.

60

Musiyaniso wakaitwa pakati pemhuka "dzakachena" nemhuka "dzakasviba".
Mwari akaraira Noa kuti ndedzipi mhuka dzaaifanira kupinza muareka uye dzingani nedzingani:

61

(Chiverengo: Genesi 7:2)
Pamhuka dzose dzakanaka utore nomwe-nomwe, mukono nehadzi yayo;

62

napamhuka dzose dzisakanaka utore mbiri-mbiri, mukono nehadzi yayo.
Genesi 7:2.

15 - Kudzosera Nguva Shure

63

Zviripachena kuti Noa aiziva kuti mhuka dzainzi dzakachena nedzakasviba kunaMwari ndedzakaitasei.

64

Nguva yapfura, apo Mwari paakatungamirira maIsraeri kubuda muEgipita, akavapa mirairo yokudzivirira zvirwere neyokugara nguva yareba.
Mwari akazvibudisa pachena kuti mhuka dzakachena nemhuka dzakasviba ndedzakaita sei uye ndedzipi:

65

(Chiverengo: Deuteronomio 14:6)
Mhuka ipi neipi inamahwanda akaparadzana, inetsoka dzakaparadzana,



66

inodzeva, ndidzo dzamungadya.
Deuteronomio 14:6.
Tarira mirairo irinyore kurangarira: zvinhu zviviri chete: 1). Tsoka dzakapatsanuka 2). Dzinodzeva (chews the cud).

67

(Video: 14 sec) Dzimwe mhuka dzakanaka dzakanyorwa mumavhesi 4 na 6 ndeidzi:
mombe, hwai, mhembwe, mbudzi,
mhara, nhoro, nondo, nyati.

68

(Video: 10 sec) Mhuka dzakasviba muvhesi 8 na 9 dzinosanganisira kamera, tsuro, nguruve nembira.
Rangarira mirairo iya miviri yatadzidza?
Kana mhuka inetsoka dzakapatsanuka uye ichidzeva, inodyiwa.
Zvakakosha kurangarira kuti kunedzimwe mhuka dzinodzeva asi tsoka dzisina kupatsanuka.

69

Tsoka dzenguruve dzakapatsanuka asi haidzevi. Izvi zvinoreva kuti yakasviba. Bhaibheri rinotaura zvikuru nenguruve:

15 - Kudzosera Nguva Shure

70

(Chiverengo: Revitiko 11:7,8)
Nenguruve, nokuti inetsoka dzakaparadzana, asi haidzeyi; inofanira kuva chinhu chisina-kunaka kwamuri.

71

Regai kudya nyama yazvo, kana kubata zvitunha zvazvo; zvinofanira kuva zvisinakunaka kwamuri. Revitiko 11:7,8.
Mhuka dzakawanda dzinonzi naMwari dzakasviba, imhuka dzinodya zvinhu zvese kusanganisa nezvinorashwa.
Mwari haana kuviga zvinhu zvakanaka paakaraira izvi. Anoziva mhuka dzachena nemhuka dzinokwanisa kukonzera zvirwere.

72

(Chiverengo: Mapisarema 84:11)
...Hapanechinhu chakanaka chaanganyima vanofamba nokururama.
Mapisarema 84:11.

73

Nguruve inodya zvinhu zvese. Kudya kwayo kunosanganisira tsvina, kunoshandurwa nenguva shoma shoma kuti kuve muviri wayo.
Asi kudya kwemombe kunotora nguva refu kuti kupinde muropa kuvake muviri wemombe. Kunotora mazuva maviri. Kudya uku kunosukwa mudumbu mayo kuitira kuti zvinhu zvese zvakasviba zvisapinde muropa.


74

Nyama yenguruve ineutachiwana unonzi "Trichina larvae." Kana munhu akadya nyama yenguruve inoutachiwana uhwu zvinopinda, hutachiwana hunopinda mudumbu hugozvarana kuitira kuti hugowanda.


75

Utachiwana uhwu hunozopedzisira hwapinda muropa hotakurwa kumuviri wese. Chirwere che "Trichinosis" chirwere chinotyisa zvikuru kunyanya hutachiwana uhwu hukaramba uchiwandisa miviri wese.

15 - Kudzosera Nguva Shure

76

Zvidhumbu zvevanhu vaigara kuEgipita panguva yaMoses zvakaratidza zvinehutachiwana hunokonzera chirwere che "Trichinosis"!
Mwari anoziva zvirinani - Rega zvinhu zvakasviba!
Mwari akapa zvakare mirairo yokusarudza hove dzinodyiwa:

77

(Chiverengo: Deuteronomio 14:9,10)
Ndizvo zvamungadya kunezvose zviri mumvura: Zvose zvinezvimbi namakwande mungazvidya.

78

Asi zvose zvisinazvimbi namakwande, musazvidya izvo, hazvinakunaka kwamuri.
Deuteronomio 14:9,10.



79

Izvi zviripachena, panemirairo miviri zvakare irinyore kurangarira yatingashandise:



80

1) Zvinezvimbi.



81

2) Zvinamakwande.
Ungafunga kudya kwaunoziva kunodyiwa nevanhu vakawanda kwemugungwa kana mumvura kusina zvimbi kana makwande?

82

Dr. Bruce Hallsted ve Loma Linda University vakatumwa nehurumende kuti vawongorore hove dzingadyiwe nevanhu nehove dzisinakufanira kudyiwa nevanhu dzinouraya.

15 - Kudzosera Nguva Shure

83

Wese munhu anogara mazuva nemazuva arimu areka mugungwa akashaya kudya kana hake anoshaya chekudya asi aripedyo nepanoredzwa hove anofanira kuti azvizive kuti hove dzinouraya ndedzipi uye dzavangadye kuti vararame ndedzipi.

Basa rake rapera, Dr Hallsted vakabuda nemirairo inofanana seya Mwari, yakapiwa maIsraeri makore 3500 akabvura:



84

(Chiverengo: Deuteronomio 14:9)
Ndizvo zvamungadya kunezvose zviri mumvura: Zvose zvinezvimbi namakwande mungazvidya.

85

"Ko idzo shiri," ungangobvunza.
Bhaibheri rinopa murairo uyu wakakosha zvikuru:

86

(Chiverengo: Deuteronomio 14:11,12)
Mungadya shiri dzose dzakanaka.

87

Asi dzamusingafaniri kudya nde idzi…
vesi 11,12.

88

(Video: 14 sec)
Mwari anodzireva: Gora guru, Nyamudzura, Gunguvo, Gondo, Ruvangu, Njerere, Zizi, Kanyurura-hove, Jichidza, Chiremwaremwa



89

(Chiverengo: Deuteronomio 14:19)
Zvose zvinamapapiro zvinokambaira hazvinakunaka kwamuri; hazvifaniri kudyiwa.
Vesi 19.

15 - Kudzosera Nguva Shure

90

(Chiverengo: Revitiko 3:17)
Ngawuve murairo usingaperi kusvikira kumarudzi enyu ose padzimba dzenyu dzose,



91

kuti murege kudya mafuta neropa.
Revitiko 3:17.

92

Vechi Juda vanotevedzera mirairo iyi nanhasi.
Kana vakauraya mhuka, vanoirembedza kuitira kuti ropa ribude rose.
Mhuka yacho inozochekiwa, yokandirwa mumvura inemunyu, kuitira kuti ropa rese ribude.

93

Mafuta anobisiwa ese uye hadyiwi.
Kwemakore akawanda, vanhu vaifungira kuti murairo wokusadya mafuta neropa waingova murairo wakangopiwa naMwari wokuita zvinhu.

94

Asi vanowongorora vanasi vobvumirana nezvakaraira Mwari.

95

Takuziva kuti ropa rinotakura zvinhu zvakasviba, utachiwana nezvimwe zvakadaro.
Zvirwere zvakawanda zvinowanikwa nemhaka yokuti zvinopfura muropa.

96

Tinoziva zvakare kuti mafuta ezvigadzirwa zvemukaka nenyama anokonzera zvirwere zvemoyo netsinga dzeropa.
Kurwara kwakawanda kunokwanisa kudziviririrwa dai vanhu vai vimba kuna Mwari kusarudza kudya kwakafanira!

15 - Kudzosera Nguva Shure

97

Shandisa muviri wako kana uchida kugarisikana kana utano hwakanaka. Bhaibheri rinoti Mwari akapa Adama na Eva basa rokuita - rokushandisa muviri:

98

(Chiverengo: Genesi 2:15)
Jesu Mwari akatora munhu, akamuisa mumunda weEdeni, kuti awurime nokuwuchengeta.
Genesi 2:15.

99

Kushandisa muviri kana kumbotambatamba kunodzivirira zvirwere zvakawanda! Muviri usingashande unoramba uchipera simba nezvishoma nezvishoma.

100

Kushandisa muviri kunokonzera kuti nyama dzinofambisa muviri dzishande nyore, uye kuti tsinga dzeropa dzisimbe.

101

Mapapu anokoka nokubisa mweya zviri nyore.

102

Moyo unoshanda zvinesimba, uchifambisa ropa rakawanda pachinguva chimwe. Mweya wafemwa unoendesewa mukati kuti muviri ugare zvakanaka. Mumashure mekutadza kwa Adamu na Eva, Mwari akawedzera basa rinoda masimba akawanda.

103

(Chiverengo: Genesi 3:19)
Mwari akati:
"Uchadya zvokudya zvako neziya rechiso chako kusvikira uchidzokera kuvu…"
Genesi 3:19.
Akati zvakare ivhu richatukwa, uyezve pachava neminzva nezvinobaya, akati zvakare "Uchadya kubva mukushanda kukuru muhupenyu wako wese."
Vesi 17, 18.

15 - Kudzosera Nguva Shure

104

Mwari aiziva kuti munhu anofanira kushandisa muviri wake kuti asapinde mudambudziko.
Umwe akati, "Nzvimbo inoshanda Satani, inzvimbo inomunhu asina chokuita."

105

(Chiverengo: Eksodo 20:9)
Ubate mazuva matanhatu, uite mabasa ako ose.
Eksodo 20:9.
Kana munhu wese akashanda kwemazuva 6 paviki, anonzwa akaneta kuti aite bongozozo!

106

Miviri yedu iTemberi yeMweya Mutsvene.
Kuchengetedza miviri yedu kunonzwisisika kana tichiziva kuti zvakakosha sei kunaMwari.



107

(Chiverengo: 1 VaKorinte 6:19,20)
Hamuzivi here kuti muviri wenyu itembere yoMweya Mutsvene, uri

108

mukati menyu, wamakapiwa naMwari? Hamuzi venyu.



109

Nokuti makatengwa nomutengo; naizvozvo kudzai Mwari mumuviri wenyu.
1 VaKorinte 6:19,20.

110

Munhu inhumbi yaMwari nokuti akatisika akatisunungura.
Mwari akatitenga neropa rinokosha raJesu pa Calvary.
Nemhaka yekuti mhunu akaponeswa nemubairo mukuru chaizvo wamambo vedu Jesu, anofanira kuparukudzo rose kuna Mwari pazvinhu zvese zvaanoita.

15 - Kudzosera Nguva Shure

111

(Chiverengo: 1 VaKorinte 10:31)
Naizvozvo, kana muchidya, kana muchinwa, kana muchiita chinhu chipi nechipi, itai zvose kuti Mwari akudzwe.
1 VaKorinte 10:31.
Munhu wese anoda Mwari anongwarira kusaita zvinhu zvinouraya kana kusvibisa muviri wake.



112

(Chiverengo: 1 VaKorinte 3:17)
Kana munhu achisvibisa tembere yaMwari, Mwari uchamuparadza vo;



113

nokuti tembere yaMwari itsvene, ndimi iyo.
1 VaKorinte 3:17.
Kuda uri kubvunza kuti munhu anosvibisa sei muviri wake.
Pauro anotiverengera zvinhu zvatinofanira kusaita:



114

(Chiverengo: 1 VaKorinte 6:9,10)
...Musarashika; nokuti mhombwe, kana vanonamata zvifananidzo, kana vanofeva, kana vakapata, kana varume vanoita zvakaipa navamwe varume,

115

kana mbavha, kana vanoruchiva, kana vanosinwa doro,...havangagari nhaka yowushe hwaMwari.
1 VaKorinte 6:9,10.
Bhaibheri rinotaura hupombwe nokuwunzenza sezvinhu zvinosvibisa muviri.
Rinotaura zvakare nokudhakwa.



116

(Chiverengo: Izaga 20:1)
Waini mudadi, doro mupopoti; Aninani unobatwa nazvo, haana-kuchenjera.
Zvirevo 20:1.



117

(Chiverengo: Zvirevo 23:31-33)
Usatarira waini kana yakatsvuka, kana ichivaima mumukombe, kana ichitapira pakunwiwa.

15 - Kudzosera Nguva Shure



118

Pakupedzisira inoruma senyoka, Inobaya semvumbi.



119

Meso ako achawona zvisingazikwanwi, moyo wako uchabudisa zvisakarurama.
Zvirevo 23:31-33.

120

Kunwa doro ndezvimwe zvirikunetsa chaizvo munyika. Tsaona dzakawanda dzinokonzerwa nokudakwa.

121

Muvanhu vanourayiwa nevano uraya vamwe, kudhakwa kunowanikwa nguva dzakawanda kuri chikonzero.

122

Doro rinouraya masimba emuviri okushandisa ma "Vitamins." Shuga irimudoro (nemuzvimwiwa zvinotapira) inouraya masimba omuviri anodzivirira zvirwere.

123

Vanofarira doro vanopfupikisa hupenyu hwavo nemakore 12, nokuti doro rinouraya chiropa.
Pavanhu gumi vanonwa doro kekutanga, umwe chete wavo anoguma avachidakwa chinotyisa zvikuru.

124

Zvakawongororwa kuti panguva inopinda doro muropa, nyama dzepfungwa dzinokuvadzwa, uyezve nokuti vanababa

125

nana mai vanonwa vanowanzozvara vana varizvirema kupinda avo vasinganwi.
Asi kumuKristu, kushandisa zvimwiwa zvedoro kunowunza mibairo mikuru isinakufanira.

15 - Kudzosera Nguva Shure

126

MaKristu anofanirwa kunyatsoshandisa pfungwa dzavo kuitira kutivatizire zviedzo zva Satani.
MaKristu hafaniri kubvuma kuti pfungwa dzavo dzipesanisiwe. Dzinofanirwa kugara dzichiziva zvakanaka nezvakaipa!

127

Jesu akaramba kumwa zvinodhaka zvaakapiwa nemawuto pamuchinjiko, nyangwe zvazvo zvaizvopedza kurwadza.

128

Jesu akarwadziwa zvikurusa, asi haana kumbogamuchira chinhu chinodakisa pfungwa dzake kusvikira apo paakafa.

129

Mararamiro evanhu akawanda anokuvadza muviri. Vanoputa fodya vanozviisa muchinzvimbo chokuurayiwa nechirwere che "Cancer." chakapetwa ka 1000 mavari kupfura avo vasingapute fodya.
Vanoputa fodya vanobatiwa nechirwere zvakare chemoyo chakapetwa mavari ka 103 kuti vafe kana tichienzanisa neavo vasngaputi.


130

Chirwere che "Emphysema" chinouraya vanhu vanosvika 55 000 pagore!
Mushonga unonzi "nicotine" unowanikwa mufodya unokonzera kuti tsinga dzeropa dzisvave.

131

Kana tsinga dzikasvava uye kanamafuta akazara mukati, zvinokonzera kuti ropa richirega kufamba richienda mumoyo nedzimwe nzvimbo dzomuviri. Kana ropa ramira, kuwoma kwaro kunokonzera zvidaidzwa nechirungu kunzi "heart attack" kana "stroke."

132

Munhu anoputa fodya anokurumidza kuchembera pfungwa dzake nokuti mupfungwa munenge musisina mweya wakakwana.

15 - Kudzosera Nguva Shure

133

Vanhukadzi vanoputa vainenhumbu vanokuvadza tsinga dzeropa dzomwana wavo.
Kuputa fodya kunokonzera zvakare kuti vana mai vazvare mwana akafa nguva dzakawanda.

134

Kuputa fodya kwakakonzera kufa kwevanhu 500 000 mugore rapfura munyika yeku America.

135

(Chiverengo: Eksodo 20:13)
Usawuraya.
Eksodo 20:13.
Vanhu vangani varikuzviuraya nezvinhu zvavanodya, zvavanomwa nekuputa fodya?

136

Umwe akati zvinhu zvakajairika zvekuzviuraya mapanga, zvipunu kana mafoku.
Asi ngatimbofungai izvi zvatinogara takanwa mumakapu edu!



137

Caffeine, inowanikwa muzvimwiwa zveKofi (coffee), inoverengerwa nemabhuku akawanda sechinhu chinokanganisa zvakare chichiwuraya muviri.
Harold Shryock, M.D., You and Your Health, vol. 1, p. 413.

138

Tii nezvimwiwa zvekokakora zvine mushonga unokuvadza unonzi " Caffeine."
Zvimwiwa izvi zvakawongororwa kuti zvinokonzera zvirwere zvemoyo, zvirwere zvemutsipa wepfungwa, nezvirwere zve "Cancer."

139

Kana munhu waunoziva airamba achimhanya achienda kwakavanzika achinozviisa mushonga we "caffeine" nejekiseni mumuviri make, waimudana uchiti ototongwa nemushonga wake uyu unokuvadza.
Vangani iye nhasi varikuita zvakangofanana vachinwa vana kofi nezvimwiwa zvinosanganisira makokakora.

15 - Kudzosera Nguva Shure

140

Kuzvidzora kwechokwadi kunoreva kurega kushandisa nyango chii zvacho chinokuvadza zvakare kushandisa nenzira yakanaka izvowo zvakanaka.

141

Vanhu vakawanda vanonwa zvinopfura muero wezvinhu izvo zvakanaka!
Izvi zvinokonzera rimwe dambudziko reutano wevanhu, munzvimbo dzakawanda munyika.



142

"Umwe akati kudya mafuta kunokonzera kuti pave netsinga dzakawanda dzitswa. Uyezve moyo unopiwa basa rakawanda rokufambisa ropa mutsinga idzi.



143

Moyo unozopiwa basa rinorema rokufambisa ropa mutsinga idzi dzitswa.
--Harold Shryock, M.D., You and your Health, vol. 1, p. 395.

144

Moyo, chiropa nemapapu evanhu vane muviri unemafuta akawanda anozopera simba nokushandisa chaizvo. Vanhu vakadai vanorwara zvirwere 16 zvisingawanikwi muvanhu vanemuviri mutete.

145

Mwari anoda kuti tichengete miviri yedu, kuti tigova nehupenyu unemufaro.
Mwari anoda kuti tive vanhu vanovimbika, vakarurama, vanozvidzora, vanofara.
Mwari anoda kuti tive nehupenyu wakazara.
Tikateerera mirairi Yake, tichava nehupenyu hurefu, tineutano hwakanaka.

146

Kuzorora nokuzorodza pfungwa.
Jesu ayiwana nguva yokuzorora nokuzorodza pfungwa.
Apedza zuva anevanhu, akati iye kuvateveri vake,

15 - Kudzosera Nguva Shure



147

(Chiverengo: Marko 6:31)
...Wuyai imi muri moga kunzvimbo murenje, muzorore zvishoma...
Marko 6:31.
Jesu anoda kuti tishande, uye tive nenguva yatinowana zororo yakakwana.

148

Ndichochikonzera Mwari akatipa Sabata.
Mwari anozviziva kuti tinofanirwa kukanganwa madambudziko edu nebasa redu, tiswere tiinaye.


149

Haungakwanisi kuenda kunyanza, asi naiyo inzvimbo yakanka yokuzorora pane dzimwe nguva.
Ungade kuenda mumakomo ane miti yakareba kana pedyo nerwizi runonyararisa moyo wako.

150

Ungaende kwaunoda, asi chinodikanwa kubva munzvimbo dzine mheremhere.
Zvakakosha kuti uzorodze pfungwa dzako!

151

Ichokwadi, Mwari anoda kuti ufare pasi pano, nokugadzirira kugara munyika istva, umo musina zvirwere.

152

"Izvi zvinofadza kwandiri," ungataure. "Ndinoda kugara munyika itsva, asi pane dzimwe tsika dzandingakwanisi kuregera."
Kunenhau dzinofadza nhasi.
Mwari anoda kukubetsera zvikuru.

15 - Kudzosera Nguva Shure

153

(Chiverengo: Johane 15:5)
...Kunze kwangu hamugoni kuita chinhu.
Johane 15:5.
Nesimba redu, hatikwanise kuregera tsika dzedu dzakaipa.
Muponesi wedu aripo munzvimbo iyi. Anoda kutibetsera zvikuru!
Pauro aiziva zvakavanzika.

154

(Chiverengo: VaFiripi 4:13)
Ndingaita zvose kuburikidza naKristu unondipa simba.
VaFiripi 4:13.

155

Umwe mukadzi akauya kumisangano inofanana se iyi.
Muparidzi akamushanyira, akamutairira nezvokudzokera mumhuri yaMwari.
Akapindura achiti "Ndinoda kudzokera, asi handikwanise. Ndino puta fodya."
Akamudana nezita rake, akamubvunza achiti, "Unotenda here kuti Jesu anoda kuti ukurire tsika iyi?"
"hongu, ndinotenda, asi handikwanise. Handina simba."
Muparidzi akati, "Ndingakuverengera here zvakanyorwa mubhaibheri?"
Akavura bhaibheri rake muna 1 Johane 5:14, akaverenga kuti, "Unoona, tikakumbira kwaari anotinzwa."
"Mary, unotenda here kuti ungaregere kuputa?"
Akabvunza muparidzi .
"Kwete." Mary akapindura.
"Zvakanaka," akataura muparidzi, "Nokuti Bhaibheri rinoti iro 'kutenda kwatinako maari.' Saka kutenda uku kuripi?"
"Maari" akapindura Mary.

15 - Kudzosera Nguva Shure

156

Akaverenga zvakare muparidzi, achiwedzera achiti, "Kana tikakumbira chinhu kwaari, kusara kwekuputa , anotinzwa."
Akazobvunza kuti, "Ndingazvinyora here izvi mubhaibheri rako?"
"Kwete." Mary akapindura, "Handidi kushandura Bhaibheri."
Muparidzi akazoti kuna Mary, "Kuda kwaMwari ndekwekuti iwe urege fodya here?"
"Hongu, kuda kwaMwari," Mary akapindura.
"Saka chikumbira Kristu nokutenda, kuti akupe simba raakavimbisa?"
"Hongu" Mary akapindura, "Ndinozvikwanisa."
"Ndine mubvunzo wekugumisira muparidzi,"
"Uchagamuchira rini simba iri rokuregera kuputa fodya? Vhiki inotevera, kana mwedzi unotevera? Uchagamuchira rini simba iri?"
Muparidzi akavura Bhaibheri rake kuna Johane 1:12, akaverenga kuti,
"Vakamugamuchira vakapiwa simba rokuva vana vaMwari. Kugamuchira Jesu kugamuchira simba, "
akaenda mberi muparidzi uyu achiti,
"Manheru ano, taona kuti unotenda muna Jesu. Taona kuti zvese zvatinokumbira, tinopiwa nekuda kwake. Tinoziva kuti kuda kwake kuti urege kuputa. Taona zvakare kuti kana uchimugamuchira, unopiwa simba."

157

Nesimba rake, unokwanisa kuva nehupenyu hwakazara, unemufaro neutano hwakanaka zvakare hozogamuchira hupenyu husingaperi munyika itsva. Tambanudza ruoko rwako kuna Jesu - Akatambanudza gwake kwauru!

16 - Kutanga Patsva

1

Ungatanga Patsva

2

(Video: 10 sec) Mugore ra March 1992, muparidzi wevhangeri wechiKristu akabata misangano yemharidzo kunzvimbo yekuMoscow. Apedza imwe mharidzo yake, akaenda kunozvigarira muhofisi yake, apo musuwo pawakavhurwa nekukasika.


3

Makabva mapinda murume wechidiki aiva akasimba uye anekutarisika kwakaipa. Muparidzi akafunga kuti aizomurwisa achibva adzokera kumashure.
Aimuturikira mharidzo dzake werudzi rwechi Russia akauya akamira pakati pavo. Pakarepo murume uyu akatanga kutaura nerurimi rwechiRussia.
Muturikiri akatsanangura kuti murume uyu aiva wechiMoscow uye ari mhondi.
Ayinge ambo pinda uye akabuda mujere kwemakore makumi maviri nemasere.
Akatambudzwa nekushushikana pamusoro pehupenyu hwamangana saka aitsvaga runyararo. Muparidzi akamuverengera
1 Johane 1:9: "Kana tikapupura zvivi zvedu, akavimbika uye akanaka anotiregerera zvivi zvedu."
Akataurira murume uyu aive ashushikana nyaya yembabva yakaroverewa pamuchinjiko naJesu akawana ruregerero.
Akamuvimbisa kuti Jesu achiriMuponesi akangofanana sezvaaiva ari. Anopa ruregerero, anonunura. Anopa ruponeso. Tora iyenhasi izvi zvaanokupa, iva nemufaro! rumbidza Mwari nazvo!
Nekuchema murume uyu akapfugama akagamuchira Jesu samuponesi wake.

4

Kwapera gore, muparidzi uyu akashanyira zvakare guta rekuMoscow.
Paairumbidza Mwari nevamwe vatendi munerimwe sangano ridzva, akaona mhondi iya yaiva yatendeuka ichiimba nevamwe vaimbi.

16 - Kutanga Patsva

5

Uso wemurume uyu aiva mhondi hwaive hwakuratidza runyararo rwemoyo.
Murume aitaridza kufara zvikuru. Aive agamuchira Jesu. Dzidziso dzaJesu dzeBhaibheri dzaive dzamushandura muhupenyu hwake, uye akatevera rubhabhatidzo rweBhaibheri.
Rubhabhatidzo rwemuBhaibheri chiratidzo chehupenyu hwashandurwa nenyasha dzaMwari.
Rubhabhatidzo runopupura kutanga kwehupenyu munaKristu.
Rubhabhatidzo runoratidza hupenyu hwashanduka.
Muenzaniso unonyatso ratidza kushandura kwaJesu kohupenyu hwemunhu ndewa Sauro uyo akazova mupostori Pauro.

6

Kunyangwe Sauro aiva chizvarwa chekuRoma uye akadzidziswa nevadzidzi vakuru vekuJerusarema, Sauro aifarira chaizvo kutenda kwemaJuda, uye akazikanwa semuchengeti mukuru wekutenda kwavo.

7

Sauro--zita rake rakazova Pauro apo paakatendeuka--anotsanangura zvaaita kuti anyararidze maKristu.

8

(Chiverengo: Mabasa 22:4,5)
"Ndikatambudza...pakuvuraya, ndichisunga varume navakadzi nokuvaisa mutorongo."



9

"...ndikaenda kuDamasko kuti ndiise Jerusarema avo vaigarako, vakasungwa, kuti varobwe."
Mabasa 22:4,5.

10

Apo paaiyenda kuDamascus, kubwinya kunoshamisa kwakatungidza kuchibva kudenga kuka mudonedzera pasi.

16 - KUTANGA PATSVA

11

(Chiverengo: Mabasa 22:7,8)
Akanzwa shoko richiti, "...Sauro, Sauro, unonditambudzireiko?"



12

"Ndikapindura, ndikati: Ndimi aniko Ishe?

13

Akati kwandiri: Ndini Jesu weNazareta, waunotambudza."
Mabasa 22:7,8.

14

(Chiverengo: Mabasa 22:10)
Mufarisi anorudado akabvunza Jesu kuti, "...Ndodiniko, Ishe? Ishe akati kwandiri: Simuka, uende kuDamasko;

15

apo uchaudzwa zvose zvaunofanira kuita"
Mabasa 22:10.

16

Sauro akapofomadzwa nekubwinya kukuru uye akaperekedzwa kuimba yayive kuDamascus.

16 - Kutanga Patsva

17

Kwemazuva matatu Sauro akava nenguva yekufunga kutambura nekurwadza kwaaive akonzera kuvanhu vaMwari, nenguva dzaaive apomera vatendi mhosva mumatare.
Pakumikira vanhu vaMwari achivashora zvenhema, zvaingofanana nekuti aive ashora uye akamukira Muponesi wenyika iye anova Jesu Kristu!
Sauro akava nekushushikana kukuru maererano nezvizvi mumoyo make!
Sauro akava nenguva yekugadzirisa nyaya yake naMwari.

18

Akagara murima kwemazuva matatu, Mwari akazotumira muporofita wake ainzi Ananias.
Ananias akazoti kuna Sauro,

19

(Chiverengo: Mabasa 22:13-15)
"...Sauro, hama, chiwona! Nenguva iyo ndikamuwona."



20

"Iye akati: Mwari wamadziBaba edu wakakusanangura, kuti uzive kuda kwake,



21

nokumuwona iye wakarurama, nokunzwa inzwi, rinobva mumuromo make."

22

"Nokuti iwe uchava chapupu chake kuvanhu vose chezvawakawona nezvawakanzwa."
Mabasa 22:13-15.
Kuti Sauro ayende mberi nehupenyu hwake avhare mukova weshure,

16 - Kutanga Patsva



23

(Chiverengo: Mabasa 22:16)
Ananias akati kuna Sauro, "Zvino uchanonokereiko? Simuka, ubhabhatidzwe, usukwe zvivi zvako,

24

udane zita rake."
Mabasa 22:16.

25

Iyi ndiyo nzira Sauro yaakabatanidzwa nayo naMwari nokusingaperi.
Rubhabhatidzo rwakava musuwo kuhupenyu hutsva hwaSauro.
Sauro aitsvaga kuchenurwa pazvinhu zvakaipa zvaaive aita achiti arikuitira sangano.
Aitsvaga kuchenurwa. Ayiziva kuti aitsvaga nyasha dzinoshamisa dzaMwari neruregerero rwake.

26

Apo paakabhabhatidzwa akaziva kuti Mwari aive atomuregerera zvivi zvake.
Sauro uyo ayitambudza vanhu akazova Pauro, akashinga akafarira Jesu hupenyu hwake wese hwakatevera!

27

Wakamboshuwa here kuti utange patswa muhupenyu hwako uye kuti zvitadzo zvako zvese zvawakaita zviregererwe kana kuti zvichenurwe?

28

(Video: 8 sec) Mwari aiziva kuti tose tinotsvaka kutangapatsva, nekudaro akavamba rubhabhatidzo sechiratidzo chekuti tichabatanidzwa naye nenguva iyoyo zvichiyenderera mberi: Mavambo matsva, hupenyu hutsva muna Jesu. Ndechipi chimwe chingaratidza kufa muchivi nekuvamba hupenyu hutsva panokubhabhatidzva nekunyudzwa--kunyudzwa pasi pemvura?

16 - Kutanga Patsva

29

Kubhabhatidza chaiko chaiko kwechiKristu kwakavamba naJohane Mubhabhatidzi, muporofita uyo akawonekwa murenje yeku Judea achiparidza nesimba kuti vanhu vatendeuke.
Nzira dzese dzainanga kurwizi rweJordan dzaive dzakawanda nevanhu vayienda kunomuteerera achiparidza.



30

(Chiverengo: Mateo 3:5,6)
Bhaibheri rinoti, "Zvino veJerusarema neJudea rose vakabudira kwaari, nenyika yose yapaJoridani;



31

vakabhabhatidzwa naye murwizi rwaJoridani vachizvirewurura zvivi zvavo."
Mateo 3:5,6.

32

Apo achioneka amai vake nebasa rake rekuveza, Jesu akananga kurwizi Jordan.
Apo Johane paakaona Jesu, akamuziva ndobva amira kuparidza.



33

(Chiverengo: Johane 1:29)
Achinongedza Jesu, Johane akati, "...Tarirai, Gwaiyana raMwari, rinobvisa zvivi zvenyika."
Johane 1:29.

34

Johane akaziva Gwayana rechokwadi uyo raizofira zvivi zvevanhu vayizogamuchira kuzvipira kwake .
Apo Jesu paakakumbira kubhabhatidzwa, Johane akambozeza zvishoma.

35

(Chiverengo: Mateo 3:14)
Akati, "...Ndini ndinofanira kubhabhatidzwa nemi..."
Mateo 3:14.

16 - Kutanga Patsva

36

(Chiverengo: Mateo 3:15)
Asi Jesu akati, "...Chirega hako zvino, nokuti saizvozvo zvakafanira kuti tizadzisise kururama..." Vhesi 15.
Johane akaona kuti Jesu aive asina hupenyu hunezvivi.
Uye Jesu aisatsvaka kuratidza kubvuma sezvaiita vanhu maererano nekumuka kwake!

37

Jesu akakumbira kuti abhabhatidzwe nekuti aida kuzvifananidza nemunhu.
Aida kusiya muenzaniso wakaperera kuti titevere.
Naizvozvo Johane akanyudza Jesu murwizi rweJordan, nekuti vara rinoti kubhabhatidza rinoreva izvozvo:



38

(Chiverengo: Mateo 3:16, 17)
Bhaibheri rinoti, "Jesu, wakati abhabhatidzwa, pakarepo akabuda mumvura; zvino, tarira, denga rakamuzarurirwa,



39

akawona Mweya waMwari achiburuka senjiva, akauya pamusoro pake."
Mateo 3:16.



40

"Zvino tarira, inzwi rakabva kudenga, richiti: Uyu ndiye Mwanakomana wangu unodikanwa, wandinofarira!"
Mateo 3:16,17)
Mwari akashandisa njiva kutumira rudo nemanzwi ekusimbisa Jesu, asi akaita zvimwe.

41

Apo Jesu paakabuda pasi pemvura akamira nembatya dzaidonha mvura parwizi rweJordan, Mwari akadanidzira kuti Mwanakomana wake,ndiye uyo akazodzwa.
Kubhabhatidzwa kwaKristu kwakaratidza kuvamba kwebasa rake muvanhu, nekuti Petro akati,

42

(Chiverengo: Mabasa 10:38)
"...Mwari wakazodza Jesu weku Nazareta noMweya Mutsvene nesimba;

16 - Kutanga Patsva

43

iye wai-pote-nyika, achiita zvakanaka, achiporesa vose vakamanikidzwa na Dhiabhorosi; nokuti Mwari waiva naye."
Mabasa 10:38.
Jesu pachake haana kubhabhatidza, asi Bhaibheri rinoti vadzidzi vake vakabhabhatidza:

44

(Chiverengo: Johane 4:1,2)
"Zvino Ishe wakati aziva kuti vaFarise vakanga vanzwa kuti Jesu aive akubhabhatidza vadzidzi vakawanda kupfuura Johane,



45

(kunyange Jesu wakanga asingabhabhatidzi amene, asi vadzidzi vake)."
Johane 4:1, 2.
Tarisa kuraira kwekuguma kwaJesu apo asati ayenda kudenga:

46

(Chiverengo: Mateo 28:19, 20)
"Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muvabhabhatidze muzita raBaba, neroMwanakomana, neroMweya Mutsvene."

47

"Muvadzidzise kuchengeta zvose zvandakakurairai imi; tarirai, ndinemi mazuva ose, kusvikira pakuguma kwenyika."
Mateo 28:19, 20.

48

Kuda ungabvunze kuti vadzidzi vaJesu vakasara vachishandisa nzira ipi yekubhabhatidza apo Jesu paaive ayenda kudenga.
Nekusanyunyuta vakatevera muenzaniso waJesu, nekuti vaiva vadzidzisi vake.



49

(Chiverengo: VaEfeso 4:5)
Pauro, umwe wevateveri vakasimba vaJesu anoti, "Ishe mumwe, nokutenda kumwe, norubhabhatidzo rumwe."
VaEfeso 4:5.

16 - Kutanga Patsva

50

Kutsanangura kwakajeka kwerubhabhatidzo pakapfuura nguva yekufa kwaJesu kwakanyorwa mubhuku raMabasa, rubhabhatidzo rwakaitwa naFiripi, muparidzi mukuru.

51

Apo Firipi paayifamba munzira achiyenda kunzvimbo yeku Gaza, akaona sahomwe weku Ethiopia wamambokadzi Candace, aive achichengetedza homwe yake.
Aiva auya kuJerusarema kuzonamata.

52

Iyezvino aiva munzira yake akananga kumba, achifamba nengoro yake uye achiverenga.
Firipi akamhanya kunemurume uyu akamubvunza kuti



53

(Chiverengo: Mabasa 8:30, 31)
ayinzwisisa here zvaaiverenga. Nekukurumidza sahomwe akapindura akati,

54

"... Ndingagona seiko, kana mumwe asingandidudziri?..."

55

Akakoka Firipi kuti apinde mungoro yake. Firipi akaona kuti murume uyu aiverenga: Isaya, chitsauko 53. MuEthiopian uyu akakumbira Firipi kuti amutsanangurire zvaaiverenga.
Chitsauko chaitaura nehupenyu hwaJesu uye nekuroverwa pamuchinjiko kwaMesia.

56

(Chiverengo: Mabasa 8:35)
Bhaibheri rinoti, "Ipapo Firipo akashamisa muromo wake, akatanga parugwaro urwu, akamuparidzira Jesu." Mabasa 8:35.

16 - Kutanga Patsva

57

Kunofanira kwakava kudzidza kweBhaibheri kunonakidza apo pavaiva mungoro!
Firipi haana kutaura chete nezvaJesu, asi akatsanangura pachena kukosha kwerubhabhatidzo, nekuti Bhaibheri rinoti apo pavakasvika parwizi rwemvura, murume wechi Ethiopia akati kuna Firipi,

58

(Chiverengo: Mabasa 8:36. 37)
"...Heyi mvura; chinyiko, chingadzivisa ndirege kubhabhatidzwa?"
Mabasa 8:36.

59

"[Firipo akati: Kana uchitenda nomoyo wako wose, zvingaitwa.



60

Akapindura akati: Ndinotenda kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari.]"
Vhesi 37.



61

(Chiverengo: Mabasa 8:38)
"Akaraira kuti ngoro imire; vakaburuka vose mumvura, iye Firipo nomuranda; akamubhabhatidza."
Mabasa 8:38.
Firipi akanyudza sahomwe weku Ethiopia mumvura, saJohane paakanyudza Kristu apo paakamubhabhatidza.

62

(Chiverengo: Mabasa 8:39)
"Zvino vakati vachibuda mumvura, Mweya waShe ukabvisa Firipo;

63

...wakafamba rwendo rwake, achifara."
Mabasa 8:39.

64

Izvi ndizvo zvinoitika kana tikafusira hupenyu wakare wechivi tivambe hupenyu hutswa munaKristu. Zviripachena kuti kunyudza ndiyo nzira yekubhabhatidza yayitevedzerwa musangano rekutanga.

65

MuTestamende Itsva hapana imwe nzira yekubhabhatidza yakanyorwa.
Uyu mufananidzo wenzvimbo yekubhabhatidzira pamakore ekutanga musangano reku Firipi.
Vawongorori venhoroondo venguva dzekutanga

66

vanoratidza kuti kunyudzwa kwaive kurinzira yekubhabhatidza kusvikira mumakore a 1200A.D. na 1300 A.D.



67

Cardinal James Gibbons akanyora kuti: "Kwemakore akawanda mushure mekuvambwa kwechiKristu, rubhabhatidzo rwaive rwiri rwekunyudza;



68

asi kubva mumakore a 1200 A.D. nzira yekubhabhatidza nekumwaya yakatora nzvimbo musangano reKatorika,



69

nekuti nzira iyi hairemi kutevedzera sezvinoita kubhabhatidzwa nekunyudzwa mumvura...."



70

"...Sangano rinoita zvakakodzera zvarinoona kushandisa nzira irinani, zvichiendarana nemaererano enguva nenzvimbo."
–The Faith of Our Fathers, 94th edition, p. 277.

16 - Kutanga Patsva

71

Vashanyiri vakawanda nhasi vanoshanyira sangano reku Saint John's, mumatongo (ruins) meguta reku Efesu kunyika yeku Turkey.
Sangano iri rakavakiwa sechiyeuchidzo chaJohane mudzidzisi waJesu.
Chinofadza inzvimbo yayibhabhatidzwa vanhu iripo.
Upamhi hwayo wakakura, uye nekudzika pasi kwenzvimbo iyi panezvitsiko zvinoshandiswa kuenda pasi.

72

Vanhu vakawanda vakambonzwa nechivako chinonzi old bell tower chirimberi kwekereke yeku Pisa, kunyika yeItaly. Chinonyanyozikanwa nezita rekuti chivako chakazembera cheku Pisa.


73

Pamwechete nekereke rechivako chakazembera cheku Pisa, panenzvimbo yekubhabhatidzira, chivakwa chinokomberedza

74

dziva rakakura uye rinonyura, chakavakwa mumakore a 1400 A.D.
Kwapfuura makore 1300 Jesu ayenda kudenga, nzira yekubhabhatidza yayingova yekunyudza!



75

Panemakereke akawanda anenzvimbo dzekubhabhatidza dzakakura uye dzinonyura kunyika yeku Europe.
Nzvimbo dzinosvika 66 dzinowanikwa kunyika yeku Italy, dzakavakwa kare.

76

Kwaka kosha sei kubhabhatidzwa?

77

Zvino kosha here kubhabhatidzwa?

16 - Kutanga Patsva

78

(Chiverengo: Johane 3:5)
"Jesu akapindura, akati: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri: Kana munhu asingaberekwi nemvura noMweya,

79

haangagoni kupinda muhushe hwaMwari."
Johane 3:5.

80

Jesu anoratidza apa kuti kuzvarwa nemvura, kunoreva kubhabhatidzwa sezvatichadzidza apo patinoyenderera mberi, kwaka kosha kuitira kuti tiyende kudenga.

81

Kristu haana kutaura izvi kamwe chete.
Tarisa kuti anotaura zvakafanana muna Marko 16:16:

82

(Chiverengo: Marko 16:16)
"Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa..."
Marko 16:16.
Danho rekutanga pakugadzirira rubhabhatidzo rweBhaibheri kutenda kunaJesu Kristu kuti akafira zvivi zvako uye kuti Muponesi naMwari wako.

83

Firipi anotsigirira kukosha kwekutenda kwakasimba munaKristu kunemu Ethiopian.
Apo muEthiopian paakabvunza Firipi kuti angabhabhatidzwe here, Firipi akati,

84

(Chiverengo: Mabasa 8:37)
"...Kana uchitenda nomoyo wako wose, zvingaitwa..."
Mabasa 8:37.

16 - Kutanga Patsva

85

(Chiverengo: Mateo 28:19)
Jesu akapa vadzidzi vake danho rechipiri,
"Endai...mudzidzise marudzi ose, muvabhabhatidze..."
Mateo 28:19.
Kudzidziswa ndiko kunotanga apo munhu asati abhabhatidzwa.

86

(Chiverengo: Mateo 28:20)
Jesu akati uyo achabhabhatidzwa anofanira kudzidziswa, "...kuchengeta zvose zvandakakurairai imi..."
Mateo 28:20.

87

Nemamwe mashoko, munhu arikugadzirira kubhabhatidzwa anofanira kunzwisisa dzidziso yaJesu uye agoyigamuchira. Asi, handi dzidziso yechokwadi chete yaanofanira kuziva.

88

(Chiverengo: Mateo 28:19)
"Endai muvabhabhatidze muzita raBaba, nero Mwanakomana, nero Mweya Mutsvene."
Mateo 28:19.
Panofanira kuva nekuzvipira kohupenyu hwemunhu kunaKristu.
Kana munhu akabatana naJesu, anotangisa kurarama nenzira yaKristu.
Hambodi kuita zvinhu Jesu zvaasingatenderi

89

Danho rechitatu ndere kutendeuka. Petro akati,



90

(Chiverengo: Mabasa 3:19)
"Naizvozvo tendevukai, mudzoke, kuti zvivi zvenyu zvidzimwe..."
Mabasa 3:19.
Kutendeuka kunoreva kuona kuipa kwezivi zvako uye nekuzvisiya zvachose.

16 - Kutanga Patsva

91

Izvi zvingabve chete pamoyo wabatwa ukanyaradzwa nechibairo chakaitiwa pamuchinjiko weku Karivhari kutinunura pazvivi zvedu.



92

Ngatidzokororei muchidimbu nzira idzi dzekugadzirira kubhabhatidzwa;

93

1. Asati abhabhatidzwa, munhu anofanira kugamuchira Jesu saMuponesi na Ishe wake.



94

2. Munhu anofanira kunzwisisa dzidziso yaJesu uye ave nechido chekumutevera apo asati abhabhatidzwa.



95

3. Anofanira kubvuma zvivi zvake zvose atendeuke.

96

Kuda wakamboshuwa kuti ushandure hupenyu hwako huve hwakanaka, asi hauzivi kuti ungazviita sei. Nekutevera nzira idzi dzekugadzirira rubhabhatidzo, ungava munhu mutsva, zvichibvira mukati memoyo mako.
Nesimba raMwari, ungashandurwe, uzvarwe patsva, uye utendeuke.

97

Vanhu vanosibvunza kuti, "Kana ndabhabhatidzwa, ndinova nhengo yesangano here? Kana kuti ndinongo bhabhatidzwa muna Jesu chete?"
Bhaibheri rinodzidzisa kuti kubhabhatidzwa muna Kristu kubhabhatidzirwa mumuviri waKristu, uri sangano. Apo vakawanda pavaka bhabhatidzwa nenguva yePentecost, Bhaibheri rinoti,

16 - Kutanga Patsva

98

(Chiverengo: Mabasa 2:41, 42)
"Zvino avo vakagamuchira shoko rake, vakabhabhatidzwa; nezuva iro vanhu vanenge zviuru zvitatu vakawedzerwa."

99

"Vakatsungirira pakudzidzisa kwavaapostora, napakuyanana kwavo,

100

napakumedura chingwa, napaminyengetero."
Mabasa 2:41,42.
Chinyorwa ichi chiri pachena. Kana tikabhabhatidzwa, hativi nherera dzemweya. Hatisari tiritega.
Vanhu vaibhabhatidzwa mubhuku reMabasa, "vakaendera mberi mudzidziso yevapostori nekunamata pamwe chete."
Vakava nhengo yesangano raMwari raitenda Bhaibheri.

101

(Chiverengo: 1 VaKorinte 12:13)
1 VaKorinte 12:13 anoti: "Nokuti muMweya mumwe isu tose takabhabhatidzirwa mumuviri mumwe..." Vhesi 28 inoratidza zviripachena kuti muviri isangano.
Kana varume nevakadzi vakagamuchira Jesu vagopira hupenyu hwavo kutevera Jesu, vanodisa chaizvo kunamata nevamwe vatendi. Moyo yavo inozodisa chaizvo kuti vave nhengo yesangano raJesu rinochengeta mirairo yake.

102

(Chiverengo: Mateo 28:19,20)
Ndicho chikonzero Jesu akati muna Mateo 28:19,20: "Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muvabhabhatidze muzita raBaba, neroMwanakomana, neroMweya Mutsvene.

103

"Muvadzidzise kuchengeta zvose zvandakakurairai imi..."

16 - KUTANGA PATSVA

104

Manheru ano Jesu arikukudaidza kuti upire hupenyu hwako kwaari. Arikukudaidza kuti uve nhengo yevanhu vake vanotenda Bhaibheri, vachichengeta mirairo yake. Anokupa rukoko rwaakapa kumupostori Pauro:



105

(Chiverengo: Mabasa 22:16)
"Zvino uchanonokireiko? Simuka, ubhabhatidzwe, usukwe zvivi zvako..."
Mabasa 22:16.

106

Nemamwe manheru umwe mutungamiri wemaJuda ainzi Nikodima akauya kuna Jesu.
Nikodima aisada kuti shamwari dzake dzizive kuti aifarira Jesu.

107

(Chiverengo: Johane 3:2)
Akapesva Jesu nekumutaurira kuti, "...Rabi, tinoziva kuti muri Mudzidzisi wakabva kunaMwari;

108

nokuti hakuna munhu unogona kuita zviratidzo izvozvo zvamunoita, kana Mwari asi naye."
Jesu aiverenga moyo wake, nekudaro akabva ataura akaratidza Nikodima izvo zvaaitsvaka muhupenyu hwake.

109

(Chiverengo: Johane 3:3)
"Jesu akapindura, akati kwaari: Zviro kwazvo, zvirokwazvo,

110

ndinoti kwauri: Kana munhu asingaberekwi patsva, hangavoni vushe hwaMwari."
Johane 3:3.

16 - Kutanga Patsva

111

(Chiverengo: Johane 3:4)
Nikodima akashamisika, akabvunza Jesu kuti
"...Munhu ungagoberekwa seiko ava mukuru?

112

Ungapindazve mudumbu ramai vake rwechipiri, akaberekwa here?"
Johane 3:4.

113

(Chiverengo: Johane 3:5)
Jesu akazoratidza kuti aitaura nekuberekwa kwemweya, apo paakati
"... Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri: Kana munhu asingaberekwi nemvura noMweya,

114

haangagoni kupinda muvushe hwaMwari."
Johane 3:5.
Apa Jesu arikutaura nekuberekwa komweya kunoonekwa nekubhabhatidzwa.
Izvi zvinoreva kuti munhu anenge achachenurwa mumvura yekubhabhatidza.

115

Nekusanyunyuta, Nikodima, muFarisi aiva nerudado aifungidzira kuti achapinda muhumambo hwaMwari nekuva chizvarwa chechiJuda uye nekuva muJuda akazvipira.

116

Asi Jesu akazviisa pachena kuti zvimwe zvisiri kushanduka kwakaperera nesimba reMweya Mutsvene, sezvinoratidzwa nerubhabhatidzo, zvaive zvisina kukwana.

117

Iyi ndiyo nzira munhu yaanosimbisa kugamuchira kuzvipira kwakapuwa naBaba varikudenga uye kukaitwa neMwanakomana wake.

16 - Kutanga Patsva

118

Uku ndiko kuvamba kwehupenyu hutsva munaKristu.



119

(Chiverengo: Mateo 3:17)
Pakubhabhatidzwa kwaKristu, inzwi raMwari rakanzwikwa richiti, "...Uyu ndiye Mwanakomana wangu unodikanwa, wandinofarira."
Mateo 3:17.

120

Kwaiva nguva iyi, apo Mweya Mutsvene paakauya nechiratidzo chenjiva akazora Jesu, akava Iye akazodzwa kana Mesia kana Kristu.

121

Kuitika uku kwakaratidza kuvamba kwebasa raKristu kuvanhu vese.
Nekudarowo, kubhabhatidzwa kwemutendi kunoratidza kuvamba kwehupenyu hwake hutsva naKristu seMuponesi wake.
Kuitika uku kunoratidza kuvanhu vese nekubhabhatidzwa kuti abatana naKristu, kuti atopfeka Kristu.

122

(Chiverengo: VaGaratia 3:27)
VaGaratia 3:27 inoti, "Nokuti vose pakati penyu, vakabhabhatidzwa munaKristu, makafuka Kristu."

123

(Video: 10 sec) Kuneuyo agamuchira Jesu sechibairo chake pamuchinjiko, rubhabhatidzo runoratidza kutenda kwake kuchokwadi chitatu chiri maererano nekuzvipira kwaJesu.



124

(Chiverengo: VaRoma 6:3,4)
Pauro akati, "Ko hamuzivi here kuti isu takabhabhatidzwa munaKristu Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake?"
VaRoma 6:3.

16 - Kutanga Patsva



125

Anoenderera mberi achiratidza danho rinotevera rinofanira kutorwa nemuKristu paraiti iyi: "Naizvozvo pakubhabhatidzwa takavigwa pamwe chete naye murufu; vhesi 4.
Asi panechidimbu chechitatu chekutenda paneizvi.

126

(Chiverengo: VaRoma 6:4)
kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba,

127

saizvozvo nesu wo tifambe muhupenyu hutsva."
vhesi 4.
Izvo tazvinzisisa. Munhu anobhabhatidzwa aberekwa neMweya ne mvura!

128

Tinoratidza pachena kuvanhu kutenda kwedu pakufa, kuvigwa nekumuka kwaJesu Kristu.



129

(Chiverengo: VaRoma 6:11)
Pauro anotitaurira, "Saizvozvo nemivo muzviti makafa kuzvivi, asi kuti muri vapenyu kunaMwari, munaKristu Jesu."
Unozviona here kuti seyi ichi chinhu chakanaka zvikuru muhupenyu hwemaKristu?

130

Zvakangofanana nemuchato wevanhu vachazobatanidzwa.
Iyi kunenge kuringuva yavo yekuratidza pavanhu kuti vanobatanidzwa pamwechete hupenyu hwavo hose.



131

(Chiverengo: VaEfeso 4:5)
Bhaibheri rinotitaurira kuti pana, "Ishe mumwe, nokutenda kumwe, norubhabhatidzo rumwe." VaEfeso 4:5.
Asi musangano, tinoona panenzira dzakawanda dzekubhabhatidza.

16 - Kutanga Patsva

132

Vamwe vanomwaya, vamwe vanodira, uye vamwe vanonyudza.
Kungave nenzira imwe yekubhabhatidza sei, ipo panekunyunyuta kuti ndeipi nzira yechokwadi?

133

Tinofanira kubvunza chete kuti, "Jesu akaiteiko?"

134

Tinoona kuti Bhaibheri rinoti Johane ayibhabhatidza murwizi Joridani.
Apo Jesu paakabhabhatidzwa, aka "buda pasi pemvura."
Akabhabhatidzwa nekunyudziwa.



135

Ndizvo zvinoreva vara rechi Giriki rinonzi "baptizo". Rinoreva kunyudza pasi pemvura kana kubvunyika pasi pemvura.
Iyi ndiyo nzira chete inoratidza kufa, kuvigwa nekumuka kwaKristu.

136

Nerimwe zuva Pauro neumwe wake Sairasi vakaenda kuguta rekuFiripi vakokwa nemurume wekuMacedonia aaive aona pakurota kwake.

137

Nekuparidza kwavo kukuru, Pauro na Sirasi vakatokonya vanhu veku Firipi.

138

Zvikuru zvekuti vanhu vakawanda vakavarova uye hupenyu hwavo hwaive hwavapanjodzi. Vanhu vakabvarura mbatya dzaPauro na Siras, uye vatungamiri venzvimbo iyoyo vakaraira kuti varohwe zvikuru.

16 - Kutanga Patsva

139

Vakayendeswa mujere, apo muchengeti wejere paakataurirwa kuti avakandire mujere guru yakavanzika uye kuti ave nechokwadi kuti vasatize.

140

Pakati peusiku, Pauro na Sairasi vainamata vachiyimbirira, apo kudengenyeka kwenyika kwapakazungunusa midhuri yejere, nekukasika mikova yejere ikavhurika maketani aive akasunga munhu wese akadimbuka.
Muchengeti wejere akauya achimhanya, apo paakaona mikova ichivhurika, akafungidzira kuti vasungwa vese vatiza.

141

Paakaona izvi akatora banga kuti azviuraye, anechokwadi kuti achaurawa kuti arega vasungwa vachitiza.



142

(Chiverengo: Mabasa 16:28)
Ipapo Pauro akadanidzira nenzwi guru,akati: "Usazvikuvadza, nokuti tiri muno tose."
Mabasa 16:28.

143

Muchengeti wejere akashamisika zvikuru! Varume ava, Pauro na Sairasi, vakatambudzwa nemaoko emuchengeti wejere, asi havana kuvanebasa nazvo uye vaisada kupamhidzira.
Muchengeti wejere akaona kuti vaiva vanhu vasinamhosva. Akamhanya katora chiedza, akaenda kunejere ravo, akazviputsa patsoka dzavo achikumbira ruregerero.

144

(Chiverengo: Mabasa 16:30, 31)
"Akavabudisira kunze, akati: Vatenzi, ndinofanira kuitei kuti ndiponeswe?"

145

Nekudaro varume vaviri vaMwari vakapindura i,"Vakati: Tenda kunaShe Jesu, ugoponeswa, iwe nemhuri yako."

146

Muchengeti wejere akazotora Pauro na Sairasi kuyimba yake akagezesa tsoka dzavo nemusana wavo waibuda ropa.

147

(Chiverengo: Mabasa 16:33)
"Akavatora nenguva iyeyo yovusiku, akakupamavanga avo,

148

ndokubhabhatidzwa pakarepo, iye navose vake."
Mabasa 16:33

149

Shamwari, kana usati wanzwisisa kukosha nezvinoreva rubhabhatidzo kana kuti wanga usati wawana nguva yekutevera Jesu nenzira iyi tsvene yekubhabhatidzwa nekunyudzwa, mubvunzo nekukoka kwakangofanana kurikuuya kwauri kwakabvunziwa naAnanias kuna Sauro:

150

(Chiverengo: Mabasa 22:16)
"Zvino uchanonokireiko? Simuka, ubhabhatidzwe, usukwe zvivi zvako..."
Mabasa 22:16.

16 - Kutanga Patsva

151

Apo Jesu paakabhabhatidzwa, inzwi raibva kudenga rakati, "Uyu Mwanakomana wangu anodikanwa zvikuru wandinogutsikana naye." Newe zvakare ukapinda mumvura kubhabhatidzwe, Mwari achataura mumoyo mako achiti,"Uri mwanakomana wangu anodiwa. Uri mwanasikana wangu anodiwa. Ndinogutsikana newe." Kufara kukuru muhupenyu ndekwekuziva kuti urikufadza Mwari.
Kana ukabhabhatidzwa uchazvinzwa kuti uriwaMwari. Uri mwana waMwari!
Rubhabhatidzo rwakangofanana nemuchato. Kusatikwachatiwa jaya rinenge richidanana nemusikana. Muchato hauiti kuti jaya ride musikana kana kuti musikana ade jaya rake. Muchato unongova chiratidzo cherudo rwagara ruripo. Muchato chiratidzo mberi pehama neshamwari kuti mazvipira kudanana upenyu hwenyu hwese. Rubhabhatidzo rwakangodarowo. Rubhabhatidzo haruiti kuti munhu ade Mwari. Chikonzero chekuti tibhabhatidzwe ndechekuti tavakumuda. Rubhabhatidzo chiratidzo mberi pehama neshamwari nesangano kuti tinoda Jesu uye tazvipira kufamba naye.
Kuzvipira uku nekubhabhatidzwa chiratidzo chekuti hupenyu hwedu hwatanga tichirarama hwavigwa zvinova zvinoratidzwa nekunyudzwa mumvura uye tozova nehupenyu hutsva.
Hupenyu hwakare hauchipo, wavigwa, haumbotipfukiri zvakare. Mwari anotivimbisa kutipa simba raMweya Mutsvene kuti tikwanise kurarama hupenyu hutsva hwechiKristu.
Vamwe vanhu vanonyunyuta. Vanoramba kuuya mberi vasarudze Jesu.
Havatendi kuti vakagadzirira. Kubhabhatidzwa hakurevi kuti wakaperera asi hunoreva kuti hwakazvipira.
Jesu anokukurudzira kuti utevere tsoka dzake paguva remvura rerubhabhatidzo. Anokupa ruregerero uye anokusunungura pakushushikana kwako kwemoyo uye anokupa simba rekurarama hupenyu hutsva kuburikidza naMweya Mutsvene.
Ungati hongo here kuna Jesu iyezvino? Kana uchida kutevera Jesu munzira yese yerubhabhatidzo rwemuBhaibheri, ndinokukumbira kuti usimuka

ufambe uuye mberi ndikunamatire. Ndinokukumbirai mese kuti musimuke tivenemunamato. Ndisati ndanamata kana uchida kuti, "Hongo Jesu ndinoda kubhabhatidzwa," ndinokukurudzira kutii ufambe iyezvino uuye mberi apa ndikunamatire. Usanyunyute kana padiki. Mwari arikukudaidza nhasi, teerera inzwi rake rerudo uuye mberi tinamate.

17 - Ungabate Sei Zvenhema

1

Kunyengera Kukuru Munyika

2

(Video: 19 sec) KuDzimwe nhema dzikuru dzakambonyorwa munyika dzakaitika mumakore ana 1960. Muchinda akachenjere ainzi David Stein weku France, akapenda mifananidzo inosvika 400 yakafanana neyakapendwa nenyanzwi dzokupenda dzakare: vanoti vana Picassos, Chagalls, Renoir's, na Van Goghs, nevamwe vakasiyana.
David akazonyora mazita enyanzwi idzi papendi imwe ne imwe. Ndobva ataura kuti mifananidzo yaakapenda ndiyo chaiyo yakapendwa nenyanzwi dzakare.
Pendi dzake dzaive dzenhema asi dzichiratidzika sedze chokwadi zvekuti vanhu vakati ndezvechokwadi zvakataurwa na David.

3

(Video: 9 sec) Kusvikira nhasi kwakangowanika mifananidzo nyaakapenda inosvika 110 chete. David stein akazosungwa mugore ra 1972 akakandirwa mujere inonzi Sing Sing yekuguta re Paris ririku France. Akazobudiswa mujere mugore ra 1980. Panguva yekugara mujere David stein akavanekushanduka kwemoyo wake akazofunga kunyora papendi achishandisa zita rake panekushandisa mazita uenyanzwi dzakare.

4

(Video: 12 sec) Nhasi David Stein anozikwana semuvezi (artist) nemudzidzisi mukuru munyika. Anodzidzisa maererano neyi? Anodzidzisa izvo zvaanoziva zvikuru. Kuti ungabata sei zvenhema? Stein akatsanangura kuti hazvisi nyore kubata zvinhu zvenhema.
Kunyangwe David ayive arimunyengeri, asi ayive asingayenzani

17 - Ungabate Sei Zvenhema

5

(Video: 7 sec) na baba venhema, ivo vari Satani! Satani haana muenzanisi kana pave panyaya dzekunyengera nenyaya dzenhema. Tinofanira kuziva kuti Satani hashandi achionekwa.
Anoshanda kuburikidza nevanhu, masimba nemabato akasiyana-siyana.
Dayi aiva muvengi waMwari anobuda pachena ingadai maKristu akawanda asinganyengerwi.
Nekudaro Satani anonyengera asingaonekwi nedzimwe nguva achinyengera achishandisa kunamata,

6

achisanganisa chokwadi nenhema kuti adzivirire vanhu kunamata Mwari nechokwadi. Ichi ndicho chidiso chaSatani kwemakore akawanda.

7

Mwari hatisiyi tirimumaoko aSatani, asi atipa yambiro inowanikwa muBhaibheri yekunyengera kukuru kuchavepo kumagumo enyika.

8

Bhaibheri rinoti, Danieri pachake akarota mhuka dzichibuda mugungwa.



9

(Chiverengo: Danieri 7:2,3)
"...Ndakavona panezvandakaratidzwa husiku, tarirai, mhepo ina dzokudenga dzakamutsa gungwa guru."

10

"Mhuka huru ina dzikakwira dzichibuda mugungwa, dzisina-kufanana."
Danieri 7:2,3.

11

Mhuka dzichibuda mugungwa?
Zvingange zvichireva chinyi?

17 - Ungabate Sei Zvenhema

12

Ngatiregeyi Bhaibheri ritipe kiyi yekunzwisisa chiporofita ichi.
Kekutanga panezvakarotwa, pane mvura.



13

(Chiverengo: Zvakazarurwa 17:15)
"...Mvura yawawona...ndiwo vanhu , navazhinji, namarudzi, nendimi."
Zvakazarurwa 17:15.
Pachitasuko ichi chakangofanana, Mwari anotaurira Danieri nezvinomirirwa nemhuka idzi:

14

(Chiverengo: Danieri 7:17,23)
"Mhuka idzi huru, idzo ina,, ndiwo madzimambo mana achamuka panyika."

15

"...Mhuka yechina vuchava vushe vechina panyika..."
Danieri 7:17, 23
Shoko raMwari rinobudisa pachena kuti mhuka inomirira mambo kana humambo.



16

Mhuka dzichibuda munyika mjunevanhu dzaive dzakamirira marudzi enyika aive achavepo.
Tarisa kuti anotsanangurwa sei muna Danieri 7:3:

17

(Chiverengo: Danieri 7:3)
"Mhuka huru ina dzikakwira dzichibuda mugungwa, dzisina-kufanana."

18

(Danieri 7:4)
"Yokutanga yakanga yakafanana neshumba, inamapapiro egondo..."
Danieri 7:4.

17 - Ungabate Sei Zvenhema

19

(Chiverengo: Danieri 7:5)
"Ndikawonazve imwe mhuka, yechipiri, yakafanana nebere; iyo yakanga yakasimudza rumwe rutivi rwayo,

20

vuye mumuromo mayo yakanga yakaruma mbabvu nhatu pakati pameno ayo..."
Danieri 7:5.

21

(Chiverengo: Danieri 7:6)
"Shure kwaizvozvo ndakatarira, ndikawona imwe zve, yakafanana nengwe, yakanga inamapapiro mana pamusana wayo akafanana neeshiri..."
Danieri 7:6.

22

(Chiverengo: Danieri 7:7)
"Shure kwaizvozvo ndakawona panezvandakaratidzwa husiku, ndikawona mhuka yechina, yaityisa nokuvhundusa, inesimba guru kwazvo;



23

yakanga inameno makuru owutare; ikapedza, nokuvhuna-vhuna, nokupwanya zvakanga zvasara netsoka dzayo;

24

iyi yakanga yakasiyana nemhuka dzose dzakaitangira; yakanga inenyanga gumi."
Danieri 7:7.

25

Uchacherechedza kuti mhuka idzi hadzingori mhuka dzakajairika.
Dzinezvimwe zviratidzo zvinotibetsera kunzwisisa muono uyu waDanieri.

26

Apo Danieri paayifungisisa pamuono wemhuka idzi ina, angave akarangarira kurota kwamambo Nebhukadhinezari--kurota kwaakaita kwemufananidzo muhombe. Panezvakarotwa na Nebhukadhinezari nezvakarotwa na Danieri zvese zvakaratidzwa zvinoratidza kana kutsanangura humambo huna hwenyika kare,

27

(Video 6 sec) kuchitanga ne Bhabhironi, kuchitevera Medesi ne Peresi, kuchitevera humambo hweku Girisi, ne humambo hweku Roma,

28

kuchipedzisira nekuuya kwa Jesu nekuvambwa kwehumambo hwaJesu husingaperi.

29

Ngatidzokerei titarise mhuka idzi kana kuti humambo huchibuda mukati menyika:

30

(Chiverengo: Danieri 7:4)
"Yokutanga yakanga yakanga yakafanana neshumba, inamapapiro egondo; ndikaramba ndakatarira kusvikira mapapiro ayo atavurwa,

31

ikasimudzwa ichibva panyika, ikamiswa namakumbo maviri somunhu, ikapiwa moyo womunhu."
Danieri 7:4.



32

Ndechipi chimwe chingamirire Bhabhironi, humambo hwekutanga hwenyika (hwakamirirwa nemusoro wendarama pamufananidzo wamambo Nebhukadhinezari), pane shumba, inova huru pamhuka dzese dzedondo?

17 - UNGABATE SEI ZVENHEMA

17 - Ungabate Sei Zvenhema

33

Vanhu veku Bhabhironi vayishandisa mufananidzo weshumba kuratidza humambo hwavo.
Vaongorori venhoroondo vakawana panezvakaparadzwa zveku Bhabhironi mufananidzo uyu weshumba inemapapiro.

34

Sezvo shumba ichizikanwa nesimba rayo, mauto a Nebhukadhinezari ayive akasimba uye asingakundwe nemamwe marudzi.
Kukura kwesimba rehumambo hweBhabhironi ndiko kunomirirwa nemapapiro egondo.
Tarisa kuti Mwari anoshandisa mufananidzo wakangofanana weshumba kuratidza humambo hweBhabhironi:

35

(Chiverengo: Jeremia 4:7)
"Shumba yabuda ichibva mudenhere rayo, muparadzi wamarudzi wava munzira,

36

wabuda panzvimbo yake, kuti aparadze nyika yenyu..."
Jeremia 4:7.

37

Mambo Nebhukadhinezari vaidada vakafunga kuti humambo hwavo huchagara nekusingaperi. Haana kumbofunga kuti kungave nerumwe rudzi rungatonge nyika yese. Akanyora pazvidhina zvedzimba dzekuBhabhironi kuti, "Ngahugare nekusingaperi."



38

(Video: 4 sec) Mugore ra October 13, 539 B.C., humambo hweku Bhabhironi (hwakafananidzwa nemusoro wendarama neshumba inemapapiro egondo mukurota kwa Danieri) hwazopera zvisingafadzi.

39

(Video: 3 sec) Humambo hwakamirirwa nemhuka yechipiri ndiwo humambo hwe Medesi ne Peresi, humambo hwakafanana nehwakamirirwa nechifuva nemawoko esirveri pamufananidzo wakarotwa na Nebhukadhinezari.
Apo Danieri paakaona bere mukurota kwake,akati,



40

(Chiverengo: Danieri 7:5)
"...Yakasimudza rumwe rutivi rwayo, vuye mumuromo mayo yakanga yakaruma mbabvu nhatu pakati pameno ayo..."
Danieri 7:5.

41

Danieri akati bere raive nembabvu tatu mumuromo waro pakati memazino, asi Bhaibheri haritsananguri nezvakamirirwa neizvi.

42

Asi, vadzidzi ve Bhaibheri vanotenda kuti mbabvu nhatu idzi dzaive dzakamirira

43

nzvimbo yeku Lydia, ne Bhabhironi, ne Egipita--dzinova nzvimbo dzakakundwa nemawuto eku Medesi Ne Peresi.

44

Humambo hweku Peresi hwakatonga kwemakore anosvika 200. Kunyangwe humambo uhwu hwaive hwakasimba, Mwari akabudisa pachena kuna Danieri kuti humwe imwe mhuka kana humambo hwaive huchavepo:



45

(Chiverengo: Danieri 7:6)
"...imwe zve, yakafanana nengwe, yakanga inamapapiro mana pamusana wayo akafanana neeshiri;

17 - UNGABATE SEI ZVENHEMA



46

mhuka iyi yakanga inemisoro mina vo; ikapiwa simba." Danieri 7:6.

47

Sezvo bere inofamba zvishoma isingagone kumirana nengwe inomanyisa, nekudaro Mawuto ekuPeresi haana kukwanisa kumirana nemawuto akasimba ayitungamirwa na Alexander the Great.



48

(Video: 4 sec) Pamufananidzo wakarotwa na Nebhukadhinezari, dumbu nezvivuno zvendarira zvaive zvakamirira humambo hwechitatu hwe Girisi, ndizvowo zvakangomirirwa nengwe inova mhuka yechitatu panezvakarotwa na Danieri.

49

Mabapiro mana anotsanangura kukasika kokukunda kwemarudzi kwaiitiwa na Alexander.
Akakunda Darius 3 wekuPeresi pahondo yeku Arbela mugore ra 331B.C., akazova mutongi hwehumambo hukuru hwenyika yese.
Misoro mina yengwe inomirira kuganhurwa kwehumambo hweGirisi.

50

(Chiverengo: Danieri 8:22)
"...Vushe vuna vuchabuda parudzi urwo..."
Danieri 8:22.


51

Nhoroondo inotitaurira kuti humambo hwekuGirisi hwakaganhurwa mumabato mana.
Alexander akafa anemakore makumi matatu nemaviri, kwapfuura makore manomwe akunda humambo hweku Medesi ne Peresi pahondo yeku Arbela. Asati avigwa pakava nekurwirana kutonga, kuchitanga mumhuri yake kuchitevera vatungamiriri vemawuto ake. Nekupedzisira, vatungamiriri vemawuto vana vakaguma vava ivi vatungamiriri vehumambo.

52

(Video: 9 sec) Zvino mhuka iringwe kana kuti Girisi, yaive inemisoro mina!
Inova iyo yakamirira Cassander, Lysimachus Ptolemy, na Seleucus.

53

Vanhu vakawanda havakwanisi kudzora misoro kana pfungwa dzavo kuita chinhu chimwe chete.
Unofunga kuti chinyi chingaitika dai waiva nemisoro mina? Uchabvuma kuti paive pangave nekunyonganika kukuru!
Umwe musoro waive uchaedza kuti uve iwo unotungamirira!
Izvi ndizvo chaizvo zvakaitika kuhumambo hweGirisi, Mauto mana aAlexander aikarira simba rekutonga humambo hwese hwe Girisi.



54

"Umwe ne umwe akauraya umwe uye humambo hukaparara nemhaka nenyongano yekusanzwanana."- Alexander the Great, p. 494.



55

Kusanzwisisana kwakaenderera mberi pakati pemabato mana ehumambo kusvikira humambo hwakapara zvachose, "Mugore ra June 22, 168 B.C., pahondo yeku Pydna, makore 144 Alexander ashaika."
History of Rome, book 3, chapter 10.

56

Ko, mhuka yechina Danieri yaakati ichatonga pakuparadzwa kwehumambo hwe Girisi?

57

Ngirozi yakataurira Danieri kuti humambo hwechina huchatsaukana zvikuru nehumambo hutatu hwakambotonga.
Mhuka yayive yakamirira humambo uhwu yaive yakasimba zvikuru, uye yaive inemazino edare anotyisa ayiuraya.
Apa panoratidzwa humambo hunesimba uye hune hasha.

17 - Ungabate Sei Zvenhema

17 - Ungabate Sei Zvenhema

58

Hapana kutsanangura kumwe kurinani kwesimba reRoma panekutsanangura uku.

59

Roma yaive inehasha uye isina tsitsi panehumambo hwakambotanga shure kwayo.
Vaiparadza nyika dzakawanda uye vayiita vanhu vavo varanda.

60

(Video: 4 sec) Mhuka iyi inotyisa yaive nemazino edare, uye humambo hwechina pamufananidzo waNebhukadhinezari waive wakafananidzwa nemakumbo edare.
Danieri akashamisiwa nemhuka iyi, kunyanya nyanga dzayo dzaive gumi.

61

(Chiverengo: Danieri 7:8)
"Ndikacherechedza nyanga, ndikawona rumwe runyanga ruchibuda pakti pedzimwe, ruri ruduku,

62

dzimwe nyanga nhatu panedzokutanga dzikadzurwa nemidzi yadzo pamberi parwo..."
Danieri 7:8.

63

(Chiverengo: Danieri 7:24)
"...pawushe uhwu pachamuka madzimambo anegumi..."
Danieri 7:24.



64

(Video: 4 sec) Nekusanyunyuta Danieri akarangarira shure kumufananidzo weakarotwa na Nebhukadhinezari waive tsoka dzedare ne ivhu, zvakamirira kutsaukana kana kuganhurwa kwehumambo hwe Roma.

17 - Ungabate Sei Zvenhema

65

(Video: 4 sec) Mugore ra A.D. 476, marudzi eku Northern Europe aive aparadza humambo hweku Roma. Humambo hunomwe (nyika) hunongova nhasi kunzvimbo yeku Europe.

66

Asi zvakanyanyo shamisa Danieri yaiva nyanga diki yakakura panyanga gumi, ikadzura nyanga nhatu apo payairwira kutonga.

67

(Chiverengo: Danieri 7:8)
"...parunyanga urwo pakanga panameso omunhu, nomuromo wakanga uchitaura zvinhu zvikuru."
Danieri 7:8.

68

Danieri akanetseka nenyanga diki iyi.

69

(Chiverengo: Danieri 7:15)
Akanyora kuti, "Kana ndirini Danieri, mweya wangu wakatambudzika...wuye zvandakawona mumusoro mangu zvakandivhundusa."
Danieri 7:15.

70

Nemhaka yei kutsanangurwa kwenyanga iyi kwakanetsa Danieri?

71

(Chiverengo: Danieri 7:21, 25)
Nemhaka yekuti, "...runyanga urwu ruchirwa navatsvene, nokuvakunda."

72

"Uchataura mashoko okumhura Wokumusorosoro,

17 - Ungabate Sei Zvenhema

73

uchaparadza vatsvene, wuye uchatsvaka mano okushandura nguva nemirairo;

74

ivo vachaiswa mumavoko ake kusvikira nguva imwe nedzimwe nguva, nehafu yenguva."
Danieri 7:21, 25.

75

Danieri akanzwisisa kuti chiporofita ichi chaive chisisiri chekupera nekuvamba kwehumambo panyika chete asi kuti chaive chakausanganisira nevanhu vaMwari.

76

Nyanga diki iyi yaka vamba hondo nevanhu vaMwari ikavakunda kwechinguva.
Zviripachena kuti nyanga iyi yayizova nehasha uye nesimba rekutambudza vanhu--simba rakashandiswa naSatani kuita hondo na Mwari, vanhu vake nechokwadi chake.

77

(Chiverengo: Danieri 7:28)
Danieri akati,
"...pfungwa dzangu dzakandivhundusa kwazvo,



78

chiso changu chikashandurwa mukati mangu; asi ndakachengeta shoko iri mumwoyo mangu."
Danieri 7:28.

79

NDIANIKO AKAMIRIRA NYANGA DUKU?

17 - Ungabate Sei Zvenhema

80

Ngationgororeyi kutsanungura kweBhaibheri maererano nenyanga diki iyi tione kuti nhoroondo inonyora kuti chii maererano nekuzadzikiswa kwayo. Danieri akatsanungura mhuka yechina, kana humambo wechina weku Roma, se

81

(Chiverengo: Danieri 7:7)
"...yaityisa nokuvhundusa...yakanga inenyanga gumi." Danieri 7:7.

82

(Chiverengo: Danieri 7:24)
Danieri 7:24 inotitaurira kuti nyanga gumi dzaimirira "...pachamuka madzimambo anegumi..."

83

Panekuti pamuke humwe humambo apo pakadonha humambo wechina, chiporofita chakataura kuti pachava nekuganhurwa kana kutsaukana kwehumambo hwe Roma, zvokonzera kuti pave nehumambo gumi. Nhoroondo inotsigira kana kupupura chidimbu chechiporofita cha Danieri.

84

Vaongorori venhoroondo vanotitaurira kuti kutsaukana kana kuganhurwa kwehumambo hweRoma kwakapedziswa mugore ra A.D. 476.
Muongorori wenhoroondo anonzi Edward Elliott, mubhuku rake rinonzi Horae Apocalpticae, anoti marudzi aya anotevera akadonhedza humambo hweRoma mugore ra A.D. 351-476.

17 - Ungabate Sei Zvenhema

85

(Video: 20 sec) Mazita aya marudzi eku Germany nemamwe akasiyana nhasi:
MaAlamanni — ndiwo maGermans
MaBurgundians — ndiwo maSwiss
MaFranks — ndiwo maFrench
MaLombards — ndiwo maItalians
MaSaxons — ndivo ve English
MaSuevi — ndiwo maPortuguese
MaVisigoths —ndiwo maSpanish
MaHeruli — Havachipo
MaOstrogoths — Havachipo
MaVandals — Havachipo

86

Marudzi aya ndidzo nyanga gumi dzemhuka yakawonwa na Danieri.
Nekutara kwechiporofita, nyanga diki yaizova nesimba shure kwenyanga gumi, kana kuganhurwa kwehumambo hweRoma.

87

(Chiverengo: Danieri 7:24)
"Kana dziri nyanga dzinegumi, pawushe uhwu pachamuka madzimambo anegumi,



88

asi mumwezve uchamuka shure kwavo...uchakunda madzimambo matatu."
Danieri 7:24.

89

Muna A.D. 493, vaHeruri vakakundwa naMutungamiri ayinzi Zeno.



90

Mumwe mutungamiri ayinzi Justinian, akakunda wushe hwamaVandals mugore ra 534 A.D. akakunda zvakare simba rewushe hwama Ostrogoths mugore ra 538 A.D.

17 - Ungabate Sei Zvenhema



91

Naizvozvo, nyanga nhatu dzinowanikwa muchiporofita chaDanieri dzaka "dzurwa nemidzi yadzo," zvichikonzera kuti sangano rokuRome rivepo.



92

Yaiwa iringuva iyoyi mutungamiri Justian paakavamba kuti Bishopi woku Rome ave mutungamiri wesangano rokumawodzanyemba kweRome.
Danieri akaporofita kuti nyanga diki yayizova nemutsauko pane humwe humambo:

93

(Chiverengo: Danieri 7:24)
"...Iye uchasiyana navamwe..."
Danieri 7:24. Mhuka iyi yayive inemutsauko here?
Hongo yaive nemutsauko!

94

Humwe humambo hwaive nemasimba ezve hurumende chete, asi nyanga diki iyi yaive sangano kana kereke raive nesimba rezve hwu hurumende.

95

Chiporofita chinoratidzika chichinongedza kukereke reRoma rekutanga senyanga inowanikwa muna Danieri 7, sezvaitaura vamutsidziri (reformers).
Danieri akapa chimwe chiratidzo chenyanga iyi diki:

96

(Chiverengo: Danieri 7:21)
"Ndakatarira, ndikawona runyanga urwu ruchirwa navatsvene, nokuvakunda."
Danieri 7:21.

97

(Chiverengo: Danieri 7:25)
Akati simba iri richa, "...uchaparadza vatsvene..."

17 - Ungabate Sei Zvenhema

98

Sangano remakore iwayo (Middle ages)rakatambudza vanhu vaMwari here?
Hongo rakatambudza!
MaWaldenses, maAlbigenses, majere, kuurawa, kugurwa misoro,

99

kupiswa nemoto kwevateveri va Mwari--zvese izvi zvinoyenderana ne sangano panguva yekutonga kwayo. Asi tinoona kuti pane chiratidzo chakakosha zvikuru chenyanga diki iyi.

100

(Chiverengo: Danieri 7:25)
Chiporofita chakataura kuti, "...Uchatsvaka mano okushandura nguva nemirairo..."
Danieri 7:25.
Masimba a Pope munguva dze Middle Ages haana here kutsvaka kushandura mutemo waMwari?

101

Rinotaura kuti rakashandura Sabata, richitsigira zvikuru tsika dzevanhu, kubva kuMugovera kuisa ku Sondo.

102

Chiratidzo chekugumisira chatichaona chinoratidza nguva ichatonga nyanga iyi uye nekureba kwenguva yayichatambudza vanhu vaMwari:



103

(Chiverengo: Danieri 7:25)
"...Vachaiswa mumawoko ake, kusvikira nguva imwe nedzimwe nguva, nehafu yenguva."
Danierli 7:25.
Apa tinoona imwe mifananidzo yemu Bhaibheri.



104

Vara rinoti nguva rinoreva gore--uye vara rinoti dzimwe nguva rinoreva makore maviri, kana kuti mazuva 720 echipororfita.
"Hafu yenguva" zvinoreva chidimbu chegore. Kana mazuva 180.
Kana tikasanganisa nguva (mazuva 360), nedzimwe nguva (mazuva 720), nehafu yenguva (mazuva 180), tinowana mazuva kana makore anosvika 1260 echiporofita.

105

(Chiverengo: Ezekieri 4:6)
Nekutaura kwa Ezekieri, zuva rechiporofita rinomirira gore. "...Zuva rimwe nerimwe rifananidze gore." Ezekieri 4:6.
Nemamwe mashoko nyanga diki yayizotonga kwemakore anosvika 1260!
Nhoroondo inotsigira chokwadi chenguva iyi.



106

Ma Ostrogoths, vokuguma pamarudzi magumi kupikidzana ne sangano reRoma, vakakundwa mugore ra538 A.D, zvichikonzero kuti sangano reRoma rive nesimba rekereke nere hurumende.



107

Mukuru wemawuto aNapoleon ayinzi Berthier, akakunda simba rezvechimurenga resangano reRoma mugore ra 1798 A.D.

108

Apo patakadzidza chiporofita chaDanieri 7 nenyanga diki yakabuda mumusoro wemhuka yechina, takaona zviratidzo izvi zvinotevera zvinopa umbowo wekuti simba iri raive riri chii. Ngatitarisei zviratidzo izvi.

109

Nyanga diki iyi yaizobva mu Western Europe pane humambo gumi hwakawepo pakuparara kweRome. Danieri 7:8.

17 - Ungabate Sei Zvenhema

110

2. Apo parakava nesimba nyanga diki yakadzura humambo hutatu. Humambo uhwu waive wema Heruli, maOstrogoths, nema Vandals. Humambo hutatu uhwu waive hwechitendero chema Arian uye vakaramba kugamuchira pope semutungamiri weSangano. Danieri 7:8

111

3. Chiporofita chinoti nyanga diki yaive ichabuda apo dzimwe nyanga dzabuda. Danieri 7:20. Izvi zvinoreva kuti humambo uhwu wive huchavapo shure kwegore ra 476 A.D.

112

4. Simba iri raive richava nemutsauko pane humwe humambo. Rive ririsimba rezve hurumende uye nere zvesangano. Danieri 7:24.

113

(Chiverengo: Danieri 7:21,25)
5. Nyanga diki yaive ichatambudza kana kuuraya vanhu vaMwari. "Ndakatarira, ndikawona runyanga urwu ruchirwa navatsvene, nokuvakunda."
Danieri 7:21,25.

114

(Chiverengo: Danieri 7:25)
6. Simba iri raive richafunga kushandura nguva nemitemo. Nemamwe mashoko, sangano iri raive richazviti rinokwanisa kushandura nguva nemirairo yaMwari.
"Uchatsvaka mano okushandura nguva nemirairo."
Danieri 7:25



115

(Chiverengo: Danieri 7:25)
7. Chiporofita chinononongedza kuti simba iri raive richatonga kwemakore 1260. Nekuti Bhaibheri rinoti: "...ivo vachaiswa mumawoko ake kusvikira nguva imwe nedzimwe nguva, nehafu yenguva."
Danieri 7:25.

116

Unoona nechiporofita ichi kuti panesimba rimwe chete munyika rakavepo nenguva kwayo uye nenzvimbo kwayo kuti rizadzikise zvese zviratidzo izvi. Simba iri isangano reRoma.


117

Ngatichitarisai magumo echiporofita chikuru cha Danieri, nekuti chinekupera kunofadza kwevanhu vaMwari.

118

Pamuono, Danieri akaona masimba enyika achiyedza kutungamirira hurumende nesangano,

119

kucherechedza kwake kwakazobva panyika kukayenda kudenga.



120

(Chiverengo: Danieri 7:9, 10)
"Ndikaramba ndakatarira kusvikira zvigaro zvowushe zvagadzwapo, mumwe wakakwegura pamazuva ake akagarapo;



121

nguvo yake yakanga yakachena sechando, wuye vhudzi romusoro wake rakanga rakaita samakushe akanatswa;



122

chigaro chake chowushe yakanga irimirazvo yomoto, makumbo acho uri moto unopfuta.



123

Rwizi rwomoto rwakanga ruchibuda ruchibva pamberi pake;



124

zviuru nezviuru zvakanga zvichimubatira,



125

vuye pamberi pake pakanga pamire zviwuru zvinegumi zvezviwuru zvinegumi; kutonga kukatanga, mabhuku akazarurwa."
Danieri 7:9,10.

126

Danieri akaona Mwari Baba, apa vanonzi Wakakwegura kweMazuva, vaga pachigaro chavo.



127

(Chiverengo: Danieri 7:22)
Tarisa kuti Danieri anotsanangura sei maererano nezvakaitika izvi:
"Kusvikira wakakwegura pamazuva ake asvika..."
Danieri 7:22.
iyezvino dare ragadzirira kuti rutongo rutangidze.

128

(Chiverengo: Danieri 7:10)
"...Kutonga kukatanga, mabhuku akazarurwa."
Danieri 7:10.
Danieri akaratidzwa rutongo rwaive kudenga, apo Mwari achitonga nyanga iyi diki yakavamba hondo nevanhu vake.
Danieri akaona zvakare kupera kwerutongo urwu:



129

(Chiverengo: Danieri 7:26)
"Asi kutonga kuchatanga, vachabvisa simba rake,



130

kuti varipedze nokuriparadza kusvikira pakuguma."
Danieri 7:26.

131

Danieri akazoona zvinokosha, uye zvakanaka zvakaitika apo Mwari agara uye rutongo rwakuzotonga:

132

(Chiverengo: Danieri 7:13)
"Ndikawona panezvandakaratidzwa husiku, ndikawona mumwe wakafanana noMwanakomana womunhu achiwuya namakore okudenga,

133

akasvika kunowakakwegura pamazuva ake, vakamusvededza pamberi pake."
Danieri 7:13.

134

Ndiani uyu anonzi "Mwanakomana Womunhu" akaunzwa mberi kweMutongi anogara nekusingaperi?

135

Jesu akataura vara iri kwaari kupfuura makumi mana mu Testamende ritsva.
Kunevadzidzisi vake vaive vashamisika,

136

(Chiverengo: Mateo 17:22, 23)
Akati, "...Mwanakomana womunhu uchabva woiswa mumawoko avanhu;

137

Vachamuwuraya, asi nezuva retatu uchamutswazve..."
Mateo 17:22, 23.
Jesu akabvunza Judas, mudzidzisi akamutengesa kuti,

17 - Ungabate Sei Zvenhema

17 - Ungabate Sei Zvenhema

138

(Chiverengo: Ruka 22:48)
"...Unopandukira Mwanakomana womunhu nokusveta here?"
Ruka 22:48.
Asi zvinokosha zvikuru zvakanongedzwa kuna mupristi mukuru aive pakutongeswa kwa Kristu:



139

(Chiverengo: Mateo 26:64)
"...Kubva zvino muchawona Mwanakomana womunhu agere kurudyi rwesimba,



140

achiwuya nemakore okudenga."
Mateo 26:64.
Apa Jesu anozviti ndiye Mwanakomana weMunhu akaonekwa naDanieri mumufananidzo pamweya - Iye "akauya nemakore edenga."

141

Kristu anouya kuzotonga akamirira vatadzi vese vakagamuchira iye segweta ravo kana mumiriri wavo. Segweta redu padare iroro, hapana nyaya yakambomukunda!
Chidimbu chinoti izvo magwaro akavhurwa.



142

(Chiverengo: Danieri 7:10)
"...Kutonga kukatanga, mabhuku akazarurwa."
Danieri 7:10, pekupedzisira.

143

Magwaro aya achange anemabasa edu ese akaipa kana akanaka.
Nguva dzese dzatakapiwa kuti tigamuchire nyasha dzaMwari dzinenge dzakanyorwa mumagwaro aya uye nesarudzo dzedu dzose dzatakaita kunguva idzi dzinokosha.

144

Kana takasarudza Kristu samuponesi wedu, kana nyaya dzedu dzakuwunzwa mberi paMwari, Kristu achataura kuti zvirokwazvo ndakakufira uye zvitadzo zvako zvese zvaregererwa mberi paMwari baba.

145

Pazuva iroro, kana Mwari baba votarisa mumagwaro, vachange vachiona hupenyu hweMwanakomana wavo usina chitadzo pamberi pezita rako.

146

Tichava nehupenyu usingaperi, kwete pamusoro pezvatakaita, asi nekuti Kristu akatifira.
Kuda Danieri akafarira nyaya ye Nyanga Duku nemagumisiro acho, zvikamuita kuti amhanyire kutaura nyaya yese, iyo inotanga mberi kwerutongo.

147

Panenge pachiwongororwa nyika nekusarudza avo vachange varimuhurumende yaMwari isingaperi.
Hurumende iyi yakapiwa Kristu nevakasarudzwa vake:

148

(Chiverengo: Danieri 7:14)
"Akapiwa simba, nokubwinya, nowushe,

149

kuti vanhu vose namarudzi ose namarimi ose vamushumire;

150

simba Rake rowushe isimba risingaperi, risingazopfuvuri,

151

vuye wushe wake havungazoparadzwi."
Danieri 7:14.
Danieri anoenderera mberi achitaura zvimwe zvakanaka nehurumende iyi:

17 - UNGABATE SEI ZVENHEMA

17 - Ungabate Sei Zvenhema



152

(Chiverengo: Danieri 7:27)
"...Wushe nesimba...nowukuru wowushe wose pasi pedenga rose, zvichapiwa vanhu vavatsvene voWokumusorosoro..."
Danieri 7:27.
Vanhu vaMwari vatsvene vachange varivaridzi pamwe naKristu pakutora hurumende iyi inogara nokusingaperi:

153

(Chiverengo: Danieri 7:18)
"...Vatsvene voWokumusoro-soro vachapiwa wushe, wushe vuchava hwavo nokusingaperi-peri."
Danieri 7:18.

154

Chiporofita ichi chinofananidzwa nedombo muhope dza Nebuchadnezzar iro rakachekwa pasina mawoko rikaparadza tsoka dzemufananidzo rikazova

155

(Chiverengo: Danieri 2:35)
"...asi ibwe...rakazoita gomo guru, rikazadza pasi pose."
Danieri 2:35.
Pazviporofita izvi zviviri - Mufananidzo wakarotwa na Nebhukadhinezari ne

156

chikara chakarotwa na Danieri - Mwari akarondedzera nhoroondo yenyika kubva panguva ye Bhabhironi yakare kusvika pazuva guru apo Jesu achauya nemakore edenga kuzoisa hurumende yake ichagara nokusingaperi inerudo zvakare inokururama.

157

Isu nhasi tirikurarama munguva yetsoka dzendarama nemudhaka.
Nguva irikuenda zvachose kunyika nevanhu vanogaramo!
Iyi ndiyo nyaya irikuda kutaurwa naMwari kumunhu wese nechiporofita chake.

158

Iyi inzira inoshamisa yokutaura nhoroondo yenyika nezvichauya muzvitsauko zviviri zvemuBhaibheri! Chimbozvifungisisa, mufananidzo wakaoneswa Danieri manheru iwayo muBhabhironi waive usiri chiratidzo chaMwari cherudo nenyasha dzake kuvanhu vake here?

159

Tarira, Jerusarema yakaparadzwa.
Vanhu vaMwari, va Israeri, vaiva vasungwa muguta reBhabhironi.
Zvinhu zvaive zvakaipa zvikuru.
Asi Mwari nenzira dzake dzinoshamisa, aitaurira Danieri kuti "Ndini ndichirikutungamira.



160

Madzimambo achauya uyezwe madzimambo achaenda.
Hurumende dzichamuka dzigodona zvakare, asi Handina kukangwana vana vangu munyika nezvese zvandinoda kuvaitira.
Nerimwe zuva zvinhu zvese zvichanaka."
Shamwari yangu, madzimambo nehurumemde zvakauya zvikaenda.
Zviporofita zvemufananidzo nechikara zvave kusvika panguva yokuzadzikiswa.
Jesu arikuuya kuzotonga nekuzodzorera wumambo wakaraswa na Adamu na Eva kare.


161

Anoda kuti vana vake vese munyika vave muhurumende iyoyo, kuti vagadzirire nguva yokuuya kwemuponesi!
Nokuti nezuva iroro rinoshamisa, tichamuona Muponesi naMambo wedu!

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

1

Unganzvenga seiko kugamuchira munembo wechikara

2

Raive ririzuva hombe, zuva rakarongwa mutambo unokosha nevaimbi vamambo.
Mambo Nebhukadhinezari vaive vakafara zvikuru.

3

Vakakoka vaenzi vanokosha munzvimbo yese yeguta reBhabhironi.
Raive ririzuva raaive akatarisira zvikuru zvakare nezuva raaizofa akakanganwa muhupenyu wake .

4

Munguva yapfuura, Mambo vaive varota zvinoshamisa. Vakaona mufananidzo muhombe chaizvo.

5

Vaive vakanganwa zvavarota, saka Danieri akazovataurira zvese zvavakarota nekuti zvaireva chii. Mambo Nebukhadinezari vaive vasisafungi zvimwe!

6

Pamusoro pazvo, mambo vaive varimusoro wendarama! Hurumende yamambo Nebukhadinezari ndiyo yaive ine simba munyika yose.
Zvino munhu wese aizoona masimba anoshamisa eBhabhironi- kuti AIVE arimukuru sei!

7

Mambo vakafara zvokwadi, vakaraira varanda vake kuti vagadzire mufananidzo wendarama kubva mumusoro kusvika kutsoka.

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

8

Chifananidzo ichi chaive chiri chendarama muviri wese. Munhu wese aivapo akashamisika nekunaka kwechifananidzo ichi. Yaive iri nzira yaMambo yokuratidza kuti hurumende yake yaizogara nokusingaperi.

9

Pazuva iri, vaenzi vakawanda nevose vanokosha muhurumende yamambo vakauya kuzoona kukudzwa kwechifananidzo chendarama chamambo Nebukhadinezari.


10

Nenguva diki pakava norunyararo muvanhu vese vaivepo.
Hwamanda dzakaridziwa, mumiriri wamambo akashaura,



11

(Chiverengo: Danieri 3:4-6)
"...Munorairwa imi vanhu, namarudzi, namarimi,

12

kuti nenguva yamunonzwa kurira kwomumanzi nomutopota nembira norudimbwa nomutengerwana namarimba,

13

nezvimwe zvose zvinoridzwa, muwire pasi muchinamata chifananidzo chendarama

14

chakamiswa namambo Nebhukadhinezari.

15

aninani usingawiri pasi achinamata,



16

nenguva iyo uchawisirwa mukati mechoto chomoto unopfuta kwazvo."
Danieri 3:4,6.

17

Ngoma dzakaridzwa.
Vanhu vese vakapfugama vakarumbidza chifananidzo.
Vanhu vese vakadona pasi kunze kwemajaya matatu.

18

Muvanhu vakapfugama, Shadrach, Meshach naAbednego vakasara vkamira. Vakaramba kupfugama nokurumbidza chifananidzo chendarama. Vakasarudza kuteerera Mwari.
Nenguva duku inotevera, mashoko akasvika kuna Mambo.

19

(Video: 3 sec) Mambo vakatsamwa zvikuru nokunzwa kuti kune vanhu vatatu vakaramba kute nokupfugamira chifananidzo chake. Nebukhadinezari vakaraira kuti majaya matatu awunzwe mberi kwake.

20

(Video: 3 sec) Mambo vakacherechedza maHeberu matatu aya. Vaive varivarume vaduku vane ungwaru nematarenda akawanda.

21

(Video: 2 sec) Mambo vakaziva kuti vaive varivarume vakavimbika pamabasa ese avairairwa kuti vaite zvakare vachiwaita nemazvo. Mambo akavanzwira tsitsi, akavapa nguva yokuti vapinduke. Akavadana umwe ne umwe nemazita avo, akati,

22

(Chiverengo: Danieri 3:15)
"Zvino kana muchitenda kuwira pasi muchinamata chifananidzo chandakaita nenguva yamunonzwa kurira kwomumanzi...nezvimwe zvose zvinoridzwa

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

23

zvakanaka hazvo; asi kana musinganamati,

24

muchawisirwa nenguva iyo mukati mechoto chomoto unopfuta kwazvo..."
Danieri 3:15.
Mambo vaiti vakaraira chunhu, chaitofanira kuzadzikiswa nyango zvodini.


25

Shadrach, Meshach, na Abednego vaiona moto uchibvira munzvimbo yavaizokandirwa.
Mambo vaive vanechokwadi nechinangwa chavo.

26

Vaifanirwa kuita sei? Dai uriwe, waita sei?
Vaizosarudza kusateerera shoko raMwari here?
Zvirokwazvo, kupfugamira mufananidzo kwaiva nyore, zvisinei, hupenyu hwavo hwaive wakamirira kuparadzwa!
Zvaive zvisiri zvinhu zvakakosha here kurumbidza mambo?

27

Pfungwa dzakadai hadzina kupfura mupfungwa dzavo nokuti vaive vadzidziswa murairo waMwari vachiri vadiki. Umwe wemurairo uyu waiti iwo,

28

(Chiverengo: Eksodo 20:4,5)
"Usazviitira mufananidzo wakavezwa, kana uri mufananidzo wechinhu..."

29

"Usapfugamira izvozvo, kana kuzvishumira..."
Eksodo 20:4,5.
Minduro yakabva kumajaya matatu, vasina havo kuvunduka vakati:

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi



30

(Chiverengo: Danieri 3:16-18)
"...Imi Nebhukadhinezari, hatingafaniri hedu kukupindurai pamusoro peshoko iri."

31

"Kana zvikaitika hazvo, Mwari wedu watinoshumira ungagona kutirwira pachoto chomoto unopfuta kwazvo;

32

iye uchatirwira paruvoko rwenyu, imi mambo."

33

"Asi kana zvisakaitika, zivai imi mambo, kuti hatingashumirii vamwari venyu

34

kana kunamata chifananidzo chendarama chamakamisa imi."
Danieri 3:16-18
Kupera kwenyaya kunofadza zvikuru.
Mambo vakatsamwa kwazvo vakaraira kuti moto upamidzirwe kanomwe kuti unyatso pisa chaizvo.

35

Mambo vakazoraira zvakare kuti Shadrach, Meshach na Abednego vasungwe vavakandire mumoto unopisa. Moto waipisa zvekuti masoja akakandira vakomana ava akawira pasi akafa.

36

Mambo vakazomhanya vachienda pamukova wemoto, vachidaidzira nenzwi guru vachitii vaona vanhu vana vachifamba-famba mumoto zvakare umwe wacho akafanana neMwanakomana waMwari!

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

37

Mwari wedu akapinda mumoto unopisa. Aive ane majaya aya matatu echiHeberu. Muponesi wedu mukuru chaizvo.

38

Nebukhadinezari akazoraira majaya aya echiHeberu kuti vabude mumoto. Munhu wese akashamisika zvachose, vatatu ava vakabuda vasina kupiswa nyangwe nevhudzi rimwe, uyezve vaive vasinganhuwi moto pambatya dzavo!
Chifananidzo chihombe chendarama chakabva chakanganwa.
Nyaya yemajaya aya matatu inofanira kuva yakatora makore akawanda ichitaurwa nevanhu.

39

Mwari wavo akavanunura mumoto!
Izvi zvinoratidza rudo rwaMwari nekuchengeta vese vanomutevera nekutenda!
Zvingave izvo here kuti munguva dzinotevera tichava nemunhu achatimanikidza kutenda nokunamata nenzira yake?
Zvingave izvo here kuti sevaHeberu vatatu tichamirira kana kutongerwa rufu nenyaya yekunamata?

40

"Unoti," iwe, "Ndinofara nokuti hapana munhu anotimanikidza kutenda nenzira yake!"
Izvi zvinotyisa! Kumirira rufu nemhaka yokusanamata kana kutenda nenzira yarairwa noumwe munhu.

41

Unozviziva here kuti nekutaura kwechiporofita chirimubhaibheri, nhamo huru munhoroondo yenyika ichazouya uye yavapedyo? Nyaya hombe munhamo iyi yokupedzisira inenge iri nyaya yokunamata?

42

Seva Heberu vatatu, munhu wese achararama munguva yokupedzisira anenge akamirirwa nesarudzo inofanana? Ichave irisarudzo ichaisa chisimbiso pahupenyu wako zvachose!


43

Nebukhadinezari, mutungamiri mukuru weBhabhironi akavaka chifananidzo chaizopfugamirwa nevanhu vese.
Nyaya chaiyo chaiyo yaive iri yokunamata.
Muarairo wechipiri waMwari unoti iwo usanamate zvimufananidzo ndiwo waipatsanura avo vanoteerera vachinamata Mwari wechokwadi ne avo vasingatereri vanonamata vanamwari venhema.
Moto wakapamidzwa kupisa kanomwe.
Nguva yekunetseka inopfura nguva dzese dzokunetseka.
Mubairo wokusateerera pakusanganisa kunamata Mwari nekumhanyisa zvehurumende yenyika kwakava rufu.

Mumazuva ekupedzisira, shoko raMwari mubhuku reZvakazarurwa rinotsanangura kuti mutungamiri mukuru wenyika achabatanisa kereke nehurumende yenyika.
Nyaya hombe inenge iri yokunamata.
Murairo waMwari ndiwo uchapatsanura vanoteerera nevasingatereri munguva yokunetseka apo pachaiswa mubairo worufu munyika yose.

44

Mubhuku ra Zvakazarurwa, vanhu vese vanokurudzirwa kuti vachenjere chaizvo.
Mwari anokurudzira kuti shoko iri rakakosha zvikuru, nokuti anoti:

45

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:9)
"Unenzeve, ngaanzwe."
Zvakazarurwa 13:9.
Tinofanirwa kuteerera shoko iri!



46

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:9,10)
"...Kana munhu akanamata chikara nomufananidzo wacho, nokugamuchira chiratidzo pahuma yake kana paruvoko rwake,



47

naiye uchanwavo wayini yokutsamwa kwaMwari,

18 - WAVA NECHISIMBISO NOKUSINGAPERI

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

48

yakadirwa isinakuvenganiswa mumukombe wehasha dzake;



49

uchatambudzwa mumoto nesurferi pamberi pavatumwa vatsvene, napamberi peGwayana.”
Zvakazarurwa 14:9,10.

50

Munhu wese anofanira kuverenga nokunzwisisa chiporofita ichi kuitira kuti asave nechokuita nechikara ichi kana chiratidzo chacho.

51

Muchiporofita cheBhaibheri, kumagumo enguva, vanhu vese vachapatsanurwa muzvikwata zviviri:
avo vakambika kunaMwari zvakare vachiteerera mirairo Yake, ne avo vanonamata chikara vachigamuchira chiratidzo chacho.

52

Vacharamba kunamata chikara kana kugamuchira chiratidzo chechikara vachanetswa zvikuru.
Vachanetswa seva Heberu vatatu vakamiswa mberi pamambo Nebukhadinezari.



53

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:16, 17)
“Chinomanikidza vose, vaduku navakuru, vapfumi navarombo, vakasunguka navaranda, kuti vapiwe chiratidzo muruvoko rwavo rworudyi, kana pahuma yavo;

54

kuti munhu arege kuvapo unogona kutenga nokutengesa, asi iye unechiratidzo, iro zita rechikara kana chiverengo chezita racho.”
Zvakazarurwa 13:16,17.

55

Pakupedzisira, mubairo worufu ucharairwa pamusoro pe avo vanoramba kunamata chikara nomufananidzo wacho.

56

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:15)
"Chikapiwa masimba okupa mufananidzo wechikara mweya, kuti mufananidzo wechikara utaure,

57

chiite kuti vose vasinganamati mufananidzo wechikara vawurawe."
Zvakazarurwa 13:15

58

Munhu anoti, "Kana usinganamati chikara, hatimbotengi zvinhu kwauri kana kukutengisira zvinhu. Pamagumisiro tichakuuraya."

59

Mwari anoti,"Kana ukanamata chikara, kutsamwa kwaMwari kuchauya kwauri."

60

Munhu wese munyika achava nenguva inorema chaizvo pakusarudza.
Kunenge kuri chii kutsamwa kwaMwari kuchadirwa pamusoro pevanhu vese vakaramba ruponeso?
Bhuku ra Zvakazarurwa rinopa mhinduro.

61

(Chiverengo: Zvakazarurwa 15:1)
"Zvino ndakawona chimwe chiratidzo kudenga, chikuru chinoshamisa, ichi:

18 - WAVA NECHISIMBISO NOKUSINGAPERI

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi



62

Vatumwa vanomwe vanamadambudziko manomwe okupedzisira, nokuti kutsamwa kwaMwari kwakapera nawo."
Zvakazarurwa 15:1.

63

Madambudziko matatu achadirwa pamusoro pechikara nevanhu vese vanochinamata.
Zviro kwazvo, Mwari Hatongi vanhu asina kuvayambira.

64

Ndizvo zvinhu zvinoshamisa naMwari!
Mwari Hambodiri madambudziko asina kuyambira vanhu vese kuti chiratidzo chii zvakare nokuti vangawane sei simba rokusagashira chiratidzo ichi.

65

Nemashoko ake okugumisira, Mwari anotibetsera kuti tivure chiporofita, kuitira kuti tese tichinzwisise.
Hapana munhu anofanira kuti amirire nguva iyi yokutambudzika asina kugadzirira.
Zvakakosha zvikuru kuti tizive chikara ichi nemasimba acho nenzira yokusagashira chiratidzo chacho.

66

Ngatidzokerei kuchiporofita chemubhuku raZvakazarurwa, tiverenge nemasimba echikara ichi.

67

(Chivetrengo: Zvakazarurwa 13:1-8)
"Zvino ndakawona chikara chichikwira chichibva mugungwa,



68

chinenyanga dzinegumi nemisoro minomwe; pamusoro penyanga dzacho pakanga panekorona dzinegumi,

69

napamusoro pemisoro yacho mazita okumhura Mwari."



70

"Chikara ichi chandakawona, chakanga chakaita sengwe; netsoka dzacho sedzebere,

71

nomuromo wacho somuromo weshumba;

72

shato ikachipa simba rayo, nechigaro chayo chowushe, namasimba makuru."
Zvakazarurwa 13:1,2.

73

"Mumwe musoro wacho wakanga wakaita sowakakuvadzwa kusvikira parufu;



74

asi vanga, raifanira kuwuraya, rakanga rapora; nyika yose ikashamiswa ikatevera chikara."

75

"Vakanamata shato, nokuti yakapa chikara masimba;

76

vakanamata chikara, vachiti: Ndianiko wakafanana nechikara?

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi



77

Ndianiko unogona kurwa nacho?"

78

"Ipapo chakapiwa muromo unotaura mashoko makuru nezvokumhura;



79

chikapiwa simba kuti chizviite mwedzi inamakumi mana nemiviri."
Zvakazarurwa 13:3-5.

80

"Chikashamisa muromo wacho kuti chimhure Mwari, nokumhura zita rake

81

netabernakeri yake naivo vanogara kudenga."

82

"Chikapiwa masimbavo kuti chirwe navatsvene, nokuvakunda;



83

chikapiwa masimbavo pamusoro pamarudzi ose, navanhu vose, nendimi dzose, nendudzi dzose."

84

"Vose vanogara panyika vachachinamata, ivo mazita avo asina kunyorwa

85

mubhuku reGwayana rakabayiwa kubva pakusikwa kwenyika."
Zvakazarurwa 13:6-8.

86

Tinofanira kutarisa chiporofita ichi nechidimbu nechidimbu.
Apa Mwari anoshandisa mifananidzo yechiporofita kuti ayambire nyika.

87

Chikara chakamirira chii?
Danieri 7 akatidzidzisa kuti zvikara zvakamirira hurumende dzepasi kana masimba adzo.
Muna Zvakazarurwa, tinocherechedza chikara chakagadzirwa nezvikara zvese zvina zvakaonekwa na Danieri!
Ndinechokwadi kuti hausati waona chikara chadai muhupenyu wako!
Kuti tinzwisise chikara ichi nemasimba acho, tinofanira kutanga tawongorora zvikara zvina zvakaonwa naDanieri.

88

Shumba yaive yakamirirei? Ehoyi, Bhabhironi!



89

Bere raive rakamirira chii? Ehoyi zvakare: Medo-peresi.

90

Ko iyo Ingwe yave yakamirira chii? Ehoyi, Girisi.

18 - WAVA NECHISIMBISO NOKUSINGAPERI

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi



91

Ko chikara chinenyanga gumi chaive chakamirira chii? Warangarira zvakanaka! Hongo, chaive chakamirira hurumende yeku Rome.

92

Chikara chiri muna Zvakazarurwa 13 masimba ehurumende inotevera hurumende dzina idzi. Tinocherechenza chinhu chinoshamisa apa: hurumende imwe chete munyika ndiyo ine zviratidzo zvese zvakataurwa muchiporofita ichi.
Bhaibheri dzvene nenhoroondo yenyika zvinoita kuti zvivenyore kuona nokunzwisisa
izvi. Achitaura pamusoro pechikara, Johane akati iye,

93

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:2)
"...Shato ikachipa simba rayo, nechigaro chayo chowushe, namasimba makuru."
Zvakazarurwa 13:2.
Tinonzwisisa kuti shato yakamirira Satani, nokuti Bhaibheri rinoti,



94

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:7-9)
"Zvino kurwa kwakavapo kudenga..."



95

"Zvino shato huru yakakandirwa pasi, iyo nyoka yekare, inonzi Dhiabhorosi, naSatani, munyengeri wenyika yose..."
Zvakazarurwa 12:7-9.

96

Tinofanira kunzwisisa kuti Satani hapindi muhondo iyi achionekwa nemeso.
Anoshanda akavanda achishandisa makurukota ake, masimba zvakare achishandisa nevanhu.
Zvakazarurwa anotijekesera hondo huru iripo pakati paSatani neSangano raMwari:

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

97

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:3-5)
"Ipapo kudenga kwakawonekwa chimwe chiratidzo, ichi: Tarira, shato huru tsvuku,

98

inemisoro minomwe, nenyanga dzinegumi, napamisoro yayo korona nomwe."

99

"...shato iyo ikamira pamberi pomukadzi wakanga ozvara,

100

kuti iparadze mwana wake kana azvara."

101

"Akazvara mwana womukomana, unozofudza marudzi ose netsvimbo yedare;

102

mwana wake ndokutorwa kunaMwari, nokuchigaro chake chowushe."
Zvakazarurwa 12:3-5.

103

Ndiani murume -mwana uyu?
Mhinduro inoti ndi Jesu Kristu!
Nenzira yakavanda, shato kana kuti Satani, anoonekwa achishanda zvikuru nesimba repasi kuti aparadze Jesu asi achikoniwa.
Izvi ndizvo zvakaitika.
Dhiabhorosi aishanda nenyika ipi panguva yekuzvarwa kwaKristu?

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

104

Kana tichiverenga magwaro enhoroondo yenyika, tinoona kuti hurumende yeRome yaitungamirwa navainzi vana Caesar ndiyo yaitonga apo pakazvarwa Kristu.

105

Mambo Herodi vakaraira ivo kuti vana vese munzvimbo yeBethlehem vanemakore maviri zvichidzika vauraiwe. Mambo Herodi vaive vanechinangwa chokuuraya Jesu apo paakazvarwa.

106

Mumiriri weRome ainzi Pontius Pilate, akabvumira kuti Kristu auraiwe.

107

Mawuto eRome akaroverera Jesu pamuchinjiko, zvakare akachengeta mukova wainobudira murinda rake. Satani akashanda zvikuru kubudikidza nenyika yeRome kuti iuraye Kristu

108

Jesu akamutswa murufu akaenda kudenga sezvakataurwa nechiporofita. Zvinhu izvi zvinokuita here kuti utende muchiporofita cheBhaibheri ?

109

Chiporofita chakataura zvakare kuti masimba aya, eRome yana Caesar icha



110

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:2)
"...Shato ikachipa simba rayo, nechigaro chayo chowushe, namasimba makuru."
Rome yanaCaesar yakazadzikisa chiporofita ichi here?
Kana zviri izvo, chakapiwa ani?

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

111

Kwemakore akawanda, kereke reRome raishandisa gwaro rakanyorwa kuti "The Donation Of Constantine" kuratidza simba rayo muguta re Rome. Gwaro iri rakazoonekwa kuti raive riri renhema, nyangwe zvaro rakashandiswa nevekereke kuti vatonge rutivi rwe Western Rome panezvenyika nezvokunamata. Gwaro iri ndiro rakashandiswa neveKereke yeRome kuti varatidze simba ravo sesimba rehurumende zvakare kuti vape Papa masimba owumambo.

112

Mugore ra A.D. 300, Constantine akaendesa chigaro chake muguta rainzi Byzantium akashandura zita iri ndokubva ati yave kunzi Constantinople achidakuzvirangarira nezita iri.

113

Constantine akapa chigaro chake kunabhishopi weRome paakabva pawushe.
Bhishopi weRome akazova mutungamiriri wekereke, zvakare nemutungamiriri wehurumende yezvenyika. Nokudaro kereke nehurumende zvakabatana, asi kereke ndiyo yaitonga hurumende.

114

Guta re Vatican rakavakirwa mukati meRome, iro raiva guta raiva chigaro chehurumende yeRome.

115

Kereke yekuRome ichiripo nanhasi. Inemasimba pakunamata zvakare nemasimba panezvenyika. Nyika dzese dzemunyika dzinotumira vamiriri vadzo kuguta reVatican.

116

Zvakakosha kuti tizive kuti chiporofita ichi hachinakunanga kana kutsanangura munhu umwe no umwe asi chakananga badzi rowufungi kana nzira yokunamata ichaonekwa munyika.

117

Pane vanhu vakawanda vanonamata Mwari nemazvo asi vasingazive zvinhu zvatirikudzidza nhasi muchiporofita cheBhaibheri nenyaya yezvemasimba aya.

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

118

Kana tichidzidza nechiratidzo chechikara muna Zvakazarurwa 13, tinoona zvichitsanangurwa pachena kuti chikara ichi ndicho chinofananidzwa neNyanga Duku munaDanieri 7, chitsauko chatambodzidza mushure.

119

Muporofita Johane akati iye chikara ichi chichava nechiratidzo uyezve chichaedza kumanikidza munhu wese kuti ave nechiratidzo ichi!



120

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:16,17)
"Chinomanikidza vose, vaduku navakuru, vapfumi navarombo, vakasununguka navaranda, kuti vapiwe chiratidzo muruvoko rwavo rworudyi, kana pahuma yavo."

121

"Kuti munhu arege kuvapo unogona kutenga nokutengesa, asi iye unechiratidzo, iro zita rechikara kana chiverengo chezita racho."
Zvakazarurwa 13:16,17.

122

Shoko raMwari rinoti chiratidzo ichi chinenge chirichokusateerera Mwari kana chokumukira hurumende yaMwari.
Bhabheri rinotaura chimwe chikwata chicharamba kugamuchira chiratidzo chechikara.

123

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:12)
"Ndipo panokutsungirira kwavatsvene, vanochengeta mirairo yaMwari nokutenda kwaJesu."
Zvakazarurwa 14:12

124

Usakanganise, nyaya hombe pakuguma kwenyika inenge iri yokuteerera mirairo yaMwari!
Chimwe chikwata chichagamuchira chiratidzo chechikara, asi chimwe chichateerera Mwari nokuchengeta mitemo Yake yose uye chichichengeta kutenda muna Jesu.

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

125

Vanhu vaMwari vachapiwa chiratidzo, asi chinenge chirichiratidzo chaMwari, munembo waMwari.

126

Chiratidzo ichi chichapiwa pahuma dzavateveri Vake.



127

(Chiverengo: Zvakazarurwa 7:2,3)
"Ipapo ndakawona mumwe mutumwa achikwira achibva kumabvazuva, anechisimbiso chaMwari mupenyu;

128

akadana nenzwi guru kuvatumwa vana, vaya vakanga vapiwa simba kuti vakuvadze nyika, negungwa ,

129

achiti: Musakuvadza nyika, kana gungwa, kana miti ,

130

kusvikira taisa chisimbiso pahuma dzavaranda vaMwari."
Zvakazarurwa 7:2,3.

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

131

Ndinoda munembo iwoyo, ko iwe haudi here kuva nawo?
Hapana chinhu chakakosha kupfura ichocho.
Hondo yokupedzisira yenhoroondo yenyika inenge iri yomunembo waMwari kana chiratidzo chechikara.
Inenge iri pakati pemufananidzo kana chiratidzo chaMwari ne mufananidzo kana chiratidzo chenhema.
Kana tanzwisisa chiratidzo chaMwari, zvichava nyore kuti tione kana kuti tinzwisise kuti chiratidzo chechikara chenhema ndechipi.
Mwari anotitaurira kuti chiratidzo dzake chakaita sei:

132

(Chiverengo: Ezekieri 20:12)
"Ndakavapavo maSabata angu, chive chiratidzo pakati pangu navo..."
Ezekieri 20:12.



133

(Chiverengo: Eksodo 31:13)
"Taura navana vaIsraeri, uti: Zvirokwazvo munofanira kuchengeta maSabata angu;



134

nokuti chiratidzo pakati pangu nemi kusvikira kumarudzi enyu ose,

135

muzive kuti ndini Jehova unokutsaurai."
Eksodo 31:13.

136

Mwari akati iye Sabata chiratidzo kana chisimbiso choutongi kana Hukuru Hwake.
Icho chikara chinoti kudini nechiratidzo choutongi kana chohukuru hwacho?

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

137

Izvi zvakatorwa muKatekisimu yeMakatorika:
MUBVUNZO: Munozviratidza neyi kuti sangano rinesimba rokuronga mifaro namazuva matsvene?



138

"MHINDURO: Tinozviratidza nokushandura kwedu zuva reSabata tichiriyita zuva reSvondo, mamwe masangano anozvibvuma izvozvo: naizvozvo masangano aya

139

anozvipikidza nokuchengeta zuva reSvondo nemimwe mifaro yakarayirwa nesangano irori."



140

"MUBVUNZO: Munechiratidzo here chinoratidza kuti sangano rinesimba rokuvamba zvirongwa ?



141

"MHINDURO: Dayi rayiva risina simba iri, dayi asinakuvamba kukudzwa kwezuva reSvondo, rinova iro zuva rokutanga reviki,



142

achisiya kukudzwa kwezuva reMugovera, rinova iro zuva rechinomwe, kushandura kusipo kana muBhaibheri."
–An Abridgment of the Christian Doctrine, Henry Tuberville, p. 58.

143

Sondo chiratidzo chesangano yeRoma sekutaura kwavo. VeRoma vanoti ivo vakashandura zuva rekunamata kubva kuSabata kuenda kuSondo, zvakare vanoenda mberi vachiti,

144

anoti iye kushandura uku "chiratidzo cheutongi zvakare nemasimba ekereke."(Letter from C.F. Thomas, Chancellor to Cardinal Gibbons, October 28, 1895.) Kereke yeRoma inobvunza avo vakabuda musangano rayo kuti sei vakaswibisa zuva raMwari vachisiya

145

(Video: 2 sec) Sabata remuBhaibheri vachitevera zuva rakavambwa ne

146

(Video: 5 sec) Maitiro, Tsika, nesangano yeRoma.



147

(Chiverengo: Danieri 7:25)
"...uchatsvaka mano okushandura nguva nemirairo..."
Danieri 7:25.

148

(Chiverengo: Danieri 8:12)
"...rukawisira pasi zvokwadi, rukafara panezvose zvarakaita."
Danieri 8:12.

149

Johane akaratidzwa kuti Satani achada kumanikidza munhu wese kuti agamuchire chiratidzo chechikara:

150

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:16,17)
"Chinomanikidza vose, vaduku navakuru, vapfumi navarombo, vakasungurwa navaranda, kuti vapiwe chiratidzo muvoko rwavo rworudyi, kana pahuma yavo;

151

kuti munhu arege kuvapo unogona kutenga kana nokutengesa, asi iye unechiratidzo, iro zita rechikara kana chiverengo chezita racho."
Zvakazarurwa 13:16,17.

152

Kuti chikara chizadzikise chiporofita chese ichi, chichada kushandisa masimba ehurumende yevanhu kuti chiratidzo chacho chipiwe munhu wese pakupera kwenguva.
Tarisa kuti Mwari anoti chii nechikara ichi:



153

(Chiverengo: Zvakazarurwa 13:18)
"Ndipo panokuchenjera. Unoziva, ngaaverenge chiverengo chechikara; nokuti chiverengo chomunhu;

154

chiverengo chacho ndimazana matanhatu namakumi matanhatu nematanhatu[666]."
Zvakazarurwa 13:18.

155

Zvinorevei kuti "Chiverengo chechikara". Vanhu vakawanda vanobvunza kuti zvinorevei zvirokwazvo.

156

Ticharegera Kereke yemaKatorika ipindure.
Rurimi rwechi Latin ndiro rurimi rweKereke yeRoma Katorika.
Nerudzidzo rwemaRoma Papa anomirira kereke yese munyika.

157

Rimwe zita raPapa rinonzi Vicarius Filii Dei, zvichireva kuti "Mumiriri weMwanakomana waMwari",

18 - WAVA NECHISIMBISO NOKUSINGAPERI

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

158

"MaKatorika anoti sangano ravo rinowonekwa, rinofanira kuvawo nomusoro unowonekwa."

159

(Video: 9 sec) Uchanzwisisa kuti zvirinyore kunzwisisa Vicarius Filii Dei uchishandisa zviverengo zverurimi rweLatin zvinoshandiswa nekereke yemaKatorika.
Vicarius 5,1,100,0,0,1,5,0 = 112
Filii 0,1,50,1,1 = 53
Dei 500 0 1 = 501
=666
Izvi ndizvo zvinoratidza pachena kuti kereke yeRoma ndichochikara chinotsanangurwa munaZvakazarurwa 13.

160

Tinoti kudini nezviporofita zvatinodzidza mushoko raMwari?
Tinoona chaizvo kuti nguva irikuuya, uye yavapedyo apo munhu wese achamanikidzwa kuchengeta zuva rekutanga reviki, izvi zvisingabvumirani nemurairo waMwari!

161

Tsamba yakanyorwa munguva yatirikurarama yakanzi: "Apostolic Letter, Dies Domini, of the Holy Father, John Paul II, to the Bishops, Clergy, and Faithful of the Church, on keeping the Lord's Day Holy," yakaenda kuvakuru vemasangano nevanotenda veRoma Katorika ichivakurudzira kuti vasimbise kuchengeta Sondo sezuva rokuzorora nekunamata.

Zvingava here kuti tsamba iyi ndiwo mavambo emitemo ichazoisiwa yokuchengetedza zuva reSondo panokuti kuchengetwe Sabata remuBhaibheri?

162

Tsamba iyi inoyenda mberi ichitaura kuti izvi zvinofanirwa kuiswa pamutemo kuitira kuti zvigonyatsoteverwa.
Inyaya yatinoziva here?
Ndizvo chaizvo zvinotaurwa nechiporofita!

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

163

Vanhu vakawanda vanobvunza mubvunzo uyu, " Pane munhu here ava nechiratidzo chechikara iyezvino?" Kwete, hapana munhu ati ava nechiratidzo chechikara kwaiyezvino.
Mwari anevateveri vake vezvokwadi mumasangano ese.

164

Kana chiratidzo chaiswa pamutemo, munhu wese achasarudza kuteerera Mwari nokuchengeta Sabata kana kuteerera chikara nokuchengeta zuva reSondo rakavambwa nesimba romunhu. Panguva iyi (Chiratidzo chaisiwa pamutemo), ndipo munhu paachagamuchira chiratidzo chechikara.
Munhu wese munyika achava nesarudzo hombe: Ndichateerera Mwari kana kuti ndichateerera munhu? Kunenge kusiri sarudzo yemazuva okunamata chete. Inenge irisarudzo zvakare yeMutungamiri wohupenyu hwako.

165

(Chiverengo: VaRoma 6:16)
"Hamuzivi here, kuti uyo wamunozvipa kwaari kuti muve varanda vake kumuteerera,



166

kuti muri varanda vaiye wamunoteerera; kana vezvivi zvinoisa kurufu,



167

kana vokuteerera kunoisa kukururama.?"
VaRoma 6:16.

168

Nguva inorwadza chaizvo ichauya kumunhu wese munyika.
Hapana munhu achatenga kana kutengesa asina chiratidzo chechikara.

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi

169

Vanhu vachatanga vachiramba, asi kuchazouya mutemo worufu.
Avo vachagamuchira chiratidzo vachawirwa nemadambudziko manomwe ekugumisira.
Unoona here chikonzero chokukosha kwenyaya iyi?
Sei iri nyaya yokurarama nenyaya yorufu?
Sei zvakakosha kuti tisarudze Mwari?

170

Pane nhau dzakanaka kune avo vachateerera Mwari vawane zvakare munhembo Wake.

171

(Chiverengo: Isaya 33:16)
...Zvokudya zvake uchazvipiwa, mvura yake haingapwi. Isaya 33:16.

172

(Chiverengo: Mapisarema 91:5-8)
Haungatyi chinhu chinovhundusa husiku, kana museve unofurwa masikati;



173

kana hosha inofamba murima, kana kuparadza kunowuraya masikati.



174

Kurutivi rwako kuchawa vanegumi ramazana, Nezana ramazana paruvoko rwako rworudyi; asi hazvingaswederi kwawuri.



175

Uchangozvitarira hako nameso ako, ukavona mubayiro wavakaipa.
Mapisarema 91:5-8.
Kana uchashamisika nezvichaitika, Bhaibheri rinoti,

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi



176

(Chiverengo: Mapisarema 91:9-11)
Nokuti imi Jehova muri vutiziro hwangu Iwe wakaita Wokumusoro-soro vugaro hwako.



177

Hapana chakaipa chingakuwira, vuye hapanehosha ichaswedera patente rako.



178

Nokuti iye ucharaira vatumwa vake pamusoro pako, kuti vakuchengete panzira dzako dzose.
Mapisarema 91:9-11.
Mwari anopa vimbiso huru kune avo vanosarudza kumutevera:

179

(Chiverengo: Danieri 12:1)
Nenguva iyo Mikaeri uchasimuka, iye muchinda mukuru unorindira vana vavanhu vako;

180

ipapo nguva yenjodzi ichavapo, isinakumbovapo yakadaro kubva pakumuka kwamarudzi avanhu kusvikira nguva iyo;

181

nenguva iyo vanhu vako vacharwirwa, ivo vose vakanyorwa mubhuku.
Danieri 12:1.
Johane akaratidzwa muono we avo vakakunda chikara:



182

(Chiverengo: Zvakazarurwa 15:2)
Ndikawona chakaita segungwa rinovonekera rakavenganiswa nomoto, naivo vakawuya vakunda chikara

183

nomufananidzo wacho, nechiverengo chezita racho,

18 - Wava Nechisimbiso Nokusingaperi



184

vamire pamusoro pegungwa rinovhenekera, vanovundimbwa hwaMwari.
Zvakazarurwa 15:2.
Nyangwe izvezvi, Mwari arikutaurira vanhu vake vezvokwadi kuti vabude mumasangano enhema vamutevere zvachose.

185

(Chiverengo: Zvakazarurwa 18:4)
...Budai mariri, vanhu vangu, kuti murege kuwadzana naro pazvivi zvaro,



186

mugorega kupiwa madambudziko aro.
Zvakazarurwa 18:4.

187

Zvinoda kuzvipira kusarudza kutevera Mwari.
Rangarira vaHeberu vatatu vakamira nekushinga mberi kwerufu. Vakasarudza Mwari vakamira sevateveri Vake?

188

Mwari neMweya mutsvene vanga vachitaura kwauri pamisangano iyi.
Varikukudana kekugumisira munyika iri kuzoparara.
Vanoda kuti ugadzirire kuuya kweMwanakomana wavo.
Vari kuuya kuzotora vese vakasarudza kumutevera nzira yose.
Haudi here kumirira Mwari nechokwadi sevaHeberu vatatu usiku uno?

19 - Pfuma Yakachengeteka

1

Chokwadi Chokuti Mari Yako yaka Chengetedzwa

2

Jesu akataura zvikuru nemari.
Nyaya dzake dzaipa dzidziso dziri 16 pa 38 dzaitaura nokuchengetedzwa kwemari, zvipfuwo nematya.
Mumabhuku aMateo, Marko, Ruka na Johane, munemavesi anosvika 288 anotaura nemari, zvipfuwo pamwe chete nembatya.
Munemavesi ani 500 mubhaibheri anotaura nekunamata mamwe 500 anotaura nekutenda, nemavesi 2000 anotaura nemari, zvipfuwo nembatya.
Mari inofanira kuvanyaya yakakosha kuna Mwari.
Mwari Hadi kuti tizvinetse nemari.
Anoda kuti tivimbe naye pamari nezvimwe zvatinoda.


3

Vanhu vakawanda vanopedza nguva vachinetsekana nemadamudziko emari - vachifunga kuti zvino vachazobhadara sei zvinhu zvavanoda.
Vanozvinetsa neramangwana.

4

Vachawana zvakakwana here kana basa rapera?
Chii chichaitika vachembera kana kukwara?
Vanhu vanotswaka chinhu chisingaperi kana chakamira zvakanaka.
Asi tingawanepi kuchengetedzwa kwanhasi nekwemangwana?


5

Harisi zano raMwari kuti tinetseke nernhasi kana neremangwana?
Kana tichienda kwaari, hatifanirwi kunetsekana nezvinoitika pakati pedu kana zvichazoitika kwatiri.

6

(Chiverengo: Mateo 6:31,32)
Naizvozvo musafunganya muchiti: Tichadyei? Kana: Tichanwei? Kana: Tichafukeiko?

19 - Pfuma Yakachengeteka

7

..Nokuti Baba venyu vokudenga vanoziva kuti munoshaiwa izvozvi zvose.
Mateo 6:31,32.
Ngatitarisei zano raMwari rokugarisikana kwedu kusingaperi..

8

Zvakatanga mumunda we Edeni.

9

Nyika ino yakabva mumawoko aMwari yakanaka ichibwinya zvikuru.

10

Ziso raichingamidzwa nokunaka kwebasa raMwari Mukuru kwese kwese.
Kudoka kwezuva nekubuda kwezuva zvaive zvirizvinhu zvinoyeredza zvakanaka kwazvo.

11

rwizi runerunyararo rwaifamba pakati pemakomo.

12

Paive pane maruva akanaka anonhuwirira zvinafadza moyo munzvimbo yese.

13

Zvimiti zvakazara nemichero yakasiyana siyana yakawanda yainaka ichitapira.

19 - Pfuma Yakachengeteka

14

Shiri dzaizadza denga nenziyo.
Mhuka dzaitamba dzichifamba pasina kutya.
Hove dzemavara akasiyana siyana dzaifamba famba mumvura.
Iyi yaive paradhiso pachayo!

15

Zvokwadi, Adamu na Eva vaifara munyika yavakapiwa naMwari.

16

(Chiverengo: Genesi 2:8)
Asi paive panezvimwe!
Jehova Mwari akasima munda...akaisapo munhu waakanga avumba.
Genesi 2:8.

17

Chimbozvifunga! Kuneimwe nzvimbo munyika yakaperera yakanaka iriparadhiso, Mwari akagadzira munda wakanaka kwazvo waizogara Adamu na Eva.

18

Musha wakanaka munyika ino hauenzanisiwi nemusha wakavakwa mu Edeni na Mwari.
Mwari haana kungovaka musha chete, akarondedzera nekudya kwaakaisa mumunda uyu.



19

(Chiverengo: Genesi 1:29)
...Ndakakupai miriwo yose inobereka mbewu, iri panyika yose,

20

nemiti yose inemichero yemiti inobereka mbewu, kuti zvive zvokudya zvenyu.
Genesi 1:29.

19 - Pfuma Yakachengeteka

21

Adamu na Eva vaive vasingaripiswe mutero, vaive vasina makiye nokuti paive pasina mbabva, paive pasina zvipatara kana zvitoro zvemapiritsi.


22

Vaifara vaneutano hwakanaka, muviri usingachemberi, kuzvipira kuneumwe neumwe kwakasimba nerudo rukuru kuna Mwari.
Mwari aida kuti vagove zvikomborero izvi, naizvozvo akati,

23

(Chiverengo: Genesi 1:28)
...Berekai, muwande, muzadze nyika, mubate wushe pairi...
Genesi 1:28.

24

Tiri varanda vembatya yaMwari

25

Raive riri zano raMwari kuti pave nemhuri hombe, inofara uye ine hutano hwakanaka pano panyika. Mwari vaiziva zvakare kuti munhu anofanira kuva nebasa, raachafarira kuita.

26

(Chiverengo: Genesi 1:28)
...Muve nesimba pamusoro pehove dzegungwa, napamusoro peshiri dzedenga,

27

napamusoro pezvipenyu zvose zvinokambaira panyika.

19 - Pfuma Yakachengeteka

28

(Chiverengo: Genesi 2:15)
Jehova Mwari akatora munhu, akamuisa mumunda weEdeni, kuti awurime nokuwuchengeta.
Genesi 1:28; 2:15.

29

Zvinhu zvese munyika ndezvaMwari, asi akatipa basa rokuchengetedza midziyo Yake.
Mwari Muridzi, isu tirivaranda vake, tichichengetedza mbatya Yake.

30

(Chiverengo: Mapisarema 24:1)
Nyika ndeyaJehova, nokuzara kwayo; nyika yose navageremo.
Mapisarema 24:1.

31

(Chiverengo: Mapisarema 50:10,11)
Nokuti mhuka dzose, dziri kudondo, ndedzangu, nemombe pamakomo anechiwuru chamazana.

32

Ndinoziva shiri dzose dzomumakomo; mhuka dzose, dziri musango, ndedzangu.
Mapisarema 50:10,11.

33

NdiMwari anotipa simba rokuita mari.
Isu hatisivaridzi vechinhu kana chimwe!
SeMusiki wedu, zvese zvatinazvo kusanganisira nehupenyu wedu ndezvaMwari.



34

(Chiverengo: Deuteronomio 8:18)
Asi unofanira kurangarira Jehova Mwari wako, nokuti ndiye unokupa simba rokupfuma;



35

kuti asimbise sungano yake, yaakapikira madzibaba ako, sezvaanoita nhasi.
Deuteronomio 8:18.

19 - Pfuma Yakachengeteka

36

Webster's New World Dictionary rinotsanangura Muranda Seuyo anotarira kana ano chengetedza mari kana mbatya dzowumwe.
Iyenhasi kana munhu apinda muhukama wokuchengetedza kanakutarira mbatya yamambo vake, anenge achida kuziva zvinodiwa namambo vake kwaari. Izvi ndizvo zvaive zvakatarisirwa naMwari kuna Adamu, nokuti Bhaibheri rinoti,



37

(Chiverengo: Genesi 2:16,17)
...Ungadya hako miti yose yomunda.

38

Asi muti wokuziva zvakanaka nezvakaipa usaudya;

39

nokuti nomusi waunoudya, uchafa zvirokwazvo.
Genesi 2:16,17.



40

(Video: 20 sec) Mwari akaedza rudo nokuvimbika komunhu.
Adamu na Eva vaikwanisa kudya muchero wese mumunda me Edeni, asi vakataurirwa kuti vasadya muchero umwe chete.
Nokuteerera Mwari, vaizoratidza rukudzo rwavo kuna Mwari samambo.
Nokuteerera, vaizopiwa hupenyu husingaperi.
Asi Adamu na Eva vakakoniwa kuteerera murairo waiva nyore wavakapiwa naMwari.
Vaive variva chengeti vasina kuvimbika. Izvi zvakazokonzera kuti varasikirwe nezvinhu zvese: munda wavo, hupenyu husingaperi, rudo, mufaro, kugarisikana, moyo wakachena nekufambidzana naMwari!

19 - Pfuma Yakachengeteka

41

Vakadona kubva pahumambo kusvikira kuhurombo. Satani akafara zvikuru, anova iye ngirosi yakamukira denga ichida kutonga nyika zvachose.

42

Zvisinei, humambo waSatani wakakundwa nekuuya kwa Kristu munyika kwemakore akazotevera.

43

Zano raSatani kwaive kuri kunyengera Mwanakomana waMwari sezvaakaita Adamu na Eva.
Satani akamirirra Jesu paakapedza kutsanya kwemazuva magumi mana (40).

44

(Chiverengo: Mateo 4:8,9)
Dhiabhorosi akamuisazve pagomo refu-refu,

45

akamuratidza wushe wose wepanyika...

46

Akati kwaari: Izvi zvose ndichakupa, kana ukawira pasi ukandinamata.
Mateo 4:8,9.

47

Satani aida kunyengera Jesu nenyika dzese dzepano pasi asi akakoniwa. Zvinhu zvakavimbisiwa na Satani zvaive zvisiri zvake!
Aive aba nyika newunyengereri.
Jesu akaramba kutengesa hukama Hwake naMwari nenyaya yenyika inehupfumi nezvinovaima.

19 - Pfuma Yakachengeteka

48

Satani akakundwa zvachose pa Calvary.
Nokufa kwaKristu pamuchinjiko, Satani akakundwa!
Kufa kwaKristu kwakaponesa nyika yose.

49

Zvese zvatiri nezvese zvatinazvo zvakaunzwa nechipo chaKristu kumhuri yevanhu.
Nyangwe tichimuda, nyangwe tisingamude, hupenyu hwedu nezvinhu zvese zvatinazvo ndezvake.

50

Haasi Musiki wedu chete, asi Muponesi wedu zvakare!
Sa Adamu na Eva, tirivachengeti vezvinhu zvese zvatinopiwa naMwari. Naizvozvo Mwari Anodei kwatiri?



51

(Chiverengo: 1 VaKorinte 4:2)
Zvino, pazvinhu izvi, pavatariri panotsvakwa, kuti munhu awanikwe akavimbika.
1 VaKorinte 4:2.

52

Tirivaranda vechipo chaMwari chehupenyu.
Hupenyu chipo chaMwari chinokosha kupfura zvimwe zvipo.
Mupostori Pauro anoti:

53

(Chiverengo: Mabasa 17:24,25)
Mwari wakasika nyika nezvose zviri mairi...



54

...unopa vose wupenyu, nokufema, nezvose.
Mabasa 17:24,25.

19 - Pfuma Yakachengeteka

55

Hupenyu wedu hunobva kunaMwari uye ndiye anohuchengeta.
Kurova kwese kwemoyo, mweya watinofema nekufamba kweropa mutsinga dzedu, zvese izvi chipo chaMwari.



56

(Chiverengo: VaRoma 12:1)
Pauro akanyora kuti: "Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, netsitsi dzaMwari, kuti muise miviri yenyu, chive chibayiro chipenyu,



57

chitsvene, chinofadza Mwari, ndiko kunamata kwenyu kwomoyo.
VaRoma 12:1.
"Chibairo chinorarama," zvinoreva kuzvipira kwakaperera kuna Kristu nehutungamiri Hwake muhupenyu wedu.

58

(Chiverengo: Mabasa 10:38)
...iye waipota nyika, achiita zvakanaka...
Mabasa 10:38.

59

Jesu muenzaniso wedu; tinofanira kutevera kuzvipira kwake kunevamwe vanhu.

60

Tirivaranda venguva yatinopiwa naMwari.
Hatisi vachengeti vemari bedzi, tirivaranda venguva yedu.
Umwe akati, "Nguva hupenyu, uye hupenyu inguva."
Muimbi aikumbira izvi kuna Mwari,



61

(Chiverengo: Mapisarema 90:12)
Tidzidzisei kunyatso-verenga mazuva edu, kuti tizviwanire moyo wakachenjera.
Mapisarema 90:12.

19 - Pfuma Yakachengeteka

62

(Video: 6 sec) Kutambisa nguva kutambisa hupenyu - kutambisa chipo chawakapiwa naMwari.
Munhu wese akapiwa nguva dzinofanana pazuva rimwe - uyezve munhu wese achabvunzwa kuti nguva iyi yakashandisiwa neipi nzira.

63

Mwari anoda kuti tishandise nguva yedu neungwaru.
Anoda zvakare kuti tive nenguva yakakosha yokurangarira Sabata rake soMusiki wedu.

64

Nguva yedu yose ndeya Mwari. Anotikurudzira kuti zuva rechinomwe reSabata raive rokuzorora muzita rake nevimbiso Yake.
Anotikoka kuti tikanganwe nezvinhu zvenyika, tichiyeuka zita rake soMusiki naMuponesi wedu.
Anotikurudzira zvakare kusiya kutenga, kusiya kuenda kumafaro enyika, kusiya kushanda pazuva reSabata, zvakare kumurangarira seMusiki namuPonesi wedu.

65

Tirivaranda vezvipo zvatakapiwa naMwari.
Ungabvunza kuti, "Chipo chei chandiinanacho semuranda waMwari? Handifunge kuti ndinechipo."

66

Nhasi vara rinoti "Tarenta" rinowanzoreva chipo chekuimba zvakanaka, kana kuridza ngoma, kana kusona mbatya kana kunyora mabhuku nezvimwewo zvakadaro.

67

Aya ma Tarenda, asi maTarenda anotaurwa naMwari akawanda.
Sevachengeti vezvinhu zvaMwari, tinofanira kushandisa zvese zvatakapiwa, zvinosanganisira hupenyu, nguva, ruzivo nembatya.
Rimwe zuva, Mwari achatiraira kuti tizvifadze nazvo kana kutitizvipe vamwe sezvikomborero kwavari!
Jesu akati, "Nditevere."
Aive anehupenyu hwekupa.

19 - Pfuma Yakachengeteka

68

(Chiverengo: Mabasa 10:38)
...Iye waipota-nyika, achiita zvakanaka...
Mabasa 10:38.
Vakawanda vedu vanogutsikana "nokungoenda ."

69

Matarenda edu hafanirwi kushandiswa kuwana rukudzo rwevanhu.
Anofanirwa kushandiswa kurumbidza Mwari .
Mwari anotipa matarenda kuti tikomborere vamwe.



70

(Chiverengo: 1 VaKorinte 4:7)
...Chinyiko chaunacho chawusina kupiwa?



71

Zvino kana wakapiwa, unozvikudzireiko sowusina kupiwa?
1 VaKorinte 4:7.

72

Tiri varanda vemari yatinopiwa naMwari

73

(Chiverengo: Mateo 6:33)
...Asi tangai kutsvaka wushe waMwari, nokururama kwake...
Mateo 6:33, tinowona kuti zvikomborero zvaMwari zvinodirwa pamusoro pedu.

74

Pamwe nekupa nguva yedu, tinowona muBhaibheri kuti kuzvipira kunaMwari kunosanganisa kudzorera kuna iye zvikomboreo zvembatya dzake.

19 - Pfuma Yakachengeteka

75

(Video: 11 sec)
Rimwe zuva, hama ya Abrahama Roti nemhuri yake vakatorwa nevavengi vavo verumwe rudzi.
Nhau idzi padzakasvika kuna Abrahama, akazvipira kunosunungura hama yake Roti nevamwe vake.
Akanamata kuna Mwari kuti amubatsire zvakare amupekubudirira. Mwari aiva naye. Roti nemhuri yake vakasunungurwa vakadzorera dzose mbatya dzomuvengi.

76

Pakasvika Abrahama muSodhoma, mambo vakamugamuchira vakamukurudzira kuti achengete mbatya, adzorere zvisungwa chete.
Asi Abrahama akaramba kutora mbatya. Melchizedek, muPristi waMwari akavigira Abrahama kudya akamukomborera.

77

(Chiverengo: Genesi 14:20)
...Akamupa chegumi chezvose.
Genesi 14:20.

78

Abrahama aida kuratidza kutenda kwake kwerubatsiro rwaMwari pakusunungura Roti. Aida kuratidza rukudzo kunaMwari seMuridzi wezvinhu pamwechete nekutenda zvikomborero zvake.


79

Pakapfura makore 150, muzukuru wa Abrahama akaratidza kutenda kuna Mwari nenzira inofanana. Achitiza mukoma wake, Jakobo akasvikira nokuvunduka . Aida chaizvo Jakobo kuchengetwa naMwari, asi akazvishora chaizvo nokubira mukoma wake Esau akafungakuti naMwari amusiya zvakare kuti Hambomuregereri zvivi zvake.

80

Nokuzvishora kukuru kwaibva mumoyo, Jakobo akabvuma zvitadzo zvake zvese kuna Mwari akazogara pasi kuti avate.

19 - Pfuma Yakachengeteka

81

(Chiverengo: Genesi 28:12,22)
Akarota, akawona danhu rakanga ramiswa panyika, musoro waro wakasvika kudenga;

82

akawona vatumwa vaMwari vachikwira nokuburuka naro.
Genesi 28:12.
Paakamuka Jakobo aiva akuziva kuti Mwari akataura, akavimbisa kumuchengeta nokumutungamira.

83

...Zvose zvamuchandipa, zvirokwazvo ndichakupai chegumi chazvo.
Vesi 22.

84

Mambo Davida vakava nokuzvishora kwakafanana pavakubvunza kuti,



85

(Chiverengo: Mapisarema 116:12)
Ndichavigireiko Jehova pamusoro pemikomborero yake yose kwandiri?
Mapisarema 116:12.
Unombofunga here nzira dzokutenda Mwari nezvinhu zvakanaka zvaanoita kwauri - chipo chehupenyu , mhuri, hutano hwakanaka, nembatya?
Unombofunga here kuti uti "Ndinotenda" zvakakwana?
Bhaibheri rinotitaurira nenzira inobatika yokutenda Mwari nezvinhu zvaanotipa.

86

Jakobo akati achadzorera chegumi kuna Mwari pazvinhu zvese zvaanowana sasekuru vake Abrahama.

87

Murairo wekutanga wakanyorwa unotaura nokudzorera chegumi kuna Mwari unowanikwa mubhuku raRevitiko.

19 - Pfuma Yakachengeteka

88

(Chiverengo: Revitiko 27:30)
Zvegumi zvose zvenyika, kana zviri zvembewu dzenyika, kana michero yemiti, ndezvaJehova;

89

zitsvene kunaJehova.
Revitiko 27:30.

90

Kana tichidzorera chegumi nguva dzese, tinoyeuchidzwa nechokwadi dzekuti Mwari ndiye Musiki neMavambo emakomborero ese. Zvechegumi zvinofanira kushandiswa neipi nzira?



91

(Chiverengo: Numeri 18:21)
Bhuku raNumeri rinopa kutsanangura kuri pachena: Tarira, vana vaRevi ndakavapa zvegumi zvezvose zvavana vaIsraeri, ivenhaka yavo, uve mubayiro webasa ravanobata,

92

iro basa rapatente rokusangana.
Numeri 18:21.

93

Mubhaibheri rose, tinowona kuti chegumi chinosimudzira kana kutsigira basa raMwari.

94

(Chiverengo: 1 VaKorinte 9:13,14)
MuTestamende Itsva, Pauro anotsanangura achiti, "Hamuzivi here kuti vanoshumira pazvinhu zvitsvene, vanodya zvetembere?

95

Vuye kuti vanobata basa paartari, vanongowana neartari here?

19 - Pfuma Yakachengeteka

96

Saizvozvo wo Ishe wakaraira kuti vanoparidza Evhangeri, vararame neEvhangeri.
1 VaKorinte 9:13,14.

97

Kristu akakurudzira chegumi pamwe chete akashora vaFarisi nenzira dzavo dzakapfupika dzokunamata:

98

(Chiverengo: Mateo 23:23)
...Nokuti munopa chegumi cheminte, neanise, nekumini, muchirega zvinhu zvikuru zvomurairo, zvinoti:

99

kururamisira mhaka, nengoni, nokutendeka; maifanira kuzviita izvi, nokusarega kuita izvozvo.
Mateo 23:23.

100

Kuda urikuzvibvunza kuti ungape sei chegumi chezvaunowana? Vanhu vakawanda vanobvunza izvi! Asi vanhu ava vakaita sarudzo yokuvimbika muwutungamiri nemuwuchenjeri HwaMwari nokudzorera chegumi kuna Iye.

101

Mavhiki anotevera, vanhu ava vanopupura kuti panechishamiso chakaitika muhupenyu wavo! Nenzira dzinoshamisa mari yakasara yakagara kwenguva refu refu!
Izvi ndizvo zvakavanzika zvenzira yokunyatso chengetedza mari!

102

Vamwe vanhu vanobvunza kuti, "Chegumi hachina kuitirwa vechi Juda here?"
Kune ava tinopindura ndichiti, "Zvikomborero zvedenga ndezvema Juda here?"

19 - Pfuma Yakachengeteka

103

Paive panemukomana ainzi Jim uyo aivimbika nechegumi pamari yake yaaitambira shoma zvikuru. Zvaive zvichirema pekutanga, asi pekupedzisira, akaguma avamba mabhizimusi akazomupa mari yakawanda.

104

Iyezvino anotenda Mwari nokumubatsira uye anofarira kuendesa mberi basa raMwari.

105

Tarisa umwe zvakare ainzi Eddy, uyo akatora danho guru rekutenda. Akavhara bhizimusi rake pamaSabata oga oga - aya arimazuva anowunza mari kwazvo - asi Mwari akakomborera bhizimusi yake. Raiwana mari yakawanda pakati peviki!
Mwari anozadzikisa vimbiso Yake!

106

MaKristu akadai anoziva zvikomborero zvaMwari zvinowanikwa mubhuku raMaraki:



107

(Chiverengo: Maraki 3:10)
Wuyai nezvegumi zvose muyimba yokuvigira, kuti zvokudya zvivepo mumba mangu, mundiyedze naizvozvi zvino,



108

ndizvo zvinotawura Jehova wehondo, muwone kana ndisingakuzaruriyi mawindi okudenga,



109

ndikakusudururirai makomborero amuchashayiwa pokuyisa.
Maraki 3:10.

19 - Pfuma Yakachengeteka

110

Mwari anoti chegumi chezvinhu zvese chitsvene kwaari. Sevachengetedzi vezvinhu zvake, Mwari anoti tidzorere chegumi kwaari.
Anenge achida kuona kuvimbika nerukudzo rwedu kwaari seMuridzi wezvinhu zvose.

111

Kana tikaramba kudzorera chegumi, tinenge tichibira Mwari sekutaura kweBhaibheri.



112

(Chiverengo: Maraki 3:8)
...Asi imi munoti: Takakubirai pazvinhu zvipi?
Panezvegumi nezvipiriso zvinotsawura.
Maraki 3:8.

113

Chegumi ndechaMwari, asi kana tichida kupa zvakawanda zvinopfura apa, tinobvumirwa.
Nezvipo, tinosarudza kupa zvatinokwanisa zvichifamba nekuda kwatinoita Mwari.

114

(Chiverengo: Ruka 6:38)
Asi mirairo imwe muBhaibheri.
Jesus akati, "Ipai, nemi muchapiwa; vachakupai pamawoko enyu chiyero chakanaka, chakatsikirirwa, chakazunguzirwa…"
Ruka 6:38.

115

Zano raMwari rokufambisa shoko nebasa rake munyika rakanaka uye ririnyore nesimba rake.
Anokurudzira vanhu kuti vape nemoyo yavo yese, vasingatye kuti vachararama sei, izvi kurizvinhu zvichazadzikiswa naMwari kupfura zvavanofungira.

116

Kuda irikufunga kuti, "Kana Mwari arimuridzi wendarama, sirveri, nezvipfuwo zvese zvenyika, mari yangu anoidira chii?"
Kubvisa chegumi izano raMwari rokuendesa mberi basa Rake munyika.

19 - PFUMA YAKACHENGETEKA

117

Mwari Hatarisiri kuti kereke kana sangano Rake ribatsirwe panezvemari nema "Lottery" okubeja kana mitambo yebingo kana maraffles!
Zvakare kubvisa chegumi haisi nzira here yakarurama yokuendesa mberi basa raMwari?

118

Umwe ne umwe anopa sokuwana kwake.

119

Kana uchitambira mari inosvika 1000 (ZW$),

120

unodzosera madora 100 kuna Mwari.

121

Kana uchitambira madora 100,

122

unodzosera madora 10 kuna Mwari. Zvinonzwisisika here?

123

Zvatinodzosera kuna Mwari, anotipa zvawanda. Tinowana zvawanda kupfura zvatinopa. Kana tichidzorera chegumi kuna Mwari, tinenge tichitenda zvaatipa, uyezve humbimbindoga hwedu hunopera.

19 - PFUMA YAKACHENGETEKA

124

Zvinokonzera kuti tivenehanya nevamwe vanhu. Kana tichigova zvikomborero zvedu nevamwe, tinova nerudo netsitsi zvakapamidzirwa, tinokura muna Jesu tichifanana naye.
Iri izano raMwari rokuti tikure muna Kristu.
Jesu akataura nyaya dzinoshamisa pamusoro pezvinhu izvi.

125

Iyi nyaya inonakidza zvikuru: Murimi akazvipira akashanda nesimba akakowa zvikurusa.
Akakowa zvikurusa zvokuti matura ake haana kukwana.
Zvipara zvake zvakazara zvikatutuma nokudya kwahakakowa.
"Ndoita seiko?" akazvibvunza. Zvakamunetsa zvikurusa.
Akafunga chokuita.
"Ndingape vanoshaya here?"
Asi zvaiva zvake.

126

Aive asiri iye here akashandura purazi iri kuti rive rakabudirira munzvimbo iyi?
Akazozvitaurira chokuita akati:



127

(Chiverengo: Ruka 12:18-21)
...Ndichaputsa matura angu, ndikavaka makuru; ndichawunganidzirapo zviyo zvangu, nezvose zvangu zvakanaka.



128

Ndigoti kumweya wangu: Mweya, unezvakawanda zvakanaka, zvakavigirwa makore mazhinji; zorora, udye, unwe,ufare.
Ruka 12:18,19.

129

Asi Mwari akati kwaari: Iwe benzi, nowusiku uhwu mweya wako uchatorwa;

19 - Pfuma Yakachengeteka

130

izvo zvawagadzira, zvichagova zvani?

131

Ndizvo zvakaita munhu unozviwunganidzira pfuma, asingapfumi kunaMwari.
Ruka 12:20,21.

132

Murimi uyu haana kuziva kuti zvikomborero zvake zvaibvepi?
Aive asingakudzi Musiki wake kana basa rake semuchengetedzi kana muranda wezvinhu.
Akakanganwa vanoshaya, nherera, nevasina pokugara.
Akazvifunga iye oga.
Murimi uyu aive anechirwere chemoyo.

133

(Chiverengo: Mateo 6:21)
Nokuti panepfuma yako, nomoyo wako uchavapo wo.
Mateo 6:21.
Jesu akataura zvikuru nokuzvifunga isu toga nezvatiinazvo tichikanganwa vamwe.
Kana zvatiinazvo tisina kuzvipa Jesu, zvinotodhonzera kure naMwari wedu, zvichikonzera kuti tirasikirwe nehupenyu husingaperi.



134

(Chiverengo: Mateo 16:26)
Nokuti munhu uchabatsirweiko kana awana nyika yose, akarashikirwa nowupenyu wake?...
Mateo 16:26.

135

Chakukanganisa vanhu vanasi ndechekuti hupenyu hwavo hauchanzvisisiki zvakare vanogara vachiita mabasa akasiyana siyana zvichizokonzera kuti vachikanganwa kuti makomborero avo anobva kunani.

136

(Video: 6 sec) Munhu anokoniwa kuwona nokunzwisisa chibairo chakaitiwa kuti aponesiwe kubva muchitema. Nokudaro, anokanganwa kukudza Mwari nenguva yake, nema tarenda ake nembatya dzake.
Umwe ne umwe wedu anofanira kufunga mazuva ose kuti -

137

Zvinhu zvatinoda nezvatinobatisisa mumoyo yedu,



138

Takangozvibatiswawo; hazvisi zvedu kana paduku.



139

Jesu anongotibvumira kuzvishandisa kuti zvitibatsire muwupenyu hwedu.



140

Naizvozvo, tifungidzei, tifungidzei, Mwari.
– zvakabva kuna Dottie Rambo,
"Remind Me, Dear Lord"

141

Zvese zvatiinanzvo chipo chinobva kuna Mwari.
Hupenyu hwedu chipo chinobva kuna Mwari.
Hutano hwedu chipo chinobva kuna Mwari.
Kufema kwedu kose chipo chinobva kuna Mwari.
Kudya kwatinodya, nhumbi dzatinopfeka, imba dzatinogara, zvese zvipo zvinobva kuna Mwari.
Kana tichodzorera kuna Mwari, tinenge tichiti "Tinotenda Mwari nezvinhu zvamatipa."
Unoda here kuti, "Mwari, ndinoda kukutungamidzai mumari yangu nenzvimbo dzese dzohupenyu hwangu?"
Kana uchida, simudza ruwoko rwako tinamate.

19 - PFUMA YAKACHENGETEKA

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

1

Tingachiwanepiko Nhasi?

2

Nyaya inotaurwa yemurume mudiki aigara kunyika Greece, aida kutswaga chokwadi. Akavinga vamwe sekuru vainzi ndivo vakangwara kupfura munhu wese muguta iri. Murume uyu akabvunza kuti "Nditaurirei sekuru, Ndingaziva sei chokwadi? Ndibetserei."
Sekuru ava vakasimuka ndokutanga kufamba-famba. Murume uyu akatevera. Vakafamba vachienda vakananga kurwizi. Sekuru ava vakapinda mumvura zvakare nemurume uyu. Sekuru ava vakataurira murume uyu kuti ayise mawoko ake pamusoro wake. Sekuru ava vakanyudza murume uyu pasi pemvura. Murume uyu aiva nekufema kukuru paaiburitsa musoro wake mumvura kuitira kuti afeme zvakanaka. Vakamunyudza katatu. Kechitatu, murume uyu akachema akapindura achiti, "Chandanga ndichida chete kutswaga kuziva chokwadi!"
Sekuru ava vakapindura vachiti, "Kana uchida chokwadi sekuda kwaunoita mweya waunofema uyu, uchachiwana chete."
Mwari Hasi kuviga chokwadi kwatiri. Muporofita Jeremia anoti,

3

(Chiverengo: Jeremia 29:13)
Muchanditsvaka, mukandiwana, kana muchinditsvaka nomoyo wenyu wose.
Jeremia 29:13.
Asi vamwe vanhu varikutswaga chokwadi munzvimbo dzisiridzo.

4

Zvinonzi umwe ne umwe wedu anozvarwa "Ane chinhu chakaiswa naMwari maari".
Tinozvarwa tinechido chokuita chinhu chatisina. Nyangwe tisingazive, tinoonekwa tichitsvaga chinhu chatisingazive - asi kuri chinhu chatine chokwadi nacho kuti tinochida!

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

5

Ndichochikonzero chokuti kana tashaya chokuita, tinomhanyira kuzvifadza nemafaro, huzikanwi, pfuma, zvinodhaka, mbatya neizvo zvese zvinotifadza. Kumagumo tinozoona kuti hapana kugutsikana kwatinowana kunogara nguva yakareba.


6

Panguva inotevera , tinowona kuti hatikwanisi kuva nehope kana kurara zvakanaka, nokuti kuda tinenge tichizvinetsa nemubvunzo womuporofita wakare akati:



7

(Chiverengo: Isaya 55:2)
Munoparadzireiko mari muchitenga zvisati zviri zvokudya, nezvamakabatira muchitenga zvisingagutisi?...
Isaya 55:2.
Jesu ainzwisisa kugutsikana kwemoyo kunovepo kwechinguva chishoma shoma kana munhu achinge ane mbatya nezvinhu zvepano panyika.

8

(Chiverengo: Ruka 12:15)
...Nokuti wupenyu womunhu hahuzi pazvinhu zvakawanda zvaanazvo.
Ruka 12:15.

9

Vanhu nhasi vonzwisisa kukosha kwekuva nesimba risingagari mavari.
Hazvisi zvinhu zvitswa izvi.

10

Kubva nguva munhu paakasarudza nzira yake mumunda we Eden, akagara achinzwa asina kugutsikana mumoyo make. Kusagutsikana uku chinhu chinopedziwa naMwari chete.

11

Mwari akabvumira ma Israeri vachiri murenje kuti vave nenzara nokuti aida kuti vacherechedze kugara vakatarisira Kwaari. Mwari aitaura kuva Israeri achishandisa Moses, akati,

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

12

(Chiverengo: Deuteronomio 8:3)
Akakuninipisa, akakuziyisa nenzara,



13

...kuti akuzivise kuti munhu haararami nezvokudya zvoga,

14

asi kuti munhu unorarama nezvose zvinobuda mumuromo waJehova.
Deuteromomio 8:3.

15

Mwari anobvumira kuti tive nenzara nokushushikana mukati nenyaya yokuti anenge achida kuti tiuye Kwaari, atigutse.

16

Nhasi tinowona kunemasangano akawanda okunamata. Kurikukurudzirwa kuti masangano akasiyana abatane. Ndichochikonzero pane kuwongorora kukuru kokunamata nemasangano.

17

Makereke akawanda arikuvambwa munyika iyenhasi. Rimwe ne rimwe rinotaura kuti ndiro rinevanhu vaMwari vakasarudzwa uyezwe ndiro rinodzidzisa chokwadi.
Asi kana tichitarisa zvese zvarinoreva, tinowona kuti handizvoba zvese zvine chokwadi.

18

Kereke rimwe ne rimwe rinoti iro rinoshandisa Bhaibheri, asi tinowona kuti dzidziso yemakereke aya yakasiyana.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

19

Vanhu vanoda kunyatsoziva chokwadi zvomene vangazive sei sangano kana kereke rinotaura chokwadi? Mwari ane vanhu vake here mumakristu vakakosha vari sangano Raakasarudza?
Pauro akanyora achiti:

20

(Chiverengo: VaEfeso 4:4)
Kuno muviri mumwe, noMweya mumwe, sezvamakadanwavo mutariro imwe yokudanwa kwenyu.

21

Ishe mumwe, nokutenda kumwe, norubhabhatidzo rumwe.

22

NaMwari mumwe, naBaba vavose...
VaEfeso 4:4-6.



23

(Chiverengo: 1 Timotio 3:15)
...Ndinoda kuti uzive kuti vanhu vanofanira kufamba sei mumba maMwari,



24

iyo kereke yaMwari mupenyu, mbiru nechitsigiro chezvokwadi.
1 Timotio 3:15.
Pauro anoti iye kereke raMwari nhasi ndiro rinotsigira chokwadi. Asi tingazive sei kereke rinechokwadi?

25

Kunemasangano akawanda chose, kupikidzana kwakawanda nekunyongana kwepfungwa muvanhu vanonamata mumakereke akasiyana.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

26

Shamwari dzangu, Bhaibheri rinoti Jesu haana kuisa kunyonganika uku, zvakare haana kukonzera kuti kuve nemakereke akawanda akadai.
Asati aroverwa pamuchinjikwa, Jesu akanamata akati:

27

(Chiverengo: Johane 17:21)
Kuti vose vave vamwe; semi Baba muri mandiri,

28

neni mamuri; kuti naivo vave matiri, kuti nyika itende kuti makandituma.
Johane 17:21.
Jesu aida kuti nyika iwone zvirinyore vateveri Vake nokubatana nerudo mavari. Kristu aive asingadi kuparadzanisa kereke Rake.

29

(Chiverengo: 1 VaKorinte 12:25)
Kuti pamuviri parege kuva nekupesana...
1 VaKorinte 12:25.


30

Asi Pauro akataura kuti kuchava nemasangana kana makereke enhema uyezwe nokupatsikana kwevanhu!

31

(Chiverengo: Mabasa 20:28-30)
Zvichenjerei imi, neboka rose...kuti mufudze kereke yaMwari...



32

Ini ndinoziva kuti kana ndaenda, mapere anoparadza achapinda pakati penyu, asingaregi boka.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

33

Vuye, napakati penyu pamene pachamuka varume, vachataura zvinopesanisa,



34

kuti vatsause vadzidzi vavatevere.
Mabasa 20:28-30.


35

Kana tichivhura magwaro kana mabhuku enhoroondo yekereke, tinoona kuti ndizvo zvakaitika.
Vadzidzi venhema vakamuka, vamwe vakabvuma kukanganisa kwavo, asi vamwe vakabuda mukereke. Vamwe vakanyonganika. Vateveri vakabuda nokuti vaive vasisa nzwisisi dzidziso dziripo.
Kunyange zvakadaro, Mwari vakagara vanekereke rinovimbika.

36

Vamwe vanhu vanoti ivo, "Zvinotora nguva yehupenyu hwako wese kudzidza dzidziso dzemasangano se kuti uzive chokwadi dzekuti nderipi kereke kana sangano raMwari rechokwadi"
Asi pane nzira nyore yokuziva izvi.
Iyi inzira yaMwari!

37

Vehurumende vanotitaurira kuti zvirinyore chaizvo kuona mari yechokwadi nemari yenhema.
Vanongotarisa nokudzama magadzirirwo ayo chete.

38

Vanoziva bepa chairo rakagadzira mari, neruvara rwacho, zviratidzo zvacho zvakare nema namba anowanikwa pamari. (describe currency)
Kana vachitarira mari, vanowongorora zvese zvinofanira kuvapo.
Kana mari iyi isina chiratidzo kana chimwe, inenge irimari yenhema, uyeze vanobvavairamba.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

39

Zvakafananawo nechokwadi.

40

Hapana chikonzero chekuti tidzidze dzidziso dzemasangano ose kana tichiziva zviratidzo zvesangano rechokwadi raMwari sezvakanyorwa muBhaibheri. Mwari Hatisiye kuti tifungidzire nokuti akatipa chokwadi rinowanikwa mushoko rake:



41

(Chiverengo: Amosi 3:7)
Zvirokwazvo, Ishe Jehova haangaiti chinhu, asina kumbozivisa varanda vake vaporofita zvakavanzika zvake.
Amosi 3:7.

42

Bhuku ra Zvakazarurwa rinorondedzera pachidimbu zviporofita zvese zvirimu Bhaibheri. Rinotaridza vanhu zvichaitika mumazuva ekupedzisira. Umu, kwese kunyonganika kwepfungwa dzevanhu nemasangano enhema zvinobuditswa pachena.
Bhuku ra Zvakazarurwa rinoporofita kuti hondo ichavapo pakati pesangano raMwari naSatani. MunaZvakazarurwa 12, munorondedzerwa nhoroondo yekereke kubvira munguva yaKristu kusvika panguva yokupera kwenyika:

43

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:1,2)
Zvino kudenga kwakawonekwa chiratidzo chikuru ichi: Mukadzi, wakanga akapfeka zuva,

44

mwedzi uri pasi petsoka dzake, napamusoro wake korona inenyeredzi dzinegumi nembiri.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

45

Iye wakanga anemimba, akadanidzira pakupona kwake, achitambudzika pakuzvara.
Zvakazarurwa 12:1,2.

46

Apa Mwari vanobuditsa mufananidzo wemhukadzi akapfeka nguvo chena, akapfekedzwa nezuva, uyezwe akamira pamwedzi nekorona ine nyenyedzi gumi nepiri pamusoro wake.
Zvinorevei izvi?
Muchiporofita cheBhaibheri, mukadzi asingazive murume anomirira vana vaMwari - Kereke raMwari.
Muporofita Jeremia akanyora kuti:

47

(Chiverengo: Jeremia 6:2)
Ndichabvisa mukunda weZioni, iye wakanaka, unovunengwe.
Jeremia 6:2
Ndiani "Zion"? Kuburikidza na Isaya, Mwari akati:



48

(Chiverengo: Isaya 51:16)
...Nditi kuZioni: Imi muri vanhu vangu.
Isaya 51:16.
Kana tichibatanidza zvidimbu izvi zviviri, tinoona kuti Mwari akashandisa mukadzi uyu akarurama sekereke rake rechokwadi.
Mupostori Pauro anoshandisa mavara akafanana pakutaura nezvekereke revaKorinte.



49

(Chiverengo: 2 VaKorinte 11:2)
...Nokuti ndakakuwanisai nomurume mumwe, kuti ndikuisei kunaKristu semhandara yakachena.
2 VaKorinte 11:2.



50

(Chiverengo: Zvakazarurwa 17:3-5)
Asi Johane akaratidzwa umwe mukadzi, anotaurwa muna Zvakazarurwa 17:
...Ndikawona mukadzi akatasva chikara chitsvuku, chizere namazita okumhura...
Zvakazarurwa 17:3-5.

51

Mukadzi wakanga wakapfeka nguvo tsvuku neshava, akashonga ndarama namabwe anokosha, namaparera,

52

nomuruwoko rwake makanga munomudziyo wendarama uzere nezvinonyangadza netsvina yowupombwe hwake.

53

Pahuma yake pakanga pakanyorwa zita rakavanzika iri:

54

BHABHIRONI, GUTA GURU, MAI VEMHOMBWE NAVEZVONONYANGADZA ZVENYIKA.
Zvakazarurwa 17:3-5.

55

Apa panotaurwa nemukadzi asina kururama -kereke renhema. Kereke rakadonha harina kuvimbika uye harina chokwadi.
James akashandisa manzwi anofanana paaitaura neavo vanoramba dzidziso yaMwari vachibvumirana nenyika:

56

(Chiverengo: Jakobo 4:4)
Imi vovutere, hamuzivi here kuti wushamwari hwenyika hunovengana naMwari?...
Jakobo 4:4.

57

Mukadzi akadonha anofananidzwa nekereke kana sangano renhema, asi mukadzi akarurama anofananidzwa nekereke kana sangano rechokwadi.
Ngatitarisei zvakare chiporofita chemukadzi akarurama.
Mukadzi akarurama = Sangano rechokwadi
Mukadzi akadonha = Sangano renhema

20 - KUSUNUNGURWA NECHOKWADI

20 - KUSUNUNGURWA NECHOKWADI

58

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:2,4)
...Akadanidzira pakupona kwake, achitambudzika pakuzvara.

59

...Shato iyo ikamira pamberi pomukadzi wakanga ozvara,

60

kuti iparadze mwana wake kana azvara.
Zvakazarurwa 12:2,4.
Ndeipi shato iyi yakamira mberi pemukadzi ichida kudya mwana aive achazvarwa?

61

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:7-9)
Zvino kurwa kwakavapo kudenga; Mikaeri navatumwa vake vakarwa neshato, shato ikarwa inavatumwa vayo;

62

vakasakunda, nenzvimbo yavo hainakuzowanikwa kudenga.

63

Zvino shato huru yakakandirwa pasi, iyo nyoka yekare, inonzi Dhiabhorosi, naSatani, munyengeri wenyika yose;

64

yakakandirwa panyika, navatumwa vayo vakakandirwa pasi pamwechete nayo.
Zvakazarurwa 12:7-9.

65

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:5)
Akazvara mwana womukomana, unozofudza marudzi ose netsvimbo yedare;

66

mwana wake ndokutorwa kunaMwari, nokuchigaro chake chowushe.
Zvakazarurwa 12:5.

67

Mwana umwe chete munhoroondo yenyika ndiye aizo "tungamira nyika dzese netsvimbo yedare",zvakare arikuna Mwari nepachigaro Chake uyu ndiye Jesu. Kuchitaurwa nekuuya kwechipiri kwaJesu,

68

(Chiverengo: Zvakazarurwa 19:15)
Mumuromo make makabuda munondo unopinza, kuti arove marudzi nawo;

69

uchaafudza netsvimbo yedare...
Zvakazarurwa 19:15.
Pauro anotaura kuti sei Jesu "akaenda kuchigaro chaMwari,"



70

(Chiverengo: VaEfeso 1:20)
...Achimumutsa kuvakafa, nokumugarisa kurudyi rwake kudenga.
VaEfeso 1:20.

71

Hondo yakatanga kudenga yakazouya munyika ino. Achishanda neRome, Satani akaedza kuuraya Jesu paakazvarwa.
Mambo Herodi, mutungamiri weRome akavamba kuti vanakomana vese vanemakore maviri zvichidzika vaurawe. Asi ngirosi yaMwari yakaraira Maria na Joseph kuti vatize naJesu kunzvimbo yeku Gibithe.

72

Satani akaendza Jesu aripano pasi nokuti aida kuputsa zano raMwari rokuponesa nyika yechivi.
Muviri waKristu wakarembera pamuchinjiko, Satani aifunga kuti akunda muhondo iyi.
Asi guva raive risisina chinhu rakava chiratidzo kuti Satani anyatsokundiwa.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

73

**Kristu akamuka akaenda kuchigaro chaBaba vake.
Chiporofita chakazadzikiswa nenguva yakataurwa!
Achinge akoniwa kuuraya Mwanakomana waMwari,
Satani akatsamwira sangano raMwari (rinomiririrwa nemhukadzi akarurama)**

74

**Vese vadzidzisi vaKristu kusara kwe umwechete vakafa vachiurairwa kuvimbika kwavo kuna Jesu Kristu.
Kana uchida kurwadzisa mubereki, unoita sei?
Uno kuvadza mwana wake.
Satani aive asisakwanisi kubata Jesu nokuti aive aenda kudenga.
Satani akaputsira kutsamwa kwake kuvateveri vaJesu Kristu.**

75

**Mupostori Pauro akachekwa musoro wake kunze kwemhiduri yeRome.
MaKristu akaviringidzwa akakandirwa mumajeri, vakawanda vakapupurira neropa ravo.**

76

**Vadzidzisi vaJesu vachararama, kereke kana sangano raMwari rakaramba rakamira pachokwadi.
Apo vadzidzisi vaJesu vafa, nekufamba kwenguva mamwe maKristu akasiya kutenda, vakaunza dzidziso dzenhema mukereke.**



77

"Pakupera kwemakore akatevera (end of the second century), makereke akawanda akashandura chimiro chawo;

78

**chimiro chinyore chekutanga chakatsakatika nokufa kwevadzidzisi vaJesu."
–Ecclesiastical Research, p. 51.**

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

79

Mumakore akatevera zvakare (Fourth century), Mutungamiri ainzi Constantine akaedza kubatanidza vanhu venyika nemaKristu kuti vaite sangano rimwechete.
Izvi zvakaita kuti chiKristu chizikanwe uye kuti chifarirwe nevanhu vakawanda.
Vanhu venyika vakabhabhatidzwa vakapinzwa mukereke. Izvi zvakaita kuti vaunze dzidziso dzavo dzinopesana neshoko raMwari mukereke.
Nekufamba kwenguva sangano raMwari rakagamuchira nhemo rikabva rarasikirwa nomuwono.

80

Vatendi vatsva vaive vakangofanana sevanhu vasina kugamuchira Mwari pakufunga nemugariro wavo...Kupinda kwavo mumakereke hakuna kubvisa kurarama kwavo kwenyika.



81

Pamusoro pazvo, vanhu vayibhabhatidzwa vayingosanganisa hunyika hwavo nechiKristu kusvikira vasisingakudzi Mwari nenzira iriyo.

–Centuries of Christianity: A Concise History, p. 58.

82

Asi panguva iyi, maKristu akawanda akaramba achitenda muchokwadi chaMwari, uyezve vakaramba kuti kuitiwe zvinhu zvisingafambirani nechitendero chavo. Vakawanda vakauraiwa.
Vatongi veRome vakaisa mutemo unomubairo worufu kune vanhu vese vanoramba dzidziso yenhema mukereke.



83

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:13)
Shato...ikatambudza mukadzi wakazvara mwana womukomana.
Zvakazarurwa 12:13.
Chii chakazoitika kumukadzi?

84

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:6)
...akatizira kurenje, paakagadzirirwa nzvimbo naMwari,

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

85

kuti vamuchengetepo mazuva anechuru chinamazana maviri namakumi matanhatu.
Zvakazarurwa 12:6.
Tarisa kuti Mwari anotaura nguva yaizvouraiwa vanhu vake: mazuva 1260.
Tazviona mushure kuti zuva rimwechete muchiporofita cheBhaibheri rinomirira gore.

86

(Chiverengo: Ezekieri 4:6)
...Zuva rimwe nerimwe rifananidze gore.
Ezekieri 4:6.

87

Kutambudzwa kwevakavimbika vaMwari, sezvakanyorwa mubhuku ra Zvakazarurwa, kwaizo yenderera mberi kwemakore 1260.


88

Nhoroondo inotaura uye inobvumirana nechiporofita ichi chemuBhaibheri.
Mutungamiri weRome ainzi Justinian akatumira mutungamiri wewuto ainzi Belisarius kuti anoparadza maboka maviri ekugumisira e Arian ayipikidzana nekereke reRome.

89

Masimba ekugumisira aya akaparadzwa mugore ra A.D. 538. Justinian akazopa Bhishopi wekuRome masimba okuva "mutungamiri wekereke."
Akamupa zvakare masimba "okugadzirisa avo vanopikidzana nekereke."
Nguva yokunetswa kwevanhu vakaramba varimuchokwadi chaMwari yakatanga.

90

MaKristu anotenda akaramba akabatirira pachokwadi, asi akaona kuti nzira yokuchengeta kutenda uku kwaive kurikutiza, sezvakataurwa mubhuku raZvakazarurwa. Mukadzi akatizira kurenje.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

91

Vanhu vanoti maWaldenses, Albigenses nemamwe maKristu aitenda vakatizira kumokomo eku nyika dzoku Italy neku France. MaHuguenots akatizira kunyika yeku France. Vayigara mumakomo nedzimwe nzvimbo dzakavanda.
Vayitsvagwa sevanhu vadambura mutemo, uyezve vakawanda vakauraiwa.
Mhosva yavo yaive iriyei? Vairamba kurasa dzidziso yaJesu.

92

MaKristu akawanda akafa nemhaka yokutenda kwavo kuna Mwari.
Vanoziva nhoroondo vanoti ivo maKristu anosvika 50 000 000 akauraiwa.
Vakawanda vacho vakafa vakauraiwa nevamwe vaizviti maKristu, vaifungidzira kuti vaiita kuda kwaMwari!

93

Pakupedzisira, chokwadi chaMwari chakakunda. Bhaibheri rakanyorwa nendimi dzevanhu rikaparara nyika yose.
Chokwadi chaMwari hachina kuzovanzwa zvakare! Chakabuda pachena!

94

Vakamukira kereke reRome vakaparidza shoko raMwari nesimba. Vamwe vakaita sa Huss naJerome, vakapiswa nemoto.

95

Vamwe vakaita saLuther, Wycliffe naTyndale vakavhimiwa vakatambudzwa zvinorwadza.

96

Asi nokuwanikwa kwenyika yeku America, maKristu akawanda akatizirako vakazowanawo, maKristu aitambudzwa kunyika yeku Europe, rusununguko rukuru.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

97

Munyika itswa ye America, chitsigiro chakavambwa chinopa vanhu rusununguko rwekunamata.

98

(Video: 10 sec) Nguva yokuuraiwa kwemaKristu nokuputsa shoko rake sezvakaporofitwa mubhuku ra Zvakazarurwa 12, yakasvika kumagumo mugore ra 1798. Mugore iri, mutungamiri we France, ainzi Napoleon akaraira mukuru wemawuto ake ainzi Berthier kuti anosunga Papa wekuRome - Izvi zvakaitika pakupera kwemakore 1260 iyo nguva yokunetswa kwemaKristu yatanga mugore ra 538.

99

Pakapera nguva iyi yechiporofita, Mwari aiva nevateveri vake vanotenda, avo vakabatirira paBhaibheri nedzidziso yaro.
Chiporofita chakataura kuti nguva iyi kana yapera, Satani achaputsira kutsamwa kwake pakereke richasara mushure kwenguva yechiporofita ichi:

100

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:17)
Zvino shato yakatsamwira mukadzi, ikaenda kundorwa navamwe vana vake,

101

vanochengeta mirairo yaMwari, navanobata kupupura kwaJesu.
Zvakazarurwa 12:17.

102

Mupeto inguvo inosara panguvo yachekiwa.
Kereke raMwari rekupedzisira rinofananidzwa ne "Mupeto" wenguvo. Kereke rakasara pakupera kwenguva yokuuraiwa kwemaKristu ndio kereke rokupedzisira Jesu asati auya kechipiri.



103

Kana tichiturikira vesi iyi, tingati, Satani akatsamwa… akaenda kunorwa hondo nekereke remazuva okupedzisira."
Satani akatsamwa chaizvo kuti vanhu vaMwari varikungo tevedzera chokwadi mumazuva okugumisira.



104

Johane anotsanangura zviratidzo zviviri zvatingashandise kuwona kana kunzwisisa kereke iyi yokugumisira:
"Shato yakatsamwira mukadzi, ikaenda kunorwa navamwe vana vake,

105

vanochengeta mirairo yaMwari, navanobata kupupura kwaJesu Kristu.
Zvakazarurwa 12:17.
nochengeta Mirairo yaMwari

106

Vanokupupura kwaJesu Kristu

107

Ndizvo here kuti masangano ese anodzidzisa vanhu kuti vachengete mitemo yaMwari?
Kwete! Masangano akawanda anodzidzisa vanhu zvinhu zvisingapindirani nemutemo waMwari. Vanodzidziswa kusateerera imwe mitemo yaMwari. Vamwe vanonamata zvifananidzo. Vamwe havaremekedzi zita raMwari.

108

(Chiverengo: Eksodo 20:8-10)
Masangano akawanda hacharangariri chirangano chekusikwa kwenyika chakatsanangurwa pamutemo wechina:

"Rangarira zuva reSabata, kuti urichengete rive dzvene.

109

Ubate mazuva matanhatu, uite mabasa ako ose;

20 - KUSUNUNGURWA NECHOKWADI

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

110

asi zuva rechinomwe iSabata raJehova Mwari wako...
Eksodo 20:8-10.

111

(Chiverengo: Zvakazarurwa 12:17)
Kereke raMwari rekugumisira raisazochengeta mirairo Yake chete, asi chiporofita chinoti zvakare ,
...navanobata kupupura kwaJesu.
Zvakazarurwa 12:17.



112

(Chiverengo: Zvakazarurwa 19:10)
...kupupura kwaJesu ndiwo mweya wokuporofita.
Zvakazarurwa 19:10.

113

Kereke raMwari rekugumisira richava nezvipo zvoMweya MuTsvene, zvinosanganisira Mweya wechiporofita.
Tichadzidza chipo ichi chakakosha zvakadzama panguva inotevera. Mwari anotipa zviratidzo zvakawanda zvinotibetsera kuti tiwone kereke raMwari rokugumisira.
Vanhu vake vachange varipabasa rokuendesa vhangeri kunzvimbo dzese dzenyika, nokuti Jesu akatuma kereke rake:

114

(Chiverengo: Mateo 28:19,20)
Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose,

115

muvabhabhatidze muzita raBaba, neroMwanakomana, neroMweya Mutsvene;

116

muvadzidzise kuchengeta zvose zvandakakurairai imi; tarirai,

117

ndinemi mazuva ose, kusvikira pakuguma kwenyika. Mateo 28:19,20.

118

Zvakazarurwa 14 anotsanangura nengirosi dzitatu dzinobhururuka mudenga kuti takatumwa kuparidza vhangeri kana shoko raMwari kunzvimbo dzese munyika.
Chikamu chekutanga chenyaya dzengirosi nhatu inokurudzira zvokwadi zviviri zvatinofanira kutaurira kumnhu wese:

119

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:6,7)
Zvino ndakawona mumwe mutumwa achibhururuka pakati pedenga,

120

aneEvhangeri risingaperi, kuti ariparidzire vanogara panyika,



121

namarudzi ose, nendudzi dzose, nendimi dzose, navanhu vose.

122

Akati nenzwi guru: Ityai Mwari, mumurumbidzei; nokuti nguva yake yokutonga yasvika;

123

namatai iye, wakasika denga, nenyika, negungwa, namatsime emvura.
Zvakazarurwa 14:6,7.

20 - KUSUNUNGURWA NECHOKWADI

124

Iyi iyambiro kune avo vanogara munguva yekupedzisira, kuti vanzwisise kuti zuva rokutonga rasvika.
Mashoko aya anotirangarisisa chirangano chikuru chokusikwa nemasimba aMwari, iro Sabata rechinomwe.
Chikamu chechipiri chenyaya dzengirosi nhatu chinowanikwa muna vesi 8:

125

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:8)
Ipapo mumwe mutumwa wakatevera, achiti: Rawa, Rawa, Bhabhironi, guta guru,

126

rakanwisa marudzi ose waini yokutsamwa kwowupombwe hwaro.
Zvakazarurwa 14:8.
Mashoko aya anodana vanhu vaMwari vechokwadi kuti vabude munyika inedzidziso yakanyonganiswa.
Vano fanira kueuchidzwa nemasangano enhema anorarama nhasi.
Yambiro yekugumisira uye yakakosha inopiwa muchikamu chechitatu muchiporofita ichi:

127

(Chiverengo: Zvakzarurwa 14:9,10)
Ipapo mumwe mutumwa wechitatu wakatevera, akati nenzwi guru:



128

Kana munhu akanamata chikara nomufananidzo wacho, nokugamuchira chiratidzo pakuma yake kana paruwoko rwake,

129

naiye uchanwavo waini yokutsamwa kwaMwari...
Zvakazarurwa 14:9,10.

130

Nyika inofanira kuyambirwa nokunamata chikara nomufananidzo wacho kana kugamuchira chiratidzo chechikara.

131

(Chiverengo: Johane 10:16)
Namamwe makwai ndinawo, asati ari edanga rino.
Naiwo ndinofanira kuwuya nawo vo,

132

achanzwa inzwi rangu; richava boka rimwe, nomufudzi mumwe.
Johane 10:16.

133

Mwari anevateveri Vake vakavimbika mumasangano ese, asi pachasvika nguva yokuti pave nekereke rimwe chete rechokwadi.
Jesu akati iye makwayana ake achashedzwa kubva mumasangano ese asina kutevedzera dzidziso dzeshoko raMwari

134

(Chiverengo: Zvakazarurwa 18:4)
Zvino ndakanzwa rimwe inzwi rinobva kudenga, richiti: Budai mariri, vanhu vangu,

135

kuti murege kuwadzana naro pazvivi zvaro, mugorega kupiwa madambudziko aro.
Zvakazarurwa 18:4.
Vateveri vakambika vaMwari vachashedzwa kubva munhema dzinowanikwa pakupera penguva.
Ungada kutarisa kuti Bhaibheri rinoti chii nevanhu vachadaniwa kubva mukunyongana kuchavapo kana Jesu ava pedyo kuti achiuya.

136

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:12,14)
Ndipo panokutsungirira kwavatsvene, vanochengeta mirairo yaMwari nokutenda kwaJesu.

20 - Kusunungurwa Nechokwadi

137

Ipapo ndakatarira, ndikawona gore jena, nomumwe wakaita soMwanakomana womunhu

138

agere pamusoro paro, anekorona yendarama pamusoro wake, naparuwoko rwake anejeko rinopinza. Zvakazarurwa 14:12,14.



139

Ngatimbodzokororai kuona zviratidzo zvekereke kana sangano raMwari rokugumisira sezvazvinowanikwa muBhaibheri:



140

Sangano raMwari rayifanira kuvapo pakupedza kokutambudzwa kwemaKristu muna 1798.



141

Vachava nokutanda kwaJesu, kunokonzera kuti vachengete mirairo yose yaMwari.



142

Vachaparidza shoko rinokosha rinowanikwa mubhuku raZvakazarurwa kunyika yose kugadzirira vanhu kuti vachingamidze kuwuya kwaJesu.



143

Richava nezvipo zvoMweya Mutsvene pamwechete ne chipo choku porofita.

144

Makereke ese angafanana kana wakawatarisa pakutanga,

145

asi kana uchiverenga muBhaibheri kuti Mwari anowongorora sei chinhu chechokwadi, zvinova nyore kuti uone masangano asiri echokwadi. Kuda wanga uchitswaka, uchida kubuda mukunyonganika kwemasngano kuripo mazuva ano, uchida kuwana kereke raMwari rokupedzisira. Ndinotenda kuti kunesangano rimwe rechokwadi. Isangano rinotenda muBhaibheri, isangano rinotenda munaKristu, isangano rinochengetedza Sabata, isangano rakamirira kuuya kwechipiri kwaJesu, Isangano renyika yose. Ndochikonzero ndirimuSabata.
Ndinotenda kuti sangano iri rinokoshesa chokwadi chose.

146

Patadzidza chiporofita ichi chinoshamisa, ndinovimba kuti wanzwisisa kuti Mwari anenyaya yakakosha uyezve anevanhu Vake vanokosha, vanoendesa mashoko aya kunyika yose.
Asi hazvipereri pakungoziva chokwadi cheBhaibheri chete.

147

Kuva nerunyararo nokufara kunowanikwa pakufamba naJesu Kristu, zvakakosha kuti utevere chokwadi sezviri mushoko raMwari, nokuti Jesu akati,

148

(Chiverengo: Johane 13:17)
Kana muchizviziva izvi, makaropafadzwa kana muchizviita.
Johane 13:17.

20 - KUSUNUNGURWA NECHOKWADI

20 - KUSUNUNGURWA NECHOKWADI

149

Mwari Anokukoka kuti uite sarudzo yakakosha yehupenyu hwako.
Unozvitenda here kuti wanzwa shoko raMwari richiparidzwa muzvidzidzo izvi?
Unozvitenda here kuti Mweya Mutsvene wanga uchitaura mumoyo mako?
Kana tichinzwa shoko raMwari, kana tichiteerera chokwadi chaMwari, Mweya Mutsvene anotikurudzira kuti tiite sarudzo.
Ino inguva yesarudzo.
Unoda here kuti, "Hongu Mambo, ndinosarudza shoko renyu. Hongu, Jesu, ndinoda kutevera chokwadi. Hongu, Jesu ndinozvipira kuMweya Mutsvene. Ndichakutevera nzira yose. Ndinosarudza kufamba munzira yechokwadi."

Kana iyi irisarudzo yako, simuka tinamate.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

1

Mwari Arikungotawura Kuburikidza NavaPorofita Vake.

2

Munzvimbo dzemunyika dzakasiyana, vanama zvikokota vanoshandisa michina inesimba vakateerera kune zvinobva kunze kwenyika kunzvimbo dzinenyeredzi.

3

Vanofungira kuti rimwe zuva vachanzwa mashoko anobva kuzvisikwa zveimwe nyika.

4

Pane huchapupu hunoratidza kuti panemashoko anga achitumirwa munyika ino kwemakore akawanda, asi vashoma vanga vakateerera.
Mashoko anobva kuna Mwari, Musiki wenyika ino - Mashoko erudo anobva kuna Mwari achiendza kusanganiswa zvakare nevana Vake vanomumukira nguva dzese.

5

Muganhu uripo pakati paMwari nevanhu waive usipo. Zvinhu zvese zvakatanga zvakanaka munyika ino - nyika yakaperera yaigara vanhu vaviri vakaperera vakasikwa naMwari!

6

(Video: 7 sec) Mumunda wevanhu vaviri ava, Mwari aiwuya achifamba, achitaura Hake navo, vakatarisana. Chimbofunga vachifamba vese mumweya unotonhorera wemanheru!


7

Ndizvozvakarongwa naMwari - hukama hwakanaka hweufambidzani!
Paive pasina chinhu chinovapatsanisa.
Kwaive kurikushanyira kunofadza zvikuru.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

8

Asi zvinosiririsa kuti hukama uhwu hwerudo nohufambidzani hwakazopera.



9

Genesi chitsauko chechitatu chinotaura nyaya isingafadzi.
Adamu na Eva vakatadza.



10

Vakamukira murairo waMwari werudo. Chitema chinoparadzanisa.
Chitema naMwari hazvipindirani.
Adamu na Eva vakaguma kutaura naMwari vakatarisana zvakare kuvevachifamba famba vese kukapera.

11

Vakateerera nyoka iyo "Lucifer" pachinhambo chokuti vaterere Mwari - ichi chitema.

12

(Chiverengo: Genesi 3:8)
Vakanzwa inzwi raJehova Mwari achifamba mumunda kwotonhorera madekwana;

13

munhu nomukadzi wake ndokunovandira Jehova Mwari

14

pakati pemiti yomunda.
Genesi 3:8.
Adamu na Eva vaive vakavanda!
Vaisada kusangana naMwari.
Vaingoda kuvanda.
Izvi ndizvo zvinoitwa nechitema.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

15

Chitema chinoparadzanisa uye chinoparadza hukama hwerudo pakati paMwari nemunhu, nepakati pemunhu nevamwe vake.

16

(Chiverengo: Isaya 59:2)
Asi zvakaipa zvenyu zvakakuparadzanisai naMwari wenyu,

17

zvivi zvenyu zvakakuvanzirai chiso chake...
Isaya 59:2.
Hongu, chitema chakatiparadzanisa kubva kuna Mwari, asi hachina kuparadza rudo rwaMwari.
Mwari akawana nzira yokubatana nemunhu adonera muchitema.
Rudo runotsvaga nzira yokubatana!

18

Mwari akavamba imwe nzira yokutaura nevana vake munyika - nzira yokutungamira, yokuraira neyokuburitsa mazano ake.
Akasarudza varume nevakadzi vanovimbika kuti vave vamiriri vake, vachatakura mashoko Ake erudo nemazano Ake kuvanhu.

19

Vamwe Vake vaakasarudza ndeava: Moses, Miriam, Samueri, Erijah, Huridah, Deborah, Isaya, Jeremia nevamwe wovakawanda.

20

Vaporofita varume nevaporofita vakadzi vaive varivatumwa vaitaura zvabva kuna Mwari!

21

Ndinokudai, Ndinebasa nemi, zvakare Ndinechinangwa chokukubetserai.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

22

Bhaibheri rinenyaya dzakawanda dzaitaurwa pakati paMwari nevanhu, asi dzaive dzisiri nyaya dzinofanana sedzaivapo pakati paMwari na Adamu mumunda we Edeni.

23

Dzimwe nguva Mwari aitaura achishandisa Mweya Mutsvene, ngirosi dzake kana vanhu vaisarudzwa kuti vave vatumwa vake.
Panguva yemakore 2500 ekutanga enhoroondo yemunhu, paive pasina zvinyorwa zvemashoko aMwari. Avo vaidzidziswa nezvaMwari vaigova vachitaura nemuromo zvinhu zvavaitaurirwa naMwari.
Asi nzira yaishandiswa naMwari nguva dzakawanda pakutaura nevanhu Vake

24

(Chiverengo: Amosi 3:7)
Iyi ndiyo yakava nzira yevaporofita vechirume zvakare nevaporofita vechikadzi vakataura zvaibva kuna Mwari vachishandiswa naMweya Mutsvene.
Izvi hazvifaniri kutishamisa nokuti Bhaibheri rinotijekesera kuti:
Zvirokwazvo, Ishe Jehova haangaiti chinhu, asina kumbozivisa varanda vake vaporofita zvakavanzika zvake.
Amosi 3:7.

25

Ngatitarisei kuti vaporofita ava vaipiwa sei mashoko aMwari:

26

(Chiverengo: 2 Petro 1:21)
Nokuti hakuna chiporofita chakatongowuya nokuda komunhu,

27

asi vanhu vaMwari vakataura, vachimutswa noMweya Mutsvene.
2 Petro 1:21.
Mware aive ane vaporofita Vake nyangwe murove wemazuva aNoa chisati chaitika.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

28

(Chiverengo: Juda 14)
Enoki akaparidza kuuya kwaJesu kwechipiri:
Enoki, wechinomwe kubva kuna-Adama, wakaporofitera ivava, achiti:

29

Tarira, Ishe wakawuya navatsvene vake vose vanezviwuru zvamazana.
Juda 14.
Enoki munhu wekutanga akanyorwa muBhaibheri aive anechipo chewuporofita.
Asi paive pane vamwe!

30

(Chiverengo: Mabasa 3:21)
...yakarehwa naMwari nomuromo wavaporofita vake vatsvene kubva pakutanga.
Mabasa 3:21.
Noa, umwe muporofita, akataura nezvekuuya kwemurove waizoparadza nyika makore 120 usati wauya.

31

Shure kwemurove, tinowona vaporofita vakawanda: Miriam, Deborah, Jeremia, Isaya, Ezekieri nevamwe. Vaive varivadzidzisi vezvokururama. Vaive varivatungamiri vemweya vaitumwa naMwari.

32

Dzimwe nguva, Mwari aizivisa kuda Kwake kuvaporofita Vake achishandisa miono kana kurota hope nedzimwe nguva neinzwi raMwari.
Izvi zvese aizviita kuburikidza naMweya Mutsvene.

33

(Chiverengo: Numeri 12:6)
...Kana kunomuporofita pakati penyu, ini Jehova ndichazvizivisa kwaari nechiratidzo,

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

34

ndichatawura naye nokumurotesa hope.
Numeri 12:6.
Dzimwe nguva, vatumwa vaMwari vairairwa zvokutaura naMwari, vainyora kana kuchengeta mashoko Ake sekutaura kwake.
Bhaibheri rakabva mubasa reva porofita.
Munyoro wese aiva muzano raMwari.

35

Vese vaitaura kana kunyora "vachishandiswa neMweya wake." Vaishandiswa naMwari kuendesa tsamba dzerudo rwake kuvana vake munyika.

36

Mashoko aMwari kuvana vake anoti, "Ndinokuda, zvakare Ndinoda kugara ndinewe."
Zvikurusa, Mwari anoda kuti tizive kuti anodisisa kutaura nesu akatitarisa kumeso!

37

Vanyori ve Testamende Itsva vanoti - Mateo, Marko, Ruka, Johane, Pauro, James, Petro naJuda - vese vaiva muzano raMwari.
Vese vaiva vane chipo chewuporofita.
Paiva nevamwe munguva iyoyo vaishandiswa naMwari vanosanganisira: Simon, Agabus, Barnabus na Anna,

38

(Chiverengo: Mabasa 21:9)
nevanasikana vaFiripi.
...vayiporofita.
Vese vaishandiswa naMwari kuburitsa zano Rake nekusimbisa kereke kana sangano Rake.

39

Jesu akazouya pachake, kuzova chiratidzo chaMwari pakutaura nemabasa ake.
Jesu akava mutumwa mukuru waMwari akaratidza zvakanyatso nzwisisika rudo rwaMwari.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

40

Makore 1900 apfura kubva nguva yeCalvary, asi varume nevakadzi vakomana nevasikana, varikungopfugama pasi pemuchinjiko vachivimbisa kuteerera nokuzvipira kuna Muponesi wenyika anova iye Jesu.
Paakadzokera kudenga, Bhaibheri rinoti Jesu akapa zvipo pamusoro pezvipo zvavanhu kuti vateveri vake vasimbiswe.

41

(Chiverengo: VaEfeso 4:8)
Naizvozvo unoti: Wakakwira kumusoro akatapa vatapwa, akapa vanhu zvipo.
VaEfeso 4:8.
Zvaiva zvipi zvipo izvi?



42

(Chiverengo: VaEfeso 4:11-15)
Zvino wakapa vamwe kuti vave vaapostora, vamwe vaporofita, vamwe vaevhangeri, vamwe vafudzi navadzidzisi.
VaEfeso 4:11.

43

Jesu akasarudzirei kupa zvipo kusangano Rake?
Vesi 12 inoti iyo: Kuti vatsvene vakwanisirwe basa ravo rokushumira, nerokuvaka muviri waKristu.

44

Zvipo izvi zvaifanira kugara kwenguva yadini musangano? Kudzimana isu tose tisvike pawumwe hwokutenda nokuziva Mwanakomana waMwari, napamunhu wakura,

45

napachiyero chowukuru wokuzara kwaKristu.
Vesi 13.
Bhaibheri rinoti zvipo izvi zvaizowunza kumira kwakanaka kwekereke nokusimbisa vanhu

46

Kuti tirege kuramba tichingova vacheche, tichizungunuswa nokudzingwa nemhepo ipi neipi yokudzidzisa



47

nokunyengera kwavanhu, namano, kuti vatsause nokunyengera.
Vesi 14.
Tarisa kuti chipo chechiporofita chinomira papi "muzvipo zvemweya," sokutaura kunoita Pauro.

48

(Chiverengo: 1 VaKorinte 12:28)
Mwari wakaisa vamwe pakereke, pakutanga vaapostora, rwechipiri vaporofita...
1 VaKorinte 12:28.

49

Chipo chechiporofita chinotevera chipo chewu apostori, asi chaizova icho chakakosha pakushanda zvakanaka kwekereke.

50

Pauro akafananidza zvipo zveMweya nhengo dzomuviri wemunhu. Akati iye maziso, musoro, muromo nezvimwe zviti zvemuviri zvese zvinobetsera muviri kuti ushande zvakanaka.
Zvinofanana nekereke.
Kana risina muono, kereke rakangoita semunhu aribofu!



51

(Chiverengo: Zvirevo 29:18)
Kana Jehova pasinachiratidzo vanhu vanoparara; asi unochengeta murairo, unomufaro.
Zvirevo 29:18

52

Asi, ungabvunze kuti, "Chii chakaitika kuchipo chechiporofita Kristu adzokera kudenga nevateveri vake vafa?"

53

Hapana kupfura makore akawanda sangano risisina kuvimbika kuna Mwari nekuchengeta mirairi Yake. Jeremia akanyora zvakaitika kuva Israeri pavakasiya mirairo yaMwari:

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

54

(Chiverengo: Zvirevo 2:9)
...Hapachina murairo, zvirokwazvo vaporofita varo havana zvavanoratidzwa naJehova.
Zvirevo 2:9.

55

Pakapinda tsika nezvinhu zvenyika mukereke raMwari kuchisateverwi chokwadi chinowanikwa muBhaibheri, zvipo zveMweya waMwari zvakabisiwa zvishoma nezvishoma.

56

Panguva sangano rarakapinza nhema kana "dark Ages", maBhaibheri aisungirirwa mberi mukereke revaitamba nokunamata.
Aive akanyorwa nechi Heberu, Giriki ne chi Latin.

57

Vanhu vaisabvumirwa kuverenga kana kuchengeta Bhaibheri. MaPristi ndiwo aibvumidzwa kuverenga nokuturikira Bhaibheri.
MaKristu mashoma anovimbika akabatirira mudzidziso yechokwadi yeBhaibheri.
Nyangwe vaisungwa kana kuurawa, vakaenderera mberi nebasa raMwari, vachigova chokwadi dzeBhaibheri.
Vakadzvara mbewu dze 'kushandura' vanhu vakaita sa Wycliffe, Luther naHuss vasati vavepo.

58

(Video: 8 sec) Martin Luther vemamwe vakanyora vachiturikira Bhaibheri mundimi dzevanhu.
Kutambudzwa kwakasvika, asi kwakaita kuti vanhu vade shoko raMwari zvakasimba.

59

Vanhu pavakatanga kutsvaka vachiverenga Bhaibheri, chokwadi chakavanzwa kwemakore chakatanga kuwanikwa.
Chokwadi ichi chakaunzwa kuvanhu, kunamata kukuru kukamuka.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

60

Nenguva iyi kwakamuka sangano itsva remaKristu akazvipira - vanoti maBaptists, maMethodists, vamwe maPresybitai, nevamwe-vaitsvaka vachiverenga magwaro aMwari, vachinamatira chiedza.

61

Pavaitsvaka muBhaibheri, vakawona mutemo wechina waMwari -uyo waiyeuchidza vanhu vaMwari kuti "Varangarire zuva rake." Vakaverenga mubhuku ra Zvakazarurwa vakaona rondedzero yevanhu vaMwari vemazuva okupedzisira:

62

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:12)
Ndipo panokutsungirira kwavatsvene, vanochengeta mirairo yaMwari nokutenda kwaJesu.
Zvakazarurwa 14:12.
Pavaiverenga vachidzidza zvakanyorwa, vakafadzwa kuti mutemo waMwari unosanganisira kuchengeta Sabata.

63

Vakagamuchira chiyeuchidzo ichi chokusika kwaMwari, vakaparidza chokwadi dzeSabata kuvanhu.

64

(Video: 11 sec) Ko chipo chekuporofita? Mwari angamutsa chipo chekuporofita pakati pevanhu vake munguva yekugumisira here? Mwari anechinhu chinokosha here?
Pane chinhu chinokosha chinoda kutaurwa naMwari munguva ino here?
Mwari murudo rwake anoda kubatana nevanhu varikurarama munguva ino here?

65

(Chiverengo: Joere 2:28,31)
Zvino kushure kwaizvozvo ndichadurura Mweya wangu pamusoro penyama yose;

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

66

vanakomana venyu navasikana venyu vachaporofita, vatana venyu vacarota hope, namajaya enyu achawona zviratidzo.

67

...zuva guru raJehova rinotyisa risati rasvika.
Joere 2:28,31.

68

Tarisa kuti Mwari akati Iye zvichaitika pachinguva Jesu avapedyo nokusvika.
Vanhu vaMwari vachava nechipo chokuporofita munguva yokugumisira yenyika.
Achitaura nekereke rekuKorinte,
Pauro akataura mashoko aya evanhu vaMwari:

69

(Chiverengo: 1 VaKorinte 1:7)
Kuti hamushayiwi chipo chimwe; muchimirira kuratidzwa kwaShe wedu, Jesus Kristu.
1 VaKorinte 1:7.



70

Taona kuti vanhu vaMwari mumazuva ekupedzisira vachava ivo vanochengeta mirairo yaMwari yese, zvakare vanenge vanekupupura kwaJesu.
Zvakazarurwa 12:17.



71

"kutsungirira kwevatsvene

72

nekuchengeta Mirairo yese yaMwari."

73

zvakare vachava nekupupura kwaJesu.

74

(Chiverengo: Zvakazarurwa 19:10)
...Kupupura kwaJesu ndiwo mweya wokuporofita. Zvakazarurwa 19:10.
Nemamwe manzwi, kupupura kwaJesu kupupura kwake nechipochokuporofita. Zvakazarurwa anoti kereke richasara semuturikiri waMwari mumazuva okupedzisira, ikereke rinotenda muna Jesu, rinochengeta murairo wake wese, uyezve rakakomborerwa nechipo chokuporofita.

75

Hongu, Mwari anoda "kubatana" nesu.
Anemashoko anokosha kuvanhu vanhasi.



76

Asi ungabvunza uchiti, "Kungaite vaporofita venhema here?" Tingaone sei mutsauko pakati pemuporofita waMwari wechokwadi nemuporofita wenhema?"

77

Vaporofita venhema varipo.
Munhoroondo, kunevaporofita venhema nevaporofita vechokwadi.
Hatifariri kuzvinetsa nevaporofita venhema kana tichiziva kuvacherechedza.

78

Bhaibheri rinopa zviratidzo zvemuporofita wechokwadi:



79

Shoko remuporofita wechokwadi rinobvumirana neshoko raMwari nemurairo Wake.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

80

(Chiverengo: Isaya 8:20)
Dzokerai kumurairo nekuzvipupuriro! Kana vasingatawuri sezvinoreva shoko iri, havana chiyedza mavari.
Isaya 8:20.



81

Zviporofita zvemuporofita wechokwadi zvinofanira kupfura kana kuzadzikiswa!

82

(Chiverengo: Jeremia 28:9)
...Kana shoko romuporofita uyo rikaitika, muporofita uyo uchazikanwa kuti wakatumwa naJehova zvirokwazvo.
Jeremia 28:9.

83

Muporofita wechokwadi anoporofita kusimbisa kereke. Mwari akapa chipo chokuporofita senzira yokuvaka nokusimbisa kereke rake. Kana tichiziva chipo ichi chechokwadi tinofanira kuzivawo kereke rechokwadi. Hazvisiyane izvi.

84

(Chiverengo: 1 VaKorinte 14:3,4)
Asi unoporofita, unotaura kuvanhu, kuti vasimbiswe nokurairwa, nokunyaradzwa.

85

...asi unoporofita, unosimbisa kereke.
1 VaKorinte 14:3,4.

86

Muporofita wechokwadi anosimudza Kristu seMwanakomana waMwari neMuponesi wevanhu:

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

87

(Chiverengo: 1 Johane 4:1,2)
Vadikanwa, musatenda mweya yose, asi muidze mweya, kuti muwone kana yakabva kunaMwari;

88

nokuti vaporofita vazhinji venhema vakabudira munyika.

89

...Mweya mumwe nomumwe unopupura kuti Jesu Kristu wakawuya munyama, ndowaMwari.
1 Johane 4:1,2.

90

Muporofita wechokwadi anozikanwa zvakare nemabasa ake nehupenyu hwake.

91

(Chiverengo: Mateo 7:16,18)
Muchaziva nezvibereko zvavo...

92

Muti wakanaka haungabereki zvibereko zvakaipa, nomuti wakaipa haungabereki zvibereko zvakanaka.
Mateo 7:16,18.

93

Kana tichiverenga izvi, tinowona kuti hasi wese anozvitimuporofita ari muporofita wechokwadi waMwari.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

94

Shoko rumuporofita wechokwadi, hupenyu hwake nemabasa ake anofanira kusimudzira nokusimbisa zviporofita zvirimuBhaibheri, nemirairo, nemitemo yaMwari mushoko Rake dzwwene.
Munhu wese anozviti muporofita anofanira kuyedzwa!
Kana ari muporofita wechokwadi, tendai Mwari!
Kari ariwenhema, teverai yambiro yaKristu yokuti "Chenjerai vaporofita venhema."

95

Regai nditaure nyaya yokuti Mwari 'akabatana' sei nevanhu Vake. Yaive nguva yavaipararidza chokwadi chaive chakavigwa kwemakore akawanda.
Canhu vaidisisa zvikuru kuverenga Bhaibheri nokunamata.
Zviporofita zvaDanieri na Zvakazarurwa zvakashamisa vanhu.

96

Vadzidzi vakavimbika veBhaibheri vakaverenga zviporofita izvi zvakare vakazofungira kuti Jesu achauya mumazuva avo okurarama.

97

Vachiendera mberi vachiverenga, vakamisa zuva ra October 22, 1844, sezuva richauya Jesu. Asi 'October 22' akapfura. Jesu haana kuuya.

98

Izvi zvairwadza zvikuru. Zvakakonzera kusekwa, kushorwa, kutukwa nokusanzwisisa.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

99

(Video: 8 sec) Nekufamba kwenguva kwaitiwa minamato nekuverenga Bhaibheri kwakadzama. Boka iri rakazowona kuti zuva raive ririrechokwadi asi chakaitika pazuva iri chaive chisiri icho.
Vaifunga kuti "temberi" rakanyorwa muna Danieri 8:14 raive ririnyika, asi zvaive zvisirizvo.
Panokuti nyika icheneswe kana kusukwa nomoto pazuva iri sezvavakanga vafunga, Temberi rokudenga ndiroraizocheneswa kana kunatsva.
Izvi zvaisanganisira kudzivirira zvido zvaMwari nehurumende Yake.

100

Vanhu zvakavarwadza zvikuru.
Asi Mwari ane rudo Haregi mutsvaki wechokwadi: Pakurwadziwa uku, Mwari haana kusiya vanhu ava. Aida kuti vazive rudo rwake nokuvayamura.
Panguva iyi, Mwari akasarudza kudzorera chipo chechiporofita kuvanhu vake.
Inyaya inofadza kwazvo kubvira ichitanga!

101

Mwari akasarudza mwanasikana asingashamisi anemakore 17 akamupa muono wezano Rake. Musikana uyu ainzi Ellen Harmon. Akapiwa muono uyu wekutanga pakupera kwekurwadziwa kukuru kwakavepo mugore ra 'December, 1844.
Akaratidzwa vanhu vekereke nenguva yekugumisira vachifamba vachienda kudenga nenzira yakakwirira panechiedza chaivaratidza nzira yese.

102

Muono uyu wakazosimbisa boka diki revatendi ava, vaizodaniwa nguva inouya kuti ma Seventh-day Adventists.

103

Mukadzi mudiki uyu, akava nezita rokuti Ellen G. white aroorwa nemurume wake ainzi James White, akavimbika mukushedzwa kwake naMwari.
Kwemakore anopfura 70, aitaura, achinyora, achidzidzisa nokuraira akamirira Mwari.
Aive arimunhu aneruzivo runoshamisa, asi iye sokutaura kwake aiti basa rake hombe raive riri roku "tungamirira vanhu kuchiedza chikuru chiri Bhaibheri."

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi



104

Akanyora kuti: "Kusateerera kwakakodzera kunopiwa Bhaibheri, naizvozvo Mwari akapa chiyedza chiduku kuti chitungamire varume nevakadzi kuchiyedza chikuru chiri Bhaibheri."
--Colporteur Ministry, p. 125.

105

Akatsigirira Bhaibheri sebhuku rinopa mhinduro dzese maerano nezvokutenda.
Kune avo vaishora inzwi raMwari, akanyora kuti:

106

Batirira paBhaibheri sezvarinoverenga urege kurishora asi utevere zvarinotawura,



107

naizvozvo hapana kana umwe ucharashwa.
Selected Messages, Bk. 1, p. 18.

108

Hapana munhukadzi akanyora zvinyorwa zvakawanda saEllen G. White. Mashoko ake okuraira nokuyambira aibva kunaMwari, akawagova kunevamwe vairarama munguva yake.

109

Zvinyorwa zvake zvinosanganisira mirairo yokugara kwemuKristu, kudya, utano, kuzvibata kwemunhu anenhumbu, mishonga yokurapa, Michato nemhuri,dzidzo, kubatwa kwevana nezvimwe zvakawanda. Zvinyorwa zvake zvakawanda zvava nemakore anopfura 100 uyezve zvinotsigirwa nezvinoshamisa zvirikuonwa nanamazvikokota vanhasi.
Vadzidzi vakuru munyika vawanda vanobvumirana nezvinyorwa zva Ellen G. White.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi



110

Dr. Clive M. McCay, mudzidzisi akashaika wezveutano nekudya paCornell University, akataura kuti: "Zvinyorwa zva Ellen G. White tinozvirenga nekuzvishandisa setsigiro nekuti zvinopa kutungamira kunoshamisa pakuchengetesa miviri yedu."

-Natural Food and Farming, May, 1958.

111

Mugore rakare muna 1864, Ellen White akanyora kuti: "Fodya ichefu inonyengerera uye ichikuvadza……"



112

Inokuvadza chayizvo nokuti inowuraya muviri zvishoma nezvishoma usingafungiri.

113

Zvakazvoonekwa mugore ra 1957 (Neve American Cancer Society ne American Heart Association) kuti kuputa fodya kunokonzera chirwere chenhuta yemapapu!
Munguva ya Ellen G. White, vanoona nezvekurapa vanofanira kuti vakambomubvunza nokuti vanhu vaifunga kuti fodya inorapa chirwere chenhuta yemapapu.



114

Mugore ra 1905, Mrs White vakanyora kuti kunehutachiwana hunokonzera chirwere chenhuta. Akanyora kuti: "Vanhu varikuendera mberi vachidya nyama ine T.B. nehutachiwana hunokonzera chirwere chenhuta…"



115

Zvirwere zve T.B. kana zve Cancer nezvimwe zvakawanda zvinobvazvabatwa.
--The Ministry Of Healing, p 313.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi



116

Nhasi tinoshandisa vara rekuti 'virus"
Makore 93 apfura, 'Newsweek Magazine' yakanyora nhau dzinemusoro unoti, "Viruses are activing factors in cancer" zvichreva kuti "Hutachiwana hunokonzera chirwere chenhuta"



117

Dr. Wendell Stanley,
University yeku California
anoshanda nezve wutachiwana, zvakare anomubairo wezverunyararo,



118

akatawura nokusatya kuti wutachiwana ndiwo unokonzera
--Newsweek, June 18, 1956.



119

Mugore ra 1902, Ellen G. White akatsiwudza guta re San Francisco nere Oakland kuti richashanyirwa naMwari nokuti vayiva vakurarama savanhu veku Sodhoma neGomora.
(Manuscript 1902, p. 114.)

120

Mugore ra April 18, 1906 nguva ichiti 5:12am, kwakava nokudengenyika kwenyika kukuru muguta guru reSan Fransisco.
Chiporofita ichi chaive chiri chechokwadi.
Kudengenyika kwenyika kwakaitika sokutaura kwechiporofita.
Kubudirira kwa Ellen G. White pamabasa ake kwakashamisa zvikuru kana tichitarisa kunetseka kwake panguva yehupenyu hwake.

121

Umwe angabvunza kuti ndianiko waiva Ellen G. White uye aitarisika sei?
Mhinduro inowanikwa kana tichidzokera shure mugore ra 26 November, 1827.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

122

Pazuva iri, vasikana vaviri, Elizabeth na Ellen vakazvarwa mumusha we Gorham ku Maine. Vakaberekwa na Robert Harmon nomudzmai wake anonzi Eunice.
Ellen aiva arimwana wokupedzisira muvana 8.

123

Anemakore 9, njodzi yakashandura hupenyu hwake zvachose. Achibva kuchikoro, Ellen akarohwa nedombo rakakandwa nemumwe waaidzidzanaye.

124

Kwemaviki matatu aive asingakwanisi kufamba kana kushandisa muviri wake. Akaregera chikoro uye aive asingaratidze kuti achararama kwenguva refu.
Haana hake kuzoendereramberi nedzidzo yake.

125

Makore akatevera, Ellen akatarisa mazuva iwayo nokurwadza zvakare nekufara.
Chokwadi, zvairwadza kusaenda kuchikoro, nekusaenda kunotamba nevamwe vana.
Asi pakapera rumwe rutivi rohupenyu hwake kwakatanga zvakare rumwe rutivi rohupenyu. Ellen akava muverengi weBhaibheri akasimba. Aienda kumisangano yerumutsidziro nemimwe misangano yakadaro.

126

Mushure kokuenda kumusangano mukuru wesangano reMethodist waivapo ku Buxton, Maine, Ellen akabhabhatidzwa muna 26 June, 1842. Akazova nhengo yesangano reMethodist.

127

Nguva inotevera, Ellen nemhuri yake vakaenda kumisangano yaiva ku Portland, Maine. Aitaura pamusangano uyu kwaiva muchinda ainzi William Miller, uyo aiverenga Bhaibheri zvikuru.
Nokuti aitsinhira zvikuru nekuuya kwechipi kwaKristu, iye William Miller nevateveri vake vaishedzwa nokunzi ma "Adventists" kana ma "Millerites."
Mhuri yekwa Ellen Harmon yakazogamuchirawo chokwadi chemashoko aidzidziswa naWilliam Miller.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

128

Asi kushure kwekurwadziwa kukuru kwakavapo mugore ra October 22, 1844, naivo zvakare vakarwadziwa.
Ellen akarwadziwa zvikuru. Akachema, akanamata, akaverenga shoko raMwari achitsvaka mhinduro semamwe ma "Adventists."
Ndipo paakadaniwa naMwari kuva muporofita. Nomuviri wake muduku uye isina kusimba hawayifunga kuti aiva muporofita. Aingova musikana mudiki, anemakore 17, uyezve aive anechirwere chemoyo ne che T.B.
Asi mugore ra 1844 mumwedzi wa December, Mwari akasarudza kutaura achishandisa Ellen mumuono. Nemanzwi ake, anotaura nezvaakaita:



129

Ndava nechiratidzo naMwari andipa kupenya, Akati nditawurire vanhu...asi ndakatya kuti ndizviite. Ndaiva ndiri muduku, zvakare ndikafunga kuti vanhu havambozvibvumi zvandawona.
–Ellen G. White Letter 3, 1847.

130

Nyangwe aizvinzwa asina simba rokuita zvinhu zvaaidanirwa naMwari, nokutenda akabvuma kushandiswa naMwari pabasa rakatora nguva yehupenyu hwake hwese.

131

Ellen nomurume wake James White vakashanda vese pakugova chiedza chavakapiwa naMwari kunevamwe.

132

Kubudirira kwavo nekuzvipira kwavo kunowanikwa muzvinyorwa zva Ellen.
Hupenyu hwavo wese, Ellen White aiva muKristu akashinga, mutumwa waMwari asinganeti, namai vaive vakazvipira chaizvo.
Aidiwa nemurumwe wake, mhuri yake, nevanhu vakawanda munyika.

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

133

Mugore ra 6 August, 1881, murume wa Ellen, James White akafa kunzvimbo yainzi Battle creek irimuguta reMichigan.
Aive akamira pedyo neguva raJames mudzimai wake Ellen - achivimbisa kuenderera mberi nebasa ravakatanga makore 35 akapfura!

134

Zvimwe zvinyorwa zva Ellen G. White zvakanaka uye zvinomutsidzira zvakanyorwa papfura nguva iyi yorufu rwa James White.
Akazoshanda ava ega kwemakore akatevera 34.
Basa rake rohuporofita rakamuendesa kunzvimbo dzakawanda dzenyika - achitungamirira, achiraira uye achiyambira vatendi achitungamirwa naMwari.

135

Hupenyu nebasa ra Ellen Gould White zvakaguma mugore ra July 16, 1915.
Aive apfura makore 87 okuzvarwa.
Akazovigwa pedyo nemurume wake mumarinda eku Oak Hill Cemetery ku Battle Creek iriku Michigan.
Maviki mashoma afa, mabepa enhau akatakura mashoko aya:



136

Ayisava nokuzvikudza komweya zvakare wayisatsvaga zvinonyangadza. Wakararama hupenyu akayita basa rinofanira muporofita, rakashamisa zvikuru muguta re America.
-The New York Independent, August 23, 1915.

137

Hongu, inzwi rake rakanyarara - ruwoko rwake rwakazorora.
Asi manzwi ake ekuyambira, okusimbisa, okuraira neokutungamira vanhu acharamba achitungamira vanhu vaMwari kuti vakunde nenguva yekupedzisira!

138

(Video: 6 sec) Ellen akaiya chipo cherudo munyika - mashoko anobva kudenga, kuna Mwari werudo anoda kubatana nevanha Vake kusvika Kristu auya.
Chiedza chiduku chichapera patichamira muchiedza chikuru cheuso Hwake. Tichafamba naye, tichimuona!

21 - Mashoko Anobva Mberi kwe Nyenyedzi

139

Kare murenje yeku Bechuanaland ku South Africa, kwaigara umwe murume werudzi rwevanhu runogara musango. Zita rake ainzi Sukuba.
Aigara hupenyu hurikure nehwevamwe seumwe wevanhu vanorarama musango vakatarisa zvipfuwo zvavo kwemakore akawanda.
Mamwe manheru anotonora akapinda michiimba chake akagadzirira kuvata.
Asi pachinguva chidiki, husiku hwakashanduka hukava nechiedza chinopfura chemasikati.
Munhu anovaima akamira mberi pake akamutawurira kuti atsvage vanhu ve "bhuku".
Anofanira kutsvaga vanhu vanonamata Mwari.
Sukuba haana kuzvinzwisisa izvi kuti bhuku iri rarahwa ibhuku reizve?
Zvakare aizoriverenga sei akariwana bhuku iri?
Kutaura kwevanhu ava vakaita sa Sukuba kwaisafanana nokwemamwe marudzi emu Africa. Kwaiva nomusindo usinganyatsoburitsa mavara anonzwisisika.
Sukuba akafamba rwendo achitsvaka bhuku iri.
Akasvika pamusha wevarimi vechi "Bantu" akabvunza kuti vanoziva here vanhu vebhuku. Murume wechi Bantu akashamisika kunzwa Sukuba achitaura rurimi rwechiBantu.
Akatora Sukuba akamuendesa kunamuparidzi wake. Muparidzi akatorwa moyo nenyaya yaSukuba, ndokuti kuna Sukuba, "Rwendo rwako rwapera."
Sukuba akafara zvikuru.
Asi manheru ezuva iroro ngirosi yakauya kwaari zvakare. Ngirosi iyi yakavaima zvakare kuna Sukuba ikati havasi vanhu vaarikutsvaga. Asi anofanira kutsvaga "Kereke rinochengeta Sabata naMufundisi Moye." Mufundisi Moye achange aneBhuku nemabhuku 4 asi ari 9."
Zuva rinotevera, Sukuba akanamata akakumbira chiratidzo chichamutungamira parwendo rwake. Anamata, gore rakabuda mudenga. Akaritevera kwemazuva 7. Gore iri rakazoperera pamusoro peumwe musha.
Sukuba akakumbira kuona mufundisi Moye, ndobvanokukurumidza akaratidzwa musha wake.
Sukuba akapedza kutaura nyaya iyi nerurimi rwevanhu ava, mufundisi Moye akaunza Bhaibheri rake

rakasakara. Akati, "Ndiro iri!" Sukuba akapindura nekushamisika achitiwo "Ndiro iri!" Akabvunza zvakare akati asi mambhuku 4 iwo ari 9 arikupi? Makore akapfura Ellen G. White aive anyora mabhuku 9 okuraira sangano raMwari, anonzi"Zvirairo zvesangano' kana kuti 'Testimonies To the Church' nechirungu. Mabhuku akazosanganisiwa kuita mabhuku mana.
Kutsvaka kwaSukuba kwaive kwapera. Aive awana vanhu vebhuku.
Aive awana vanhu vanochengeta Sabata, vanhu vaka komborerwa nechipo chewuporofita. Sukuba nemhuri yake vakagamuchira Kristu vaka bhabhatidzwa. Akava mutumwa kuvanhu vake.
Mwari arikushanda nenzira dzinoshamisa mazuva ano, kutungamira vanhurume nevanhukadzi kukereke kana kusangano rake rechokwadi.
Kunzwa nyaya iyi haisi tsaona. SaSukuba urikutungumiririrwa. Mwari arikukutungamirira kuchokwadi rake.
Mwari arikukupa chivindi chokutarisana neramangwana.
Kuda wanga uchitsvaka chokwadi kwemakore. Ndinovimba kuti kutsvaka kwako kwapera. Waunzwa panzvimbo iyi neMweya Mutsvene. SaSakuba, ungashedza, "Ndiro! Sangano raMwari!" Unoda here kusangana neavo vanochengeta murairo waMwari ugova nupupuri waJesu? Haudi here kusangana nevanhu vaMwari vemazuva okugumisira? Fungisisa nekuzvipira uku.
Ringava dano rinokosha rehupenyu hwako.

22 - Zvokusarudza Zvakawanda

1

Ungariwana seyi sangano rechokwadi?

2

Unosishamisika here kuti sei kunemasangano akawanda akasiyana? Vanhu vakawanda vakawanda havazvizive.
Masangano anodzidzisa kuti ndiwo ega anechokwadi.
Unosizvibvunza here kuti nderipi sangano rinodzidzisa uye rinotenda muchokwadi chaMwari?

3

Shamwari, Bhaibheri rinemhinduro yatinotsvaka.
Munyika isinganzwisisi, shoko raMwari rinovimbisa kupatsanisa zviri zvezvokwadi nezviri zvenhema!



4

Musoro wenyaya wechidzidzo chanhasi unoti, "Sei kunemasangano akawanda akasiyana?"

5

(Chiverengo: Amosi 3:7)
Zvirokwazvo, Ishe Jehova haangaiti chinhu, asina kumbozivisa varanda vake vaporofita zvakavanzika zvake.
Amosi 3:7.

6

(Video: 4 sec) Handei ku shoko raMwari.
Rangarira kuti hazvina basa kuti ndinofungei.
Chinebasa ndechokuti zviri muBhaibheri here.
Kana zvirimo, ndinozvitenda.
Kana zvisimo, hazvisi zvangu!

7

Kutangisa chidzidzo chedu, ngatitangei nebhuku rokupedzisira reBhaibheri - Zvakazarurwa.
Zvakazarurwa 6, rinotaura nevarume vana vakatasva mabhiza.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

8

Varume vana vakatasva mabhiza vanomirira nguva dzakasiyana dzenhoroondo yekereke yemaKristu. Munguva idzi tinoona kukura kwemakereke akasiyana atinawo nhasi.



9

(Chiverengo: Zvakazarurwa 6:1)
Zvino ndakawona Gwayana richizarura chimwe chezvisimbiso zvinomwe,

10

ndikanzwa chimwe chezvisikwa zvipenyu zvina chichiti nenzwi romutinhiro: Wuya uwone!
Zvakazarurwa 6:1.
Nhoroondo yechiKristu inorondedzerwa muchitsauko ichi chechitanhatu.

11

(Chiverengo: Zvakazarurwa 6:2)
Ndikatarira, ndikawona bhiza jena, naiye wakanga akaritasva, wakanga anowuta; akapiwa korona,



12

akabuda achikunda, wuye kuti akunde.
Zvakazarurwa 6:2.

13

Kereke kana sangano rekutanga isangano rekutenda kunokunda.
Ibhiza chena.
Kuchena rwuvara rwunomirira kutenda kwakaperera.

14

Kwaiva nguva inonakidza kugara munguva yekutanga iyi mushure kwekuenda kwaJesu kudenga.

22 - Zvokusarudza Zvakawanda

15

Vadzidzisi vaJesu vaiva nesimba nekuitenda kwakazara nokuti vaive vafamba vakataura naJesu.
Vakamuona achimuka.
Vakamuona achienda kudenga.
Vaiziva kuti achadzokazve.
Vaitenda zvakavimbisiwa naJesu nemoyo yavo yese.

16

Vakaendesa nhau dzevhangeri kunyika yese, vanekufara nokusimbiswa kukuru.

17

(Chiverengo: VaKorose 1:21-23)
Nemi wo, kare maiva vayeni navavengi pakufunga kwenyu pamabasa enyu akaipa,
Nhau dzakanaka dzokuponeswa dzakaparidzwa munzvimbo dzese dzinozikanwa dzenyika. Pauro anoti,

18

asi zvino wakakuyaninasai



19

pamuviri wenyama yake, nokufa kwake, kuti akuisei pamberi pake muri vatsvene,

20

musina mhosva, musingapomerwi,



21

kana muchingorambira pakutenda, makateyiwa, mumire makasimba,

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA



22

musingabviswi patariro yeEvhangeri yamakanzwa,



23

yakaparidzirwa zvisikwa zvose pasi pokudenga; iyo Evhangeri yandakaitwa mushumiri wayo, ini Pauro. VaKorose 1:21-23.

24

(Chiverengo: Mabasa 5:14)
Vatendi vazhinji kwazvo, varume navakadzi, vairamba vachiwedzerwa kunaShe.
Mabasa 5:14.
Bhuku remabasa rinoti vakawanda vakabhabhatidzwa pazuva rega rega.



25

(Chiverengo: Mabasa 2:47)
...Ishe akawedzera kwavari zuva rimwe nerimwe avo vaiponeswa.
Mabasa 2:47.
Sangano kana kereke raiva muviri waKristu.

26

Vanhu vakabhabhatidzwa muzita raJesu.
Vakabhabhatidzwa mumuviri wake, waiva kereke.
Zvaive zvakakosha kuti vateveri vekutanga ava vatende munaJesu.
Vateveri ava pavakayambirwa kuti vasadzidzise vanhu muzita raJesu, Bhaibheri rinoti iro;

27

(Chiverengo: Mabasa 5:29)
Zvino Petro navaapostora vakapindura, vakati:
Tinofanira kuteerera Mwari kupfura vanhu.
Mabasa 5:29.
Zvaikosha kuita zvinhu chete zvakataurwa namwari panokuteerera tsika dzevanhu.

28

Zvakadaro, vaiva nekutenda kwakaperera, nokuti vakambofamba naJesu.
Vaitenda zvaitendwa naJesu.
Vaidzidzisa zvakadzidziswa naJesu.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

29

Ndiko kutenda kwatinofanira kuva nako mumazuva ano - kutenda kwakaperera kunotarisira kuuya kwaJesu kwechipiri.
Kutenda kunotarisira kufambiswa kwenhau dzakanaka dzoruponeso kushamwari dzedu dzose nevavakidzani vedu - kumunhu wese munyika - tichizadzikisa kutumwa kwatakarairwa naJesu.
Uku kutenda kwakaperera.
Kutenda kwevatendi vesangano kana kereke renguva yekutanga.

30

Kereke kana sangano rekutanga rekutenda kwakaperera rinomirirwa nebhiza chena.
Nguva iyi yakapera mugore ra A.D. 100.

31

Johane akaona chii pakavhurwa muono wechipiri naJesu?



32

(Chiverengo: Zvakazarurwa 6:4)
Ipapo rimwe bhiza rakabuda riridzuku; wakanga akaritasva akapiwa simba kuti abvise rugare panyika,

33

kuti vawurayane; akapiwa munondo mukuru.
Zvakazarurwa 6:4.
Apa tinoona kutenda kwazorwa neropa.

34

Tinoziva kuti pakapfuura gore ra A.D. 100, maKristu vakatanga kusungwa vachitambudzwa vachiendeswa kuRome kunouraiwa, uyezve vakawanda vakakandiwa mumagoronga eshumba kunzvimbo yeku Rome.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

35

Iyi yaiva nguva inotyisa zvikuru yesangano remaKristu! Asi kereke kana sangano rakakura kunyange zvakadaro. Umwe mudzidzi wenhoroondo yekereke kana sangano yenguva iyoyo, anoti iye, zvaionekwa sokunzi ropa rema Kristu raiva mhodzi kana mbewu.
Vanhu pavaifa vachipira hupenyu hwavo kunaJesu, zvaifanana semhodzi kana mbewu inodzwarwa, ichibereka zvakawanda. Paiva nevanhu vakawanda vaitora nzvimbo dzavo, vachipiwa kushinga neavo vaiurawa.
Nhau dzakanaka dzoruponeso dzakazara munyika dzose dzaitongwa neRome munguva iyoyo.



36

Saka bhiza dzuku raimirira kutenda kwakazorwa ropa. Muono wechipiri ndewe sangano remaKristu kubva mugore ra A.D. 100 kusvika mugore ra A.D. 323.

37

(Chiverengo: Zvakazarurwa 6:5)
Iyezvino Jesu akazarura muono wechitatu - nguva yechitatu yesangano rechiKristu.
Wakati azarura chisimbiso chechitatu, ndikanzwa chisikwa chipenyu chechitatu chichiti: "Wuya uwone!"

38

Ndikatarira, ndikawona bhiza dema; wakanga akaritasva wakanga anechiyereso muruwoko rwake. Zvakazarurwa 6:5.

39

Bhiza iri ridema rinomirira kutenda kwakashaiswa simba.



40

(Chiverengo: Mabasa 20:29,30)
Ini ndinoziva kuti kana ndaenda, mapere anoparadza achapinda pakati penyu, asingaregi boka.



41

Wuye, napakati penyu pamene pachamuka varume, vachatawura zvinopesanisa, kuti vatsause vadzidzi vavatevere.
Mabasa 20:29,30.
Iyi inguva inosuruvarisa chaizvo musangano rechiKristu.

42

Inguva yekutenda kwakashaiswa simba - apo tsika dzenyika padzakabvumirwa kupinda musangano rechiKristu - kubatana kwetsika dzenyika nechiKristu. Danieri aiva aporofita akati:

43

(Chiverengo: Danieri 8:12)
Hondo ikamutswa kuzorwa nechipiriso chinopiswa nguva dzose nokuda kwokudarika;



44

rukawisira pasi zvokwadi, rukafara panezvose zvarwakaita.
Danieri 8:12.

45

Chokwadi chekutanga chakarasika munguva iyi ndechoruponeso nokutenda muna Jesu badzi. Kuponeswa nokutenda munaKristu kwakapindirwa nomurairo wezvido zvekereke.



46

Kana ukarangarira, takadzidza kuti sokutaura kweBhaibheri, kuponeswa chipo chisingatengwi. Chipo, nokuti tese takatadza uye hatifanirwe kuchipiwa. Taifanirwa kufa, nokuti mubairo wezvivi rufu.
Asi chipo chaMwari hupenyu husingaperi.

47

Tichiri vatadzi, Kristu wakatifira.
Iri ndiro vhangeri ririnyore.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA



48

Kuti tiwane chipo ichi, zvatinofanira kuita kubvumira Jesu mumoyo yedu.



49

Anozoti regerera zvivi zvedu zvose.



50

Kechipiri, Anotipa simba rokurega kuramba tichitadza. Anotipa simba rokufamba mutsoka Dzake.

51

Asi chokwadi ichi cheruponeso, chevhangeri raJesu, chakaraswa chikapindirwa nemurairo wezvido zvesangano.

52

Panokuti vanhu vaende kunaMwari kunokumbira nyasha dzake neruregerero pazvivi zvavo, vakataurirwa kunzi vanofanira kubhadhara mari kuti zvivi zvavo zviregererwe.



53

(Chiverengo: 1 Johane 1:9)
Kana tichizvirewurura, nokudaro kuti unotikanganwira zvivi zvedu, nokutinatsa pakusarurama kwose.
1 Johane 1:9.

54

MaKristu akataurirwa kuti aende kumapristi.
Vaienda kumunhu akafanana savo.
Vakarambidzwa kuenda kunaMwari kunonamata.
Kuponeswa kwadzoka kukawoma zvikuru.
Vanhu vakabvuma izvi nokuti vaive vasina shoko raMwari.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

55

Kuchengeta shoko raMwari kwaive kurikugura mutemo munguva iyi.
Paive pasina michina inonyora magwaro munguva iyi saka zvaive zvichinetsa kuwana zvinyorwa zveBhaibheri.
Vanhu vakawanda vakabvuma zvavaitaurirwa nesangano, nekutenda kwemaKristu kukapesanisika.

56

Chokwadi chechipiri cheBhaibheri chakashaiswa simba chaive chirimairano nokunamata zvimufananidzo zvakavezwa panokunamata Mwari Musiki wedu.
Mwari anoti iye mumitemo inegumi:

57

(Chiverengo: Eksodo 20:4,5)
Usazviitira mufananidzo wakavezwa, kana uri mufananidzo wechinhu chiri kudenga kumusoro,

58

kana wechiri panyika pasi, kana wechiri mumvura pasi penyika.

59

Usapfugamira izvozvo, kana kuzvishumira; nokuti Ini Jehova Mwari wako, ndiri Mwari unegodo;

60

ndinorova vana nokuda kwezvivi zvamadzibaba avo, kusvikira kurudzi rwechitatu norwechina rwavanondivenga.
Eksodo 20:4,5.

61

Iyi yaiva nguva yakapinda zvimufananidzo musangano kana mukereke.
Mitemo inegumi yakataura zviripachena kuti chitema kunamata chimwe chinhu kunze kwaMwari pachake.

22 - Zvokusarudza Zvakawanda

62

Chokwadi chechitatu muBhaibheri chakashaiswa simba munguva iyi chakava maererano nemutemo wechina, wezuva rokunamata.
Tarisa kuti Bhaibheri rinti chii nezva Danieri paaiona izvi:

63

(Chiverengo: Danieri 7:15)
Kana ndirini Danieri, mweya wangu wakatambudzika mukati momuviri wangu, wuye zvandakawona muzviratidzo zvomusoro mangu zvakandivhundusa. Danieri 7:15.

64

Takaona kuti Constatntine akaisa sei mutemo weSondo: Achishandura zuva rokunamata kubva kuSabata rezuva rechinomwe kuenda kuSondo zuva rokutanga.

65

(Chiverengo: Johane 14:15)
Kana muchindida, muchachengeta mirairo yangu. Johane 14:15.
Asi panguva iyi yokushaiswa simba rekutenda, rudo rwevanhu kunaJesu rwakatonhora, uye vakawanda vakatevera tsika dzaivapo panokuti vatevere Mwari.

66

Kereke kana sangano rakabvuma kushaiswa simba maererano neSabata rikaedza kushandura zuva iri rokunamata.
Mugore ra 1995, May 21, sangano reku St. Catherine's Catholic Church Sentinel rakati iro,

67

Zvakanyanyisa, zvakashandurwa neSangano kubva pakutanga. Izuva dzvene,



68

reSabata, rakashandurwa kubva kuMugovera kuyitwa Svondo...kushandurwa uku hakuna kubva mukuraira kweBhaibheri, asi kwakabva musangano kuti rizviratidze kuti rinesimba...

22 - Zvokusarudza Zvakawanda



69

Vanhu vanofungira kuti Bhaibheri rinova iro bedzi rinofanira kushandiswa, isangano yema Seventh-day Adventists, nokuti vanochengeta Mugovera uri mutsvene.



70

Kunamata neSondo, zuva rekutanga revhiki hakuwanikwi muBhaibheri. Vadzidzi veBhaibheri munyika vanozvibvuma izvi!

71

Kushandura uku, sezvataona, kwakaunzwa naCostantine, mutungamiri we nzvimbo ye Rome muna A.D. 320, uyezve kereke kana sangano rakabvumirana nazvo zvaakaita uyu Constantine.

72

Shamwari dzangu, kana tichida kuita zvinotaurwa neBhaibheri, tinofanira kuva maSeventh-day Adventists! Munguva yokushaiswa simba kwechokwadi, zuva rekunamata chimwari chenhema chezuva ndiro zuva rakazopindira Sabata dzvene remuBhaibheri.

73

Mari yaConstantine yaiva kunorumwe, rutivi zita raJesu kozoti rumwe rutivi runomufananidzo wezvimwari zvezuva zvavainamata...

74

achiita sekunonzi haisakwanisa kusunungura vateveri vechiedza chinobwinya. Izvi hazvishamisi here?

75

Mwari anozviisa pachena mumitemo yake:

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA



76

(Chiverengo: Eksodo 20:11)
Nokuti namazuva matanhatu Jehova wakaita denga napasi, negungwa, nezvose zviri mukati mazvo,

77

akazorora nezuva rechinomwe; naizvozvo Jehova wakaropafadza zuva reSabata akariita dzvene.
Eksodo 20:11.


78

Mwari anozviisa pachena kuti anoda kuti vanhu vake vachengete Sabata dzvene.
Mushure pakutanga, Bhaibheri rinoti,

79

(Chiverengo: Genesi 2:3)
Mwari akaropafadza musi wechinomwe, akawuita mutsvene;

80

nokuti wakazorora nawo pabasa rake rose Mwari raakanga asika nokuita.
Genesi 2:3.

81

Kana Mwari Musiki

82

akakomborera zuva,



83

kana akaisa zuva rimwe parutivi,

84

kana Akaita rimwe dzvene pane mamwe ese, zvinoreva kuti shamwari dzangu, munhu haana kutenderwa, haana simba rokurishandura!
Inozova nyaya yokunamata, nyaya yokuteerera, kuti tichatevera tsika dzevanhu here kana kuti tichaita zvakataurwa naMwari.

85

Zvino iyi inguva yekutenda kwakashaiswa simba. Kutenda kwashaiswa simba kwesangano kunotanga mugore ra A.D. 323 kusvika muna A.D. 536.


86

Toenda munguva yechina yesangano raMwari, iyi iringuva yakamirirwa nebhiza risina ruvara.



87

(Chiverengo: Zvakazarurwa 6:7,8)
Wakati azarura chisimbiso chechina, ndikanzwa inzwi rechisikwa chipenyu chechina richiti: Wuya uwone!



88

Ndikatarira, ndikawona bhiza rakachenuruka; wakanga akaritasva, zita rake Rufu; wuye Hadesi rakamutevera.



89

Ivo vakapiwa simba pamusoro pechechina chenyika, kuti vawuraye nomunondo,

90

nenzara, norufu, nezvikara zvenyika.
Zvakazarurwa 6:7,8.

22 - Zvokusarudza Zvakawanda

91

Muono wechina - Kutenda kwakafa.
Yaive nguva yekubatana kana kusangana kwesangano nehurumende.
Hurumende yeRome ndiyo yaitonga nyika yese. Simba reRome raive rawedzerwa. Raive ririsimba rezvematongerwo enyika nezvekunamata.
Saka kwaive kuri kubatana kwesangano nezvinhu zvechimurenga zvehurumende.

92

Kunamata Kristu kwakava chitendero chikuru muwushe hwe Roma zvakare kukatora chinzvimbo chokunamata mifananidzo.



93

ChiKristu chakavapo nemazuva iwayo okutambudzwa kwemaKristu chaiwo, kungadaniwe kunzi, 'Tsika dzakaipa dzaka bhabhatidzwa.'
– Church History, Century 2, chap. 2, sec. 7.

94

Rangarira kuti panguva iyi, vanhu vaive vasingabvumidzwe kuchengeta kana kuverenga shoko raMwari.
Kwaive kutikugura mutemo uyezve paive pasina michina wekunyora mabhuku.

95

Vanhu vakatevera tsika.
Vakatevera zvenyika zvaive zvapinda musangano.
Idzi ichokwadi dzandirikukudzidzisai.

96

(Video: 7 sec) Sangano rairarama ndere Roma. Handisi kushora vanhu -asi maitiro ezvinhu!
Tineve Roma Katorika vakanaka kwazvo; mapristi nevatendi vanoda Jesu munyika yese, uyezve varikutsvaka chokwadi.
Zvakakosha kuti tinzwisise kuti sei tiripanzvimbo yatakamira nhasi.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

97

Iyi yaiva nguva inotyisa yekushaiswa simba kwechokwadi nekutenda kunaMwari, nguva inotyisa yekutambudzwa kwevanhu vaMwari.

98

Ndosaka ichinzi "The Dark Ages."
MaKristu vanosvika 50 000 000 vakauraiwa nenyaya yekutenda kwavo muna Jesu.

99

Tarisa apa mavambo okutora nematuro chokwadi chaMwari:

100

tsika,

101

kuzvirwadzisa,

102

neku bhadhariswa ruponeso kwakapinda musangano. Waitora mari yokunobhadhara, kuitira kuti hama dzako dzisaenda kugehena, kana kuti aizvibhadharira, kuti kana wafa zvinzi usaenda kugehena. Izvi zvinhu zvenyika zvakapinda musangano remaKristu.

103

Mushoko raMwari hamuna chinhu chakadaro. Mufananidzo nezvifananidzo zvakapinda musangano -zvese nezdidziso yomurairo nezvoutungamiri. Chokwadi chaMwari chaivigwa zvachose here? Kwete, nokuti chiedza chechokwadi chaizopinda. Nzira dzinotungamirira kuchokwadi dzakarasika munguva ye "Dark Ages" dzaizotsvagwa zvakare.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

104

Panguva ye "Reformation", kutenda kwakaperera kwaJesu kwakatanga kuwanikwa.

105

Vakatanga kutora nzira inobuda mu "Dark Ages" mumakore a 1400 kwaive kune chimwe chikwata chainzi ma "Waldenses".

106

Vakawana zvakare chokwadi cheshoko raMwari, Bhaibheri.
Bhabheri rakakosha.
Dai tisina shoko raMwari, dai tisina tsamba dzerudo rwake dzinowanikwa muBhaibheri, dai tisina nzira muhupenyu.

107

Kunyika yeku Northen Italy, tinowana nhoroondo yema Waldenses vaitenda muBhabheri.
MaWaldenses vainyora mashoko aMwari nemawoko, vachiwapa kuvana vavo.
Nemavhesi akasonerwa pambatya dzavo, vana ava vaienda kumaguta makuru ekuEurope.
Vaigova mavhesi aya eBhaibheri kushamwari dzavaiita pamusika nomuma "University".

108

Vaibatwa vaipisiwa mumoto.
Vakawanda vakarasikirwa nehupenyu wavo, asi maWaldenses vaizvitora sechinhu chinokosha kuendesera mberi nekuchengetedza basa raMwari.

109

Shure kwema Waldensians, kwakauya umwe mudzidzi weBhaibheri ainzi John Huss.
John Huss neshamwari yake Jerome, vakawona kuti zvaikosha kutetera Mwari panokuteerera sangano kana munhu.

22 - Zvokusarudza Zvakawanda

110

Nokuzvipira kwavo kokuteerera, kokutenda kuti tinofanira kuita zvinotaura Mwari panokutevera tsika dzesangano, vakapisiwa mumoto vakafa.
Madota avo akazokandirwa munyanza ye Mediterranean. Nenzira inofanana, Reformation iyi yakayererawo ichienda kunzvimbo dze dzenyika.

111

Shure kokupisiwa kwa John Huss na Jerome, umwe murume kunyika ye Germany ainzi Martin Luther akawana chokwadi cheBhaibheri chekuponeswa kwevanhu nenyasha dzaMwari chete.

112

Vamwe vanhu vanobvunza kuti, "Sei Luther asina kuwana chokwadi chese chakarasika munguva ye Dark Ages?"
Bhaibheri rinoti,

113

(Chiverengo: Johane 16:12)
Ndinezvizhinji zvandinoda kukuwudzai; asi hamugoni kuzvigamuchira zvino.
Johane 16:12.



114

Kuwana chokwadi chese chaive charasika cheBhaibheri kwaitora nguva.
Zvakatora makore emazana akawanda kurasikirwa nekutenda kwaJesu munguva ye Dark Ages.
Zvaizotora nguva yakarebazve kuwana chokwadi ichi.

115

Pakafa Luther, vateveri vake vakateerera zvaakataura ndokuvamba sangano kana kereke rinonzi Lutheran. Kuna ivo, reformation kana kumutsidzira kwakapera pakufa kwa Martin Luther.

116

Tichibva kuGermany, tinoenda zasi kuGeneva, Switzerland, kwatinowana mudzidzi weBhabibheri anoi John Calvin.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

117

muzvidzidzo zvake, John Calvin akawana kuti maKristu vaisawana nyasha nokuregererwa, nokuuya mberi paMwari chete, asi kuti zvaive zvakakosha kuti pavaive vauuya mberi paMwari vakure zvakare munaKristu.

118

Nokudaro John Calvin akadzidzisa nyaya yokukura munaKristu, iyo inonzi nevamwe kucheneswa (Sanctification),
Kana tichigamuchira Jesu, anotipa simba rekukurira chivi.

119

Pakafa John Calvin, vateveri vake vakateerera zvaakataura, vakavamba sangano re Presybyterian.
Saka apo, tinoona kuti chokwadi chakarasika mu Dark Ages, chaive chichingowanikwa zvishoma nezvishoma.

120

Pakapera nguva ya John Calvin, kwakauya rimwe boka rema Kristu munzvimbo dzakasiyana dze Northern Europe, avo vakaverenga maBhaibheri avo, vakawana kuti panokuti vamwayiwe nemvura vachiri vana,

121

rubhabhatidzo runofanira kutevera zvakaititwa naJesu, munhu achizvisarudzira zvakare achinyudzwa mumvura.
Ava vainzi ma Anabaptists.

122

Kubhabhatidzwa nekunyudzwa - kuisiwa pasi pemvura, kufukidzwa nemvura muviri wese, sezvakaitiwa Jesu - ichokwadi chakakosha chakarasika munguva ye Dark Ages, nokuti zvinhu zvinoratidza kufa kuchivi nekurarama munaMwari.



123

(Chiverengo: VaRoma 6:3,4)
Ko hamuzivi here kuti isu takabhabhatidzwa munaKristu Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake?

124

Naizvozvo pakubhabhatidzwa takavigwa pamwe chete naye murufu;

125

kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba, saizvozvo nesu wo tifambe nowupenyu wutsva.
VaRoma 6:3,4.



126

Kuti ubhabhatidzwe sezvakaita Jesu,



127

tinofanira kudzidza kwaaHari.



128

tinofanira kubvuma zvivi zvedu.



129

tinofanira kugamuchira Jesu samuPonesi wedu.
Vakawanda vema Anabaptists vakarasikirwa nehupenyu hwavo, nekuti vaitenda kuti vanofanirwa kufamba naJesu nokubhabhatidzwa nenzira yaJesu.

130

Kubva mumavambo aya, sangano re Baptist rakavapo.

131

(Chiverengo: Mateo 28:18,19)
Ipapo Jesu wakasvika, akatawura kwavari, akati: Ndakapiwa simba rose kudenga napanyika.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

132

Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose,

133

muvabhabhatidze muzita raBaba, nero Mwanakomana, nero Mweya Mutsvene;
Mateo 28:18,19.

134

Jesu akatuma sangano rake kuti riende kunodzidzisa nekubhabhatidza nekuita vateveri Vake.
Ma "Reformation Baptists" vaitevera vachizadzikisa kuraira kwaJesu, sezvatinoita nhasi!

135

Tarisa, vamutsidziri ava vakasiyana-siyana vaiwana chokwadi chakarasika munguva ye Dark Ages. Pavaiwana chokwadi, vateveri vavo vaisangana vachiita kereke kana sangano ravo, ese masangano kana makereke aya achinzi Masangano anopikidza (Protestant denominations), maLutherans, Presybyterians, nemaBaptists.

136

Pakupedzisira, munyika yeku England, murume anonzi John Wesley akatanga kudzidza Bhaibheri.

137

Mukoma wake ainzi Charles, akanyora nziyo dzakanaka dzaJesu, vakafunga kudziimba mukereke.
Vakaonazve kuti zvaive zvakakosha kugamuchira chipo cheruponeso, kuteerera Mwari, kubhabhatidzwa, kukura munyasha dzaMwari nekuva munhu akarurama arimutsvene sekutaura kweshoko raMwari.

John Wesley aive ari mumutsidziri mukuru, uye paakafa, vateveri vake vakatevedzera zvaakadzidzisa vakazovamba kereke rema Methodists.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

138

Munzvimbo dzakasiyana dzenyika dzinoti South America, Europe ne North America, vanhu vakatanga kudzidza nezvokuuya kwaJesu kwechipiri.

139

Murume ainzi William Miller we North America, akaverenga nevimbiso yaJesu irimuna Johane 14. Akaverenga kuti Jesu aizouya nokukurumidza.

140

Saka, pamusoro pezvema



141

Waldenses ayidzidzisa Bhaibheri sezvariri,



142

nokudzidzisa komuchinda ayinzi Huss mayerana nokuteerera,



143

Kudzidzisa komuchinda ayinzi Luther maererano nezve nyasha dzaMwari,



144

kudzidzisa komuchinda ayinzi Calvin maererano nokushandurwa komunhu noMweya Mutsvene,



145

nesangano rema Anabaptists rayidzidzisa maererano norubhabhatidzo rwechokwadi,



146

nekudzidzisa komuchinda ayinzi Wesley maererano nokuva mutsvene, William Miller akazodzidzisa pamusoro pezvese izvi rimwechokwadi rakakosha: Kuuya kwaJesu kwechipiri kuripedyo.

147

Pakapfuura nguva ya Miller, sangano rema Adventists rakaendera mberi.
Shamwari dzake dzakazoona kuti kana munhu akafa, anorara muna Jesu, akamirira kuuya kwake kuzomutswa.
Sezvinodzidzisa Bhaibheri, tinorara kusvika nguva yokumutswa mumakuva.
Achava mangwanani akanaka kwazvo kubatanidzwa nevanodiwa vedu!

148

Ma Adventists okutanga akawana kubva muBhaibheri:

149

1. Rufu kurara.

150

2. Jesu achawuya nokukasika.

151

3. Uchamutsa vakafa.



152

(Chiverengo: 1 VaTesaronika 4:16)
Nokuti Ishe amene uchaburuka kudenga nokudanidzira, nenzwi romutumwa mukuru, nehwamanda yaMwari; vakafa munaKristu vachatanga kumuka.
1 VaTesaronika 4:16.

153

(Chiverengo: Johane 14:15)
Kana muchindida, muchachengeta mirairo yangu.
Johane 14:15.
"Kana uchindida, chengeta mirairo Yangu."
Waona, tese tinoda kuva nehukama werudo naJesu.
Nokuti tinomuda, tinoda kuchengeta mirairo Yake yese.
Kwete imwe yacho, asi yese.



154

(Chiverengo: Mateo 15:9)
Tarisisa zvinotaurwa naJesu munaMateo 15:9: "Asi vanondinamata pasina, vachidzidzisa dzidziso iri mirairo yavanhu."
Mateo 15:9.
Iri ichokwadi kunyanya munguva yanhasi.
Vanhu vanodzidzisa mashoko nemirairo yavo vachisiya dzidziso yaMwari.

155

Asi hazvina basa kuti munhu anoti chii.
Zvinebasa ndezvinotaurwa naMwari.

156

Kana tichiuya pakunamata, tinofanira kunamata Mwari nezuva reSabata raakaisa.
Izuva rakakosha ratakapiwa naye.
Chokwadi ichi pachaiwanikwa muBhaibheri, vanhu vaichidzidza vakasangana vakavamba kereke kana sangano rema Seventh-day Adventists).
Isaya 58:13 na 14 yakaporofita kuti kuchava nesangano richagadzira kudimburwa kwakaitwa mutemo waMwari.
Zvinyorwa izvi zvinotaura nezuva iroro rakakosha:

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

157

(Chiverengo: Isaya 58:13,14)
Kana uchidzora gumbo rako pazuva reSabata, kuti urege kuita zvawunoda pazuva rangu dzvene

158

uchiti, Sabata izuva rinofadza, nezuva dzvene raJehova rinofanira kukudzwa, uchirikudza,

159

usingaiti zvawunoda, kana kutsvaka zvinokufadza, kana kutawura mashoko ako;

160

ipapo uchafarira Jehova kwazvo;

161

neni ndichakufambisa panzvimbo dzakakwirira dzenyika,



162

ndichakugutisa nenhaka yaBaba vako Jakobo, nokuti muromo waJehova wakatawura izvozvo.

163

Mwari vanotitaurira zviripachena kuti hatifaniri kushanda nezuva iroro.
Hatifaniri kuita basa nezuva iroro.
Hatifaniri kutsvaka mafaro edu nezuva iroro.

22 - ZVOKUSARUDZA ZVAKAWANDA

164

Izuva dzvene.
Kana tichiisa Mwari mberi nesabata, zvinova zvinhu zvinofadza kwazvo.
Sabata rinofadza kwazvo.
Mwari Haasi kutitorera - Arikutipa chikomborero chakakosha.
Zvinofanana nezororo rinobhadharwa.
Anoti Iye, achatiita kuti tifambe munzvimbo dzakakwirira dzenyika.
Chikomborero chakanaka kwazvo chaanotipa kana tichimuisa kutanga muhupenyu hwedu - kana tikamutevera, kana tikachengeta Sabata rivedzvene sezvaanotikumbira.

165

Saka pachokwadi chese chatinodzidzisiwa naMwari muBhaibheri, Satani anouya nenhema - chitevedzero chenhema.

166

Mwari anoti kana tikafa, tinorara muguva. Satani anoti iye kana tikafa tinoenda kudenga, kana kugehena, kana kunzvimbo yokunotambudzika tisati taenda kudenga.

167

Mwari anoti rubhabhatidzo kunyudza munhu pasi pemvura.
Satani anoti tingabhabhatidzwe nokumwayiwa mvura.
Mwari akatipa chokwadi chake nezvoutano.
Satani anoti mirairo yezveutano yakabiswa.
Pachokwadi chese, pane chitevedzero chenhema.
Izvi zvinokonzera kunyonganika kukuru.

168

(Chiverengo: Zvakazarurwa 18:2)
Akadanidzira nenzwi guru, achiti: Rawa, Rawa, Bhabhironi, guta guru,

22 - Zvokusarudza Zvakawanda



169

yava nzvimbo munogara mweya yakaipa, nenhare yemweya yose yetsvina, nenhare yeshiri dzose dzinetsvina dzinovengwa.
Zvakazarurwa 18:2.
Bhabhironi, muchiporofita zvinoreva kuti "Kutenda kwakanyonganika."
Tereera yambiro iripo apa.

170

(Chiverengo: Zvakazarurwa 18:4)
Zvino ndakanzwa rimwe inzwi rinobva kudenga, richiti: Budai mariri, vanhu vangu,

171

kuti murege kuwadzana naro pazvivi zvaro, mugorega kupiwa madambudziko aro.
Zvakazarurwa 18:4.

172

Mwari arikudana vanhu Vake kuti vabve mukunyonganika, nokuti vasava nechinhu chokuita nezvivi zvacho.
Shamwari, Jesu arikukudana izvozvi.
Iyezvino, inguva yekumirira Jesu!

173

(Chiverengo: Mabasa 2:47)
Vachirumbidza Mwari, vachidikanwa navanhu vose. Ishe akawedzera kwavari zuva rimwe nerimwe avo vaiponeswa.
Mabasa 2:47.



174

(Chiverengo: 1 VaKorinte 12:13)
Nokuti muMweya mumwe isu tose takabhabhatidzirwa mumuviri mumwe; kana tiri vaJuda, kana vaGiriki, kana varanda,



175

kana vakasununguka; isu tose takanwiswa paMweya mumwe.
1 VaKorinte 12:13.

176

(Chiverengo: 1 VaKorinte 1:18)
Nokuti shoko romuchinjikwa wupenzi kunavanoparadzwa;



177

asi kwatiri, isu tinoponeswa, isimba raMwari.
1 VaKorinte 1:18.

178

Kana tanga tichidzidza manheru aya, zvirinyore kuti tione kuti hupenyu nedzidziso yaJesu yaibudisa pachena chokwadi chaaida kuti vateveri Vake vazive uye vachinzwisise.
Taona zvakare kuti Satani akaita hondo nechokwadi nesangano raKristu, achisunga, achiuraya, achinyonganisa uyezve achishandura chokwadi chakapiwa naKristu kusangano Rake.
Taona mukudzidza kwedu Bhaibheri nenhoroondo kuti Kristu arikutungamira vanhu vake kuchochokwadi dzaakapa kusangano rake rekutanga.
Arikudana vanhu kuti vabve mukutenda kwakanyonganika, vaende muchokwadi rakanyorwa mushoko rake dzvene.
Haudi here panguva ino, kudawira yambiro yengirosi, " …Budai mariri vanhu vangu!" Haudi here panguva ino kuva umwe wesangano raMwari?...Avo vanochengeta mutemo waMwari nekutenda kwaJesu?
Tinodaniwa kubva muBhabhironi kuti tiite zvakarurama. Haumude Jesu here?
Arikuuya nekukurumidza kuzotitora tiende kudenga kumusha waakatigadzirira.
Haudi here kumutevera nzira yese?

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

1

Ungatiziresei madambudziko okugumisira manomwe.


2

Nzvimbo yaiva Egipita - nzvimbo yakabudirira zvikuru munguva iyoyo munyika yese. Gore raiva 1445 B.C. Kwemakore 215, vana vekwa Israeri vaive vagara munzvimbo iyi - zana remakore okukugumisira varivasungwa. Va Faro vaiziva uye vaida Josefa aive afa ava muguva.

3

Vatungamiri vatsva vakaona maIsraeri awanda zvikuru. Vakatya kuti munguva yehondo, maIsraeri aya aikwanisa kubatana nevavengi veEgipita. Saka vana vekwa Israeri vakasungwa vakaitwa varanda vema Egipita.



4

(Chiverengo: Eksodo 1:12)
Asi vachiramba vachivanetsa,

5

ivo vakaramba vachiwanda kwazvo vachingopararira... Eksodo 1:12.

6

(Chiverengo: Eksodo 2:23,24)
...Vana vaIsraeri vakagomera nokuda kwowuranda hwavo,

7

vakadanidzira, kudanidzira kwavo kukasvika kunaMwari nokuda kwowuranda.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

8

Mwari akanzwa kugomba kwavo, Mwari akarangarira sungano yake naAbrahama, naIsaka, naJokobo.
Eksodo 2:23,24.

9

Kwaive kwapfuura makore 400 kubva nguva Mwari yaakaita chibvumirano na Abrahama chokusunungura vanhu vake vechizukuru chaizotevera. Zuva iri rakazosvika. Mwari aive akagadzirirra mutumwa wake aizosunungura vanhu vake. Munununri aive agadzirira!

10

Vakasangana -Mwari naMoses. Kwete muimba yemadzimambo kana pasi pemumvuri wezvivakwa zvekuEgipita zvainzi maPyramids, asi kunze kurenje yeku Midian pedyo nemuti waibvira moto.



11

(Chiverengo: Eksodo 3:7-8)
Zvino Mwari akati: Zvirokwazvo, ndakawona kunetswa kwavanhu vangu vari muEgipita,

12

ndikanzwa kudanidzira kwavo nokuda kwavatariri vavo vamabasa; nokuti ndinoziva kuchema kwavo.

13

Ndaburuka kuti ndivarwirwe...
Eksodo 3:7,8.
Achitaura kuna Moses Mwari akati:

14

(Chiverengo: Eksodo 3:10)
Naizvozvo zvino wuya ndikutume kuna Farao,

15

kuti undobudisa vanhu vangu, vana vaIsraeri muEgipita.
Eksodo 3:10.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

16

Paive papfuura makore makumi nena (40) Moses asiya imba yehumambo kuEgipita. Kwemakore makumi nena (40) Moses aitaura rurimi rweku Egipita! Kwemakore iwayo Moses aifudza hwai murenje. Kuzvikudza kwese kwaaiva nako semumwe wevaremekedzwi vekuEgipita kwakapera. Bhaibheri rinoti,

17

(Chiverengo: Mabasa 7:22)
Mosesi akadzidziswa wuchenjeri wose wamaEgipita; akava nesimba pamashoko napamabasa ake.
Mabasa 7:22.

18

Ari murenje, Moses akadzidza kusazvikundza asi kuzvidzikisa. Pakufudza achichengetedza hwai akadzidza kusava nehasha neku. Mwari akazoona kuti Moses arindira kufudza vaIsraei nekuva chengetedza sababa.
Nekuzvideredza Moses akateerera kuraira kwaMwari akagamuchira zvaionekwa kungehazvingaitiki.

19

Kubetsera Moses kupedzisa basa iri, Mwari akaraira Aaron, mukoma waMoses (aiva muranda muEgipita) kuti aende kunochingamidza Moses. Aaron aisamubetsera pazvimiro chete, asi Mwari akavamba kuti Aaron ave anotaura zvese zvinobva kunaMoses nekuti Moses aive agara makore akawanda asingashandisi rurimi rwekuEgipita.

20

Moses na Aaron vakazopinda muimba yafaro sevamiriri vatumiwa naMwari. Vakataura muzita rake vakataura nesimba rake rinoshamisa.
Mutungamiri anozvikudza weEgipita vakazviona izvi vakashamisika. Mberi kwake kwaiva vakoma vaviri, umwe aiva mufudzi kuMedian akangobata tsvimbo yaaifudza nayo uwe arimuHeberu aivamuranda.
Vese vaitaurwa simba raMwari wavainamata. Aaron paakataura kuti vauya neshoko rinobva kunaMwari kuti Faro abvumire vaIsraeri vabve muEgipita, Faro akatsamwa zvikuru akavaona sevanhu vanopenga:

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

21

(Chiverengo: Eksodo 5:2)
...Jehova ndiye aniko, kuti nditerere inzwi rake, kuti nditendere vaIsraeri kuyenda?

22

Handimuzivi iye Jehova, neni handingatenderi vaIsraeri kuyenda.
Eksodo 5:2.
Nevaranda vakawanda vaivevari pasi pesimba rake, Faro aive asina pfungwa yokuregera kushandirwa nyore navo. Chikumbiro chaAaron chakakonzera kutsamwa nekuramba kukuru kwamambo Faro. Mambo Faro vakazowedzera zvakapamiwa kushanda kwema Israeri.

23

Asi nekukasika Mwari aive achaita kuti Faro azive kuti Mwari ndiani zvakare azive simba rinoshamisa raMwari. Faro akayambirwa naMoses naAaron kuti Mwari achazotumira madambudziko paEgipita kusvikira vanhu vaMwari vasunungurwa. Shoko raMwari kuna Faro rikazoti:

24

(Chiverengo: Eksodo 7:17)
...Uchaziva kuti Ndini Jehova nechinhu ichi...
Eksodo 7:17.

25

Madambudziko akazotanga kudonera nzvimbo yekuEgipita. Madambudziko aisvika gumi! Dambudziko rimwe nerimwe risati rasvika, Moses naAaron vakayambira Faro nekutonga kwaizotevera, vachitarisira kuti achasarudza kununura vana vaIsraeri kuitira kuti azvichengete pamwe nevanhu vake panjodzi yaizotevera. Asi Faro akayenderere mberi nokuramba. Nokudaro madambudziko akasiyana siyana akadonhera Egipita.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

26

(Video: 9 sec) Kutanga , rwizi Nile, rainamatwa nemaEgipita sechimwari chavo, rwakashanduka rukava ropa apo Aaron paakarova mvura netsvimbo yake. Hove dzakafa, mvura yese yemuEgipita ikava ropa kwemazuva manomwe. Asi Faro akaramba kubvimira vanhu vaMwari kuti vaende!

27

Kwakatevera chifo chematafi akawanda panzvimbo yeEgipita. Zviuru zvematafi aya zvirimukudya zvimwe mumba nenzvimbo yese! Asi mambo vakaramba kubvumira vaIsraeri kusiya nyika yeEgipita.

28

Chifo chendira chakazouya. Asi mambo vanozvikudza vakaramba zvakare kubvumira vanhu vaMwari kuti vaende. Tarisa kuti zvifo zvitatu zvakadonhera vaHeberu pamwe nemaEgipita; asi zvifo zvinomwe zvekugumisira zvakadonhera maEgipita chete.

29

(Chiverengo: Eksodo 8:22-23)
Nomusi iwoyo ndichatsaura nyika yeGosheni pagere vanhu vangu, kuti ipapo mapute enhunzi arege kuvapo;

30

kuti uzive kuti Ndini Jehova pakati penyika dzose.



31

Ndichaparadzanisa vanhu vangu navanhu vako; chiratidzo ichi chichavapo mangwana.
Eksodo 8:22,23.

32

Kwakazotevera chifo chenhunzi dzakazara muimba yaFaro.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

33

Kwapfuura nhunzi, kwakauya chifo chakauraya mhuka dzese mumadanga avo. Achizviona izvi Faro akatanga kufungisisa. Akatsvaga kuti mhuka dzevaHeberu dzaurawa naidzo kana kuti hadzina sekutaura kwakaita Moses?

34

(Chiverengo: Eksodo 9:7)
Farao akatuma vanhu, vakawana kuti pazvipfuwo zvavaIsreri hapana-zvakafa, kunyange nechimwe chete.

35

Asi moyo waFarao wakava mukukutu, akasatendera vanhu kuyenda.
Eksodo 9:7.

36

Chifo chechitanhatu chakakonzera mota pavanhu nepamhuka, asi mambo vakaramba kununura vana vaIsraeri.

37

Chiporofita chakatevera chakataura nechimvuramabwe.

38

(Video: 8 sec) Asi, Mwari akavimbisa kuti vese vaizvichengetedza pamwe nemhuka dzavo havambourawi. Nhau idzi dzakaenda kwese dzikasvika nukumaEgipita vakateererawo shoko iri nemhuka dzavo. Chimvuramabwe chakauwa chaksangana nemheni avo vakatadza kugadzirira chimvuramabwe ichi vakafa!

39

(Video: 18 sec) MaEgipita vakaona zvirokwazvo kuti nyika iyi yaivanomutamiri wayo iye anova Mwari anorarama, nekuti kupona kwavo chete kwaiva mukuteerera Mwari. Faro akazoratidzika seava kuteerera Mwari, asi chifo ichi pachakapera, akashandura pfungwa dzake zvakare.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

40

(Video: 19 sec) Moses akayambira Faro kuti akaramba zvakare kununura vana vaIsraeri, kuchazowuya chifo chemashu. Vatya chaizvo nezvifo zvavaiona vamwe vaFaro vakamukurudzira kuti aterere arege varanda vaende, asi mambo Faro vakaramba zvakare. Mashu dzikauya sezvakataurwa.

41

Kwakazouya mazuva matatu ekusviba, asi Faro akaenderera mberi achituka Mwari wedenga.


42

Moses akataura kuti chifo chimwe chichadirwa pamaEgipita-chekugumisira chaifanirwa kusatambwa nacho. Ngirozi yaMwari yayiparadza yaiva ichapfuura pakati peusiku kuti iuraye madangwe ese ekuEgipita-kunyangwe vanhu kana mhuka.

43

(Video: 15 sec) Zvakare, vaHeberu vaisaurawa. Asi panguva iyi zvaisakwana kuva muHeberu kana kugara munzvimbo yeGoshen. Kuti urege kuurawa nengirozi, mhuri imwe ne imwe yakarairwa kuti iuraye hwai igomwaya ropa racho pamukova wembayavo sechiratidzo chekutenda kwavo nekuvimbika kunaMwari. Mwari akazovimbisa kuti:



44

(Chiverengo: Eksodo 12:13)
...Kana Ndichiwona ropa Ndichakupfurai,

45

kuti dambudziko rirege kukuwirai, rikuparadzei, kana Ndichirova nyika yeEgipita.
Eksodo 12:13.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

46

Izvi zvinofadza zvakaitiwa pausiku uhwu! Mhuri dzakawanda dzevaHeberu nemaEgipita dzakamira pamikova yavo vakatarira baba vemba, vakabata ndiro yaiva neropa vachimwaya ropa pamukova. Umwe angabvuma kuti vaiva nokutya zvakanyanya kwaiva vana varimadangwe.

47

(Chiverengo: Eksodo 12:29)
Zvino pakati powusiku Jehova wakarova matangwe ose panyika yeEgipita,

48

kubva padangwe raFarao...kusvikira padangwe romusungwa wakanga ari mutorongo,

49

navana vose vemhongora dzezvipfuwo.
Eksodo 12:29.


50

Asi, hapana imba iyo yaivanomukova wayo wakamwaiwa neropa yakawirwa nechifo ichi.


51

Munzvimbo yese yeEgipita kwakanzwikwa kuchema. Nokuvunduka nokutya kukuru, Faro akarangarira kuti akaseka Mwari wevaHeberu achiti:



52

(Chiverengo: Eksodo 5:2)
...Jehova ndiye aniko, kuti nditerere inzwi rake, kuti nditendere vaIsraeri kuyenda?...
Eksodo 5:2.
Iyezvino aiva akuziva. Nekuzvidzikisa, iye nevamwe vake vakadanha Moses naAaron vakavaraira kuti vatore vana vaIsraeri vabudude munyika yeEgipita nekukurumidza, nekuti vaive votya kuti vese vangafe!

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

53

(Video: 11 sec) Pakati peusiku, vanhu vaMwari-avo vakamusarudza somununuri wavo vakasunungurwa. Sekuraira kwaMwari, vakagadzirira nguva iyoyo. Vapfeka shangu mutsoka dzavo vatakura majesi avo, vakarindira rwendo rukuru rokuenda kuCanaan.

54

"Hongo", ungadaro, "zvinofadza izvi zvandanzwa, asi zvakakosha sei kunesu tinogara munguva yanhasi?" Zvingaonekwa kunge hazvinakukosha, asi handizvo. Zvakakosha zvikuru.

55

MuTestamende ritsva, tinowana zviporofita zvinotsanangura zvichaitika munguva yekupedzisira panyika.
Zviporofita izvi zvinobudisa pachena kuti, zvakare, zvifo kana madambudziko achadonera nyika ino panzvimbo yakakura.

56

Hongo, muchiporofita cheBhaibheri, nhoroondo ichadzokororwa. Kwete zvifo zvigumi, asi zvinomwe, zvichaperera pakununurwa pevanhu vaMwari. Kwete kubva muEgipita, asi kubva munyika iyi yakamukira Mwari.

57

Asi, sevana vaIsraeri vakatambudzika vasati vanunurwa muEgipita vakaona zvifo zvichidonhera maEgipita,

58

vanhu vaMwari vachaona kudirwa kwezvifo izvi zvinomwe paneavo vakaramba Mwari apo Jesu asati Auya.
Muporofita Danieri anotsanangura nguva iyi yekunetseka:



59

(Danieri 12:1)
Nenguva iyo Mikaeri uchasimuka, Iye muchinda mukuru unorindira vana vavanhu vako;

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

60

ipapo nguva yenjodzi ichavapo, isinakumbovapo yakadaro kubva pakumuka kwamarudzi avanhu kusvikira nguva iyo;

61

nenguva iyo vanhu vako vacharwirwa, ivo vose vakanyorwa muBhuku.
Danieri 12:1.

62

"Vhangeri risingaperi" rinenge raparidzwa kunyika yese. Kudaidza kwengirosi yechipiri "kubuda mukati meBhabhironi" kana nzira dzenhema dzekunamata kunenge kwaitiwa. Kumunhu wese ngirosi yechitatu inodanidzira kuti:

63

(Chiverengo: Zvakazarurwa 14:9-10)
...Kana munhu akanamata chikara nomufananidzo wacho, nokugamuchira chiratidzo pahuma yake kana paruwoko rwake,

64

naiye uchanwa wo wayini yokutsamwa kwaMwari...
Zvakazarurwa 14:9,10.

65

Iyi ndiyo yambiro inokosha inoshamisa yakambopiwa muBhaibheri kuvanhu. Asi kwete kusvikira chokwadi raisiwa pachena mberi penyika, nevanhu vasarudza pakati pemirairo yaMwari nemirairo yevanhu, pachava nemunhu anogamuchira chiratidzo chechikara kana "kunwa wayini rekutsamwa kwaMwari."

66

Asi kana izvi zvazadzikiswa, mutsa uchavarwa zvachose kuvanhu vese.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

67

Usina kururama ngaarambe achiita zvisakarurama; unetsvina, ngaarambe achisvibiswa;

68

wakarurama ngaarambe achiita zvakarurama; mutsvene ngaarambe ari mutsvene.
Zvakarurama 22:11.

69

Basa raKristu semuPristi Mukuru kudenga rinenge rapera. Nyaya yese inenge yapatsanurwa kuhupenyu husingaperi kana kurufu rusingaperi. Mutsa waMwari wozovarwa! Iyi ndiyo nguva apo nyika paichava "Nekutambudzika kukuru" kwakaonekwa naDanieri.

70

Tereera shamwari, Mwari hazotori vanhu vake nguva yezvifo kana madambudziko manomwe asati apera. Vanhu vaMwari vachava panyika iyi kusvikira zvese zvapera!
Vachachengetwa munguva yezvifo, sevana vaIsraeri pavakachengetwa, asi vanenge vachitambudzika zvakare vachinetseka. Kuchava nguva yekutambudzika kumunhu wese.

71

Shamwari, kutsanangura kunoshamisa kwenhoroondo yenyika hakungasviki paneizvo zvichaitika chaizvo, apo vakaramba Mwari vachinwa khapu yokutsamwa kwamwari isinakusanganiswa nenyasha Dzake. Johane akaratidzwa chidimbu chenguva iyi yekutambudzika kukuru ichavapo kwasara nguva shoma kuti Jesu auye kechipiri nekuzonunura vanhu Vake.

72

(Chiverengo: Zvakazarurwa 15:1)
Zvino ndakawona chimwe chiratidzo kudenga, chikuru chinoshamisa, ichi:

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo



73

Vatumwa vanomwe vanamadambudziko manomwe okupedzisira, nokuti kutsamwa kwaMwari kwakapera nawo.
Zvakazarurwa 15:1. Zvakare Johane akanyora kuti:

74

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:1)
Zvino ndakanzwa inzwi guru richibva mutembere, richiti kuvatumwa vanomwe: Endai,



75

mundodurura panyika ndiro nomwe dzokutsamwa dzaMwari.
Zvakazarurwa 16:1.

76

"Asi," ungabvunza, "Ndezvipi zvifo izvi zvichadirwa nengirosi dzinomwe paneavo vakaramba Mwari?" Uyu mubvunzo wakanaka. Kana tichiverenga nemadambudziko kana zvifo, tichacherechedza kuti zvakafanana neizvo zvakadonhera Egipita. Ngativerengei zvinotaurwa naJohane maererano nengirosi yekutanga:

77

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:2)
Wokutanga akaenda, akadurura ndiro yake panyika;



78

ronda rakaipa rinorwadza rikavapo pavanhu vakanga vanechiratidzo chechikara,

79

vakanamata mufananidzo wacho.
Zvakazarurwa 16:2.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

80

Kuda maronda aya akafanana semota dzakava nemaEgipita padambudziko rechinomwe. Kana kuti akafanana semota dzakabata Jobo.

81

Ungafunge kuti dambudziko rakadai richakonzera chii? Zvikoro kuda zvingavarwa.

82

Mafekitari angavarewo. Zvitoro hazvingatongovurwe.

83

Mahospitari anenge akuwanda nevanhu vachitsvakwa kurapiwa, asi vanachiremba vanenge vanemaronda kana mota dzakangofananawo.
Apo vanhu vachinzwa kurwadziwa nemaronda avo, rimwe dambudziko richavapo!

84

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:3)
Wechipiri akadurura ndiro yake pagungwa; rikashanduka ropa seromunhu wakafa; nezvipenyu zvose zvakanga zviri mugungwa zvikafa.
Zvakazarurwa 16:3.

85

Izvi hazvimbotarisiki, kuchanhuwa, apo zvisikwa zvemugungwa zvichimhanyira kumhenderekedzo. Vanhu vanenge vachitiza vachidonherana vachibva kumhenderekedzo. Asi dambudziko rechitatu rinopindirana nere chipiri.



86

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:4)
Wechitatu akadurura ndiro yake panzizi nomumatsime emvura, ikashanduka kuita ropa.
Zvakazarurwa 16:4.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

87

Chimbofunga! Munhu otsvaga hake mvura yekunwa, panekuti pamude mvura, ropa robuda! Izvi zvinenge zvichirwadza zvikuru.
Kunyangwe madambudziko manomwe achityisa sei, Kutonga kwaMwari kunenge kwakanaka kwakadzivirirwa. Nekuti ngirosi inoti:

88

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:5-6)
...Imi, Makarurama, Mwari...nokuti makatonga saizvozvo.



89

Nokuti vakadurura ropa ravatsvene neravaporofita,

90

mukavapa ropa, kuti vamwe...
Zvakazarurwa 16:5,6.
Panguva iyi, apo vakaramba Mwari vachifa nenyota vasina chokunwa kunze kweropa, vimbiso inopiwa kune uyo anofamba nekururama:



91

(Chiverengo: Isaya 33:16)
...zvokudya zvake uchazvipiwa, mvura yake haingapwi. Isaya 33:16.

92

Zvino Bhaibheri rinoti: "Zvino wechina akadurura ndiro yake pamusoro pezuva, rikapiwa simba kuti ripise vanhu nomoto.

93

Vanhu vakapiswa nokupisa kukuru, vakamhura zita raMwari, unesimba pamusoro pamadambudziko awa;



94

havana kutendewuka, kuti vamukudze.
Zvakazarurwa 16:8,9.
Ngirosi yechishanu yakadira dambudziko rayo pamusoro pechikara:



95

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:10-11)
Wechishanu akadurura ndiro yake pamusoro pechigaro chowushe chechikara; wushe wacho hwukasvibiswa,

96

vakatsenga marimi avo nokurwadza.

97

Vakamhura Mwari wokudenga pamusoro pokurwadza kwavo namaronda avo;

98

asi havana kutendewuka pamabasa avo.
Zvakazarurwa 16:10,11.

99

Pachinyorwa ichi tinoona kuti madambudziko aya haitike munyika yese, kana kuti anouraya ese, nemhaka yekuti tinoona kuti padambudziko rechishanu vanhu vanenge vachingotambura padambudziko rekutanga remota. Madambudziko aya anodonha achiteverana. Padambudziko rechitanhatu, pachava nehondo guru, iyo Armageddon:



100

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:12-14)
Zvino wechitanhatu akadurura ndiro yake pamusoro porwizi rukuru, runonzi Yufratesi;

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

101

mvura yarwo ikapwa, kuti nzira dzamadzimambo anobva kumabvazuva dzigadzirwe.

102

Ipapo ndakawona mweya yetsvina mitatu yakaita samatafi ichibva...mumuromo wechikara,

103

nomumuromo womuporofita wenhema.

104

Nokuti ndiyo mweya yakaipa inoita zviratidzo;

105

inoenda kumadzimambo enyika yose,



106

kuvakokera kukurwa pazuva iro guru raMwari wamasimba ose.
Zvakazarurwa 16:12-14.
Zvakazarurwa 16:16 anoti:

107

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:16)
Akavawunganidzira panzvimbo inonzi Amagedhoni nechiHeberu. Nyika yese inenge irimukati pehondo iyi yekugumisira. Johane akanyora kuti:

108

(Chiverengo: Zvakazarurwa 19:11,14-15)
Ipapo ndakawona kudenga kwazarurwa, ndikawona bhiza jena;

109

naiye wakanga agere pamusoro paro wakanzi: Wakatendeka noWazvokwadi; unotonga nokurwa zvakarurama.

110

Hondo dzokudenga dzakamutevera, dzakatasva mabhiza machena, dzakafuka mucheka wakanaka muchena, usinetsvina.



111

Mumuromo make makabuda munondo unopinza, kuti arove marudzi nawo;



112

...unotsika chisviniro chehasha dzokutsamwa kwaMwari wamasimba ose.
Zvakazarurwa 19:11,14,15.

113

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:17-18, 20-21)
Zvino wechinomwe akadurura ndiro yake mudenga, inzwi guru rikabuda

114

muchigaro chowushe, richiti: Zvapera!

115

Ipapo mheni yakavapo, namanzwi nokutinhira; nokudengenyika kwenyika kukuru kwakavapo...

116

Zviwi zvose zvikatiza, namakomo haana-kuwanikwa.

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo

117

Chimvuramabwe chikuru, chinobva kudenga, chikawira pamusoro pavanhu, kurema kwebwe rimwe nerimwe kukaita setarenda;



118

vanhu vakamhura Mwari nokuda kwedambudziko rechimvuramabwe, nokuti dambudziko racho raiva guru chaizvo.
Zvakazarurwa 16:17-18, 20-21.

119

Vadzidzi vakawanda vanoti chienzaniso chetarenda chinosvika 57 pounds. Ichi chinenge chirimvuramabwe chinotyisa zvikuru chinenge chichiparadza.

120

Asi Bhaibheri rinoti Mwari pachake achapindira pahondo iyi apo paanouya nemauto ese ekudenga kuzonunura vanhu Vake panyika yamukira Mwari.

121

"Asi," ungabvunza, "Ndingachengetedzeke sei apo pachatanga madambudziko aya?" Pane nzira imwe chete.

122

Tarisa, vanhu vakanunurwa panguva yedambudziko rechinomwe muEgipita vaive varatidza kutenda kwavo nekuvimbika kwavo kunaMwari semu Nunuri wavo nekumwaya ropa regwayana pamikova yavo. Ngirozi yaiuraya payakapfuura dzimba dzavo, vakachengetwa kana kupona mukati mokuparadzwa. Vaive vatevera mirairo yaMwari zvakare vaive vavanokugadzirira kwakakodzera.

123

Zvakare, vanhu vaMwari vachachengetwa kana kupona apo madambudziko paachadonha kan vagamuchira Gwayana raMwari sechibairo chavo vakabvumira ropa rake kuti richenure zvivi zvavo.

124

Nehupenyu hwedu, tirikusarudza iye nhasi kuti tichavakuru tivi rupi--rwaMwari, kana kuti rwengirosi yakamukira Mwari. Shamwari, kana ngirozi dzinoparadza dzatanga basa radzo, zvinenge zvanonoka kuchinja mativi! Mutsa unenge wavharwa zvachose. Haungazviisi here parutivi rwaMwari, uchengetwe neropa raJesu iyezvino? Manzwi anosiririsa akambotaurwa nevanhu anowanikwa muna Jeremia 8:20

125

(Chiverengo: Jeremia 8:20)
Kucheka kwapera, zhezha rapfura, asi tigere kuponeswa.

126

Nyaya inotaurwa yemuchinda aibva ku Australia akavaka chimba chidiki mudondo. Chaisa shamisa asi chaiva chirimusha kwaari. Nerimwe zuva, paakabva kubasa achienda kumusha wake uyu,

127

akashamisika akarwadziwa kuwana chiimba chake chavamadota ega ega. Chaive changosara kwaiva simbi dzakatsva nezvimwe zvishoma. Akaenda apo paaichengetera huku yake kuti atarise chatora nzvimbo.

128

Zvaakasangana nazvo kwaiva madota zvakare nezvimwe zvitambo zvakatsva. Akaramba achivhundunura zvinhu izvi zvakatsva. Paakatarisa patsoka dzake, maziso akaona mapapiro ehuku yake akatsva ndobva aziva kuti huku yake yatsvawo. Akatsamwa akakava mapapiro aya nokurwadziwa kukuru. Unofunga kuti chii chakaitika?

129

Paakakava mapapiro aya akatsva, pakabuda hukwana ina dzaive dzakakomberedzwa nemapapiro ehuku irimai.
Nemanzwi akanaka emuBhaibheri, Mwari anotsanangura zvaanoda kuitira vanha vake panyika apo pachatanga madambudziko manomwe:

23 - KUPONA MATAMBUDZIKO AVAPEDYO

23 - Kupona Matambudziko Avapedyo



130

(Chiverengo: Mapisarema 91:1,4)
Uyo ugere panzvimbo yokuvanda yoWokumusoro-soro



131

Ucharambira pamumvuri wo-Wamasimba-ose.



132

Iye uchakufukidza nemhinenga yake, uchatizira pasi pamapapiro ake;



133

zvokwadi yake inhovo huru neduku.
Mapisarema 91:1,4.
Hongo, Mwari akapa vimbiso yakakosha kuneavo vanosarudza kumutevera:



134

(Chiverengo: Mapisarema 91:5-11)
Haungatyi chinhu chinovundusa wusiku, kana museve unofurwa masikati.



135

Kana hosha inofamba murima, kana kuparadza kunowuraya masikati.

136

Kurutivi rwako kuchawa vanegumi ramazana, nezana ramazana paruwoko rwako rworudyi; asi hazvingasvederi kwauri.



137

Uchangozvitarira hako nameso ako, ukawona mubayiro wavakaipa.



138

Nokuti imi Jehova, muri wutiziro wangu! Iwe wakaita Wokumusoro-soro wugaro wako.



139

Hapana chakaipa chingakuwira, wuye hapana hosha ichaswedera patente rako.



140

Nokuti Iye ucharaira vatumwa vake pamusoro pako... Mapisarema 91:5-11.

141

(Video: 15 sec) Haudi here kuchengetiwa kana kudzivirirwa pamabapiro aMwari apo pachatanga madambudziko? Apo panenge pasisina kwekuvanda? Baba vako varikudenga vanoda kukuchengeta vokununura panguva iyi yekutambura nekuparadzwa.

142

Paunopira hupenyu hwako kwaari, achakwanisa kukudzivirira sehukukadzi inochengeta vana vayo pasi pemapapiro. Sarudzo ndeyako. Ndinechokwadi kuti Mwari anoda kukuitira sarudzo nokuti anoda kuva newe zvachose munguva isingaperi, asi hakwanise kukusarudzira. Ndiwe wega unokwanisa kuita sarudzo iyi. Usanonoka. Iyi ndiyo nguva yokuzviita.

24 - Chivi Mumaketane

1

Apo Satani asisingandiedzi

2

Boka re Arctic Explorers rakatambura riri pachiwi chisina upenyu. Kudya kwavo kaipera nekukasika. Vakanga vadya kudya kwavo kwekupedzisira. Mafuta avo aive avamashoma.
Chando chakanga chavakurira, vakazvi gadzirira kusangana nezvakaoma.
Vakaziva kuti rufu rungango uya.
Apo vanga vasisina hanya nazvo.


3

umwe wavo aive akufa akanzwa kunhuwa kwehutsi. Chihutsi chaisimuka nechokure kure. Zvakaratidza kuti umwe munhu akanga ava kunzwanana navo pa radio yavo. Rubatsiro rwakanga rwavapedyo. Rudzikinuro rwakanga rwaswika. Chihutsi ichi chakava vimbo yokumiririra. Kushushikana kwavo kwakanga kwasika kumagumo. Vakanga vava kuzodzikinurwa kuti vadzokere kumusha.
Kumusha pakupedzisira!

4

Bhuku rekupedzisira muBhaibheri ra Zvakazarurwa, rinopangidza kuti, rubatsiro rurimunzira. Nekukasika, tichadzikinurwa.
Dambudziko rechitema richapera.
Tichadzikinurwa, uye Satani achasungwa.
Tichasungurwa, Satani asungiwe.
Tichasimudzwa mudenga tichingamidze Jesu, Satani achasungwa nemaererano (circumstances) panyika.
Tichapiwa rutongo rwehupenyu husingaperi, zvino Satani nevatevedzeri vake vachapiwa rutongo rokuparardzwa nekusingaperi.

24 - Chivi Mumaketane

5

(Video: 13 sec) Nguva imwe neimwe, mutongi kana vatongi munyika vanotonga umwe munhu murutongo rwakarebesesa, kuti varatidze kutsamwa kwavo nemhosva yapariwa.
Rutongo rwemhosva nhatu kana ina pachinguva nyangwe makumi mapfumbamwe nepfumbamwe yamakore (99 years) kana anemhosva achembera, rutongo rwake runodzikiswa nekuona kuti hakumbo zadzikiswi kwese sezvo mupari wemhosva anenge achembera..



6

Asi kuburikidza nemutongi kana vatongi, rutongo runoratidza kutsamwa kwevagari vemunharaunda nemhosva dzakaipa.



7

Unoziva here kuti panenguva ichauya apo mutongi paachapa rutongo rwemakore 1000 uye anemhosva achayishandira zuva nezuva?

8

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:1-3)
Tereera manzwi aya emuBhaibheri: "Zvino ndakavona mutumwa achiburuka kudenga, anekiyi yegomba rakadzika-dzika, neketani huru muruvoko rwake."



9

"Akabata shato, nyoka yakare, ndiye Dhiabhorosi naSatani, akamusunga makore anegumi ramazana."



10

"Akamukandira mugomba rakadzika-dzika, akamupfigira mo, akaisa chisimbiso pamusoro pake,

11

kuti arege kuzonyengera marudzi kusvikira makore anegumi ramazana apera;

12

shure kwaizvozvo unofanira kusunungurwa chinguva chiduku."
Zvakazarurwa 20:1-3.

13

Apa tinoona kuti Mwari anezano rekupa rutongo kumutadzi mukuru akambovepo panyika, uyo akavamba chivi chese nezvese zvakaipa zvakambovepo panyika.
Asi nguva irirkuuya apo paachakandirwa mujere kwemakore 1000!
Makore 1000 ari munyika yakaparadzwa. Nguva ndiyo inosidaidzwa kunzi millenium.

14

Chinyi Makore gumi remazana?



15

Makore gumi remazana anodaidzwa kunzi "millenium," vara rinobva kurudzi rwechi Latin, mille achireva "gumi remazana", na annum achireva "gore."

16

Chiporofita chinotitaurira zvakare kuti Satani achakandirwa mujere kwe



17

makore gumi remazana uye kuti achazosunungurwa kwenguva shoma kuratidza nyika kuti kunyangwe asungwa kwemakore gumi remazana, anakukwanisa kushanduka asi anongova Satani akangofanana.
Kuti tinzwisise chipororfita ichi nezvachinoreva, tinofanira kuziva kuti chinovamba seyi, uye chinopera seyi nekuti chinyi chinoitika pakati penguva iyi.

24 - CHIVI MUMAKETANE

24 - Chivi Mumaketane



18

Regai nditaure izvi iye zvino, uye ndichayendera mberi ndichiratidza chokwadi chazvo.
Makore gumi remazana aripakati pekumuka kwevakafa kwemando mbiri:



19

1). Kumuka kwavakafira munaJesu pekutanga,



20

2) nekumuka kwavakaramba ruponeso kuchaitika kumagumo.

21

(Chiverengo: Johane 5:25)
Nerimwe zuva Jesu ayidzidzisa vadzidzisi vake maererano nerufu, Akati:
"Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Nguva inowuya, nazvino yatovapo,

22

nayo vakafa vachanzwa inzwi roMwanakomana waMwari; vanonzwa vachararama."
Johane 5:25.
Tazviona apo.
Vakafa vachanzwa inzwi rake vagorarama.
Zvichireva kuti vakafa vese vachamutswa.
Ndinoziva kuti vamwe venyu vachashamisika, nemhaka yekuti manga muchifungidzira kuti vakururama chete ndivo vachamutswa.
Tarisa kuti Jesu anotsanangura achitii mumavhesi a 28 na 29 pachitsauko ichi.

23

(Chiverengo: Johane 5:28,29)
"Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguva inovuya, nayo vose vari mumakuva vachanzwa inzwi rake,

24

vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwovupenyu,



25

avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokutongwa."
Johane 5:28,29

26

(Video: 4 sec) Tarisa rumuko ruviri.
Rokutanga, rumuko rweavo vakarurama, Rwechipiri rumuko rweavo vakaramba ruponeso.

27

Tereera kuti Bhaibheri rinoti kudini maererano neavo vachamuka parumuko rwekutanga:

28

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:5,6)
"...Ndiko kumuka kokutanga."



29

"Munhu unomugove pakumuka kokutanga wakaropafadzwa, mutsvene; rufu rwechipiri harunasimba pamusoro paivava;



30

asi vachava vaprista vaMwari navaKristu, vachabata hushe pamwe chete naye makore anegumi ramazana."
Zvakazarurwa 20:5,6.

31

Izvi zvinofambira nezvakataurwa naPauro kuva Tesaronika.
Tarisa kuti anotsanangura sei kuuya kwechipiri kwaKristu.

24 - Chivi Mumaketane

32

(Chiverengo: 1 VaTesaronika 4:16,17)
"Nokuti Ishe pachake uchaburuka kudenga nokudanidzira, nenzwi romutumwa mukuru,

33

nehwamanda yaMwari; vakafa munaKristu vachatanga kumuka."



34

"Zvino isu vapenyu, vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe mudenga;

35

naizvozvo tichava naShe nguva dzose."
Vhesi 16, 17.

36

Uku kutsanangura kwakanaka uye kunoshamisika kwerumuko.
Uchacherechedza kuti vakafira muna Kristu vachamuka kutanga, uye vateveri vese vaKristu vachasangana nevamutswa vachichingamidza Jesu mudenga!

37

(Chiverengo: Johane 11:25)
Nezuva iroro kuvimbisa kwaJesu kuchazadzikiswa kunoti, "...Unotenda kwandiri, kunyange akafa, uchararama."
Johane 11:25.

38

Hongo, vakarurama vakafa vachamutswa mumakuva avo apo Jristu paachauya.

39

(Chiverengo: Isaya 26:19)
Isaya anotsanangura nguva iyi yomufaro: "...Mukai muimbe, imi mugere muguruva...nyika ichabudisa vakafa."
Isaya 26:19.
Richava zuva rakanaka kwazvo!

40

Vanamai vachabatanidzwa zvakare nevana vavo vakafa. Varume nevakadzi vavo vachabatanidzwa zvakare. Vanakomana ne vanasikana vachabatanidzwa zvakare nevabereki vavo!
Ichava nguva inemufaro neku rumbidza kukuru!

41

(Chiverengo: Johane 142:2,3)
Vimbiso yakataurwa naJesu ichazadzikisa, yekuti: "...Ndinoenda kundokugadzirirai pokugara."

42

"Kana ndaenda kundokugadzirirai pokugara, ndinozovuya zve, ndikugamuchirei kwandiri;

43

kuti apo pandiri, nemi mugovapovo."
Johane 14:2,3.
Iyi ndiyo nzvimbo ichanogara vakaponeswa kwemakore gumi remazana!



44

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:6)
Chinyi chatinenge tichiita? Johane anotitaurira: "Munhu unomugove pakumuka kokutanga wakaropafadzwa, mutsvene; rufu rwechipiri harunesimba pamusoro paivava;



45

asi vachava vaprista vaMwari navaKristu, vachabata vushe pamwe chete naye makore anegumi ramazana."
Zvakazarurwa 20:6.
Panze pemufaro waKristu nevateveri vake, Johane anotsanangura nekudzama pamusoro pezvinenge zvichaitiwa nevatsvene kwemakore gumi remazana varikudenga:

24 - Chivi Mumaketane

46

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:4)
"Ipapo ndakavona zvigaro zvovushe, vakagara pamusoro pazvo, vakapiwa simba rokutonga..."
Zvakazarurwa 20:4.
Mwari unemasimba nehuchenjeri, uye Mwari anerudo achavamba kuti vatsvene vakaponeswa vatonge ngirozi dza Satani nevanhu vese vakaramba ruponeso.



47

(Chiverengo: 1 Vakorinte 6:2,3)
Pauro anoti: "Hamuzivi here kuti vatsvene vachatonga nyika?..."

48

"Hamuzivi here kuti tichatonga vatumwa?..."
1 VaKorinte 6:2,3.

49

Zvichaonekwa pachena kuti Mwari akanaka, uye hasarudzi zvakare kutonga kwake kwakarurama.
Kwemakore akawanda Satani akashora achiti Mwari haana kutonga kwakanaka nerudo.
Makore aya egumi remazana ndiwo achatiratidza kuti Mwari anerudo uye kutonga kwake kwakarurama.
Nekudaro kuda kwaMwari nezvaanovamba zvicharemekedzwa munyika yese!
Asi nemhaka yeyi tichatsvaka kutonga ngirozi dza Satani nevakaramba ruponeso?
Vanenge vasina kutongwa here apo Jesu asati auya kechipiri?

50

ichokwadi, asi wakambo funga here kuti uchanzwa seyi kana kuti uchafunga kudini apo pauchasvika kudenga woshaya munhu wawayifungira kuti achavako?
Ungazobvunza kururama kokutonga kwaMwari maererano naizvozvo.

24 - Chivi Mumaketane

51

Nenguva yemakore gumi remazana, mabhuku evavo vakaramba ruponeso achavhurwa.
Pfungwa dzese dzakavanzika nezvinangwa zvese zvayiva mupfungwa zvichabudiswa pachena.
Rudo rwaMwari nekutonga kwake kwakarurama kuchaonekwa.

52

(Chiverengo: Zvakazarurwa 16:7)
Avo vanenge vachiwongorora magwaro vachasara vanemhinduro imwe chete: "...Hongo Ishe, Mwari wamasimba ose, kutonga kwenyu ndokwazvokwadi kwakarurama."
Zvakazarurwa 16:7.

53

Ungava nemubvunzo maererano nezvichaitika kunevapenyu vakaramba ruponeso apo Jesu paachauya. Zvakazarurwa 19 anotsanangura kuuya kwechipiri kwaJesu uye nekuparadzwa kweavo vakaramba ruponeso nemanzwi aya:

54

(Chiverengo: Zvakazarurwa 19:21)
"Vakasara vakawurawa nomunondo waiye wakanga

55

akatasva bhiza, wakabuda mumuromo make..."
Zvakazarurwa 19:21.

56

Vakaramba ruponeso vachakoniwa kumira mberi pekubwinya kwaJesu apo paachauya nevatumwa vatsvene vake vese.

57

Ngirozi imwe chete yakauya paguva raJesu mawuto emaRoma akaita sevakafa.

24 - Chivi Mumaketane



58

(Chiverengo: Jeremia 25:33)
Bhaibheri rinoti, "Nezuva iro vakawurawa naJehova vachavapo kubva kunomumwe mugumo wenyika kusvikira kunomumwe mugumo wenyika;



59

havangachemwi, kana kuvunganidzwa, kana kuvigwa; vachava mupfudze pasi pose."
Jeremia 25:33.

60

Pakuuya kwechipiri kwaJesu, vakarurama vachamutswa vagoshandurwa kuchingamidza Kristu mumakore,

61

uye vakaramba ruponeso vachaurawa nekubwinya kokuuya kwake--ne 'mashoko anobuda mumuromo make."
Umwe angabvunze kuti, "Chinyi chichaitika kunevakaramba ruponeso vanenge varimuma kufa avo?"
Mhinduro inopiwa muna Zvakazarurwa 15:20:

62

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:5)
"Vamwe vakafa havana kurarama kusvikira makore anegumi ramazana apera."

63

Zvisinganzwisisike zvotanga kunzwisisika.
Totanga kunzwisisa izvo zvichaitika apo pachauya Jesu Kristu:

64

Izvi ndizvo zvichatora nzvimbo apo pachauya Jesu

24 - Chivi Mumaketane

65

1. Jesu uchauya nengirozi dzake dzitsvene dzose.(Mateo 25:31)



66

2. Vakafira munaKristu vachamuka kutanga.
(1 VaKorinte 4:16).

67

3. Vanorarama vakaponeswa vachasangana naJesu mudenga.
1 VaTesaronika 4:17)



68

4. Vakaponeswa vagoenda kudenga vatonge naJesu kwemakore gumi remazama.
Zvakazarurwa 20:4,6.

69

5. Vakaramba ruponeso vachawuraiwa nokubwinya kwaJesu achiwuya.
-Jeremia 25:33



70

6. Vakafa vakaramba ruponeso havamutswi mupakara makore anegumi remazana apera.
- Zvakazarurwa 20:5.



71

7. Satani uchasungwa kwemakore anegumi remazama neketani renzvimbo yaachazviwana ari -
hapana waachayedza kana kuwuraya!



72

Vatsvene vanenge vatove kudenga, vese vakaipa vakafa.
Wose munhu aenda!
kose-kose kune mharadzo.(Jeremia 4:23-26).

24 - Chivi Mumaketane


73

Nyika inozova jere ra Satani.
Bhaibheri rinoti Satani akakandirwa mugomba rakadzikira kwemakore gumi remazana.
Anozosungwa neipi nzira?
Anosungwa neketane renzvimbo yaanenge ari , apo paachakoniwa kuita basa rake raanofarira rekuedza nekuparadza kwemakore gumi remazana.

74

Avo vanenge vatevera Satani muhupenyu hwavo panyika vachaurawa nekubwinya kwaJesu apo paachauya, kana kuti vacharamba varimumakuva avo kusvikira makore gumi remazana apera.

75

Vakaponeswa vese vanenge vana Kristu kwemakore gumi remazana.

76

Satani anenge anengirozi dzake chete dzakamuteerera dzikaipa saye.

77

Nyika iyi inozova jere.
Satani aida kuratidza kuti achatonga seyi nyika, nekudaro akatorera Adamu na Eva kutonga kwavo nekuvanyengera, asi panguva iyi munhu wese achawona kuti mutungamiri akadini!

78

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:3)
Ucharangarira kuti Zvakazarura 20:3 anoti:
"Akamukandira mugomba rakadzika-dzika, akamupfigiramo, akaisa chisimbiso pamusoro pake,

79

kuti arege kuzonyengera marudzi kusvikira makore anegumi remazana apera;

80

shure kwaizvozvo unofanira kusunungurwa chinguva chiduku."
Vara remuBhaibheri rinoreva gomba rakadzikira ivara rinoti ABUSSOS.
Iri ivara rakafanana rinoshandiswa muTestamende yakare kutsanangura nyika apo Mwari asati ayisika.



81

(Chiverengo: Jeremia 4:23)
Iri ivara rakafanana rinoshandiswa mubhuku ra Jeremia:
Ndakatarira nyika, ndikaivona yaparadzwa, isinechinhu; ndikatarira denga rose, asi rakanga risinechiedza."
Jeremia 4:23.

82

Hongo, nyika yedu ichava abussos kana kuti "gomba rakadzika-dzika."
Nyika ichava nerima!
Tarisa zvakare kuti Jeremia anoti kudini maiarana nenyika panguva iyi:



83

(Chiverengo: Jeremia 4:24, 25)
"Ndakatarira makomo, ndikavona achidedera, nezvikomo zvose zvichizununguka."

84

"Ndakatarira ndikasawona munhu, neshiri dzose dzokudenga dzakanga dzatiza."
Jeremia 4:24, 25.
Uchaona kuti panoti, "Paive pasina munhu."

85

(Chiverengo: Jeremia 4:26)
Zvakare Jeremia anoti, "Ndakatarira ndikawona nyika yakanga ichibereka zvakanaka yavarenje,

86

namaguta ayo ose akanga akoromoka pamberi paJehova, napamberi pokutsamwa kwake kukuru."
Mavhesi 26,27.

24 - Chivi Mumaketane

87

Iyi inoratidzika senzvimbo inorwadza kugara kwemakore gumi remazana.
Satani ne ngirozi dzake vanenge vasina chekuita kwemakore aya asi vachingofamba-famba munyika isina vanhu uye inerima. Panguva iyi vachafungisisa nemubairo wekumukira Mwari!

88

Ngatidzokororei zvichaitika panguva yemakore gumi remazana:



89

1. Nyika inenge iyakaparadzwa isina vanhu.



90

2. Vese vakaramba ruponeso vanenge vakafa, vakawuraiwa nokubwinya kokuuya kwaJesu.



91

3. Vese vakaponeswa vanenge varikudenga vachitonga naKristu.



92

4. Satani anenge akasungwa munyika iyoyi yaparadzwa kuti afungisise zvaakaita.

93

Satani acha tendeuka here?
Ko ngirozi dzaakakonzera kuti dzimukire Mwari?
Vachasarudza here kuti vamutevere zvakare?
Chimwe chikonzero chekuti Mwari agadzire nguva yemakore gumi remazana ndechekuti aratidze nyika yese kuti kunyangwe Satani neavo vese vanomutevera vakapiwa mamwe makore akawanda kuti vamusarudze vanenge vacharamba vanesarudzo yakangofanana uye vachitevera mambo wavo anova Satani.

94

Vanenge vacharamba zano roruponeso zvakare nyangwe vangapiwe mimwe mikana yekugamuchira Jesu.

95

Bhaibheri rinoti kudini maererano nesarudzo yavo?



96

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:7,8)
Mhinduro inopiwa muna Zvakazarurwa 20:7,8:
"Zvino kana makore anegumi ramazana apera, Satani uchasunungurwa mutorongo yake,



97

uchabuda kundonyengera marudzi ose ari kumativi mana enyika...



98

aavunganidzire kundorwa; kuwanda kwavo kwakaita sejecha regungwa."
Zvakazarurwa 20:7,8.
Kuda ungava nemubvunzo wekuti vanhu vakawanda varimuhondo iyi vanenge vabva kupi.

99

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:5)
Rangarira, tinoverenga muna Zvakazarurwa 20:5 kuti:
"Vamwe vakafa havana kurarama kusvikira makore anegumi ramazana apera..."

24 - CHIVI MUMAKETANE

100

Hongo, vamwe vese vakaramba ruponeso vakafa vanomutswa parumuko rwekunorasiwa pakupera kwemakore gumi remazana.
Zvichashamisa seyi kuwona vese vakaipa kubvira vairarama munguva ya Adamu kusvikira kumagumo enyika.

101

(Zvakazarurwa: Zvakazarurwa 20:8)
Johane anoti, "...Kuwanda kwavo kwakaita sejecha regungwa."
Zvakazarurwa 20:8.

102

Panguva iyi guta dzvene, Jerusarema Idzva, rinenge rina Kristu nevavo vese vakaponeswa richadzikira panyika apo pachapera makore gumi remazana!
Paachaona guta iri Satani achashatirwa zvikuru, nekuti Bhaibheri rinoti,



103

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:7,8)
"Zvino kana makore anegumi ramazana apera, Satani uchasunungurwa mutorongo yake,



104

Uchabuda kundonyengera marudzi ose ari kumativi mana enyika...



105

avaunganidzire kundorwa..."
Zvakazarurwa 20:7,8.

24 - Chivi Mumaketane

106

Iyezvino Satani nengirozi dzake vachaenda kunonyengera vakaipa zvakare!
Anenge asina kutendeuka nyangwe padiki!
Zvakare vakaramba kuponeswa vachasarudza Satani semutungamiriri wavo.
Satani achazova raira uye avatungamirire kuti vakunde Jerusarema Idzva.
Iyi ichava hondo yekuguma yenyika!
Hondo huru ichitungamirirwa na Satani ichaenderera mberi ichida kunotora Jerusarema Idzva!

107

Ngativerengei kuti Bhaibheri rinoti chinyi chichazoitika:

108

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:9)
"Vakabudira kunyika, vakakomba misasa yavatsvene neguta rinodikanwa;



109

ipapo moto wakaburuka uchibva kudenga, ukavaparadza."
Zvakazarurwa 20:9.

110

Hondo yapera! Zvichasiririsa seyi.
Chinyi chichazoitika kuna Satani? Bhaibheri rinoti taurira kuti:

111

(Chiverengo: Zvakazarurwa 20:10, 14,15)
"Zvino Dhiabhorosi, wakavanyengera, akakandwa mudziva romoto nesurferi..."

112

"Ipapo rufu neHadesi zvakakandirwa mudziva romoto. Ndirwo rufu rwechipiri..."

24 - Chivi Mumaketane

113

"Zvino kana munhu akawanikwa asina-kunyorwa mubhuku rowupenyu, wakakandirwa mudziva romoto."
Zvakazarurwa 20:10, 14,15.
Petro akawona izvi pamuwono waakapiwa naMwari akanyora kuti:

114

(Chiverengo: 2 Petro 3:10)
"...naro denga richapfuvura nokutinhira kukuru, nezvedenga zvichaparadzwa zvichipiswa,

115

nenyika namabasa ari mairi achapiswa."
2 Petro 3:10.
Satani nengirozi dzake, neavo vese vakaramba ruponeso vanenge vaofa zvachose!

116

Tingava nehama kana shamwari dzatinoda zvikuru dzakaramba ruponeso dzichava mukati veavo vachafa zvachose.
Hongo, tichachema apo pavachafa.

117

(Chiverengo: Zvakazarurwa 21:4)
Asi nhau dzakanaka dzinoti: "Uchapisika misodzi yose pameso avo; rufu haruchavipo,

118

kana kuchema, kana kurira, kana kutambudzika hazvingavipo; nokuti zvokutanga zvapfuvura."
Zvakazarurwa 21:4.

24 - Chivi Mumaketane

119

Mwari anovimbisa hupenyu husingaperi hwakanaka kwazvo kune vakaponeswa!
Pfungwa yemunhu hayinganzwisisi kubwinya nekunaka kwe paridiso Mwari yaarikugadzirira avo vanomuda vanodisa kumutevera!
Ndipo vakaponeswa pavachanyatsonzwisisa kusachenjera kwevanhu vakaramba ruponeso, apo pavachaona kunaka kwedenga!
Vacharashwa ndivo vakaramba kusarudza Jesu seMuponesi wavo na Mambo wavo.
Ko iwe unenge uri kubato ripi nezuva iroro?
Kana zuva iroro rasvika zvinenge zvanonoka kuti uchinje bato raunenge uri. Zvinenge zvanonoka zvakare kana ungafe usina kugamuchira ruponeso.
Nzira yekuva nechokwadi kuti unenge uri mubato revakaponeswa shure kwemakore gumi remazana ndeye kupa moyo nehupenyu hwako hwese kuna Jesu izvozvi, IYE NHASI!

120

Kana uchida kupa hupenyu hwako nekuperera kuna Jesu, ndinokukumbira kuti uuye mberi tive nemunamato wakakosha.
Kana unezvinokutambudza muhupenyu hwako, uya mberi tive nemunamato.
Kana panechivi chirikukunetsa chaunoda kukunda, uya mberi tivenemunate.
Kana pane muedzo urikukunetsa, uya mberi tinamate.
Jesu achakunzwa, Jesu achakupindura. Ndichamira kwechinguva apo paunouya mberi. Uya mwana waMwari, uya iyezvino.

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

1

Denga riripo zvechokwadi

2

Nyaya inotaurwa yemwanasikana mudiki aive agara hupenyu wake arimuguta. Nemhaka yezviedza zvakawanda muguta iroro, aisawana nguva yekuona zvakanaka nyeredzi dzemudenga.
Nerimwe zuva mai vake vakamutora vakashanyira naye kumamisha.


3

Kwava manheru, nyeredzi dzakavaimira nekunaka mudenga. Mwanasikana uyu akashamisika zvikuru paakaona izvi.
Akamhanya achienda kuna mai vake akati, "Mama, kana denga rakanaka sezvandiri kuona kurutivi rwakaipa, zvino rakadini kurutivi rwakanaka."

4

(Video: 5 sec) Nyaya yedenga inofadza vanhu vakawanda. Denga rakamboitaseiko?
Iro rinombovepo here?
Kana zvakadaro, ririkupi, uye rinotaridzika sei?

5

Vamwe vanhu havabvumi kuti kunedenga.
Vamwe vanoti kune madenga matatu, kana manomwe.
Vamwe vanoti unoyenda kudenga kana ukafa.

6

Vamwe vanoti kwete, unoyenda kugehena kutanga, wozopfurira mberi uchiyenda kudenga.

7

Vamwe vanoti denga haripo, asi ririmupfungwa dzedu chete.

25 - ZVAKANAKA ZVICHATI ZVOUYA!

8

Paneavo vanotenda kuti nekufamba kwenguva munhu wese achaguma ava kudenga.
Vamwe vanoti vanhu vashoma chete ndivo vachabudirira kuenda kudenga.
Pane kunyonganika kwakawanda uye pane kufungidzira kwakawanda!

9

(Video: 7 sec) Nemhaka yeyi pane kufungidzira kwakasiyana-siyana?
Nemhaka yeyi panenyongano yakawanda iro Bhaibheri richizvibudisa pachena?

10

Wanga uchiziva here kuti Bhaibheri rinotsanangura zvakawanda maererano nedenga?
Mwari anoda tizive kuti denga rakamira seyi kuitira tisarudze kuveko!
Denga hayizi nzvimbo yakavanzika Mwari yaasingadi kuti tizive.

11

Zvivakwa zvakawanda zvikuru mumaguta enyika zvine kiyi inopindirana nemukova we nzvimbo imwe ne imwe.

12

Muridzi wechivakwa ane kiyi inonzi kiyi hombe (master key). Kiyi iyi inokwanisa kuvhura mikova yese iripo.

13

Mwari ane kiyi hombe inovhura zvakavanzika zvose zvedenga, uye kiyi iyi inonzi Bhaibheri--Bhuku redu rakavimbika matinowana mhinduro yese yatinoda.
Nekudaro hativimbi nezvinhu zvinofungiwa nevanhu asi tinoenda kuBhaibheri.
Hatifaniri kunyonganika maererano nechokwadi chayicho chedenga.

14

Mupostori Petro akanyora nekuvimbika kweBhaibheri.

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

15

(Chiverengo: 2 Petro 1:19)
"Vuye tineshoko rovuporofita rakasimba kwazvo, ramunoita zvakanaka kana muchiteerera, rakaita somwenje unovhenekera munerima,

16

kusvikira vutonga huchitsvuka, nenyamasase ichibudira moyo yenyu."
2 Petro 1:19.

17

Mwari azvibudisa pachena mushoko rake:
Kuti denga rinenge riripi
Kuti denga rinenge richiratidzika sei
Kuti guta racho rinenge riripi
Kuti chinyi chichaitiwa nevanhu
Kuti vanhu vachataridzika sei ikoko
Kuti vakaponeswa vachagara kupi
Kuti guta racho richaratidzika sei

18

Iyezvino ngatitarisei kiyi hombe yaMwari-iri Bhaibheri, tiwone remangwana rakanaka Mwari raakagadzirira vateveri vake.

19

Mubhuku rekupedzisira muBhaibheri, bhuku ra Zvakazarurwa, Mwari pachake akabudisa pachena kuna Johane mufananidzo hwezvichauya.
Johane akatsanangura zvaakaona:

20

(Chiverengo: Zvakazarurwa 21:1,2)
"Zvino ndakawona denga idzva nenyika itsva, nokuti denga rokutanga nenyika yokutanga zvakanga zvapfuvura;

21

negungwa rakanga risisipo."

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

22

"Ndikawona guta dzvene Jerusarema idzva, richiburuka kudenga richibva kunaMwari,

23

rakagadzirwa somwenga wakashongerwa murume wake."
Zvakazarurwa 21:1,2.

24

Mwenga agadzirirwa kupinda mutsvitsa; heunoi muenzaniso wekufara nekunaka kwakaperera!

25

Musha wekudenga uyu handi Johane ega akawuona - asi vaporofita vese vaMwari kwemakore akawanda apfuura vakaziva maererano nazvo. Tereera:



26

(Chiverengo: Mabasa 3:20,21)
"Atume Kristu, iye Jesu, wakaparidzwa kwamuri kare,

27

iye unofanira kugamuchirwa kudenga kusvikira nguva yokugadzirwa kwezvinhu zvose,

28

yakarehwa naMwari nomuromo wavaporofita vake vatsvene kubva pakutanga."
Mabasa 3:20,21.

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!



29

CHINYI CHICHA MUTSIDZIRWA NA MWARI?
Mwari achamutsidzira (restore) zvese zvakarasiwa na Adamu na Eva!
Nyika yakabva mumawoko eMusiki yakanaka uye yakaperera.

30

Musiki pachake akagadzira akanakisa musha wa Adamu na Eva, bindu re Edeni rayiva paradiso. Mwari ayive avamba kuti vave vakuru venyika.

31

Vaive nehutano hwakanaka, vane rudo, rufaro nekutaura nyaya naMwari vakatarisana.
Zvese zvaiva nerunyararo uye nekufambidzana.
Vayisa rwara kana kufa kana vayichengeta kuraira kwaMwari.

32

Kuraira kwake kwaiti: "Usadye muti usingabvumidzwe mubindi re Edeni, nekuti uchafa."

33

Asi vakasarudza kudya chimiti.
Vakateerera mupanduki mukuru anonyengera anonzi Satani panekuti vaterere Mwari werudo.

34

Mushure mekudya chimiti, vakazozvinzwa kekutanga vachiva nekutya, kunyara nekushushikana.
Raiva zuva rinosiririsa zvikuru munhoroondo yenyika.
Nekusateerera kwavo, vakarasikirwa nezvese: vakarasikirwa nemusha we Edeni, kuva vavukuru munyika nekudya chimiti chehupenyu.
Nekusakwanisa kudya muti weupenyu vayizoguma vafa.

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

35

Vaive vasisina hupenyu husingaperi.
Mufaro wavo, rudo rwavo nekufambidzana kwavo neMusiki kwaive kuchapera.
Nyika yedu yakaperera yakakanganiswa nechivi.
Nyika yakava nzvimbo yekuchema, kutambudzika, nzvimbo yezvirwere nekufa.
Vasisiri vakuru venyika, Adamu na Eva vakava varanda.

36

(Chiverengo: VaRoma 6:16)
Pauro akati, "Hamuzivi here, kuti uyo wamunozvipa kwaari kuti muve varanda vake kumuteerera,

37

kuti muri varanda vaiye wamunoteerera..."
VaRoma 6:16.
Asi Mwari anerudo akanzwisisa.
Satani ayive anyengera Adamu na Eva.
Mwari aivada chaizvo zvekuti aisakwanisa kurega vana vake vatadza vasina tariro.

38

Pamukova webindu re Edeni, Mwari akavimbisa Adamu na Eva kuti rimwe zuva Mwanakomana wake, mbewu yemukadzi, ayizouya avafire kuitira kuti kufa kwake kuvadzosere mumhuri yaMwari uye vave nehupenyu husingaperi.

39

(Chiverengo: Genesi 3:15)
"Ndichaisa ruvengo pakati pako nomukadzi, napakati porudzi rwako norudzi rwake;

40

irwo ruchapwanya musoro wako, newe uchapwanya chitsitsinho charwo."
Genesi 3:15.

41

Apo makore akawanda paakapfuura vanhu vakawanda panyika, chivi nayicho chikwanda.
Vanhu vakakanganwa Mwari nevimbiso yake.

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

42

(Chiverengo: Genesi 6:5)
"Zvino Jehova wakawona kuti kuipa kwavanhu kwakanga kuri kukuru panyika,

43

nendangariro dzokufunga kwemoyo yavo dzakanga dzakaipa bedzi nguva dzose."
Genesi 6:5.

44

Mwari akazoona zvakafanira kuti aparadze vatadzi murove kuitira kuchengetedzwa kwehupenyu munyika. Vanhu vasere chete vakapona!
Mushure murowe, vanhu vakatanga zvakare kusateerera Mwari.

45

Kuti kuchengetedzwe vanhu vatsvene panyika, Mwari akazodana Abrahama nemhuri yake kuti vabude mukati mekunamatwa zvifananidzo nezvakaipa munzvimbo yeku Ur yema Chaldees.
Mhuri ya Abrahama yayizoguma yakutevera zvakaipa ingadai yakaramba ichigara muguta iri.

46

(Chiverengo: Genesi 12:1,2)
Mwari akati kuna Abrahama, "...Ibva panyika yako, nokuhama dzako, nokuimba yababa vako, uende kunyika yandichakuratidza iyo."

47

"Ndichakuita rudzi rukuru, ndichakuropafadza, ndichakudza zita rako, iwe uropafadze vamwe."
Genesi 12:1,2.

48

Abrahama aiva akagadzirira kusiya kugara zvakanaka panzvimbo iyi yeku Chaldee. Aive asingazivi kwaayiyenda, asi akanzwisisa nekutenda izvo zvaaive akagadzirirwa naMwari.

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

49

(Chiverengo: VaHeberu 11:9,10)
"Nokutenda wakandogara somutorwa munyika yechipikirwa,

50

sapanyika yavamwe, akagara mumatende naIsaka naJakobo, vadyi venhaka yechipikirwa chimwe pamwe chete naye."

51

"Nokuti wakanga achitarira guta rinenheyo, Mwari ari mhizha nomuvaki waro."
VaHeberu 11:9,10.
Mwari akavimbisa kupa Abrahama nevana vake zvese zvayive zvarasikirwa na Adamu na Eva.

52

Vaporofita vemakore ese muBhaibheri vaive nekutenda uye vaitarisira mberi pakumutsidzirwa kana kugadziriswa kwezvinhu zvese.
Mwari anotiratidza vamwe vayiva magamba ekutenda muBhaibheri muna

53

VaHeberu 11. Abrahama, Enoch, Noah, Abel, Isaac, Rahab, David na Samueri ndevamwe vashoma vemagamba evanhu ayitenda muvimbiso yaMwari yekumutsidzira kana kugadzirisa zvakarasikirwa na Adamu na Eva.
Tarisa kuti Bhaibheri rinoti kudini maererano nemagamba aya:

54

(Chiverengo: VaHeberu 11:13,16)
"Ivava vose vakafa vachitenda, vasina-kupiwa zvipikirwa, asi vakazvivona zviri kure, vakazvikwazisa..."

55

"Asi zvino vanoda imwe inopfuvura nokunaka, ndiyo yokudenga; naizvozvo Mwari haanenyadzi pamusoro pavo kuti aidzwe Mwari wavo;

56

nokuti wakavagadzirira guta."
VaHeberu 11:13,16.

57

Isaya, mukuru wevaporofita vaiporofita nezva Mesia. Anotipa kutsanangura kunofadza kwekumutsidzira kwata gadzirirwa naMwari,
Ngatitarisei zvinhu zvakabudiswa pachena kuna Isaya:

58

(Chiverengo: Isaya 65:17)
"Nokuti tarirai, ndinosika denga idzva nenyika itsva;

59

zvinhu zvakare hazvingarangarirwi, kana kufungwa mumoyo."
Isaya 65:17.

60

(Chiverengo: Isaya 60:18)
Zvakare: "Zvinoitwa nesimba hazvichazvonzwiki panyika yako, kana kurashwa nokuparadzwa pamiganho yako;

61

asi uchatumidza midhuri yako zita rokuti, Ruponeso, namasuvo ako Rumbidzo."
Isaya 60:18.

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

62

(Video: 18 sec) Chimbozvifunga - HAKUNA kupondana ikoko!
Asi kunenge kune runyararo nekufambidzana zvakanaka!
Hazvifadzi here zvakadai?
Hakuna zvombo zvekurwisana ikoko.
Hakuna vanobata vamwe chibaro kana mbabva!
Havimboshamisi here kufamba pamusoro pemigwagwa yendarama usinganetseki nekuti ungarombwe nevanhu kana kuurawa.
Handizvo zvega mupororfita zvaanotitaurira. Tereera:

63

(Chiverengo: Isaya 11:6)
"Bere richagara negwayana, ingwe ichavata pasi nembudzana...

64

vuye mwana muduku uchadzitungamira."
Isaya 11:6.


65

Iyezvino chiteerera zvimwe zvinotaurwa ne Bhaibheri maererano nenyika yedu apo payichadzoseredzwa sezvayayive iri:

66

(Chiverengo: Isaya 33:24)
"Hakuna-ugeremo, uchati: Ndinorwara..."
Isaya 33:24.
Kunenge kusisisna urwere, asi tinenge tava nehutano wakanaka nekusingapri!
Handi nhau dzakanaka here idzi?

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

67

(Chiverengo: Isaya 35:5)
"Ipapo meso amapofu achasvinudzwa..."
Isaya 35:5.
Hatipokanikuti, chinhu chekutanga chichada kuonekwa nemapofu apo paanenge asvinudzwa meso, hunenge huri uso hwaJesu!
Zvechokwadi richava zuva rinofadza kuneavo vaiva mapofu vakasarudza ruponeso!

68

(Chiverengo: Isaya 35,5,6)
"...Nenzeve dzematsi dzichavhurwa."
Isaya 35:5.

69

"Ipapo unokamhina uchakwakuka senondo..."
Isaya 35:6.
Panenge pasisina ma wheelchairs! Panenge pasina zvitanda zvinobetsera vasingagoni kufamba!
Munhu wese anenge ava nemuviri wakaperera.

70

(Chiverengo: Isaya 35:6)
"...Rurimi rwembeveve ruchaimba..."
Isaya 35:6.
Havambotauri chete, asi vachaimbira!
Richava zuva rinomufaro zvikuru!
Asi pane dzimwe nhau dzakanaka dzinoshamisa zvakare!

71

(Chiverengo: Isaya 35:1)
"Renje nenyika yakawoma zvichafara; sango richafara kwazvo, richatumbuka seruva."
Isaya 35:1.
Nyika inenge yanakisisa zvinoshamisa!



72

(Chiverengo: Isaya 65:21,22)
"Vachavaka dzimba nokugaramo, vachasima minda yemizambiringa, nokudya michero yayo."

25 - ZVAKANAKA ZVICHATI ZVOUYA!



73

"Havangavaki dzimba, mumwe achizogaramo; haavangasimi, mumwe achizodya;



74

nokuti samazuva omuti, ndizvo zvichaita mazuva avanhu vangu; vasanangurwa vangu vachapedza nguva huru vachifarira mabasa amavoko avo."
Isaya 65:21,22.

75

Izvi zvinoratidza kuti denga inzvimbo chaiyo inevanhu vachiita zvinhu zvakanaka zvakasiyana, handizvo here? Tichava nemazita edu matsva, uye vanhu vachatiziva!

76

(Chiverengo: Isaya 66:22,23)
"Nokuti denga idzva nenyika itsva, zvandichaita, zvichagara zviripo pamberi pangu,

77

saizvozvo rudzi rwako nezita rako zvichagara zviripo-ndizvo zvinotaura Jehova."
Isaya 66:22.

78

"Zvino panguva iyo nyama yose ichavuya kuzonamata pamberi pangu, pakugara kwomwedzi mumwe nomumwe, napaSabata imwe neimwe-

79

ndizvo zvinotaura Jehova."
Isaya 66:23.
Nyika itsva ichava nzvimbo inomufaro mukuru, nzvimbo yaMwari nevanhu vake.

80

(Chiverengo: Isaya 35:10)
"Vakasunungurwa vaJehova vachadzoka, vachasvika kuZioni vachiimba;

81

mufaro usingaperi uchava pamisoro yavo; vachawana mufaro nomoyo muchena, kuchema nokusuwa kuchatiza."
Isaya 35:10.
Hazvifadzi here izvi?

82

Kuchava kurumbidza kwakanaka kunofadza apo vakaponeswa vachikumbana Sabata rimwe nerimwe paguta dzvene vachirumbidza nekunamata pamwe chete.


83

Jesu akati arikuvakira umwe neumwe imba.
Tichazvifarira izvi, asi Isaya akati nesu zvakare tichazvivakira dzimba!
Zvinoratidzika sekunge tichava nemisha yedu yatinenge tavaka, uye nekupera kweviki rega rega tive tichiyenda kuguta renyika itsva toshandisa dzimba dzedu dziri ikoko.

84

(Video: 7 sec) Kutsanangurwa kwedenga neBhaibheri kuripachena.
Mwari achasika denga nenyika itsva.
Guta dzvene, Jerusarema idzva richadzika kubva kudenga kunaMwari.
Nyika iyi yakamukira Mwari ikanyura muchivi ichazova nyika ineguta dzvene. Zvingakushamise asi musha wevakaponeswa uchazova munyika iyoyi apo painenge yasikwa patsva. Jesu akazvitsanangura izvi pachena akati:

85

(Chiverengo: Mateo 5:5)
"Vakaropafadzwa vanyoro; nokuti vachagara nhaka yenyika."
Mateo 5:5.
Mwari achamutsidzira nyika yedu sezvayayive iri nekuperera kwayo, uye ichava nyika yakanaka kwazvo!

86

Kuda ucharangarira vimbiso yaJesu yaakapa kuvadzidzisi nevateveri vake vemakore akasiyana-siyana apo asati adzokera kudenga:

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

87

(Chiverengo: Johane 14:1-3)
"Moyo yenyu ngairege kumanikidzwa; tendai kunaMwari, mutende wo kwandiri."

88

"Mumba maBaba vangu munenzvimbo zhinji dzokugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuwudzai..."

89

"Kana ndaenda kundokugadzirirai pokugara, ndinozowuya zve, ndikugamuchirei kwandiri;

90

kuti apo pandiri, nemi mugovapovo."
Johane 14:1-3.

91

(Chiverengo: Mateo 6:10)
Munamato wakadzidziswa vadzidzisi vaJesu waiti, "Vushe hwenyu ngahuvuye, kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvakunoitwa kudenga."
Mateo 6:10.
Apa tinoona kuti Jesu anotikurudzira kuti tinamatire kudzoseredzwa kana kumutsidzirwa kwezvinhu.

92

Iyezvino ngationgororei zvakadzama guta iro Johane raakaona pamuono pachiwi che Patmos.
Zvinoratidzika kunge muporororifta Johane akashaya mashoko akakwana okutsanangura kunaka nekushamisa kweguta dzvene.
Bhaibheri rinoti:

93

(Chiverengo: 1 VaKorinte 2:9)
"...Ziso harisati razviwona, kana nzeve yanzwa, kana kupinda mumoyo womunhu,

94

izvo Mwari zvaakagadzirira avovanomuda."
1 VaKorinte 2:9.
Chimbomira kwechinguva.
Vanhu vakawanda vanotadza kuverenga vhesi inotevera inoti,

95

(Chiverengo: 1 VaKorinte 2:10)
"Nokuti Mwari wakazviratidza izvo kwatiri isu noMweya wake..."

96

Tarisa, Mwari abudisa pachena zvinhu zvinhu izvi neMweya wake Mutsvene kune vapororfita vake, vakazvinyorera isu.
Nekusanyunyuta, pakangobudiswa zvishoma chete!

97

Shamwari dzangu, ndiyo nzira yazvaive na Johane na Isaya nevaporofita vese.
Ichokwadi--takangotaurirwa zvishoma chete!
Apo Johane achibudisa pachena zvinhu zveguta dzvene, zvinotadzika sezvinhu zvisinganzwisisiki.
Asi tineshoko raMwari rakatitaurira maererano nazvo!
Izvi ndizvo zvakaonekwa naJohane.

98

(Video: 11 sec) Johane akati akaona denga nenyika itsva, uye nekuti pakanga pasisina nyanza.
Akazoona Guta Dzvene richidzika kubva kudenga.
Anozotitaurira maererano neguta iri:



99

(Chiverengo: Zvakazarurwa 21:1-3, 11, 17,21)
"Zvino ndakawona denga idzva nenyika itsva, nokuti denga rokutanga nenyika yokutanga zvakanga zvapfuvura; negungwa rakanga risisipo."
Zvakazarurwa 21:1.

100

"Ndikawona guta dzvene, Jerusarema idzva, richiburika kudenga richibva kunaMwari, rakagadzirwa somwenga wakashongerwa murume wake."
Zvakazarurwa 21:2.

25 - ZVAKANAKA ZVICHATI ZVOUYA!

25 - ZVAKANAKA ZVICHATI ZVOUYA!

101

"Ndikanzwa inzwi richibva kudenga, richiti: Tarirai, tabernakeri yaMwari iri pakati pavanhu vake;



102

Iye uchagara navo, ivo vachava vanhu vake; Mwari pachake uchava navo, ave Mwari wavo."
Zvakazarurwa 21:3.

103

"...Chiedza charo chakanga chakaita sebwe rinokosha kwazvo, sebwe rejaspisi, rinowonekera sekristaro."
Zvakazarurwa 21:11.

104

"Akayera rusvingo rwaro, makubiti anezana namakumi mana namana[66metres]..."

105

"Misiwo irigumi nembiri yakanga iri yemaparera anegumi nemaviri..."

106

(Chiverengo: Zvakazarurwa 21:12,23)
"Rakanga rinorusvingo rukuru, rurefu...namazita akanyorwa pamusoro pawo, ari mazita amarudzi anegumi namaviri avana vaIsraeri."



107

"...Nzira yomuguta yakanga iriyendarama yakaisvonaka, inoita seinovonekera."



108

"Guta haritsvaki zuva kana mwedzi, kuti rivhenekerwe nazvo; nokuti kubwinya kwaMwari ndiko kwairivhenekera, nomwenje waro ndiro Gwayana."

25 - ZVAKANAKA ZVICHATI ZVOUYA!

109

(Chiverengo: Zvakazarurwa 22:1,2,5)
"...rwizi rwemvura yovupenyu, yakapenya sekristaro, inobuda pachigaro chovushe chaMwari necheGwayana."



110

"...Kumativi maviri orwizi kwakanga kunomuti wovupenyu...uchiita zvibereko zvaro mwedzi mumwe nomumwe..."



111

"Husiku hahuchambovipo..."
Zvakazarurwa 22:5.
Chigaro chaMwari nechete Hwayana chinenge chirimuguta iri--Jerusarema idzva.



112

(Chiverengo: Zvakazarurwa 22:3)
"Hakuchavi nechinhu chakatukwa; chigaro chovushe chaMwari necheGwayana chichava mukati maro..."
Zvakazarurwa 22:3.
Chimwe chipo chinoshamisa chinowanikwa muna Zvakazarurwa 21:4:

113

(Chiverengo: Zvakazarurwa 21:4)
"Uchapisika misodzi yose pameso avo; rufu haruchavipo, kana kuchema,



114

kana kurira, kana kutambudzika hazvingavipo; nokuti zvokutanga zvapfuvura."
Zvakazarurwa 21:4.
Kuda urikushamisika kuti guta Dzvene iri rakakura zvakadini.



115

(Chiverengo: Zvakazarurwa 21:16)
"Guta rakanga rakavakwa namativi mana akaenzana, kureba kwaro kwakaenzana nokufara kwaro;

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!



116

akayera guta norutsanga, zvikasvika pamastadia anezviuru zvinegumi nezviviri..."
Zvakkazarurwa 21:16.



117

Stadia inofanana ne 1/5 kilometres.
12000 stadia yakafanana ne 2400 kilometres.
Maguta akare ayienzaniswa nemuganhu wayitenderedza midhuri yapanze.
Nekudaro guta iri rinenge richipotsa kuva 600km parutivi rumwe chete.
Kuda ungabvunza kuti guta richange rakakura here kuchengeta munhu wese akaponeswa.

118

Guta reku Tokyo riri munyika yeku Japan rinogara vanhu vanosvika 35 million.

119

New York inevanhu vanosvika 20 million.

120

Guta reku Seoul ne Mexico rinogara vanhu vanosvika 20 million.

121

Umwe wevadzidzi ve maths akafungira kuti Jerusarema Idzva ringange rinevanhu vanosvika 2 billion!
Nemamwe manzwi kunenge kune nzvimbo yemunhu wese anoda kuvepo.
Asi chinyi chaticha batikana nacho munzvimbo iyi inoshamisa zvikuru?

25 - Zvakanaka Zvichati Zvouya!

122

(Video: 15 sec) Kunenege kusina urwere, mbava, kana nzara--asi runyararo neku fambidzana zvakanaka nekusingaperi!
Zvinoratidzika sekunge tichaita zvinhu zvakawanda kwazvo: Tichavaka imba dzedu, tidzvare mabindi edu.

123

Jesu Musiki, anenge aripo kutivhurira zvakavanzika zvezvakasikiwa.
Tichagara tichidzidza zvinhu zvakawanda.
Tichakwanisa kufamba nyangwe neyipi nguva zvayo.

124

Tichava nenguva yekufara neshamwari nevadiwa vedu.
NeSabata imwe neimwe tichange tichirumbidza Mwari uye tichiimbira nengirozi na Jesu--nguva yakakosha yekufambidzana na Mwari wedu.
Ungabvudza kuti, "Tingava nechokwadi rakadini kuti tivepo?"
Mhinduro iri nyore.



125

(Chiverengo: VaGaratia 3:29)
"Zvino kana muri vaKristu, muri vana va Abrahama, vadyi venhaka sezvamakapikirwa."
VaGaratia 3:29.

126

Nemamwe manzwi, kana ukagamuchira Jesu saMuponesi wako vimbiso iyi Mwari yaakapa kuna Abrahama inova yako zvakare.
Apo patinoverenga Bhaibheri, zvinofadza kuona kuti

127

zvitsauko zvekutanga zviviri zvinotitaurira kuti Mwari akasika sei nyika ne musha weparadiso wa Adamu na Eva.
Asi Adamu na Eva vakazorasikirwa nazvo zvese.

128

Zvitsauko zvekugumisira zvitatu zvemu Bhaibheri zvinotiratidza zano raMwari rekudzoseredza kana kumutsidzira zvakarasikirwa na Adamu--zviri remangwana rakanaka apo patichava nemufaro mukuru nezvatichaitirwa naMwari!

25 - ZVAKANAKA ZVICHATI ZVOUYA!

129

Makore akawanda akapfuura, ngarava yayive yakatakura hwai yakarasika mumhute yenyanza munyanza. Ngarava iyi yakaedza kutsvaka nzira chayiyo kwemazuva matatu. Hwai dzayivemo dzakaramba kudya uswa hwaive hwaora.
Hwai idzi dzakazotanga kuchema mukati mengarava iyi.
Dzakayenderera mberi dzichingochema.
Mutungamiri wengarava nevamwe vake vakashamisika zvikuru vakashaya kuti nemhaka yei dzaichema.
Nenguva yakazotevera ngarava yakazowana zvakare nzira chaiyo. Mutungamiri wengarava akazocherechedza kuti vaive vava pedyo nemhendereko yeku Scotland. Akazonzwisisa chikonzero chekuchema kwehwai kokuramba kudya uswa nekuti dzaive dzanzwa kunhuwa kwe uswa wakanaka hweku Scotland.

130

(Video: 7 sec) Apo patinonzwa kunhuwirira kwedenga, tinochinja zvatinofarira. Apo patinonzwa kunhuwirira kwehupenyu husingaperi, tinokangwana zvakawanda zvenyika. Tinozvinzwa tichida kuva kunyika iyo yatakagadzirirwa na Mwari. Tinozvinzwa tichida kunosvika kunyika inogara nekusingaperi.
Unodisa here kuyenda kudenga? Unoda here kuvepo? Chido chemoyo wako here kugara naJesu nekusingaperi? Ungada here kuti, "Hongo, Mwari ndinoda kuva nemi. Ndinoda kuvanemi nekusingaperi - peri.?"

131

(Zvakazarurwa 22:17)
"Mweya nomweya vanoti: vuya!..."
Zvakazarurwa 22:17.

132

Usanonoke, usaverengere.
Newe ungava umwe weremangwana ratakagadzirirwa naMwari.
Mugamuchire mumoyo wako ndizvo kuti denga rigova musha wako!